

**STRUKTURALISME ING SALEBETIPUN CARIYOS RAKYAT
PANJI JAYENG TILAM ANGGITANIPUN IGNATIA SRI SUMIRAH**

SKRIPSI

Kaaturaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Jejangkeping Pendadaran

Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening

Dwi Kusuma Fitriyani

NIM 10205244070

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Strukturalisme ing Salebitipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*” menika sampun pikantuk palilah saking *pembimbing*.



Yogyakarta, ~~28~~ April 2014

Pembimbing

Dra. Sri Harti Widyastuti

Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
NIP. 19621008 198803 2 001

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Strukturalisme ing Salebitipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*” menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging dewan penguji nalika tanggal 16 Mei 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
<u>Drs. Hardiyanto, M.Hum</u> NIP. 19561130 198411 1 001	Ketua Penguji		20 Mei 2014
<u>Avi Meilawati, S. Pd. M.A.</u> NIP. 19830502 200912 2 003	Sekretaris Penguji		20 Mei 2014
<u>Afendy Widayat, M. Phil</u> NIP. 19620416 199203 1 002	Penguji I		20 Mei 2014
<u>Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.</u> NIP. 19621008 198803 2 001	Penguji II		20 Mei 2014

Yogyakarta, 20 Mei 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP. 19550503 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : Dwi Kusuma Fitriyani

NIM : 10205244070

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universita Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asli panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut materi ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tertamtu ingkang kula pendhet minangka acuan kanthi tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadhi.

Yogyakarta, 28 April 2014

Panyerat,



Dwi Kusuma Fitriyani

SESANTI

”Janma patrap kenging tinulat ing kautaman”

PISUNGSUNG

Linambaran kanthi pamuji sokur *alhamdulillah* dhumateng Allah SWT, skripsi
menika kapisungsungaken dhumateng tiyang sepuh kekalih kula
Ibu R.Ngt. Sulistiyati saha alm. Bapak Sutarjo.

PRAWACANA

Puji sokur konjuk wonten ing ngayunan Allah SWT, ingkang tansah paring lumebering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saingga skripsi kanthi irah-irahan “***Strukturalisme ing Salebetipun Cariyos Rakyat Panji JayengTilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah***” menika saged kaimpun kanthi lancar nir ing sambekala.

Skripsi menika kasusun kagem njangkepi salah satunggalipun syarat pikantuk gelar sarjana pendidikan. Skripsi menika saged karampungaken temtunipun dipunsengkuyung dening mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging pamaturnuwun kanthi tulus dhumateng:

1. Ibu Sri Harti Widyastuti, M. Hum. minangka *pembimbing*, ingkang sampun paring bimbingan saha arahan ingkang kathah sanget tumrap pelaksanaan saha panulisan skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panyengkuyung supados nyekapaken skripsi menika.
3. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
4. Ibu Nurhidayati, M. Hum. minangka *Pembimbing Akademik* ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha *staf administrasi* jurusan PBD ingkang sampun biyantu babagan *administrasi* tumrap panyerat.
6. Ibu R. Ngt. Sulistiyati, ibu kula ingkang sanget kula tresnani, mungguh ing sedaya do’a pangestu saha welas asihipun ingkang tan kenging kinira.
7. Almarhum Bapak Sutarjo, bapak kula ingkang sampun dados *inspinsi*anggen kula nggayuh ilmu kanthi sainggil-inggilipun.
8. Almarhumah nenek, maturnuwun awit sampun paring pangestunipun.
9. Eyang kakung saha eyang putri, maturnuwun awit donga pangestu saha panyengkuyungipun saingga panyerat saged ngrampungaken skripsi menika.
10. Mbak saha adek ingkang sampun paring panyengkuyung saha semangat supados skripsi menika enggal karampungaken.

11. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010 mliginipun kanca-kanca kelas H, mugi-mugi kita sedaya saged nggayuh menapa ingkang dados kekajengan kita piyambak-piyambak.
12. Tumrapipun sedaya pihak ingkang boten saget dipunsebataken setunggal baka setunggal ingkang sampun paring pitulungan. Atur pamaturnuwun saha do'a mugi-mugi amal kesaenan menika saged dados berkah tumrapipun kula saha panjenengan sedaya.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging pamaturnuwun. Ing pungkasanipun, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged paring paedah tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 28 April 2014

Panyerat,



Dwi Kusuma Fitriyani

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN.....	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA.....	vii
WOSING ISI.....	ix
<i>DAFTAR TABEL</i>	xii
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i>	xiii
<i>DAFTAR BAGAN</i>	xiv
<i>DAFTAR KURVA</i>	xv
<i>DAFTAR CEKAKAN</i>	xvi
SARINING PANALITEN.....	xvii
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis.....	5
E. Ancasing panaliten	5
F. Paedahing panaliten	5
G. Pangertosan	6
BAB II GEGARAN TEORI.....	7
A. Kasusastran	7
B. <i>Strukturalisme</i>	8
C. Unsur-Unsur <i>Intrinsik</i>	10
1. Tema.....	11
a. Tema Tradhisional saha Nontradhisional.....	13

b. Tema Miturut Shipley lumantar Nurgiyantoro	14
c. Tema Utama saha Tema Tambahan.....	15
2. <i>Fakta</i> Cariyos	18
a. Alur (<i>Plot</i>)	18
b. Paraga saha <i>penokohan</i>	26
c. Latar	35
3. Sarana Cariyos	37
a. Irah-Irahan.....	37
b. <i>Sudut Pandang</i>	37
c. Lelewaning basa.....	42
4. Cariyos Panji	47
5. Panaliten ingkang Jumbuh	47
6. Cengkoronganing Pikir	49
BAB III METODE PANALITEN	50
A. Jinising Panaliten	50
B. <i>Fokus</i> Panaliten	51
C. <i>Subjek</i> saha <i>Objek</i> Panaliten.....	51
1. <i>Subjek</i> Panaliten	51
2. <i>Objek</i> Panaliten	52
D. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	52
E. Pirantining Panaliten	53
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i>	56
G. Cara <i>Analisis Data</i>	57
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	60
A. Asil panaliten	60
1. <i>Struktur</i> Cariyos	60
a. <i>StrukturIntrinsik</i> Awujud Tema ing salebetipun Cariyos <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.....	60
b. <i>StrukturIntrinsik</i> Awujud Alur (<i>Plot</i>) ing salebetipun Cariyos <i>Panji Jayeng Tilam</i> anggitanipun Ignatia Sri Sumirah	84

c. <i>StrukturIntrinsik</i> Awujud <i>Penokohan</i> ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	134
1) Jenis Paraga Ingkang Wonten Ing Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	134
2) <i>Penokohan</i> ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	161
d. <i>StrukturIntrinsik</i> Awujud Latar ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	297
e. <i>Struktur Intrinsik</i> AwujudIrah-Irahaning Cariyos ing salebetipun Cariyos <i>Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	322
f. <i>StrukturIntrinsik</i> Awujud <i>Sudut Pandang</i> ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	327
g. <i>StrukturIntrinsik</i> Awujud <i>Lelewaning Basa</i> ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	330
h. Gegayutan Antawisipun Unsur-Unsur <i>Struktural</i> Ing Salebetipun Cariyos Rakyat Kanthi Irah-Irahan <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	339
BAB V PENUTUP	
A. Dudutan	351
B. Pamrayogi.....	361
C. <i>Implikasi</i>	362
KAPUSTAKAN.....	363
LAMPIRAN.....	365

DAFTAR TABEL

Kaca

Tabel 1	Tema ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.	61
Tabel 2	Katrangan Gambar Bagan 1	87
Tabel 3a	<i>Data</i> Jenis Paraga Miturut <i>Fungsi</i> saha Peranipun ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.	135
Tabel 3b	<i>Data</i> Jenis Paraga Miturut Watak saha Kriterionipun <i>Berkembang</i> Menapa Boten, ingkang Wonten ing salebetipun cariyos rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.	140
Tabel 3c	<i>Data</i> Jenis Paraga Miturut <i>Kemungkinan Pencerminan</i> Paraga Cariyos Tumrap Manungsa Ing Gesang Ingkang Sejatosisipun ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.	146
Tabel 4	Watak Paraga ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah	162
Tabel 5	Latar ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah	297
Tabel 6	<i>Data</i> Lelewaning Basa Bandhingan ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.	330
Tabel 7	Lampiran <i>Penokohan</i> ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah	365
Tabel 8	Lampiran <i>Data</i> Latar ingkang Wonten ing salebetipun cariyos rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah	420
Tabel 9	Lampiran <i>Data</i> Lelewaning Basa ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam</i> Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah	429

DAFTAR LAMPIRAN

		Kaca
Lampiran 1	Lampiran <i>Penokohan</i> ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	365
Lampiran 2	Lampiran <i>Data Latar</i> ingkang Wonten ing salebetipun cariyos rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	420
Lampiran 3	Lampiran <i>Data Lelewaning Basa</i> ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat <i>Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	429

DAFTAR BAGAN

		Kaca
Bagan 1	Bagan alur cariyos rakyat kanthi irah-irahan <i>Panji Jayeng</i> <i>Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	85
Bagan 2	Bagan gegayutan antawisipun unsur-unsur <i>struktural</i> ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan <i>Panji Jayeng</i> <i>Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah</i>	340

DAFTAR KURVA

		Kaca
<i>Kurva</i>	<i>Kurva</i> alur cariyos rakyat kanthi irah-irahan <i>Panji Jayeng</i>	86
	<i>Tilam</i> anggitanipun Ignatia Sri Sumirah	

DAFTAR CEKAKAN

PJT : Panji Jayeng Tilam

No : Nomor

STRUKTURALISME ING SALEBETIPUN CARIYOS RAKYAT PANJI JAYENG TILAM ANGGITANIPUN IGNATIA SRI SUMIRAH

**Dening Dwi Kusuma Fitriyani
NIM 10205244070**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken unsur-unsur *struktural* saha gegayutan antawisipun unsur-unsur *struktural* ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *PJT* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah. Wujud panaliten inggih menika kanthi nganalisis saha ngandharaken perkawis-perkawis ingkang dipuntaliti menika.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif kualitatif*. Pendekatan ingkang dipunginakaken inggih menika pendekatan *objektif*. Wondene cara anggenipun ngempalaken *data* kanthi cara maos saha nyerat. Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika kertu *data*. *Data* ingkang sampun dipunpanggihaken menika lajeng dipunanalisis kanthi ngginakaken *analisis deskriptif kualitatif*. Cara ngesahaken *data* ing panaliten menika kanthi *validitas semantis*, *reliabilitas intrarater* saha *reliabilitas interater*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih unsur-unsur *struktural* ingkang saged dipunmangertosi saking cariyos rakyat *PJT*: (1) Temanipun ing antawisipun inggih menika: katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih. Tema katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun, katresnan marang sedherek, katresnan jati ingkang boten kalairaken, saha tema balas dhendham. (2) Alur ingkang dipunginakaken ing cariyos rakyat *PJT* menika kalebet *alur* campuran. (3) *Penokohan* ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat *PJT* menika maneka warni. (4) Latar papanipun menika ing antawisipun inggih menika nagari Jenggala, Padhepokan Pucangan ing Gunung Selamangleng, Nagari Purwakencana (Parangkencana), tanah Jawi, saha Padhepokanipun Resi Purwajati. Latar sosialipun ing antawisipun inggih menika latar sosial minangka wayahipun raja, raja, prameswari, wiku putri, putraning raja, resi, prajurit, patih, emban/parekan cantrik, abdi saha mantri. Latar wekdal ingkang kapanggihaken ing antawisipun inggih menika wayah dalu, wayah enjing, saha wayah sonten. (5) *Sudut pandang* ingkang dipunginakaken dening pengarang inggih menika *sudut pandang diaan-mahatahu*. (6) Lelewaning basa bandhingan ingkang kapanggihaken ing antawisipun inggih menika lelewaning basa *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *pleonasme*, *perifrasis*, saha *prolepsis*. (7) Cariyos menika dipunsukani irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* amargi tegesipun “jaya ing tilam”, “begja ing pasarean”, perkawis ingkang jumbuh kaliyan isinipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika. (8) Sedaya unsur *intrinsik* ing salebetipun *PJT* menika sesambetan mujudaken satunggalipun karya sastra kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam*.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Karya sastra menika mujudaken *kreatifitas* saha *imajinasi* pengarang ingkang saged narik kawigatosanipun para maos. Panganggit menika kedahipun saged wasis anggenipun ngandharaken gagasan saha *imajinasi*-nipun saingga hasilipun saged dipunmidhangetaken, dipunpahami saha dipendhet paedahipun dening masyarakat.

Karya sastra menika kaperang dados mapinten-pinten *genre(jenis)* sastra. *Genre-genre* sastra menika kadosta novel, cariyos cekak, *esai*, *epik*, saha sapanunggalanipun. Temtunipun kalebet ugi cariyos rakyat. Cariyos rakyat menika kalebet satunggalipun *prosa fiksi* ingkang ngrembaka ing masyarakat tanpa dipunmangertosi sinten panganggitipun. Kacariyosaken kanthi turun-temurun saking setunggal generasi tumuju generasi ingkang salajengipun.

Ing tanah Jawa menika wonten maneka warna cariyos rakyat ingkang ngrembaka ing masyarakat. Cariyos-cariyos rakyat menika ing antawisipun inggih menika Timun Mas, Rara Jonggrang, Tangkuban Prau, Jaka Tingkir, Dewi Nawangwulan, Nyi Rara Kidul, Raden Panji Inukertapati, saha sapanunggalanipun. Cariyos-cariyos menika tansah kajagi saha ngrembaka saking jaman rumiyin ngantos dumugi jaman samenika.

Salahsatunggalipun cariyos rakyat ingkang kawentar ing tanah Jawa inggih menika cariyos panji. Cariyos panji menika minangka salah satunggalipun cariyos Jawa *periode* klasik. Cariyos menika saking tanah Kediri, awit jaman

Majapahit, salajengipun sumebar ngantos dumugi tlatah manca. Isinipun cariyos panji menika mligi babagan katresnan antawisipun Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun) saha Dewi Candrakirana (Dewi Sekartaji). Cariyos menika ngrembaka ing mapinten-pinten *versi*, kacariosaken minangka kasusastran warisan kabudayan ingkang adi luhung.

Salahsatunggalipun panganggit karya sastra *fiksi* ingkang nglestantunaken cariyos panji inggih menika Ignatia Sri Sumirah. Panjenenganipun menika nyariyosaken malih cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilaming* salebetipun rubrik *cerita rakyat* kalawarti *Djaka Lodang*. Cariyos menika dipunserat ing salebetipun gangsal welas *edisi* terbitan. Wiwit saking nomor 15 *edisi* tanggal 12 September 2009 dumugi nomor 30 *edisi* tanggal 26 Desember 2009. Nyariyosaken Dewi Candrakirana ingkang madosi Raden Panji Asmarabangun amargi dipundhustha dening Raja Basunanda saking kerajaan sabrang; nyariyosaken Dewi Nawangwulan ingkang nandang tresna kaliyan Raden Panji Asmarabangun; Dewi Onengan ingkang madosi Dewi Candrakirana amargi banget tresnanipun; Raden Gunungsari ingkang nyimpen raos tresna kaliyan Dewi Onengan; saha mapinten-pinten paraga ingkang sanesipun. Cariyos rakyat menika mliginipun nyariyosaken pepisahan antawisipun Raden Panji Asmarabangun (Panji Inukerta Pati) kaliyan Dewi Candrakirana ngantos dumugi pepanggihanipun malih. Ing salebetipun cariyos rakyat menika kacariosaken kahanipun nagari Jenggala sasampunipun Raden Panji Asmarabangun dipundhustha, Dewi Candrakirana saputranipun, saha Dewi Onengan. Nyariyosaken ugi perjuanganipun Dewi Onengan ing salebetipun madosi Dewi

Candrakirana, Raden Gunungsari ingkang nyimpen tresna kaliyan Dewi Onengan, pepanggihan antawisipun Dewi Onengan saha Dewi Candrakirana ingkang salajengipun dipunpuja dados wujud priya dening Hyang Narada. Ing pungkasan samangke Raden Panji Asmarabangun saha Dewi Candrakirana pepanggihan ing salebetipun paprangan antawisipun kerajaan Purwakencana saha kerajaan Bali.

Saben karya sastra mliginipun cariyos rakyat menika temtunipun gadhah unsur-unsur ingkang mbangun cariyos menika. Antawisipun unsur setunggal kaliyan setunggalipun menika wonten gegayutanipun ingkang boten saged dipunpisahaken. Sedaya unsur menika gadhah peran ingkang sami minangka *struktur* karya sastra (*intrinsik*). Unsur menika saged dipunpanggihi langsung dening para maos ing salebetipun karya sastra menika. Kanthi ngaji unsur-unsur *struktural* karya sastra menika, samangke saged dipunmangertosi makna ingkang kinandhut ing salebetipun karya sastra. Sasanesipun menika, ugi saged dipunmangertosi gegayutan antawisipun unsur setunggal kaliyan setunggalipun.

Unsur-unsur *struktur*(*intrinsik*) karya sastra menika ing antawisipun inggih menika tema, *fakta* cariyos, saha sarana sastra. *Fakta* cariyos menika ing antawisipun kasusun saking *alur*, paraga, saha latar. Wondene sarana sastra menika kasusun saking *sudut pandang*, lelewaning basa, saha suasana, *simbol-simbol*, saha cara pamilihing judul.

Saking saperangan andharan ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* ing salebetipun *rubrik cerita rakyat* kalawarti *Djaka Lodang* menika minangka salah satunggalipun karya sastra, temtunipun gadhah *struktur* pembangun kados

ingkang dipunandharaken ing nginggil menika. Kanthi adhedhasar pratelan menika, saingga panaliten menika badhe katindakaken kanthi irah-irahan “*Strukturalisme ing Salebitipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*”.

B. Underaning Perkawis

Kanthi adhedhasar pamilihanipun irah-irahan ing nginggil menika, saged dipunpendhet underaning perkawis. Underaning perkawis ing salebetipun panaliten menika ing antawisipun inggih menika:

1. *struktur* cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*,
2. gegayutan antawisipun unsur-unsur *strukturalisme* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*.

C. Watesaning Perkawis

Watesaning perkawis ing salebetipun panaliten menika ing antawisipun inggih menika:

1. unsur-unsur *struktural intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*,
2. gegayutan antawisipun unsur-unsur *struktural intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*.

D. Wosing Perkawis

Wosing perkawis ing salebetipun panaliten menika inggih menika:

1. kados pundi unsur-unsur *struktural intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah?
2. kados pundi gegayutan antawisipun unsur-unsur *struktural intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten menika ing antawisipun inggih menika:

1. mahyakaken saha nganalisis unsur-unsur *struktural intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah,
2. mangertosi gegayutan antawisipun unsur-unsur *struktural intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika dipunajab saged suka paedah *teoritis* menapa ugi paedah *praktis*. Paedah *teoritis* saking panaliten menika inggih menika panaliten dipunajab saged suka wawasan dhumateng para maos bab unsur-unsur *intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah. Wondene paedah *praktis* saking panaliten menika inggih

menika panaliten menika saged dipunginakaken minangka sarana ningkataken *apresiasi* karya sastra saha minangka peranan panaliten ingkang salajengipun.

G. Pangertosan

Supados nggampilaken para maos anggenipun mangertosi isinipun panaliten menika, dipunandharaken istilah-istilah ingkang gadhah gegayutan kaliyan panaliten menika. Istilah-istilah ingkang gegayutan kaliyan panaliten menika ing antawisipun ing ngandhap menika.

1. Cariyos Rakyat

Cariyos rakyat inggih menika cariyos ingkang wonten saha ngrembaka kanthi turun temurun saking setunggal generasi tumuju generasi ingkang salajengipun. Dipunwastani cariyos rakyat amargi cariyos menika wonten ing gesangipun rakyat. Cariyos menika kagunganipun *kolektif* satunggalipun masyarakat, sanes *individu*.

2. Unsur-Unsur *Struktural* Karya Sastra *Fiksi*

Unsur-unsur *struktural* karya sastra *fiksi* inggih menika unsur-unsur ingkang mbangun karya sastra menika. Unsur-unsur *struktur fiksi* menika ing antawisipun inggih menika tema, *fakta* cariyos, saha sarana sastra.

BAB II GEGARANING TEORI

A. Kasusastran

Miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia (Departemen Pendidikan Nasional, 2008: 1230), sastra menika gadhah teges: (1) basa, tembung-tembung, lelewaning basa ingkang dipunginakaken ing kitab-kitab, sanes basa padintenan; (2) kitab suci hindu; (3) kitab ilmu pengetahuan; (4) perpustakaan utawi kitab primbon ingkang ngandhut ramalan, wawasan; (5) seratan utawi aksara.

Rene Wallek lumantar Pradopo (2011: 35) ngandharaken bilih karya sastra menika gadhah sifat ingkang *imajinatif*. Sifat *imajinatif* menika nedahaken donya angen-angen saha khayal, gegayutan kaliyan *epik*, lirik, saha drama amargi tiga perangan menika jumbuh kaliyan *fiksi*, *imajinasi*. *Fiksi* ing mriki nedahaken donya khayal, tegesipun donya ingkang wonten namung ing khayalanipun sastrawan, sanes donya ingkang nyata.

Karya sastra menika sejatosipun minangka asil rerangkening tetembungan utawi bangunan tetembungan utawi asring dipunwastani donya ing salebetipun tembung. Bangunan sastra menika gadhah perangan-perangan minangka unsur-unsur sastra. Sedaya unsur menika dados setunggal *kesatuan* ingkang wetah (*totalitas*). Antawisipun unsur setunggal kaliyan unsur sanesipun menika gadhah gegayutan, sami nyengkuyung, saha sami nguntungaken. Unsur-unsur menika wigatos sanget mliginipun ing salebetipun panaliten karya sastra (Widayat, 2005: 20).

Unsur-unsur *pembangun* karya sastra menika mliginipun dipunperang dados kalih, inggih menika unsur *intrinsik* saha unsur *ekstrinsik*. Unsur *intrinsik* inggih menika unsur ingkang langsung mbangun karya sastra menika kiyambak. Gegayutan antawisipun unsur-unsur *intrinsik* menika ingkang saged mujudaken karya sastra menika. Wondene unsur *ekstrinsik* inggih menika unsur ingkang wonten ing sanjawinipun karya sastra. Unsur-unsur menika ingkang boten langsung nanging tetep mangaribawani bangunan karya sastra menika (Widayat, 2005: 20).

Karya sastra menika minangka *struktur* ingkang *kompleks*. Supados saged dipunpahami mila kedah dipunanalisis (Hill lumantar Pradopo, 1995:108). Perkawis menika jumbuh kaliyan pamanggihiun Teeuw lumantar Widayat (2005: 38) ingkang ngandharaken bilih kanthi nindakaken *analisisstruktural* menika nembe saged dipunmangertosi pangertosan ingkang *optimal*. Wonten ing panaliten menika ingkang dipuntindakaken inggih menika *analisis strukturalintrinsik*, inggih menika *analisis* unsur-unsur ingkang mbangun karya sastra menika tanpa nggatosaken unsur-unsur *ekstrinsik*-ipun.

B. Strukturalisme

Strukturalisme inggih menika panaliten *kesastraan* ingkang mligi ngrembag *kajian* ngengingi gegayutan antawisipun unsur pembangun karya sastra ingkang jumbuh. *Analisis struktural* menika minangka *prioritas* utama saderengipun sanes-sanesipun (Teeuw lumantar Pradopo, 1995: 141), tanpa *analisis* menika boten saged dipunmangertosi *kebulatan* makna *intrinsik* ingkang

wonten ing karya menika kiyambak. Struktur karya sastra menika boten saged kapisahaken saking *analisis* unsur-unsuripun (Padmopuspito, 1980: 10)

Nurgiantoro (2010: 37) ugi ngandharaken bilih *analisis struktural* karya sastra, *fiksi*, saged dipuntindakaken kanthi *ngidentifikasi*, ngaji saha ngandharaken fungsi saha gegayutan antawisipun unsur *intrinsik fiksi* ingkang dipuntaliti. Sepisan ingkang dipun-*identifikasi* saha dipunandharaken, umpaminipun, kadospundi kahanan prastawa-prastawa, *plot*, paraga, saha *penokohan*, *latar*, *sudut pandang*, saha sanes-sanesipun. Salajengipun dipunandharaken *fungsi-fungsi* saben unsur menika ing salebetipun nemtokaken makna *keseluruhan*, saha kadospundi gegayutan antawisipun unsur menika saingga sedayanipun menika mujudaken satunggalipun *totalitas-kemaknaan* ingkang sami. Umpaminipun, kadospundi gegayutan antawisipun prastawa setunggal kaliyan sanesipun, gegayutanipun kaliyan pem-*plot*-an ingkang boten sedaya *kronologis*, gegayutanipun antawisipun paraga saha *penokohan*, antawisipun *latar* saha sanesipun.

Sejatosipun, ancasipun *analisis struktural* inggih menika ngandharaken *fungsi* saha gegayutan antawisipun maneka warni unsur karya sastra ingkang kanthi sesarengan mujudaken *kemenyeluruhan*. *Analisis unsur struktural* menika boten cekap namung nyerat *data* unsur tertemtu saking satunggalipun karya *fiksi*, umpaminipun prastawa, *plot*, paraga, *latar*, utawi ingkang sanesipun. Nanging, ingkang langkung wigatos inggih menika nedahaken gegayutan antawisipun unsur menika, saha sumbangan ingkang sampun dipunparingaken kangge nggayuh ancas *estetik* saha makna *keseluruhan* (Nurgiantoro, 2010: 37).

C. Unsur-Unsur *Intrinsik*

Unsur *intrinsik* inggih menika unsur ingkang mbangun karya sastra saking salebetipun karya sastra menika kiyambak. Miturut pamanggihipun Nurgiyantoro (2010: 23), unsur *intrinsik* (*intrinsic*) inggih menika unsur-unsur ingkang mbangun karya sastra menika kiyambak. Unsur-unsur menika ingkang nyebabaken karya sastra menika wonten minangka karya sastra. Salajengipun Widayat (2005: 20) ugi ngandharaken bilih bangunan karya sastra menika gadhah perangan-perangan minangka unsur-unsur sastra ingkang wetah, gadhah *totalitas*. Antawisipun unsur-unsur menika mangaribawani saha nguntungaken setunggal kaliyan setunggalipun. Unsur-unsur menika wigatos sanget mliginipun kangge naliti karya sastra menika kiyambak.

Miturut pamanggihipun Widayat (2005: 20), karya sastra menika gadhah perangan-perangan minangka unsur-unsur sastra ingkang wetah, gadhah *totalitas*. Antawisipun unsur-unsur menika mangaribawani saha nguntungaken setunggal kaliyan setunggalipun. Unsur-unsur menika wigatos sanget mliginipun kangge naliti karya sastra menika kiyambak.

Stanton lumantar Widayat (2005: 22) ngandharaken bilih unsur-unsur *struktur fiksi* ing antawisipun inggih menika tema, *fakta* cariyos, saha sarana sastra. *Fakta* cariyos menika minangka bab-bab ingkang badhe dipuncariyosaken ing salebetipun cariyos *fiksi*. Ingkang kalebet fakta cariyos inggih menika *plot*, paraga, saha latar. Menapa ingkang badhe dipuncariyosaken ing salebetipun karya sastra menika dipunsusun ing salebetipun kerangka *subelemen* menika. (Sayuti,

2000: 29). Unsur-unsur *intrinsik* ingkang kasusun ing salebetipun kerangka *sublemen* menika ingkang salajengipun mujudaken satunggalipun karya sastra.

1. Tema

Saben karya sastra menika mesthi gadhah tema ingkang dados ancas panyerataning satunggalipun karya sastra. Menapa ingkang dipunandharaken ing salebetipun karya sastra menika adhedhasar saking tema. Tema menika minangka peranan ingkang wigatos sanget ing salebetipun cariyos. Satunggalipun cariyos mbetahaken tema kangge ngarahaken ancasipun cariyos ingkang dipunkajengaken.

Miturut pamanggihipun Priyatni (2010: 119) tema menika minangka gagasan utawi makna sentral satunggalipun cariyos. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sayuti (2000: 187-188) ingkang ngandharaken bilih tema inggih menika makna cariyos, gagasan *sentral*, utawi dhasaripun cariyos. Tema menika mliginipun minangka satunggalipun pamanggih ngengingi *subjek* utawi pokok perkawis ingkang kaandharaken kanthi *emphisit* menapa ugi kanthi *implisit*. Ing salebetipun cariyos menika, pengarang ngginakaken cara ingkang *implisit*. Cara *implisit* inggih menika cara panganggit ingkang ndhelikaken tema cariyos. Ancasipun panganggit menika supados para maos madosi tema cariyos kanthi cara maos cariyos menika langkung rumiyin.

Wondene Widayat (2005: 22) ngandharaken bilih tema inggih menika satunggalipun bab ingkang dados dhasar satunggalipun cariyos. Tema menika gegayutan kaliyan maneka warna pengalaman gesang, kadosta perkawis bab katresnan, rasa asih, kangen, ajrih, pati, *religius*, saha sapanunggalanipun. Ing bab

tertamtu, tema menika saged dipunanggep sami kaliyan gagasan utawi ancasipun cariyos ingkang utama.

Tema menika minangka dhasar pangrembakaning cariyos, saingga saged *menjiwai* sedaya peranganipun cariyos. Tema gadhah *generalisasi* umum, langkung wiyar, saha *abstrak*. Kangge manggihaken tema satunggalipun cariyos *fiksi* menika kedah dipunpendhet dudutan saking sedaya isi cariyos, boten namung saking perangan-perangan tertentu kemawon (Nurgiyantoro, 2010: 69). Saingga supados saged mangertosi tema satunggalipun cariyos, langkung rumiyin kedah maos cariyos saking awal dumugi pungkasan.

Tema ing salebetipun karya sastra, *fiksi*, menika sejatosipun namung salah satunggal saking mapinten-pinten unsur pembangun cariyos. *Eksistensi* tema menika kiyambak gumantung saking maneka warni unsur ingkang sanesipun. Tema menika namung minangka makna utawi pamanggih umum, boten mungkin wonten tanpa unsur cariyos ingkang sanesipun. Satunggalipun tema menika saged dados makna cariyos menawi wonten gegayutanipun kaliyan unsur-unsur cariyos ingkang sanesipun. Mekaten ugi, unsur-unsur paraga (saha *penokohan*), *plot* (saha *pemplotan*), *latar* (saha pelataran), saha cariyos menika saged jumbuh saha gadhah makna menawi kaiket dening satunggalipun tema. Tema menika saged mujudaken *koherensi* saha makna ngengingi sekawan unsur kasebat saha unsur cariyos *fiksi* ingkang sanesipun (Nurgiyantoro, 2010: 73).

Nurgiyantoro (2010: 76) ngandharaken bilih tema menika saged kagolongaken kanthi *dikhotomis* (ingkang sifatipun tradisional saha

nontradisional), kanthi ningali tingkat *pengalaman* jiwa miturut Shipley, saha penggolongan miturut tingkat kautamanipun.

a. Tema tradisional saha nontradisional

Tema tradisional inggih menika tema ingkang sampun dangu dipunginakaken. Tema menika saged dipunpanggihaken ing salebetipun maneka warni cariyos, kalebet ugi cariyos lami. Umumipun tema-tema tradisional menika minangka tema ingkang dipunremeni tiyang kanthi *status* sosial menapa kemawon, wonten ing pundi kemawon, saha kapan kemawon. Bab menika amargi sejatosipun saben tiyang menika remen perkawis ingkang sae saha boten remen perkawis ingkang sewalikipun (malah kalebet ugi tiyang ingkang sejatosipun boten kagolong tiyang sae). Perkawis menika saged dipuntingali umpaminipun, ing cariyos pewayangan, Mahabharata saha Ramayana ingkang dipunremeni sanget dening masyarakat awit jaman rumiyin. Tema menika sifatipun *universal*. Katingal saking kathahipun tema karya sastra ing manca ingkang awit jaman rumiyin ugi ngginakaken tema kesaenan katandhingaken awon, utawi tema tradhisional ingkang sanesipun (Nurgiyantoro, 2010: 78)

Sasanesipun perkawis-perkawis ingkang sifatipun tradhisional, tema satunggalipun karya menika saged ugi ngangkat perkawis ingkang boten umum, asring dipunwastani non-tradhisional. Amargi sifat ingkang boten tradhisional menika, saged ugi tema menika boten jumbuh kaliyan pangajabipun para maos, sifatipun nglawan arus, ngagetaken, saged ugi njengkelaken, nguciwakaken, utawi maneka warni *reaksi afektif* ingkang sanesipun (Nurgiyantoro, 2010: 79).

b. Tema miturut Shipley lumantar Nurgiyantoro

Shipley lumantar Nurgiyantoro (2010: 80-82) nglempakaken tema menika ing salebetipun gangsal tingkatan kanthi adhedhasar tingkat pengalaman jiwa. Tema-tema menika ing antawisipun inggih menika:

1) Tema tingkat *fisik* (manungsa minangka *molekul*)

Ing salebetipun karya sastra menika langkung kathah *aktivitas fisik* tinimbang kejiwaanipun. Langkung nengenaken *mobilitas fisik* tinimbang *konflik* kejiwaan tokoh cariyosipun. Unsur *latar* kanthi tema tingkat menika langkung angsal *penekanan*. Miturut pamanggihipun Sayuti (2000: 193) bilih tema tingkat *fisik* inggih menika tema ingkang langkung gegayutan kaliyan kahanan *jasmani* manungsa. Tema menika mligi ngengingi manungsa minangka *molekul*, zat, saha jasad.

2) Tema tingkat *organik* (manungsa minangka *protoplasma*)

Tema karya sastra tingkat menika langkung kathah nggayutaken perkawis *seksualitas*-satunggalipun *aktivitas* ingkang namung saged dipuntindakaken dening *makhluk hidup*. Tema menika mliginipun ngengingi *seksualitas* ingkang nyimpang, umpaminipun gesang bebrayan kanthi penyelewengan, utawi *skandal-skandal seksual* ingkang sanesipun.

3) Tema tingkat sosial (manungsa minangka makhluk sosial)

Tema karya sastra tingkat menika gegayutan kaliyan perkawis sosial kadosta perkawis ekonomi, politik, pendidikan, kabudayan, perjuangan, katresnan, *propaganda*, *hubungan atasan-bawahan*, saha maneka warna perkawis

sarta gegayutan sosial sanesipun ingkang biasanipun wonten ing satunggalipun karya kanthi isi *kritik* sosial.

4) Tema *egoik* (manungsa minangka *individu*)

Tema menika gegayutan kaliyan perkawis manungsa minangka *makhluk individu*. Minangka *makhluk individu* menika, manungsa gadhah maneka warni perkawis menapa ugi *konflik*, umpaminipun ngengingi tanggapan ing salebetipun ngadhapi maneka warni perkawis-perkawis sosial. Perkawis *individualitas* menika ing antawisipun inggih menika *egoisitas*, martabat, harga dhiri, utawi sifat saha sikap manungsa ingkang sanesipun. Sifat-sifat menika biasanipun dipunraosaken piyambak dening pribadhi manungsa menika kiyambak. Perkawis *individu* menika biasanipun nedahaken *jati* dhiri, *citra* dhiri, utawi kapribadhen satunggalipun tiyang.

5) Tema tingkat *devine* (manungsa minangka *makhluk* kanthi tingkat paling inggil, boten sedaya manungsa saged ngalami utawi nggayuh)

Perkawis ingkang mligi kagambaraken ing salebetipun tema menika inggih menika perkawis ingkang ngrembag gegayutan antawisipun manungsa kaliyan Sang Pencipta, perkawis *religiositas*, utawi maneka warni perkawis *filosofis* ingkang sanesipun kadosta pandangan hidup, *visi*, saha keyakinan.

c. Tema utama saha tema tambahan

Tema ing satunggalipun karya sastra menika biasanipun langkung saking setunggal. Saking mapinten-pinten tema menika saged dipunperang dados tema pokok saha tema tambahan. Nurgiyantoro (2010: 82-83) ngandharaken bilih ingkang dipunwastani tema utama utawi tema pokok utawi tema *mayor*

satunggalipun karya *fiksi* inggih menika makna pokok cariyos ingkang dados dhasar utawi gagasan dhasar umum karya menika. Makna pokok menika kagambaraken langkung kathah, sumebar, boten namung ing perangan-perangan tertentu saking cariyos *fiksi* menika. Wondene ingkang dipunwastani tema tambahan utawi tema *minor* inggih menika makna ingkang wonten namung ing perangan-perangan tertentu cariyos *fiksi*. Kathah menapa sekedhikipun tema *minor* menika temtunipun gumantung kathah menapa sekedhik makna tambahan ingkang saged dipuntafsiraken saking cariyos ingkang dipunandharaken menika. *Penafsiran* makna menika ugi kedah dipunwatesi ing makna-makna ingkang mligi kaandharaken, wonten bukti-buktinipun ing salebetipun cariyos ingkang saged dipunginakaken kangge dhasar tanggel jawab. Makna pokok menika gadhah sifat ngrangkum maneka warni makna *khusus*, makna tambahan ing salebetipun cariyos menika. Sewalikipun makna tambahan menika sifatipun nyengkuyung utawi nggambaraken makna utama cariyos. Wonten *koherensi* rumaket antawisipun makna tambahan saha makna pokok. Makna-makna *minor* menika damel makna pokok dados langkung cetha kawontenanipun.

Kangge manggihaken tema satunggalipun cariyos *fiksi* menika kedah dipuntindakaken kanthi adhedhasar *fakta-fakta* ingkang wonten saha mbangun cariyos menika. Katindakaken sepisan kanthi mangertosi cariyos menika, manggihaken andharan saking gagasan-gagasan wewatakan, *konflik*, saha latar. Tema menika biasanipun dipundhapukaken mliginipun tumrap paraga utama. Jumbuh kaliyan ancas anggenipun nemtokaken tema menika, saged kaajengaken pitakenan ing antawisipun: menapa *motivasi*-nipun, perkawis menapa ingkang

dipunadhepi, kadospundi wewatekanipun, kadospundi sikap saha pamanggihipun ngengingi perkawis menika, menapa (saha kadospundi) ingkang dipunpenggalihaken, dipunraos, saha dipuntindakaken, kadospundi keputusan ingkang dipunpendhet, saha sapanunggalanipun (Nurgiyantoro (2010: 86).

Wondene Stanton lumantar Nurgiyantoro (2010: 86) ngandharaken bilih ing salebetipun manggihaken saha nafsiraken tema menika wonten syarat kados ing ngandhap menika.

- a. Penafsiran tema menika prayoginipun nimbangaken saben *detail* cariyos ingkang langkung utama. Saking *detail-detail* ingkang utama menika saged dipun-*identifikasi* minangka paraga-perkawis-konflik utama.
- b. Anggenipun nafsiraken tema satunggalipun cariyos menika kedah jumbuh kaliyan *detail* cariyosipun.
- c. Penafsiran tema menika prayoginipun boten adhedhasar bukti-bukti ingkang boten kaandharaken kanthi langsung menapa ugi boten langsung. Tema menika katemtokaken boten namung kanthi cara dipunkinten-kinten, perkawis ingkang dipunbayangaken wonten ing salebetipun cariyos, utawi *informasi* sanesipun ingkang kirang saged dipunpitadosi. Tema ingkang katemtokaken kanthi cara menika kirang saged dipuntanggjawabaken amargi kirangipun bukti *empiris*.
- d. Penafsiran tema menika kedahipun jumbuh kaliyan bukti-bukti langsung menapa ugi ingkang dipunprayogiaken ing salebetipun cariyos. Anggenipun nemtokaken tema satunggalipun cariyos menika kedahipun saged dipun buktikaken kanthi data-data utawi *detail-detail* cariyos ingkang wonten ing

salebetipun cariyos, kanthi langsung (tegesipun tembung-tembung menika saged kapanggihaken langsung ing salebetipun cariyos) menapa ugi kanthi boten langsung (namung saking nafsiraken tembung-tembung ingkang wonten ing cariyos).

2. Fakta Cariyos

a. Alur (*Plot*)

Alur menika gegayutan kaliyan urutan prastawa ing salebetipun karya sastra menika. Antawisipun satunggal prastawa kaliyan prastawa sanesipun saged dipuntingali gegayutanipun ing salebeting panyeratanipun alur menika. miturut pamanggihipun Priyatni (2010: 112) ngandharaken bilih alur inggih menika rerangkening prastawa ingkang gadhah gegayutan sebab akibat. Jumbuh kaliyan pamanggih menika, Stanton lumantar Nurgiyantoro (2010: 113) ngandharaken bilih alur utawi *plot* inggih menika cariyos ingkang isinipun ngengingi urutan prastawa, nanging saben prastawa menika namung dipungayutaken kanthi cara nggayutaken sebab-akibat, satunggalipun prastawa dipunsebabaken utawi nyebabaken wontenipun prastawa-prastawa ingkang sanesipun. *Plot* sejatosipun inggih menika menapa kemawon ingkang dipuntindakaken dening paraga saha prastawa menapa ingkang kedadosan saha dipunlampahi dening paraga (Kenny lumantar Nurgiyantara, 2010: 75).

Jumbuh kaliyan pamanggih-pamanggih ing nginggil menika, Sayuti (2000: 30), ngandharaken bilih *plot* utawi alur cariyos *fiksi* menika boten namung ngandharaken prastawa-prastawa utawi kedadosan-kedadosan kanthi nggatosaken sifat *kewaktuan* utawi *temporal* kemawon, nanging ugi kanthi nggatosaken

gegayutan antawisipun prastawa utawi kedadonan setunggal kaliyan sanesipun. Saingga *plot* satunggalipun cariyos menika saged dipunpahami dening para maos minangka satunggalipun pola *majemuk* ingkang gadhah gegayutan *kausalitas* utawi *sebab-akibat*.

Plot satunggalipun cariyos menika kedah *padu, unity*. Antawisipun prastawa satunggal kaliyan sanesipun, antawisipun prastawa ingkang dipuncariyosaken rumiyin kaliyan ingkang salajengipun, wonten gegayutanipun. Gegayutan antawisipun cariyos menika prayoginipun cetha, *logis*, saha saged dipunmangertosi *kronologi* wekdalipun tanpa nggatosaken ing salebetipun *teks* cariyos menika wonten ing awal, tengah utawi ing pungkasan (Nurgiyantoro, 2010: 142). Saingga ing salebetipun *plot* menika, sasanesipun nggatosaken urutanipun prastawa ugi kedah nggatosaken gegayutanipun antawisipun setunggal prastawa kaliyan prastawa ingkang sanesipun.

Struktur plot cariyos *fiksi* menika saged kaperang dados tiga, ing antawisipun inggih menika *plot* awal, tengah, saha pungkasan. Awal satunggalipun cariyos menika saged ugi minangka perangan tengah utawi pungkasanipun cariyos, mekaten ugi salajengipun, tengah minangka akhir utawi akhir minangka awal utawi tengahing cariyos. Bab menika sejatosipun gumantung *gaya basa* utawi *teknik* pengarang anggenipun nyariyosaken. Temtunipun saben pengarang menika gadhah *idiosinkrasi* piyambak, ingkang beda antawisipun pengarang setunggal kaliyan sanesipun (Sayuti, 2000: 32-33).

1) Awal

Tahap awal satunggalipun cariyos biasanipun dipunwastani minangka tahap pitepangan. Isinipun ngengingi mapinten-pinten *informasi* wigatos ingkang wonten gegayutanipun kaliyan maneka warni bab ingkang badhe kaandharaken ing tahap salajengipun. Tahap awal ugi asring dipunginakaken kangge nepangaken paraga-paraga cariyos, saged awujud *deskripsi fisik*, kadhang ugi dipunandharaken ugi (kanthi *implisit*) wewatekanipun. *Fungsi* pokok tahap awal (pambuka) satunggalipun cariyos inggih menika kangge suka *informasi* saha andharan saperlunipun, mliginipun ingkang gegayutan kaliyan *pelataran* saha *penokohan* (Nurgiantoro, 2010: 142).

Perangan awal satunggalipun cariyos menika ngandhut andharan (*eksposisi*) saha *elemen instabilitas*. *Eksposisi* menika istilah kangge nedahaken proses ingkang dipunpilih saha dipunginakaken pengarang kangge ngandharaken *informasi* ingkang dipunbetahaken kangge mangertosi cariyos (Sayuti, 2000: 36). Salajengipun Sayuti (2000: 40) ugi ngandharaken bilih gegayutan kaliyan perangan awal cariyos saha pilihanipun penulis anggenipun nemtokaken awal cariyos, kedah nggatosaken kemungkinan-kemungkinan ing antawisipun inggih menika:

- a) minangka pilihan pungkasan ingkang dipunpilih dening pengarang. tegesipun, pengarang menika saged mawon nyerat wongsal-wangsul kangge miwiti cariyosipun. Seratan ingkang dipunserat ing wiwitanipun cariyos menika temtunipun ingkang dianggep paling trep kangge miwiti cariyosipun.

- b) minangka prastawa ingkang gadhah sesambetan kaliyan *karakter* paraga utama utawi kaliyan prastawa ingkang boten wonten gegayutanipun kaliyan *karakter* paraga utama nanging minangka perangan *mata rantai* ingkang wigatos kangge prastawa-prastawa *berkualitas* salajengipun.
- c) minangka gegambaran *khusus konflik* ingkang gadhah gegayutan kaliyan prastawa salajengipun kanthi latar tertemtu.
- d) awujud prastawa ageng kanthi latar saha *konflik* tertemtu.
- e) satunggalipun prastawa alit kangge nggambaraken watak paraga saha kangge suka *informasi* dhumateng para maos supados saged paham perangan awal saha sedayanipun isi cariyos.
- f) minangka *introduksi* paraga utama utawi paraga ingkang wigatos ing salebetipun cariyos, kanthi *analitik* menapa ugi kanthi *dramatik*, kanthi cara *telling* menapa ugi *showing*.
- g) minangka bab ingkang nedahaken para maos ngengingi cara ingkang dipunginakaken, cara *diaan*, *akuan*, menapa ugi campuran.
- h) minangka *deskripsi* saha *narasi* tertemtu.
- i) minangka perangan ingkang ngandharaken papan, wekdal, saha sosial budaya tertemtu.
- j) minangka *komplikasi* utawi perangan ingkang mbangkitaken minatipun para maos. *Komplikasi* menika sifatipun saged *mayor* utawi *minor*, *internal* utawi *eksternal*.

Sedaya kemungkinan menika gumantung kersanipun pengarang. antawisipun pengarang setunggal kaliyan sanesipun temtunipun gadhah cara

ingkang beda saingga kemungkinan-kemungkinanipun ugi beda anggenipun nyusun *plot*.

2) Tengah

Perangan tengah menika minangka perangan ingkang paling panjang saha paling penting ing salebetipun cariyos *fiksi*. ing perangan menika kaandharaken: paraga-paraga, prastawa-prastawa wigatos-*funksional* ingkang dipuncariyosaken, *konflik* ingkang ngrembaka sansaya ngregengaken, saha dumugi *klimaks*-ipun. Umumipun ugi kaandharaken tema utawi makna pokok cariyos. Tahap tengah cariyos menika ugi dipunsebat minangka tahap pepadon, nyariyosaken pepadon utawi *konflik* ingkang sampun wiwit dipungambaraken ing tahap ingkang saderengipun, dados sansaya ningkat, sansaya ngregengaken. (Nurgiyantoro, 2010: 145).

Konflik saha *klimaks* menika minangka perangan ingkang wigatos saha utama ing salebetipun *struktur plot*. *Klimaks* menika namung saged kedadosan menawi wonten *konflik*. Nanging boten sedaya *konflik* menika dumugi *klimaks*, boten sedaya *konflik* menika kedah wonten pungkasanipun. Kedah dipuntingali pundi ingkang minangka *konflik* utama saha pundi ingkang namung *konflik* tambahan (satunggalipun *konflik* ingkang langkung dipunsebabaken, dipunalami, saha dipuntindakaken dening paraga-paraga tambahan) (Nurgiyantoro, 2010: 127).

Sayuti (2000: 42) ngandharaken bilih perangan wigatos saking *plot* tengah inggih menika bab *konflik*, *komplikasi* saha *klimaks*. *Konflik* ing salebetipun cariyos menika saged kaperang dados tiga. Ing antawisipun inggih menika *konflik*

kejiwaan 'psycological conflict', konflik sosial 'social conflict', saha konflik antawisipun manungsa saha alam 'physical or element conflict'. Konflik kejiwaan biasanipun ngengingi perjuangan nglawan dhiri paraga menika kiyambak, saingga saged ngatasi saha nemtokaken menapa ingkang kedah dipuntindakaken. Wondene konflik sosial menika biasanipun ngengingi konflik antawisipun paraga gegayutan kaliyan perkawis-perkawis sosial. Konflik menika dipunsebabaken saking sikapipun individu ing salebetipun lingkungan sosial ngengingi ideologi, pemerksaan hak, saha sanes-sanesipun. Menika sebabipun wonten konflik ideologi, konflik keluarga, konflik sosial, saha sanes-sanesipun. Salajengipun, ingkang dipunwastani konflik alamiah menika biasanipun dipunsebabaken nalika manungsa boten saged nguwaosi menapa ugi manfaataken saha mbudidaya alam kados menapa kedahipun. Menawi determinasi alam boten saged dipuntindakaken saged nyebabaken sesambetan antawisipun manungsa kaliyan alam menika dados boten selaras, saingga nyebabaken konflik menika.

Salajengipun Sayuti (2000: 43) ugi ngandharaken bilih:

Disamping terdapat adanya konflik, dalam bagian tengah plot cerita didapatkan pula adanya komplikasi dan klimaks. Komplikasi merupakan perkembangan konflik permulaan, atau konflik permulaan yang bergerak dalam mencapai klimaks, sedangkan klimaks merupakan titik intensitas tertinggi komplikasi, yang darinya titik hasil (outcome) cerita akan diperoleh dan tak terelakkan.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih ing salebetipun plot menika, sasanipun kapanggihaken konflik, ugi wonten komplikasi utawi klimaks. Komplikasi menika minangka perkembangan saking konflik ingkang kedadosan sepisanan, tumuju klimaks. Wondene klimaks menika

minangka titik *intensitas* ingkang paling inggil *komplikasi*-nipun, ingkang saged njalari dipunpanggihaken hasiling cariyos.

Komplikasi menika sifatipun boten tunggal nanging saged ugi jamak, saingga ugi nyebabaken *klimaks* ingkang jamak. Wontenipun *komplikasi* saha *konflik* menika wigatos sanget kangge mujudaken *klimaks* cariyos. *Komplikasi* saha *konflik* ing salebetipun cariyos menika nedahaken kawegiganipun pengarang ing salebetipun ngandharaken cariyos prosa *fiksi*-nipun (Sayuti, 2000: 44).

3) Pungkasan

Pungkasan menika asalipun saking *klimaks* tumuju hasiling cariyos. Saking andharan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih umumipun ing salebetipun cariyos menika wonten rentetan prastawa ingkang awujud *eksposisi* saha *komplikasi* tumuju *klimaks* lajeng dipunpungkasi kanthi pemecahan ingkang *logis* (Sayuti, 2000: 56)

Menawi dipuntingali saking panyusunanipun prastawa utawi perangan-peranganipun ingkang mbentuk prastawa ing salebetipun cariyos menika, *plot* kaperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika *plot kronologis* utawi *progresif* saha *plot regresif* utawi *flash back* utawi *black-tracking* utawi *sorot-balik*. Ing salebetipun *plot kronologis*, awal cariyos menika saestu minangka *awal*, pungkasan cariyos saestu minangka pungkasan (Sayuti, 2000: 57). Ing salebetipun cariyos menika, pengarang langkung ngginakaken *plot* campuran.

Salajengipun, menawi dipuntingali saking perangan pungkasanipun cariyos, *plot* menika kaperang dados kalih ing antawisipun inggih menika *plot terbuka* saha *plot tertutup*. Ing salebetipun *plot tertutup*, biasanipun pengarang

nyukani simpulan cariyos. Wondene ing salebetipun *plot terbuka* biasanipun pungkasanipun cariyos wonten ing *klimaks*, para maos dipunkendelaken nemtokaken piyambak kados pundi pungkasanipun cariyos (Sayuti, 2000: 58). Pungkasanipun cariyos kanthi *plot terbuka* menika, suka kawenangan kangge para maos anggenipun menggalihaken, mbayangaken saha *mengkreasikan* kadospundi pungkasanipun cariyos menika. Wondene ing salebetipun *plot tertutup*, pungkasanipun cariyos katemtokaken jumbuh kaliyan *logika* cariyos ingkang dipundamel. Jumbuh kaliyan *logika* cariyos menika ugi, para paraga cariyos menika sampun gadhah nasibipun kiyambak ingkang sampun dipunjumbuhaken kaliyan *peran* ingkang dipunemban (Nurgiyantoro, 2000: 148).

Menawi dipuntingali saking *kwantitas*-ipun, *plot* menika ugi kaperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika *plot tunggal* saha *plot jamak*. Satunggalipun cariyos menika dipunwastani gadhah *plot tunggal* menawi cariyos menika namung gadhah setunggal *plot (plot primer)*. Wondene cariyos ingkang gadhah *plot jamak* inggih menika cariyos ingkang gadhah *plot langkung* saking setunggal, mekaten ugi *plot-plot* utamanipun ugi langkung saking setunggal. Nanging *plot-plot* utama ingkang wonten ing salebetipun cariyos menika asring gegayutan ing perangan-perangan tertemtu (Sayuti, 2000: 59).

Menawi dipuntingali saking *kualitas*-ipun, *plot* menika ugi kaperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika *plot rapet* saha *plot longgar*. Satunggalipun cariyos dipunwastani gadhah *plot tunggal* menawi *plot* utama ingkang wonten ing salebetipun cariyos menika boten gadhah *celah* ingkang saged dipunsisipi *plot* sanesipun. Sewalikipun, cariyos menika dipunwastani gadhah *plot longgar*

menawi ing cariyos menika saged dipunsisipi *plot* sanesipun, biasanipun minangka *sub plot* ingkang fungsipun ndhukung *plot* utama. Nanging menawi *plot* sisipan menika dipunicali, cariyos menika tetep kalajengaken tanpa gangguan ingkang wigatos (Sayuti, 2000: 59). Ing salebetipun cariyos *fiksi* kanthi *plot* ingkang rapet/ padet menika sasanesipun kaandharaken kanthi cepet, prastawa-prastawa wigatos ugi kadadosan kanthi cepet, gegayutan antawisipun prastawa rumaket sanget, para maos kados dipunpeksa ndherekaken lampahipun cariyos. Gegantosaning satunggal prastawa tumuju prastawa wigatos ingkang salajengipun menika kadadosan kanthi alon. Gegayutan antawisipun prastawa menika ugi boten patos wigatos. Antawisipun prastawa wigatos setunggal kaliyan sanesipun menika wonten mapinten-pinten prastawa tambahan, utawi dipunselingi gegambaran latar menapa ugi swasana (Nurgiyantoro, 2010: 160).

b. Paraga saha Penokohan

Miturut pamanggihipun Abrams lumantar Nurgiyantoro (2010: 165), ingkang dipunwastani paraga inggih menika tiyang (-tiyang) ingkang dipuntampilaken ing satunggalipun karya *naratif* utawi drama. Paraga ingkang dipuntampilaken menika dipuntafsiraken gadhah *nilai moral* saha sifat kados menapa ingkang kagambaraken ing pocapanipun saha tumintakipun. Paraga menika gadhah peran wigatos minangka perangan ingkang nglumantaraken pesan, amanat, moral utawi satunggalipun bab ingkang dipunkajengaken dening pengarang (Nurgiyantoro, 2010: 167). Wondene ingkang dipunwastani *penokohan* inggih menika cara nggambaraken satunggalipun paraga ing salebetipun cariyos kanthi cetha (Joneslumantar Nirgiyantoro, 2010: 165).

Salajengipun Sayuti (2000:73-74) ngandharaken bilih paraga menika minangka komponen *elemen struktural* cariyos *fiksi* ingkang nyebabaken wontenipun prastawa ing salebetipun cariyos. Menawi dipuntingali gegayutanipun paraga kaliyan isinipun cariyos, paraga menika saged kaperang dados kalih, inggih menika paraga *sentral* utawi paraga utama saha paraga *periferal* utawi paraga tambahan.

Paraga *sentral* utawi paraga utama menika biasanipun gadhah peran ageng ing salebetipun cariyos. Prastawa-prastawa utawi kedadusan-kedadusan ing salebetipun cariyos menika nyebabaken pangewahing tumindak saha wawasanipun paraga. Paraga utama utawi paraga *sentral* satunggalipun cariyos *fiksi* menika saged dipuntektokaken kanthi tigang cara. Sepisan, paraga menika paling mangaribawani makna utawi tema cariyos. Kaping kalih, paraga menika gadhah gegayutan paling kathah kaliyan paraga ingkang sanesipun. Tiga, wekdal kangge nyariyosaken paraga menika paling kathah.

Wondene Nurgiyantoro (2010: 177) ngandharaken bilih paraga utama inggih menika paraga ingkang dipuncariyosaken paling utama minangka paraga satunggalipun prastawa menapa ingkang dipundhapak prastawa. Paraga utama menika ugi wonten ingkang kacariyosaken ing saben prastawa saha kapanggihaken ing saben halaman cariyos. Paraga utama menika cacahipun saged langkung saking setunggal. Salajengipun Nurgiyantoro ugi ngandharaken bilih ingkang dipunwastani paraga tambahan inggih menika paraga ingkang langkung sekedhink anggenipun nyariyosaken, boten patos wigatos, namung kacariyosaken

menawi wonten gegayutanipun langsung menapa ugi boten langsung kaliyan paraga utama.

Sasanesipun kanthi cara ing nginggil menika, paraga cariyos *fiksi* menika ugi saged dipunbedakaken kanthi adhedhasar watakipun. Awit saking menika, wonten paraga prasaja utawi *flat character* saha paraga *komplek* utawi *round character* (Sayuti, 2000: 76). Paraga ingkang prasaja/ *datar* inggih menika paraga ingkang kirang makili *personalitas* manungsa ingkang wetah, namung setunggal perangan ingkang mligi *dipuntonjolaken* (Sayuti, 2000: 77). Paraga *kompleks* utawi ingkang ugi dipunwastani paraga *bulat* inggih menika paraga ingkang saged dipuntingali gesangipun kanthi wetah. Ciri paraga *datar* menika dipunandharaken kanthi prasaja, wondene ciri paraga *bulat*, piyambakipun menika saged ngagetaken (Sayuti, 2000: 78).

Menawi dipuntingali penampilaning paraga-paraga menika, paraga dipunbedakaken dados paraga *protagonis* saha paraga *antagonis* (Nurgiyantoro, 2010: 178). Paraga *protagonis* menika paraga ingkang dipunremeni, salah satunggalipun ingkang kawentar dipunwastani *hero*, paraga ingkang gadhah norma-norma, nilai-nilai, ingkang *ideal* (Alternbernd saha Lewis lumantar Nurgiyantoro, 2010: 178). Wondene ingkang dipunwastani paraga *antagonis* inggih menika paraga ingkang nyebabaken *konflik*. Nanging boten sedaya *konflik* menika dipunsebabaken dening paraga *antagonis* (Nurgiyantoro, 2010: 178).

Lajeng Nurgiyantoro (2010: 188) ugi ngandharaken bilih kanthi adhedhasar *berkembang* menapa boten *perwatakan*-ipun paraga-paraga ing salebetipun cariyos, paraga saged dipunperang dados kalih, inggih menika paraga

statis saha paraga *berkembang*. Paraga *statis* inggih menika paraga cariyos ingkang watakipun menika tetep, boten ewah amargi wontenipun prastawa-prastawa ingkang kedadosan. (Alternbernd saha Lewis lumantar Nurgiyantoro, 2010: 188). Wondene ingkang dipunwastani paraga berkembang inggih menika paraga ingkang watakipun menika ewah saha ngalami *perkembangan* jumbuh kaliyan pangrembakaning (saha pangewahing) prastawa saha plot ingkang dipuncariyosaken.

Adhedhasar kemungkinan *pencerminan* paraga cariyos tumrap manungsa ing gesang ingkang sejatosipun, paraga cariyos saged dipunperang dados kalih, inggih menika paraga *tipikal* saha paraga *netral*. Paraga *tipikal* inggih menika paraga ingkang nggambaraken satunggaling paraga minangka bagian saking satunggalipun *lembaga*, ingkang wonten ing kasunyatan. Paraga menika nggambaraken sikapipun pengarang marang paraga, perkawis ingkang dipunadhepi dening paraga, utawi sikap saha tumindakipun paraga menika kiyambak. Wondene paraga *netral* inggih menika paraga ingkang namung wonten ing salebetipun cariyos.

Cara Nggambaraken Paraga (*Penokohan*)

Ing salebetipun nggambaraken paraga, wonten ingkang mbedakaken cara-cara ingkang dipunginakaken menika dados cara ingkang *analitik* saha *dramatik*, wonten ingkang mbedakaken dados cara langsung saha boten langsung, wonten ingkang mbedakaken dados cara *diskurtif*, *dramatik*, *kontekstual* saha campuran. Sejatospun sedaya istilah-istilah ing nginggil menika gadhah *esensi* ingkang sami(Sayuti, 2000: 89-111).

1) **Cara *diskurtif***

Pangertosanipun cara *analitik* saha cara langsung menika kirang langkung sami kaliyan cara *diskurtif*. Pengarang ingkang milih ngginakaken cara *diskurtif* menika namung nyariyosaken *karakter* paraga. Saingga istilah *telling* ‘andharan’ menika pangertosanipun sami kaliyan cara *diskurtif*. Kanthi cara menika, pengarang nyebataken langsung *kualitas* paraga-paraganipun.

Cara menika langkung prasaja saha langkung *ekonomis*. Nanging ing salebetipun cara menika, para maos kados boten gadhah kebebasan utawi ajrih anggenipun badhe nanggapi paraga-paraga kanthi langsung jumbuh kaliyan pamanggihipun. Para maos menika boten gadhah *alternatif* sanes, milih saha nampik bab ingkang sami kados pengarang.

2) **Cara *Dramatis***

Dipunwastani cara *dramatis* amargi paraga-paraga dipunandharaken kados ing drama. Paraga-paraga menika ngandharaken *karakter*-ipun piyambak kanthi tetembungan, tumindak, utawi kelakuanipun piyambak. Kanthi pangertosan ingkang mekaten menika, cara langsung saha cara *showing* ‘*ragaan*’ sampun lumebet ing cara *dramatis* menika.

Cara *dramatik* menika langkung *lifelike* saha langkung ngundang *partisipasin*-ipun para maos tinimbang cara *diskurtif*. Nanging cara menika *dramatik* menika mbetahaken papan ingkang langkung panjang saha wekdal ingkang langkung dangu. Panganggenipun cara *dramatis* kangge nggambaraken watak paraga menika saged katindakaken kanthi sae ing mapinten-pinten *teknik*, ing antawisipun inggih menika:

- (1) *Teknik naming* “nyukani nama tertemtu”;
- (2) *Teknik pancelathon*;
- (3) *Teknik nggambaraken pikiranipun paraga utawi menapa ingkang liwat ing pikiranipun*;
- (4) *Teknik stream of consciousness* “*arus kesadaran*”;
- (5) *Teknik nggambaraken penggalhipun paraga*;
- (6) *Teknik tumindakipun paraga*;
- (7) *Teknik sikap paraga*;
- (8) *Teknik nggambaraken wawasan satunggalipun tiyang utawi paraga-paraga ngengingi paraga tertemtu*;
- (9) *Teknik nggambaraken fisik*; saha
- (10) *Teknik penggambaran latar*.

Cariyos Panji Jayeng Tilam menika ngginakaken mawarni-warni *teknik* anggenipun ngandharaken watakipun paraga. Ing antawisipun inggih menika *teknik pancelathon*, *teknik pikiran paraga*, *teknik arus kesadaran*, *teknik tumindakipun paraga saha teknik lingkungan fisik*.

Ing salebetipun *teknik pancelathon* ngemot ragam *duolog* saha *dialog*. *Duolog* inggih menika *pancelathon* antawisipun kalih tiyang kemawon, wondene *dialog* inggih menika tetembungan ingkang dipunpocapaken dening para paraga ing salebetipun *pancelathon* antawisipun satunggal paraga kaliyan paraga-paraga sanesipun ingkang cacahipun kathah.

Ngengingi *teknik pikiran paraga utawi menapa ingkang liwat ing pikiranipun* boten saged dipunpisahaken kanthi *pilah benar* kanthi *teknik*

pacelathon amargi pikiran satunggalipun paraga menika asring lumantar wonten ing pacelathonipun. Menawi boten kaandharaken ing salebetipun pacelathon, pikiran paraga biasanipun kagambaraken langsung dening pengarang.

Ingkang salajengipun inggih menika *teknik arus kesadaran*. *Teknik stream of consciousness* menika ngemot ragam pacelathon batin ingkang awujud *monolog* saha *silokuli*. *Ragam monolog* inggih menika pacelathoning batin ingkang ngandharaken kedadosan-kedadosan ingkang sampun dangu, prastawa-prastawa, saha pangraos ingkang sampun kedadosan, saha saged ugi ngandharaken kedadosan-kedadosan ingkang saweg kedadosan. *Ragam silokuli* inggih menika pacelathoning batin ingkang ngandharaken bab-bab, tumindak-tumindak, kedadosan-kedadosan, perasaan, saha pamanggih ingkang taksih badhe kedadosan utawi dados dhasar pamanggih salajengipun.

Antawisipun *teknik* kanthi nggambaraken pikiran paraga, *teknik arus kesadaran*, saha *teknik* kanthi nggambaraken perasaan paraga kadang kala kados sesambetan nanging sejatosipun beda. *Teknik* kanthi nggambaraken pikiran menika mliginipun ngandharaken pikiran-pikiran paraga, *teknik penggambaran arus kesadaran* mligi ngandharaken *penggambaran pengalaman bawah sadhar* saha *teknik penggambaran perasaan* ingkang mligi nggambaraken perasaan paraga ingkang boten kalebet *pengalaman bawah sadhar*. Nanging, tiga-tiganipun menika saged dipunandharaken sesarengan kangge suka *intensitas* ngandharaken paraga.

Salajengipun inggih menika penggambaran watak kanthi ngginakaken *teknik* tumindaking paraga. Tumindak saha kelakuanipun paraga menika saged

nggambaraken watak saha sifatipun tumuju *karakter* ingkang sejatosipun. *Teknik* nggambaraken wawasan satunggalipun tiyang utawi paraga-paraga tumrap paraga sanesipun kathah ugi ingkang dipunginakaken dening pengarang kangge nggambaraken paraga-nipun.

Teknik nggambaraken wawasan satunggalipun tiyang utawi paraga-paraga ngengingi paraga tertemtu asring ugi dipunginakaken dening pengarang kangge nggambaraken watakipun paraga. Watak satunggalipun paraga saged dipunmangertosi saking pamanggihipun paraga ingkang sanesipun ngengingi paraga menika.

Teknik ingkang ugi asring dipunginakaken kangge ngandharaken watak saha sifat paraga-paraga tertemtu inggih menika *teknik* lingkungan *fisik* amargi sifat saha watak dhasar manungsa menika saged dipuntingali saking wujud *fisik*-ipun. Pengarang saged langsung ngandharaken wujud *fisik* paraga-paraganipun, saha saged ugi lumantar mata saha wawasan paraga sanesipun.

Teknik pelukisan latar ugi asring dipunginakaken kangge nggambaraken paraga amargi latar menika asring ugi saged nedahaken paraga amargi latar menika minangka lingkungan ingkang sejatosipun saged dipuntingali saking pangrembakaning dhiri paraga.

Inkang pungkasan inggih menika *teknik* naming nyukani nama kangge nggambaraken paraga tertemtu. Pilihan nama tertemtu menika pancen saged dados titikan bilih paraga menika gadhah sifat saha watak tertemtu ingkang asring kemawon nama menika ugi dados titikan asal-usul, pedamelan saha derajat

sosialipun. Awit saking menika, *karakter* paraga saged dipunpahami boten ketan sepalih saha boten jamin sedayanipun leres kanthi namanipun.

3) **Cara Kontekstual**

Cara *kontekstual* inggih menika cara ngandharaken *karakter* paraga lumantar *konteks verbal* ingkang wonten ing sakiwatengenipun. Cara menika boten saged dipunanggep sami kaliyan cara penggambaran latar sanajan. Ing salebetipun cara *kontekstual*, *karakter* paraga kagambaraken saking andharan-andharan *verbal* saking paraga.

4) **Cara Campuran**

Ing salebetipun cariyos *fiksi*, jarang ingkang namung ngginakaken satunggal cara utawi *teknik* ing salebetipun nggambaraken *karakter* paraga. Satunggalipun *teknik* menika dados langkung *efektif* menawi dipuncampur kaliyan *teknik-teknik* sanesipun. *Efektifitas* ing menika prayoginipun dipuntingali saking ketepatanipun ing salebetipun cariyos menika.

c. **Latar**

Sayuti (2000: 126-127) ngandharaken bilih latar *fiksi* menika saged kaperang dados tiga. Ing antawisipun inggih menika latar papan, latar wekdal, saha latar sosial.

Latar papan inggih menika bab ingkang gegayutan kaliyan *geografis*. Latar papan menika ngandharaken papan wonten ing pundi satunggalipun prastawa menika kedadosan. Saking papan saking prastawa ingkang kedadosan

menika dipunajab saged nggambaraken tradhisi masyarakat, tata *nilai*, tumindak, suasana, saha bab-bab sanesipun ingkang saged ugi mangaribawani paraga saha karakteripun.

Latar wekdal gegayutan kaliyan prekawis *historis*. Latar wekdal menika ngandharaken wekdal kedadosanipun prastawa, ing salebetipun *plot*, kanthi cara *historis*. Kanthi andharan wekdal ingkang cetha, ugi saged kagambaraken ancasipun *fiksi* menika kanthi cetha. Prastawa ingkang kedadosan menika boten mungkin kedadosan menawi dipunpisahaken saking wekdal ingkang saged awujud jam, dinten, tanggal, sasi, taun, menapa ugi jaman tertemtu ingkang dados latari prastawa menika.

Latar sosial ingkang gegayutan kaliyan gesang ing salebetipun masyarakat. Latar sosial menika minangka gambaran *status* ingkang nedahaken *hakekat* satunggalipun tiyang utawi mapinten-pinten paraga ing salebetipun masyarakat sakiwatengenipun. *Status*-ipun ing salebetipun gesang sosial menika saged kagolongaken miturut tingkatanipun, tuladhanipun latar sosial andhap, latar sosial ingkang samadya, saha latar sosial ingkang inggil.

Antawisipun latar saha *penokohan* menika gadhah gegayutan ingkang rumaket. Sifat-sifatipun latar menika mangaribawani tumrapipun para paraga. Malah kepara sifatipun satunggalipun paraga menika dipunbentuk dening kahananipun latar. (Nurgiantoro, 2010: 225).

Nurgiantoro (2010: 227) ngandharaken bilih latar menika saged kaperang dados tigang warni. Ing antawisipun inggih menika latar papan, latar wekdal, saha latar sosial. Latar papan inggih menika latar ingkang nggambaraken papan

kedadosan ingkang dipuncariyosaken ing salebetipun *karya fiksi*. Pangangenipun latar papan kanthi nama-nama tertentu menika kedahipun nggambaraken papan ingkang dipunkersakaken dening pengarang. Latar menika prayoginipun ugi gadhah sifat ingkang jumbuh kaliyan kahananipun ing kasunyatan supados para maos menika saestu saged mbayangaken cariyos menika saestu kedadosan ing papan (saha wekdal) kados menapa ingkang dipuncariyosaken.

Salajengipun Nurgiantoro (2010:230) ugi ngandharaken bilih ingkang dipunwastani latar wekdal inggih menika latar ingkang gegayutan kaliyan perkawis “kapan” kedadosanipun prastawa-prastawa ingkang wonten ing salebetipun cariyos *fiksi* menika. latar wekdal menika gadhah gegayutan ingkang lebet kaliyan latar papan. Kahanan satunggalingipun papan temtunipun bakal ewah ing ewah gingsiring wekdal.

Latar ingkang salajengipun inggih menika latar sosial. Ingkang dipunwastani latar sosial inggih menika latar ingkang gegayutan kaliyan *perilaku* gesang sosial masyarakat satunggaling papan ingkang dipuncariyosaken ing salebetipun karya *fiksi*. Tatacara gesang sosial masyarakat menika ing antawisipun ngengingi kebiasaan, adat istiadat, tradisi, kapitadosan, wawasaning gesang, cara anggenipun menggalih, saha bab-bab sanesipun ingkang kalebet latar *spiritual*. Sasanesipun menika, latar sosial ugi gegayutan kaliyan *status* sosial para paraga, umpaminipun andhap, madya, menapa inggil (Nurgiantoro, 2010: 233).

3. Sarana Cariyos

a. Irah-Irahan

Irah-irahan menika minangka *elemen* lapisan njawi satunggalipun cariyos *fiksi*. Saingga minangka elemen ingkang paling gampang dipunpanggihaken dening para maos (Sayuti, 2000:147). Irah-irahan menika gadhah gegayutan ingkang lebet kaliyan *elemen-elemen* ingkang mbangun *fiksi* saking lebet.

b. Sudut Pandang

Sudut pandang inggih menika satunggalipun cara utawi *pandangan* ingkang dipunginakaken dening pengarang minangka sarana anggenipun ngandharaken paraga, tumindak, latar, saha maneka warna prastawa ingkang wonten ing salebetipun cariyos *fiksi* dhumateng para maos (Abrams lumantar Nurgiyantoro, 2010: 248).

Wondene miturut pamanggihipun Hick saha Hutcing lumantar Minderop (2005; 89) “*Point of view is the position in which the narrator stands in relation to the story; the standpoint from which events are narrated.*” *Sudut pandang* menika gadhah teges papan wontenipun *pencerita*, gegayutan kaliyan cariyosipun, inggih menika satunggalipun *sudut pandang* ing pundi prastawa menika kacariyosaken.

Sayuti (2000: 158) ngandharaken bilih “*Sudut pandang pada dasarnya adalah visi pengarang, dalam arti bahwa ia merupakan sudut pandangan yang diambil oleh pengarang untuk melihat peristiwa atau kejadian dalam cerita.*” Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih *sudut pandang* menika sejatosipun *visi* pengarang, tegesipun *ia* menika minangka *sudut*

pandangan ingkang dipunpilih dening pengarang kangge ningali prastawa utawi kedadosan ingkang wonten ing salebetipun cariyos.

Sudut pandang ing satunggalipun cariyos *fiksi* menika perkawisipun ngengingi sinten ingkang nyariyosaken, utawi: saking sinten prastawa menika dipuntingali. Pamilihing bentuk *persona* ingkang dipunginakaken, sasanesipun mangaribawani pangrembakaning cariyos saha perkawis ingkang dipuncariyosaken, ugi kebebasan saha wates, *ketajaman*, *ketelitian*, saha *keobjektifan* ngengingi prekawis ingkang dipuncariyosaken (Nurgiyantoro, 2010: 247).

Miturut pamanggihipun Priyatni (2010: 114), panganggit menika saged ngandharaken cariyosipun kanthi milih satunggalipun *sudut pandang* tertemtu, garis agengipun saged kanthi *sudut pandang* pencerita *akuan* utawi *diaan*. Pamanggihi menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sayuti (2000: 157) ingkang ngandharaken bilih garis agengipun, *sudut pandang* menika dipunperang dados kalih kelompok, inggih menika *sudut pandang* tiyang sepisan: *akuan* saha *sudut pandang* tiyang kaping tiga: *diaan*, utawi *insider* saha *outsider*.

Gegayutan kaliyan perkawis menika, Nurgiyantoro (2010: 256) ugi ngandharaken bilih sudut menika umumipun saged dipunperang dados kalih, ing antawisipun inggih menika bentuk *persona* paraga cariyos *persona* kaping tiga saha *persona* sepisan.

1) *Sudut pandang* tiyang kaping tiga: “*dia*”

Wonten ing bentuk menika, *narator* minangka tiyang ingkang wonten ing sajawinipun cariyos, nampilaken paraga-paraga cariyos kanthi nyebataken nama,

utawi tembung sesulhipun: *ia, dia, mereka*. Nama-nama paraganipun cariyos wongsal-wangsul dipunginakaken, minangka *variasi*-nipun dipunginakaken tembung sesulih. Kanthi cara menika dipunajab saged nggampilaken anggenipun para maos mangertosi sinten paraga ingkang dipuncariyosaken saha paraga pundi ingkang tumindak.

Kanthi adhedhasar tingkat kebebasan saha rumaketing pengarang kaliyan bahan cariyosipun, *sudut pandang* “*dia*” menika saged dipun perang dados kalih golongan. Ing antawisipun inggih menika:

a) “*dia*” *Mahatahu*

Ing salebetipun *sudut pandang* menika, cariyos dipunandharaken saking *sudut pandang* “*dia*”, nanging pengarang saged nyariyosaken menapa kemawon ingkang gegayutan kaliyan paraga “*dia*” kasebat. Pengarang menika tansah mangertosi bab paraga, prastawa, saha tumindak, kalebet ugi *motivasi* ingkang dados penyebabipun (Nurgiyantoro, 2010: 257-258).

Pengarang *sudut pandang diaan-mahatahu* menika wonten ing sanjawinipun cariyos. Biasanipun pengarang menika namung dados pengamat ingkang mangertosi sedayanipun, langkung malih saged pacelathonan langsung kaliyan para maos (Sayuti, 2000: 160).

b) “*dia*” winates, “*dia*” minangka *pengamat*

Ing salebetipun *sudut pandang* menika, pengarang nggambaraken menapa ingkang dipunpirsani, dipunmirengaken, dipunalami, dipunpenggalihaken, saha dipunraosaken dening paraga (Stanton lumantar Nurgiyantoro, 2010: 258), utawi cacahipun ingkang winates sanget (Abrams lumantar Nurgiyantoro, 2010: 258).

Ing salebetipun teknik menika, namung setunggal paraga mawon ingkang dipunandharaken, paraga menika minangka *fokus*, kaca, utawi *pusat kesadaran*, *center of consciousness* (Abrams lumantar Nurgiyantoro, 2010: 260).

Pengarang kanthi *sudut pandang* menika suka pamanggih saha mbiji satunggalipun prekawis ing salebetipun cariyos menika jumbuh kaliyan pamanggih saha pengalamanipun. Nanging sedayanipun menika katindakaken winates kanthi matrapaken piyambakipun minangka paraga tertemtu ingkang dipunginakaken minangka pusat kesadharan kangge ngandharaken pamanggih saha pambijinipun (Abrams lumantar Nurgiyantoro, 2010: 261). Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sayuti (2000: 160) bilih ing salebetipun *sudut pandang diaan-winates*, pengarang ngginakaken tiyang kaping tiga minangka tiyang ingkang nyariyosaken nanging hak anggenipun nyariyosaken menika winates.

2) *Sudut pandang persona* sepisan: “aku”

Ing salebetipun *sudut pandang* menika, pengarang tumut lumebet minangka paraga ingkang nyariyosaken prastawa saha tumindak ingkang dipunmangertosi, dipuntingali, dipunmirengaken, dipunalami, saha dipunraosaken. Para maos menika namung saged nampi saha ngraosaken winates kados menapa ingkang dipunandharaken dening paraga “aku” menika (Nurgiyantoro, 2010: 262).

Ing salebetipun *sudut pandang* “aku” menika, pengarang namung tansah mangertosi menapa kemawon tumrap piyambakipun nanging boten tumrap paraga-paraga sanesipun ingkang wonten ing salebetipun cariyos. Piyambakipun

namung minangka *pengamat* kemawon tumrapipun paraga-paraga ingkang sanesipun (Nurgiyantoro, 2010: 262).

Adhedhasar peran saha *kedudukan* paraga aku ing salebetipun cariyos menika, *sudut pandang persona* sepisan saged dipunbedakaken dados kalih, ing antawisipun inggih menika:

a) “aku” paraga utama

Ing salebetipun sudut pandang menika, si “aku” ngandharaken menapa kemawon prastawa saha tumindak ingkang dipunalami, ingkang batiniah, gegayutan kaliyan dhirinipun piyambak, menapa ugi *fisik*, gegayutan kaliyan perangan sanesipun.

Paraga “aku” minangka paraga utama menika *otomatis* minangka paraga *protagonis*. Kanthi *sudut pandaang* menika ndadosaken para maos rumaos kados nglampahi saha ngraosaken sedaya petualangan saha pengalamipun paraga “aku” menika (Altenbernd saha Lewis lumantar Nurgiyantoro, 2010: 163). Teknik “aku” menika saged dipunginakaken kangge ngandharaken maneka warni pengalaman gesang manungsa ingkang paling lebet ngantos dumugi ingkang wadi (Nurgiyantoro, 2010: 264).

b) “aku” paraga tambahan

Ing salebetipun *sudut pandang* menika paraga “aku” namung minangka paraga tambahan. Paraga menika namung minangka saksi lelampahaning cariyos ingkang dipunalami dening paraga sanesipun, menapa ugi minangka pambuka saha panutuping cariyos. Ciri utama saking *sudut pandang* menika inggih menika ing salebetipun cariyos ingkang ngginakaken *sudut pandang* menika ugi

ngginakaken *sudut pandang* “aku”. Kekalihipun menika minangka paraga *protagonis*. Dados ing salebetipun cariyos menika wonten kalih paraga “aku”, inggih menika paraga “aku” minangka paraga utama saha paraga “aku” minangka paraga tambahan (Nurgiyantoro, 2010: 266).

3) *Sudut pandang* campuran

Miturut pamanggihipun Nurgiyantoro (2010: 266), panganggening *sudut pandang* campuran ing salebetipun cariyos menika saged langkung saking setunggal *teknik*. Gumantung pepinginan saha *kreativitas*-ipun pengarang. Panganggening *sudut pandang* campuran menika saged awujud campuran antawisipun *sudut pandang persona* kaping tiga kanthi teknik “dia “ *mahatahu* saha “dia” minangka *pengamat*, *persona* sepisan kanthi *teknik* “aku” minangka paraga utama saha “aku” tambahan minangka *saksi*, saged ugi campuran antawisipun *persona* sepisan saha kaping tiga, antawisipun “aku” saha “dia” sesarengan.

c. **Lelewaning Basa**

Lelewaning basa inggih menika panganggenipun basa kanthi *spesifik* dening pengarang (Sayuti, 2000: 173). Saingga saben pengarang menika mesthinipun gadhah lelewaning basa piyambak. Lelewaning basa menika gegayutan kaliyan kawegiganipun pengarang ing salebetipun milih saha ngginakaken tetembungan, kelompok tembung, ukara, saha *ungkapan* ingkang pungkasanipun saged nemtokaken *keberhasilan*, kaendahan, saha *kemasukakalan* satunggalipun karya minangka *ekspresi* piyambakipun.

Sayuti (2000: 174) ngandharaken bilih unsur-unsur ingkang mbangun lelewaning basa satunggalipun tiyang menika ing antawisipun inggih menika *diksi*, *imajineri*, saha *sintaksis*. *Diksi* inggih menika pilihan tetembungan dening pengarang. wonten ing *diksi* menika kedah nggatosaken babagan *denotasi* saha *konotasi*. *Denotasi* satunggalipun tembung tegesipun inggih menika tembung menika jumbuh kaliyan kamus, wondene ingkang dipunwastani *konotasi* inggih menika teges ingkang *diasosiasikan* utawi dipunprayogikaken dening pengarang. *Denotasi* menika teges ingkang legena wondene *konotasi* menika teges ingkang *kias*.

Diksi menika lebet gegayutanipun kaliyan *imajeri* amargi rantaman tembung menika saged mujudaken satunggalipun *imaji* tertemtu. *Imajeri* inggih menika tembung utawi rantamaning tembung ingkang saged medharaken gegambaraning mental utawi saged mbangkitaken pengalaman tertamtu. *Imajeri* inggih menika kempalaning *imaji-imaji* ingkang wonten ing salebetipun karya *fiksi*.

Imaji ing salebetipun cariyos *fiksi* menika dipunperang dados *imaji literal* saha *imaji figuratif*. *Imaji literal* inggih menika *imaji* ingkang boten nyebabaken pangewahing menapa ugi pangrembakaning tegesipun tetepungan. Wondene *imaji figuratif* inggih menika *imaji* ingkang asring dipunwastani *majas* utawi *pigura bahasa* ingkang mbetahaken pangertosan ing mapinten-pinten teges. *Imaji* menika dipunwastani *imaji figuratif* sauger *imaji* menika saged nyebabaken pangewahing menapa ugi pangrembakaning tegesipun tembung (Sayuti, 2000: 175).

Salah satunggalipun *imaji* ingkang pokok ing satunggalipun karya *fiksi* inggih menika *simbol*. *Simbol* inggih menika satunggalipun bab ingkang cetha saha nyata saged nggugah gagasan saha pangraosipun para maos. *Simbol* ingkang wongsal-wangsul dipunsebataken ing salebetipun cariyos *fiksi* menika nedahaken bilih satunggalipun peranan pokok ingkang kedah dipungatosaken amargi *simbol* menika nyethakaken temanipun cariyos. *Simbol* menika saged kadhapukaken ngengingi tema, paraga, latar, menapa ugi peranan sanesipun (Sayuti, 2000: 177).

Lelewaning basa ingkang badhe dipuntaliti ing salebetipun cariyos menika mligi ngengingi lelewaning basa bandhingan amargi ing salebetipun cariyos menika langkung kathah kapanggihaken lelewaning basa jenis menika.

Lelewaning basa bandhingan inggih menika lelewaning basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken satunggalipun bab kanthi mbandingaken kaliyan bab sanesipun ingkang dianggep mirip utawi gadhah peranan ingkang sami. Ingkang dipunbandhingaken menika sifatipun, bentukipun, wujudipun menapa ugi peranan sanesipun.

Lelewaning basa bandhingan menika kaperang dados mapinten-pinten jenisipun. Ing antawisipun inggih menika (1) *simile*, (2) *metafora*, (3) *personifikasi*, (4) *depersonifikasi*, (5) *alegori*, (6) *anthithesis*, (7) *pleonasme*, (8) *periphrasis*, (9) *prolepsis*, saha (10) *koreksio (epanortosis)* (Tarigan, 1985:15-34). Boten sedaya lelewaning basa bandhingan menika kapanggihaken wonten ing cariyos menika. Lelewaning basa bandhingan ingkang kapanggihaken ing

salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun kaandharaken ing ngandhap menika.

1) *Simile*

Miturut pamnaggihipun Tarigan (1985: 9-10), lelewaning basa *simile* inggih menika lelewaning basa ingkang nandhingaken antawisipun kalih perkawis ingkang sejatosipun beda nanging boten sengaja dipunwastani sami. Perkawis menika kaandharaken kanthi *eksplisit*, inggih menika kanthi panganggening tembung kadosta “lir, pindha, gya, kadya, kaya”.

2) *Metafora*

Lelewaning basa *metafora* inggih menika salah satunggalipun jenis lelewaning basa tetandhingan ingkang paling singkat, padhet, saha kasusun kanthi tata. Ing salebetipun lelewaning basa menika wonten kalih perkawis: satunggal perkawis minangka satunggalipun kasunyatan, bab ingkang dipunpenggalihaken, ingkang dados *objek*; wondene ingkang satunggalipun malih minangka tetandhinganipun (Tarigan, 1985: 15). Wondene miturut pamanggihipun Moeliono lumantar Tarigan (1985: 15) lelewaning basa *metafora* inggih menika lelewaning basa ingkang boten ngginakaken tembung “kaya” utawi “minangka”, ing antawisipun kalih perkawis ingkang beda.

Lelewaning basa *metafora* menika nandhingaken kanthi langsung antawisipun satunggaling bab utawi perkawis kaliyan bab utawi perkawis sanesipun ingkang gadhah sifat, kahanan, menapa kelakuan ingkang sami.

3) *Personifikasi*

Lelewaning basa *personifikasi* inggih menika lelewaning basa ingkang nggambaraken sifat-sifat *insani* tumrapipun samukawis ingkang awujud barang mati sarta dados pamanggih ingkang *abstrak* (Tarigan, 1985: 17).

4) *Pleonasme*

Lelewaning basa *pleonasme* inggih menika lelewaning basa ingkang ngginakaken tembung-tembung ingkang sejatosipun menika sia-sia, boten dipunbetahaken (Poerwadarminta lumantar Tarigan, 1985: 29). Lelewaning basa menika ngginakaken tembung-tembung langkung kathah saking menapa ingkang sejatosipun dipunbetahaken kangge ngandharaken satunggalipun perkawis.

5) *Perifrasis*

Lelewaning basa *perifrasis* menika meh sami kaliyan lelewaning basa *pleonasme*, ngginakaken tetembungan langkung kathah saking ingkang dipunbetahaken. Bedanipun, tetembungan ingkang linangkung menika saged dipungantos kanthi setunggal tembung kemawon (Tarigan, 1985: 31).

6) *Prolepsis*

Lelewaning basa *prolepsis* inggih menika lelewaning basa ingkang ngginakaken setunggal utawi mapinten-pinten tembung saderengipun ngandharaken prastawa ingkang sejatosipun kedadosan (Tarigan, 1985: 33).

D. *Cariyos Panji*

Cariyos panji inggih menika cariyos ingkang ngrembaka sepisanan ing wewengkon Jawa Timur. Lair ing Kediri, ngrembaka awit saking jaman Majapahit, salajengipun ngrembaka ngantos wewengkon manca. cariyos Panji

menika minangka warisan kabudayan adiluhung ingkang kedah dipunlestantunaken.

Miturut pamanggihipun Widayat (2005: 19), cariyos panji inggih menika cariyos ingkang isinipun wiracarita ingkang paraga utamanipun menika Panji. Cariyos menika gadhah gegayutan kaliyan babad Kediri saha Jenggala.

E. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika panalitenipun Gita Sonia (2012) “*Struktur Naratif dan Penokohan Utama pada Novel Garuda Putih Karya Suparto Brata.*”Ancasipun panaliten menika inggih menika ngandharaken *struktur naratif* saha *penokohan* paraga utama ing salebetipun novel Garuda Putih anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika minangka panaliten *deskriptif kualitatif*. Sumber *data* ingkang wonten ing salebetipun panaliten menika inggih menika novel kanthi irah-irahan *Garuda Putih* anggitanipun Suparto Brata. Teknik ingkang dipunginakaken inggih menika teknik maos-nyathet ingkang salajengipun dipun-*analisis* saha dipunandharaken kanthi cara *deskriptif*.

Panaliten menika jumbuh amargi sami-sami ngrembag bab *strukturalisme*. Cara anggenipun ngempalaken *data* ugi sami. Bedanipun, menawi panalitenipun Gita Sonia namung naliti babagan *struktur naratif* saha *penokohan* paraga utama, wondene panaliten menika naliti *aspek strukturalisme* ingkang mbangun saking lebetipun karya sastra kanthi wetah.

Sasanesipun jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Gita Sonia, panaliten menika ugi jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Yunita Ernawati “*Strukturalisme Genetik dalam Novel Bandjire Bengawan Sala Karya Widi Widayat*”. Ancasipun panaliten menika inggih menika ngandharaken *fakta* cariyos saha tema gegayutan kaliyan *strukturalismegenetik* ing salebetipun novel anggitanipun Widi Widayat ingkang irah-irahanipun *Bandjire Bengawan Sala*. Panaliten menika ugi ngandharaken *pandangan dunia* panganggit ing salebetipun novel menika. Panaliten menika minangka panaliten *deskriptif* kanthi *metode dialektika strukturalisme genetik*. Sumber *data* ingkang wonten ing salebetipun panaliten menika inggih menika novel kanthi irah-irahan *Bandjire Bengawan Sala* anggitanipun Widi Widayat. Teknik ingkang dipunginakaken inggih menika teknik maos-nyathet saha *study* kapustakan.

Panaliten menika jumbuh amargi sami-sami ngrembag bab *strukturalisme*. Cara anggenipun ngempalaken *data* ugi sami. Bedanipun, menawi panalitenipun Yunita Ernawati naliti babagan *struktur genetik* saha *pandangan dunia* ingkang wonten ing salebetipun novel, wondene panaliten menika naliti *aspek strukturalisme* ingkang mbangun saking lebetipun karya sastra kanthi wetah.

F. Cengkoronganing Pikir

Ing salebetipun panaliten menika, tahap awal ingkang dipuntindakaken inggih menika maos mapinten-pinten *teori* ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika, inggih menika panaliten *strukturalisme* ing salebetipun karya sastra. Saking cengkorongan *teori* menika salajengipun dipunpatrapaken ing salebetipun

cariyos panji kanthi ngawontenaken ugi *analisis* tumrapipun cariyos panji kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* menika. Salajengipun, badhe kapanggihaken mapinten-pinten perkawis ngengingi *strukturalisme* sasampunipun maos cariyos rakyat menika.

Maos cariyos panji menika kanthi langkung rumiyin dipunancasaken kangge mahami unsur *internal* teks sastra menika. Wondene anggenipun mangertosi *strukturalisme* ing salebetipun cariyos menika kanthi damel dudutan saking panelusuran, *pendeskripsian* saha *analisis* unsur-unsur ingkang wonten ing salebetipun karya sastra menika. Kanthi cara *deskriptif*, inggih menika saking mapinten-pinten *deskripsi* lajeng dipunandharaken dados mapinten-pinten pamikiran. Salajengipun, asiling panaliten menika dipunjumbuhaken kaliyan ancasing panaliten ingkang sampun karantam saderengipun.

BAB III METODE PANALITEN

A. Jinising panaliten

Panaliten menika ngginakaken jenis panaliten *deskriptif kualitatif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang gadhah ancas damel gambaran ngengingikahanan-kahanan utawi prastawa-prastawa. Panaliten *kualitatif* inggih menika salah satunggalipun jenis panaliten ingkang ngandharaken kanthi runtut bab menapa kemawon ingkang dipuntaliti. Dados panaliten *deskriptif kualitatif* inggih menika panaliten ingkang nggambaraken saha ngandharaken kawontenan ing salebetipun karya sastra menika kanthi runtut ngengingi bab menapa kemawon ingkang dipuntaliti.

Panaliten *deskriptif kualitatif* menika gadhah ancas damel *deskripsi* utawi gambaran kanthi *sistematis, faktual* saha *akurat* ngengingi *fakta* saha sifat-sifatipun sumber *data*. Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken unsur-unsur *intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Panaliten menika katindakaken kanthi *pendekatan objektif*. *Pendekatan objektif* inggih menika *pendekatan* ingkang naliti satunggalipun karya sastra menika minangka satunggalipun unsur ingkang *otonom* (Widayat, 2005: 38). Pendekatan menika gegayutan kaliyan *analisis struktural* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika *Analisis struktural* menika nengenaken *analisis struktur* saha

sistem gegayutan kaliyan unsur-unsur ingkang mbentuk karya sastra menika (Widayat, 2005: 41).

B. Fokus Panaliten

Fokus panaliten menika inggih menika *strukturalisme* ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah. Salajengipun, *data-data* kasebat dipun-*analisis* supados saged dipunmangertosi hasil ingkang jumbuh kaliyan *fokus* panaliten. *Data-data* menika dipunkempalaken saking proses maos saha nyathet bilih ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* menika wonten unsur-unsur *intrinsik* ingkang jumbuh kaliyan *fokus* panaliten.

C. Subjek saha Objek Panaliten

1. Subjek panaliten

Subjek panaliten menika ingkang dados sumber data *primer* inggih menika cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah wonten ing salebetipun kalawarti Djaka Lodang tahun 2009, kanthi isi 42 halaman. Cariyos menika dipunterbitaken ing salebetipun wekdal 3 wulan (wulan September, Oktober, saha November). Cariyos rakyat menika sae sanget dipundadosaken waosan kangge paring wawasan ngengingi salah satunggalipun karya sastra mliginipun *versi* cariyos rakyat, inggih menika cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam*. *Subjek* panaliten ingkang dados sumber *datasekunder* inggih menika buku-buku *teori* utawi *acuan* ingkang dipunginakaken ing salebetipun panaliten menika.

2. *Objek panaliten*

Objek panaliten ing salebetipun panaliten bab unsur-unsur *intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah. Karya menika dipunpanggihaken ing salebetipun *rubrikcerita rakyat* kalawarti *Djaka Lodangedisi* wulan September, Oktober, saha November. Cariyos menika kaperang dados 15 seri.

D. *Caranipun Ngempalaken Data*

Ing salebetipun panaliten menika, cara anggenipun ngempalaken *data* menika dipuntindakaken kanthi ngginakaken cara-cara ingkang jumbuh kaliyan sumber *data*. *Data* menapa ugi hasilipun *data* panaliten menika awujud *dataverbal* (seratan), saingga ngginakaken cara maos-nyathet. Anggenipun maos karya menika kanthi wongsal-wangsul amargi dhasaripun *dokumen* menika awujud seratan. Cara maos menika katindakaken kanthi:

1. maos kanthi permati isi cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah ingkang dipunpilih minangka *fokus* panaliten. *Fokus*-ipun ing antawisipun babperkawis, *plot*, paraga, *penokohan*, tema, latar, *sudut pandang* anggenipun nyariyosaken, saha amanat. Sedaya *fokus* panaliten menika dipuntafsiraken. Salajengipun, ngandharaken sedaya *data* ingkang dipunpikantuk menika.
2. sasampunipun maos *data* kanthi permati, *data-data* menika dipunserat ing salebetipun kartu *data*. Langkah-langkah ingkang dipuntindakaken ing salebetipun *pencatatan* menika ing antawisipun inggih menika: 1) nyathet hasil *deskripsidata* babagan prastawa, *plot*, paraga, *penokohan*, tema, latar,

sudut pandang anggenipun nyariyosaken, saha amanat; 2) nyathet *nukilan-nukilan data* ingkang awujud ukara/ *paragraf*.

E. Pirantining Panaliten

Piranti panaliten inggih menika awujud lembar *data*. Lembar *data* menika badhe dipunginakaken kangge nyathet *informasi-informasi* wigatos ingkang badhe dipun-*analisis*, ingkang gegayutan kaliyan perkawis ingkang badhe dipun-*analisis*. Wondene wujudipun lembar *data* menika kados ing ngandhap menika.

Tabel 1. Tema ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

No Seri	No	Tema	A	B	C	D	E	F	G	H	I

Katrangan:

A	: Tema Tradhisional	F	: Tema tingkat <i>egoik</i>
B	: Tema non-tradhisional	G	: Tema tingkat <i>devine</i>
C	: Tema tingkat <i>fisik</i>	H	: Tema utama
D	: Tema tingkat <i>organik</i>	I	: Tema tambahan
E	: Tema tingkat sosial		

Tabel 2. Katrangan Gambar Bagan 1

No	Katrangan

Tabel 3a. Data Jenis Paraga Miturut Fungsi saha Peranipun ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

No	Paraga	Jenis paraga Miturut Fungsi-nipun		Jenis paraga Miturut Peranipun	
		Paraga <i>Protagonis</i>	Paraga <i>Antagonis</i>	Paraga <i>Central</i>	Paraga <i>Periferal</i>

Tabel 3b. Data Jenis Paraga Miturut Watak saha Kriteria nipun Berkembang Menapa Boten, ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Watakipun		Jenis Paraga Miturut Kriteria Berkembang Menapa Boten Watakipun Paraga	
		Paraga prasaja (simple character)	Paraga bulat (complex character)	Paraga Statis (Static Character)	Paraga Berkembang (Developing Character)

Tabel 3c. Data Jenis Paraga Miturut Kemungkinan Pencerminean Paraga Cariyos Tumrap Manungsa Ing Gesang Inggang Sejatipun ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Kemungkinan Pencerminean Paraga Cariyos Kemungkinan Pencerminean Paraga	
		Paraga Tipical	Paraga Netral

Tabel 4. Watak Paraga ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

No	Paraga	Watak/ <i>Penokohan</i>	Indikator	Katrangan

Tabel 5. Latar ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos *Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*.

Tabel Salajengipun

No	Latar	Nomer Data
1	Latar Papan	
2	Latar Sosial	
3	Latar Wekdal	

Tabel 6. Data Lelewaning Basa Bandhingan ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat *Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*.

No	Jenis Lelewaning Basa Bandhingan	Katrangan Data
1		
2		

Tabel 7. Lampiran *Penokohan* ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat *Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*

No	Paraga	Watak/ <i>Penokohan</i>	Indikator	KatranganData

Tabel 8. Lampiran Data Latar ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah*

No	Jenis Latar	Indikator	Katrangan

Tabel 9. Lampiran Data Lelewaning Basa ingkat Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

No	Jenis lelewaning Basa	Indikator	Katrangan

F. Caranipun Ngesahaken Data

Validitas saha *reliabilitas* dipunbetahaken ing salebetipun panaliten menika saperlu njagi *keabsahan* saha *kesahihan* (*kevalidan*) hasilipun panaliten. Hasilipun panaliten menika *valid* menawi dipunsengkuyung *faktor* ingkat (kanthi *empiris*) leres saha saged dipunginakaken minangka piranti *prediksi* ingkat kuat, sarta *data konsisten* kaliyan *teori* ingkat *relevan*.

Panaliten menika ngginakaken uji *validitas semantis* (makna *kontekstual*). *Validitas semantis* ingkat dipunginakaken ing salebetipun panaliten menika kanthi ningali *data* ingkat awujud *unit-unit* tembung, ukara, *wacana*, *dialog*, *monolog*, *interaksi* antawisipun setunggal paraga kaliyan paraga ingkat sanesipun, saha prastawa saking maneka warna *data* ingkat kapanggihaken. Langkah menika dipunancasaken kangge mangertosi sepinten lebetipun *data* menika saged dipunsukani makna jumbuh kaliyan *konteks*-ipun. Maneka warni pustaka saha panaliten ingkat dipunrujuk kangge *keabsahan* panaliten menika. Salajengipun kangge nemtokaken *data* ingkat *valid*, *data* hasil panaliten menika dipun-konsultasi-aken kaliyan ahlinipun (dosen *pembimbing*). *Reliabilitas* ingkat ugi dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater*, inggih menika kanthi cara wongsal-wangsul maos saha naliti *subjek* panaliten ngantos pikantuk

data ingkang *konsisten*. Sasanesipun ngginakaken *reliabilitas intrarater*, dipunginakaken ugi *reliabilitas interater*, inggih menika ngawontenaken *tanya jawab* kaliyan dosen *pembimbing* saha kaliyan kanca ingkang dipunanggep gadhah wawasan bab unsur-unsur *intrinsik* karya sastra.

G. Cara AnalisisData

Analisis inggih menika ngandharaken wosipun perangan utawi bab ingkang gadhah gegayutan kaliyan cariyos menika. Cara *analisis data* ingkang dipunginakaken ing salebetipun panaliten menika ngginakaken *analisis deskriptif kualitatif*. Cara menika dipunginakaken amargi *data-data* ingkang dipunkempalaken menika sifatipun *kualitatif*. Salajengipun *data-data* ingkang sifatipun *kualitatif* menika mbetahaken andharan kanthi cara *deskriptif*.

Analisis deskriptif kualitatif menika dipunancasaken kangge ngempalaken *informasi* bab satunggalipun *fenomena* kanthi *objektif* kanthi menapa wontenipun. *Analisis deskriptif kualitatif* menika dipunginakaken kangge ngandharaken, mangertosi saha mahami unsur-unsur *intrinsik* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Analisis data ing salebetipun panaliten menika katindakaken kanthi cara:

- a. maos cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah kangge mangertosi saha nindakaken *identifikasi* kanthi umum.
- b. nemtokaken unsur-unsur *intrinsik* (prastawa, *plot*, paraga, *penokohan*, tema, latar, lelewaning basa, saha *sudut pandang* anggenipun nyariyosaken) ing

salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

- c. maos kanthi permati saha nganalisis tetembungan, ukara, *paragraf*, *dialog* menapa ugi *monolog* ingkang gadhah gegayutan kaliyan unsur-unsur *intrinsik* (prastawa, *plot*, paraga, *penokohan*, tema, latar, *sudut pandanglelewaning* basa, saha *sudut pandang* anggenipun nyariyosaken) ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.
- d. *ngidentifikasi* unsur-unsur *intrinsik* (prastawa, *plot*, paraga, *penokohan*, tema, latar, lelewaning basa, saha *sudut pandang* anggenipun nyariyosaken) ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.
- e. nyathet hasiling maos, *analisis* saha *identifikasi* unsur-unsur *intrinsik* (prastawa, *plot*, paraga, *penokohan*, tema, latar, lelewaning basa, saha *sudut pandang* anggenipun nyariyosaken) ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika ing kartu *data*.
- f. ngawontenaken *klasifikasi* tumrapipun *data* ingkang sampun dipuntindakaken menika.

Kados ingkang sampun dipunandharaken saderengipun bilih *keabsahandata* ing salebetipun panaliten menika dipunkempalaken kanthi pertimbangan *validitas* saha *reliabilitas*. Uji *reliabilitas* ingkang dipunginakaken ing salebetipun panaliten menika inggih menika *reliabilitas intrarater*, inggih

menika kanthi cara wongsal-wangsul maos saha naliti *subjek* panaliten ngantos pikantuk *data* ingkang *konsisten*. Sasanesipun ngginakaken *reliabilitas intrarater*, dipunginakaken ugi *reliabilitas interater*, inggih menika ngawontenaken *tanya jawab* kaliyan dosen *pembimbing* saha kaliyan kanca ingkang dipunanggep gadhah wawasan bab unsur-unsur *intrinsik* karya sastra.

Kangge nambah *validitas data*, panaliti menika ugi ngginakaken pertimbangan ahli. Pertimbangan ahli menika kanthi *konsultasi* kaliyan para ahli ingkang *kompetening* bidhangipun. Umpaminipun, panaliti menika *konsultasi* kaliyan dosen pembimbing kangge mbiji *data* ingkang dipun-*analisis* menika sampun *valid* menapa dereng saingga hasilipun panaliten ingkang dipuntindakaken menika leres saha jumbuh kaliyan pedhoman panulisan karya *ilmiah*.

BAB IV

ASIL PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asil Panaliten

Jumbuh kaliyan ancasing panaliten, asil saking panaliten menika ing antawisipun inggih menika:

1. Struktur Cariyos

Adhedhasar asilipun panaliten menika saged dipunmangertosi gambaran ngengingi unsur-unsur *struktural* saha gegayutan antawisipun unsur-unsur *struktural* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah. Unsur-unsur *struktural* menika ing antawisipun inggih menika tema, *fakta* cariyos, saha sarana sastra. *Fakta* cariyos menika ing antawisipun kasusun saking *alur*, paraga, saha latar. Wondene sarana sastra menika kasusun saking *sudut pandang*, saha lelewaning basa. *Data-data* ngengingi unsur-unsur *struktural* ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika dipunlebetaken wonten ing tabel-tabel *data*. *Data-data* ingkang wonten ing salebetipun tabel samangke badhe kaandharaken ing salebetipun pirembagan.

Data-data menika ing antawisipun kaandharaken ing ngandhap menika.

a. Struktur Intrinsik Awujud Tema ing salebetipun Cariyos Rakyat *Panji Jayeng Tilam* Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

Tema inggih menika dhasar pangrembakaning cariyos. Wonten ing tabel 1 ngandhap menika badhe kacawisaken tema-tema ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Tabel 1. Tema ingkang Wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.*

No	Tema	A	B	C	D	E	F	G	H	I
1	Katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih.	✓	-	✓	-	✓	✓	-	✓	-
2	Katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun.	✓	-	-	-	✓	✓	-	-	✓
3	Katresnan marang sedherek	✓	-	-	-	✓	✓	-	-	✓
4	Katresnan jati ingkang boten kalairaken	✓	-	-	-	✓	✓	-	-	✓
5	Balas dhendham	✓	-	✓	-	✓	✓	-	-	✓

Katrangan:

A	: Tema Tradhisional	F	: Tema tingkat <i>egoik</i>
B	: Tema non-tradhisional	G	: Tema tingkat <i>devine</i>
C	: Tema tingkat <i>fisik</i>	H	: Tema utama
D	: Tema tingkat <i>organik</i>	I	: Tema tambahan
E	: Tema tingkat sosial		

Kados menapa ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih ing salebetipun panaliten *strukturalis* cariyos menika gegayutan kaliyan perkawis tema. Tema menika kaperang dados mapinten-pinten jenis. Ing antawisipun inggih menika tema tradisional, tema *non-tradisional*, tema tingkat *fisik*, tema tingkat *organik*, tema tingkat sosial, tema tingkat *egoik*, tema tingkat *devine*, tema utama, saha tema tambahan.

Saking tabel 1 menika saged dipunmangertosi tema-tema ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah. Tema-tema menika ing antawisipun inggih menika: katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih. Tema katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun, katresnan marang sedherek, katresnan jati ingkang boten kalairaken, saha tema balas dhendham. Tema-tema menika salejengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. Katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih.

Tema menika kalebet tema tradhisional amargi kados menapa ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih tema tradisonal inggih menika tema ingkang sampun dangu dipunginakaken. Tema menika saged dipunpangguhaken ing salebetipun maneka warni cariyos, kalebet ugi cariyos lami. Umumipun tema-tema tradisonal menika minangka tema ingkang dipunremeni tiyang kanthi *status* sosial menapa kemawon, wonten ing pundi kemawon, saha kapan kemawon. Cariyos Panji menika kagolong cariyos lami saking tlatah Jawa Timur. Cariyos menika ngengingi Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun) kaliyan Dewi Candrakirana. Tema katresnan menika kalebet tema tradhisional ingkang asring dipunginakaken ing karya sastra lami.

Tema menika boten kalebet tema *non-tradhisional* amargi kados ingkang kaandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema *non-tradhisional* inggih menika tema satunggalipun karya ngengingi perkawis ingkang boten umum. Perkawis katresnan menika kalebet perkawis ingkang umum.

Tema menika kalebet ugi tema *fisik*. Ing salebetipun karya sastra kanthi tema menika langkung kathah *aktivitas fisik* tinimbang kejiwaanipun. Langkung nengenaken *mobilitas fisik* tinimbang *konflik* kejiwaan paraga cariyosipun. Wonten ing cariyos menika kaandharaken kanthi cetha menapa-menapa kemawon *aktivitas fisik* ingkang dipuntindakaken dening para paraga-paraganipun ingkang gegayutan kaliyan tema menika. Wonten ing perangan sanesipun *aktivitas fisik* menika saged dipuntingali ing pethikanipun cariyos kados ing ngandhap menika.

..... Sang kusumaning ayu Dewi Candrakirana kaget dene byar wungu ingkang garwa raden Panji kok ora ana, sang Dewi anduga ingkang raka sang Panji mesthi murca saka praja. Sekala penggalihe sang Dewi bingung

*nyipta murcane sang Panji jalaran nawung duka. Saking judheging penggalih sang Dewi Sekartaji sigra narik patreme kersane arsa suduk sarira, jalaran rumangsa datan bisa tinilar ingkang raka.
(Djaka Lodang No.16, kaca 67)*

Saking pethikan ing nginggil menika saged dipunmangertosi kanthi cetha menapa ingkang dipuntindakaken dening Dewi Sekartaji (Dewi Candrakirana). Dewi Candrakirana kagyat nalika wungu nanging boten manggihaken garwanipun. Lajeng nyipta bilih sang Panji menika murca saking praja. Penggalhipun bingung nyipta murcanipun sang Panji amargi nawung duka. Wasana Sang Dewi sigra narik patrem arsa suduk sarira, amargi rumaos boten saged tininggal dening ingkang raka.

Aktifitas fisik sanesipun ingkang katindakaken dening para paraga utama menapa ugi para paraga tambahan saged dipunmangertosi ing perangan cariyos ingkang sanesipun. Kados ing pethikan ngandhap menika ugi kagambaraken *aktifitas fisik* ingkang katindakaken dening Dewi Sekartaji:

..... *Ing wengi iku pinuju sepi janma para parekan cethi miwah emban wis padha turu ngalempus, wis ora ana sabawane walang ngalisik, dalasan para kadang santana iya wis padha sare kepati, malah para abdi kang padha kuwajiban jaga wengi wae ndilalahe ya wis padha turu kabeh kaya kena dayane mantra panyirepan ora ana kang kuwat nahan utawa ngampet ngantuke mula padha turu kabeh.
Iya ing kaanan kaya mengkene iki kang diarep-arep dening sang Dewi Sekartaji. Bareng wis tita ora ana sabawaning janmasang Dewi kanthi alon-alon mijil saka tilamsari nulya anggeblas murca sawise bisa ambuka kori banjur embuh menyang ngendi parane ora ana janma kang weruh.
(Djaka Lodang No.19, kaca 51)*

Saking data ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun para parekan cethi tilem dalasan para santana sampun sami tilem dalasan para kadang santana ingkang ugi sami sare, sang Dewi Sekartaji alon-alon

mijil saking tilamsari, anggeblas tindak sasampunipun saged mbikak lawang. Boten mangertos wonten ing pundi paranipun.

Tema menika boten kalebet tema *organik*. Amargi kados menapa ingkang sampun dipunmangertosi wonten ing bab II bilih tema menika minangka tema karya sastra ingkang langkung kathah nggayutaken perkawis *seksualitas*-satunggalipun *aktivitas* ingkang namung saged dipuntindakaken dening *makhluk hidup*. Tema menika mliginipun ngengingi *seksualitas* ingkang nyimpang, umpaminipun gesang bebrayan kanthi penyelewengan, utawi *skandal-skandal seksual* ingkang sanesipun. Wondene tema ”katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih” ingkang wonten ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika boten wonten gegayutanipun kaliyan perkawis kanthi tema *organik* menika.

Tema menika kalebet tema sosial, amargi kados menapa ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema sosial inggih menika tema karya sastra ingkang gegayutan kaliyan perkawis sosial kadosta perkawis ekonomi, *politik*, pendidikan, kabudayan, perjuangan, katresnan, *propaganda*, *hubungan atasan-bawahan*, saha maneka warna perkawis sarta gegayutan sosial sanesipun ingkang biasanipun wonten ing satunggalipun karya kanthi isi *kritik* sosial. Kados ingkang sampun dipunmangertosi bilih tema ingkang dipunrembag ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika “katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging

kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih”, saingga sampun cetha kados menapa ingkang dipunandharaken bilih tema katresnan menika kalebet tema sosial. Wonten ing salebetipun cariyos menika, kacariyosaken lelampahaning katresnan antawisipun Dewi Candrakirana (Dewi Sekartaji) kaliyan Raden Panji Inukertapati. Lajeng wonten putri saking nagari Parangkencana, asmanipun Dewi Nawangwulan, ingkang nyupena Raden Panji, lajeng nyuwun kaliyan ramanipun supados kadhaupaken kaliyan Raden Panji Inukertapati.

Wonten ing cariyos menika kacariyosaken katresnanipun Dewi Sekartaji dhumateng Raden Panji Inukertapati. Sang Dewi arsa nganyut tuwuh namung amargi boten manggihaken sang Panji Inukertapati nalika piyambakipun wungu saking sare, nyipta bilih sang Panji murca saking praja amargi duka. Sang Dewi menika boten sios nganyut tuwuh amargi saged dipunpambengi dening Dewi Ragilkuning. Nanging amargi saking tresnanipun kaliyan Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun), Dewi Candrakirana nekad lolos saking praja badhe ngupadosi sang Panji. Cariyos menika kalajengaken lelampahan cariyos salajengipun ingkang nedahaken *pengorbanan* saha maneka warni perkawis ingkang kedah dipunadhepi dening Dewi Candrakirana ing salebetipun ngupadosi sang Panji.

Perkawis pisahipun Dewi Sekartaji kaliyan Raden Panji Inukertapati menika amargi katresnanipun Dewi Nawangwulan. Sang Dewi Nawangwulan nyupena kepanggih kaliyan sang Panji lajeng dipunpendhet garwa. Salajengipun,

Dewi Nawangwulan mothah kaliyan Prabu Basunandha supados kadhaupaken kaliyan Raden Panji Inukertapati menika.

Tema menika kalebet tema *egoik* amargi gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas*. Kados ingkang sampun kaandharaken ing bab II bilih tema *egoik* menika gegayutan kaliyan perkawis manungsa minangka *makhluk individu*. *Egoisitas* menika katingal saking pamothahipun Dewi Nawangwulan dhumateng ramanipun. Dewi Nawangwulan ingkang nengenaken katresnanipun, kepengin dipundhaupaken kaliyan sang Panji. Kamongka ingkang rama anggenipun ngupaya supados kiyambakipun menika saged dhaup kaliyan Raden Panji Inukertapati menika kanthi cara andhustha saking nagari Jenggala. Perkawis menika nedahaken *egoisitas* Dewi Nawangwulan ingkang kepengin garwanipun tiyang sanes, kepengin ndadosaken garwanipun tiyang sanes menika dados kagunganipun kiyambak tanpa nggatosaken akibatipun menapa ugi pangraosipun tiyang sanes menika. Ingkang baken menapa ingkang dipunkajengaken saged kaleksanan. Boten peduli kados pundi caranipun supados pepenginanipun menika saged kaleksanan.

Tema menika boten kalebet tema tingkat *devine*. Amargi ingkang dipunwastani tema tingkat *devine* inggih menika tema ngengingi perkawis ingkang ngrembag gegayutan antawisipun manungsa kaliyan Sang Pencipta, perkawis *religiositas*, utawi maneka warni perkawis *filosofis* ingkang sanesipun kadosta pandangan hidup, *visi*, saha keyakinan.

Tema menika kalebet tema utama amargi tema menika minangka gagasan dhasar umum saking karya menika. Tema menika dados pokok lelampahaipun

cariyos menika. Inggih menika cariyos lelampahaning katresnanipun Dewi Candrakirana kaliyan Raden Panji Inukertapati ingkang kaganggu wontenipun wanita kaping tiga ingkang tresna marang Raden Panji Inukertapati lajeng kepengin dipunpendhet minangka garwa. Tema menika sanes minangka tema tambahan amargi boten namung kapanggihaken ing perangan-perangan tertemtu saking cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika.

b. Katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun.

Tema menika minangka tema tradhisional. Tema menika kalebet tema tradhisional amargi kados menapa ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih tema tradisonal inggih menika tema ingkang sampun dangu dipunginakaken. Tema menika saged dipunpanggihaken ing salebetipun maneka warni cariyos, kalebet ugi cariyos lami. Umumipun tema-tema tradisonal menika minangka tema ingkang dipunremeni tiyang kanthi *status* sosial menapa kemawon, wonten ing pundi kemawon, saha kapan kemawon.

Tema menika boten kalebet tema non-tradhisional amargi tema katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun menika sanes tema enggal. Tema menika sampun kapanggihaken wonten ing cariyos-cariyos lami saderengipun.

Tema menika kalebet ugi tema *fisik*. Ing salebetipun tema ing cariyos menika langkung kathah *aktivitas fisik* tinimbang kejiwaanipun. Langkung nengenaken *mobilitas fisik* tinimbang *konflik* kejiwaan tokoh cariyosipun. Wonten ing cariyos menika kaandharaken kanthi cetha menapa-menapa kemawon *aktivitas fisik* ingkang dipuntindakaken dening rama dhumateng putra ingkang nedahaken katresnanipun. *Aktivitas fisik* katresnanipun rama dhumateng putra

menika umpaminipun kados ingkang katindakaken dening Prabu Basunanda. Sang Prabu Basunanda nindakaken kiyambak anggenipun andhustha Raden Panji Inukertapati. Anggenipun andhustha Raden Panji menika amargi putranipun putri ingkang asmanipun Dewi Nawangwulan menika kepingin kadhaupaken kaliyan Raden Panji Asmarabangun utawi Raden Panji Inukertapati. Perkawis menika saged dipuntingali ing pethikanipun cariyos kados ing ngandhap menika.

Sawise iku Sang Prabu ngandika, "Kakang Patih Banakesthi. Wis sawetara dina aku ginubel ing putraku Putri Nini Nawangwulan kang mothah nyuwun kadhaupake kalayan satriya Jawa kang kekasih Raden Panji. Mula saka karsaku pamothahe nini Nawangwulan iki iya bakal dakleksanani, awit wis dadi lumrahe yen anak polah bapa iya kudu pradhah." (Djaka Lodang No.16, kaca 2)

Saking pethikan cariyos ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sampun mapinten-pinten dinten Prabu Basunanda menika menggaliaken putranipun putri, Dewi Nawangwulan, ingkang nyuwun kadhaupaken kaliyan satriya Jawa ingkang kekasih Raden Panji. Saking kersanipun sang Prabu, panyuwunanipun menika badhe dipunleksanani, awit kados limrahipun anak polah bapa iya kudu pradhah (tiyang sepuh kedah tanggel jawab marang tingkah polahipun putra).

*".....
Satriya iku yen daktari arep dakpundhut mantu mesthi ora gelem, mula ora ana cara liya kejaba kudu dakcolong. Nanging sejatine aku iya durung ngerti ngendi dununge negara Jenggala, Kakang Patih." (Djaka Lodang No.16, kaca 2)*

Sang Prabu badhe ngleksanani panyuwunanipun ingkang putra, nanging gadhah pamanggih bilih satriya menika (Raden Panji) menawi dipuntari badhe dipunpendhet mantu mesthi boten kersa, saingga miturut pamanggihipun sang Prabu boten wonten cara sanes kejawi kedah dipundhustha. Tresnanipun sang

Prabu marang putranipun menika katingal ugi wonten ing perkawis sang Prabu ingkang badhe ngleksanani andhustha Raden Panji kangge putrinipun kamongka sang Prabu menika boten mangertos wonten ing pundi dunungipun negari Jenggala.

Tema katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun ugi katingal nalika sang Prabu Basunanda sampun kasil anggenipun andhustha Raden Panji, sang Prabu angles penggalhipun miyarsa sariranipun Dewi Nawangwulan ingkang angganggang aking awit saking anggenipun menggalihaken pasupenanipun. Perkawis menika katingal ing pethikan ngandhap menika.

..... Sang
Prabu angles penggalih mriksani ingkang putra putri Dewi Nawangwulan kang sarirane angganggang aking kegawa saka anggone menggalih pasupenane. Sang Dewi Nawangwulan sigra rinangkul dening sang nata sarwi angandika,” Adhuh, babo nini Nawangwulan putraningsun, geneya sira dadi kuru aking kaya mengekene jalaran anggonira menggalih pasupenanira. Buwangen kabeh kasungkawanira, maliha dadi kasukanira jalaran apa kang sira suwun wis bisa kaleksanan. Apa kang ana ing pasupenanira samengko wis ana ing kedhaton Parangkencana, marma luwarna kasungkawanira nini Nawangwulan. Tindake pun rama menyang tanah Jawa sayekti wis antuk kanugrahan Jawata, kabul kang dadi panyuwunira, satriya tanah Jawa raja putra Jenggala wis dak gawa kondur menyang negara Parangkencana.

(Djaka Lodang No.21, kaca 23)

Saking pethikan ngendikanipun Prabu Basunanda menika saged dipunmangertosi bilih sang Prabu menika saestu tresna marang putrinipun. Tindakipun dhateng negari Jenggala lajeng mbeta satriya raja putra Jenggala menika kangge putrinipun menika. Sang Prabu ngendika marang putrinipun supados ngicalaken kasungkawanipun amargi menapa ingkang dipunsuwun sampun wonten ing Parangkencana.

Katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun ugi katingal nalika sang Prabu Lembuamiluhur dhawuh para ari nata, patih, wadya bala ingkang wonten para putranipun ari nata supados ngupadosi Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun), Dewi Candrakirana (Dewi Sekartaji), saha Dewi Ragilkuning (Dewi Onengan). Rumaos dereng cekap lajeng sang Prabu Lembuamiluhur ngutus abdi kalih, tetenger Ki Jarudeh saha Ki Prasanta, supados ndherek ngupadosi ndaranipun ingkang lolos saking praja menapa ugi ingkang ical saking praja.

“Wis, aja padha geguyon Jarudheh kalayan Prasanta. Ilange kaki Panji iku digawa maling aguna saka negara sabrang. Maling iki digdaya linuwih, abot sanggane jurit, mulane saiki sagung wadya bala lagi padha ngupadi bendaramu kaki Panji, dalasan kabeh putra patang negara iya padha ngulari. Mila samengko Jarudheh kalayan Prasanta iya padha budhala ngulari Kaki Panji. Kejaba iku sawise kaki Panji ilang ginawa maling, bendaramu nini Sekartaji lan nini Onengan iya padha lolos saka praja. Sira sekarone Jarudheh kalayan Prasanta padha budhala ngulari. Sira sekarone ora dakkeparengake bali mulih yen bendaramu durung ketemu.” (Djaka Lodang No.20, kaca 47)

Saking pethikan pacelathon ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih kekalihipun menika boten dipunkeparengaken wangsul menawi bendaranipun dereng kepanggih.

Tema “katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun” menika boten kalebet tema *organik*. Amargi kados menapa ingkang sampun dipunmangertosi wonten ing bab II bilih tema *organik* menika minangka tema karya sastra ingkang langkung kathah nggayutaken perkawis *seksualitas*-satunggalipun *aktivitas* ingkang namung saged dipuntindakaken dening *makhluk hidup*. Tema menika mliginipun ngengingi *seksualitas* ingkang nyimpang, umpaminipun gesang bebrayan kanthi penyelewengan, utawi *skandal-skandal seksual* ingkang

sanesipun. Wondene tema “katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun” boten gegayutan kaliyan perkawis menika.

Tema “katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun” menika kalebet tema sosial, amargi kados menapa ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema sosial inggih menika tema karya sastra ingkang gegayutan kaliyan perkawis sosial kadosta perkawis ekonomi, politik, pendidikan, kabudayan, perjuangan, katresnan, *propaganda*, *hubungan atasan-bawahan*, saha maneka warna perkawis sarta gegayutan sosial sanesipun ingkang biasanipun wonten ing satunggalipun karya kanthi isi *kritik* sosial. Tema “katresnanipun tiyang sepuh marsang putranipun” menika gegayutan kaliyan perkawis katresnan. Inggih menika katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun. Wonten ing tema tambahan menika mliginipun nyariyosaken katresnanipun rama dhumateng putranipun, inggih menika katresnanipun Prabu Basunanda dhumateng putrinipun, Dewi Nawangwulan. Semanten ugi katresnanipun Prabu Lembuamiluhur dhumateng para putranipun. Ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika, katresnanipun ibu dhumateng putra kirang dipunandharaken.

Tema “katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun” menika kalebet tema *egoik*. Kados ingkang sampun kaandharaken ing bab II bilih tema *egoik* menika gegayutan kaliyan perkawis manungsa minangka *makhluk individu*. Perkawis *individualitas* menika ing antawisipun inggih menika *egoisitas*, martabat, harga dhiri, utawi sifat saha sikap manungsa ingkang sanesipun ingkang gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas* sanesipun. Wonten ing tema ngengingi

katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun menika nggambaraken *egoisitas* Prabu Basunanda amargi saking tresnanipun marang putranipun. Prabu Basunanda boten perduli marang tiyang sanes, ingkang baken piyambakipun saged ngleksanani pepenginaning putranipun putri. Tanpa nggatosaken menapa akibatipun, Prabu Basunanda andhustha Sang Panji saking praja Jenggala, dipunbeta kundur ing Parangkencana.

Tema “katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun” menika boten kalebet tema tingkat *devine*. Amargi ingkang dipunwastani tema tingkat *devine* menika inggih menika tema ngengingi perkawis ingkang ngrembag gegayutan antawisipun manungsa kaliyan Sang Pencipta, perkawis *religiositas*, utawi maneka warni perkawis *filosofis* ingkang sanesipun kadosta pandangan hidup, *visi*, saha keyakinan.

Tema “katresnanipun tiyang sepuh marsang putranipun” menika boten kalebet tema utama amargi tema menika namung kapanggihaken wonten ing perangan-perangan tertentu kemawon. Tema menika minangka tema tambahan. Kados ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema tambahan utawi tema *minor* inggih menika makna ingkang namung kapanggihaken ing perangan-perangan tertentu cariyos *fiksi*. Perkawis katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun menika mligi namung kapanggihaken saperangan-saperangan kemawon.

c. Katresnan marang sedherek

Tema “katresnan marang sedherek” menika kalebet tema tradhisional amargi kados menapa ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih tema

tradisional inggih menika tema ingkang sampun dangu dipunginakaken. Tema menika saged dipunpanggihaken ing salebetipun maneka warni cariyos, kalebet ugi cariyos lami. Umumipun tema-tema tradisional menika minangka tema ingkang dipunremeni tiyang kanthi *status* sosial menapa kemawon, wonten ing pundi kemawon, saha kapan kemawon. Tema “katresnan marang sedherek” menika kalebet tema tradhisional, tema ingkang dipunremeni dening tiyang.

Tema menika boten kalebet tema *non-tradhisional* amargi kados ingkang kaandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema *non-tradhisional* inggih menika tema satunggalipun karya ngengingi perkawis ingkang boten umum. Perkawis katresnan menika kalebet perkawis ingkang umum.

Tema menika kalebet ugi tema *fisik*. Ing salebetipun karya sastra kanthi tema menika langkung kathah *aktivitas fisik* tinimbang kejiwaanipun. Langkung nengenaken *mobilitas fisik* tinimbang *konflik* kejiwaan paraga cariyosipun. Wonten ing cariyos menika kaandharaken kanthi cetha menapa-menapa kemawon *aktivitas fisik* ingkang dipuntindakaken dening para paraga-paraganipun ingkang gegayutan kaliyan tema “katresnan marang sedherek” menika. Wonten ing perangan sanesipun *aktivitas fisik* menika saged dipuntingali ing pethikanipun cariyos kados ing ngandhap menika.

Wasanane bareng mriksani kori ing butulan pawon pojok lor wetan sang Dewi priksa yen kowi kono katon menga malimping sethithik, Dewi Ragilkuning mbatin mesthi Kakangmbok mijile saka kasatriyan liwat kori iki. Tanpa dipenggalih kanthi panjang Dewi Ragilkuning kang pancen ora bisa pisah kalayan ingkang raka banjur mijil saka kasatriyan kanthi tekad nedya sumusul lolose sang Dewi Candrakirana, banjur anggeblas nalasak wengi, ora ana pawongan kang nyumurupi tindake sang Dewi.
(Djaka Lodang No.19, kaca 51)

Saking pethikan cariyos ingkang wonten ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun nyipta bilih Dewi Candrakirana lolos saking praja badhe ngupadosi Raden Panji Inukertapati, Dewi Ragilkuning nekad mijil saking kasatriyan. Dewi Ragilkuning rumaos boten saged pisah kaliyan ingkang raka saingga badhe sumusul lolosipun Dewi Candrakirana.

Katresnanipun Dewi Ragilkuning dhumateng Dewi Candrakirana ingkang kawujudaken kanthi *aktivitas fisik* menika ugi saged katingal ing pethikan ngandhap menika.

Dewi Ragilkuning banget tresnane marang ingkang raka Dewi Condrokirana, marma ora bisa pisah. Marma bareng ing praja ingkang raka ora ana, sang Dewi Onengan wia nyipta lamun ingkang Dewi Sekartaji mesthi lolos angulari sang Panji, pepuntoning driya Dewi Onengan nulya sumusul ingkang raka, lolos nedya angulari ing ngendi dununge ingkang raka Dewi Sekartaji. Bawaning wanita nanging putrining nata Jenggala kang tuhu wanter penggalihe, senajan sangsara dikaya ngapa sang Dewi tetep nerusake anggone tindak embuh menyang ngendi paran kang sinedya, kadi amung anut jangkahing suku. Senajan nelasak wanawasa mudhun jurang munggah gunung sang Dewi tetep anggone tindak. (Djaka Lodang No.19, kaca 51)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sanajan kedah nelasak wanawasa, medhak jurang minggah gunung, sang Dewi tetep anggenipun tindak ngulari Dewi Sekartaji.

Tema “katresnan marang sedherek” menika boten kalebet tema *organik*. Amargi kados menapa ingkang sampun dipunmangertosi wonten ing bab II bilih tema *organik* menika minangka tema karya sastra ingkang langkung kathah nggayutaken perkawis *seksualitas*-satunggalipun *aktivitas* ingkang namung saged dipuntindakaken dening *makhluk hidup*. Wondene tema “katresnan marang sedherek” boten gegayutan kaliyan perkawis menika.

Tema “katresnan marang sedherek” menika kalebet tema sosial, amargi kados menapa ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema sosial inggih menika tema karya sastra ingkang gegayutan kaliyan perkawis sosial kadosta perkawis ekonomi, politik, pendidikan, kabudayan, perjuangan, katresnan, *propaganda*, *hubungan atasan-bawahan*, saha maneka warna perkawis sarta gegayutan sosial sanesipun ingkang biasanipun wonten ing satunggalipun karya kanthi isi *kritik* sosial. Tema “katresnan marang sedherek” menika gegayutan kaliyan perkawis katresnan. Inggih menika katresnanipun antawisipun raka kaliyan rayinipun. Wonten ing cariyos menika ngengingi katresnaning sedherek antawisipun Dewi Ragilkuning kaliyan Dewi Candrakirana.

Tema “katresnan marang sedherek” menika boten kalebet tema *egoik* amargi boten gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas*. Kamongka perkawis *egoisitas* menika kalebet perkawis *indivisualitas*. Kados ingkang sampun kaandharaken ing bab II bilih tema *egoik* menika gegayutan kaliyan perkawis manungsa minangka *makhluk individu*. Perkawis *individualitas* menika ing antawisipun inggih menika *egoisitas*, martabat, harga dhiri, utawi sifat saha sikap manungsa ingkang sanesipun ingkang gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas* sanesipun.

Tema “katresnan marang sedherek” menika boten kalebet tema tingkat *devine*. Amargi ingkang dipunwastani tema tingkat *devine* menika inggih menika tema ngengingi perkawis ingkang ngrembag gegayutan antawisipun manungsa kaliyan Sang Pencipta, perkawis *religiositas*, utawi maneka warni perkawis *filosofis* ingkang sanesipun kadosta pandangan hidup, *visi*, saha keyakinan.

Tema “katresnan marang sedherek” menika boten kalebet tema utama amargi tema menika namung kapanggihaken wonten ing perangan-perangan tertemtu kemawon. Tema menika minangka tema tambahan. Kados ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema tambahan utawi tema *minor* inggih menika makna ingkang wonten namung ing perangan-perangan tertemtu cariyos *fiksi*. Perkawis katresnanipun marang sedherek menika mligi namung kapanggihaken saperangan-saperangan kemawon.

d. Katresnan jati ingkang boten kalairaken

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika kalebet tema tradhisional amargi kados menapa ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih tema tradisonal inggih menika tema ingkang sampun dangu dipunginakaken. Tema menika saged dipunpanggihaken ing salebetipun maneka warni cariyos, kalebet ugi cariyos lami. Umumipun tema-tema tradisonal menika minangka tema ingkang dipunremeni tiyang kanthi *status* sosial menapa kemawon, wonten ing pundi kemawon, saha kapan kemawon. Tema katresnan jati ingkang boten kalairaken menika kalebet tema tradhisional, tema katresnan ingkang umumipun ugi dipunremeni dening tiyang.

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika boten kalebet tema *non-tradhisional* amargi kados ingkang kaandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema *non-tradhisional* inggih menika tema satunggalipun karya ngengingi perkawis ingkang boten umum. Perkawis katresnan menika kalebet perkawis ingkang umum.

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika kalebet tema *fisik*. Ing salebetipun karya sastra kanthi tema menika kathah *aktivitas fisik* tinimbang kejiwaanipun. Wonten ing cariyos menika kaandharaken kanthi cetha menapa-menapa kemawon *aktivitas fisik* ingkang dipuntindakaken dening paraga-paraganipun gegayutan kaliyan tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika. Wonten ing perangan sanesipun *aktivitas fisik* menika saged dipuntingali ing pethikanipun cariyos kados ing ngandhap menika.

Bareng para wadya ing barisane kang padha ngulari sang Panji padha kalimpe raden Gunungsari banjur nilapake misah saka para wadya bala Kedhiri tekade nedya ngupadi woding penggalih iya sang Dewi Ragilkuning. Oncate saka para wadya bala kadherekake abdine loro kang aran Dulit lan Dudul. Abdi loro iki pancen wulucumbune wiwit dhek raden Gunungsari isih jabang bayi, mula sesambungane bendara lan abdi bisa rapet. (Djaka Lodang No.20, kaca 47)

Saking pethikan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Raden Gunungsari menika mujudaken katresnanipun kanthi cara ngupadosi Dewi Onengan, nilapaken misah saking wadya bala Kedhiri badhe ngupadosi Dewi Ragilkuning.

Katresnanipun Raden Gunungsari dhumateng Dewi Ragilkuning ingkang kawujudaken kanthi *aktivitas fisik* menika ugi saged katingal nalika Raden Gunungsari dipunbinusa dados cantrik ingkang ala wernipun supados saged nderekaken Dewi Ragilkuning. Lajeng wonten ing perangan sanes, sanajan kanthi sarat, Raden Gunungsari ingkang binusanan minangka cantrik Ragagati menika kersa ngadhepi wadya bala Parangkencana ingkang ngoyak Dewi Ragilkuning, cantrik Ragagati, saha abdi kekalihipun. wondene ing perangan sanesipun malih

saged dipuncariyosaken bilih Raden Gunungsari tindakipun ngambah wanawasa kanthi ancas ngupadosi sang Dewi Ragilkuning.

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika boten kalebet tema *organik*. Amargi kados menapa ingkang sampun dipunmangertosi wonten ing bab II bilih tema *organik* menika minangka tema karya sastra ingkang langkung kathah nggayutaken perkawis *seksualitas*-satunggalipun *aktivitas* ingkang namung saged dipuntindakaken dening *makhluk hidup*. Wondene tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” boten gegayutan kaliyan perkawis menika.

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika kalebet tema sosial, amargi kados menapa ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema sosial inggih menika tema karya sastra ingkang gegayutan kaliyan perkawis sosial kadosta perkawis ekonomi, *politik*, pendidikan, kabudayan, perjuangan, katresnan, *propaganda*, *hubungan atasan-bawahan*, saha maneka warna perkawis sarta gegayutan sosial sanesipun ingkang biasanipun wonten ing satunggalipun karya kanthi isi *kritik* sosial. Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika gegayutan kaliyan perkawis katresnan. Inggih menika katresnanipun antawisipun tiyang kakung dhumateng tiyang estri, antawisipun Raden Gunungsari dhumateng Dewi Ragilkuning.

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika kalebet tema *egoik* amargi gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas*. Kados ingkang sampun kaandharaken ing bab II bilih tema *egoik* menika gegayutan kaliyan perkawis manungsa minangka *makhluk individu*. Perkawis *individualitas* menika ing

antawisipun inggih menika *egoisitas*, martabat, harga dhiri, utawi sifat saha sikap manungsa ingkang sanesipun ingkang gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas* sanesipun. Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika gegayutan kaliyan manungsa minangka *individu*. Anggenipun dereng nglairaken katresnanipun menika amargi Raden Gunungsari menika rumaos dereng wantun sanajan anggenipun nyimpen katresnan menika sampun dangu sanget. Bab menika saged dipuntingali ing pethikan ngandhap menika.

..... Raden
Gunungsari pancen wis suwe anggone kasmaran marang ingkang raka
putri Jenggala nanging durung wani nglairake isining
penggalihe.....
 (Djaka Lodang No.23, kaca 51)

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika boten kalebet tema tingkat *devine*. Amargi ingkang dipunwastani tema tingkat *devine* menika inggih menika tema ngengingi perkawis ingkang ngrembag gegayutan antawisipun manungsa kaliyan Sang Pencipta, perkawis *religiositas*, utawi maneka warni perkawis *filosofis* ingkang sanesipun kadosta pandangan hidup, *visi*, saha keyakinan.

Tema “katresnan jati ingkang boten kalairaken” menika boten kalebet tema utama amargi tema menika namung kapanggihaken wonten ing perangan-perangan tertemtu kemawon. Tema menika minangka tema tambahan. Kados ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema tambahan utawi tema *minor* inggih menika makna ingkang wonten namung ing perangan-perangan tertemtu cariyos *fiksi*. Perkawis katresnanipun jati ingkang boten kalairaken menika namung kapanggihaken saperangan-saperangan kemawon.

e. Balas dhendham

Tema “balas dhendham” menika kalebet tema tradhisional amargi sanajan sanes minangka tema ingkang dipunremeni tiyang nanging tema menika sampun kapanggihaken ing cariyos tradhisional. Tema menika boten kalebet tema *non-tradhisional* sanajan perkawis “balas dendham” menika boten dipunremeni dening para maos.

Tema “balas dendham” menika kalebet tema *fisik*. Ing salebetipun karya sastra kanthi tema *fisik* menika kathah *aktivitas fisik* tinimbang kejiwaanipun. Langkung nengenaken *mobilitas fisik* tinimbang *konflik* kejiwaan paraga cariyosipun. Wonten ing cariyos menika kaandharaken kanthi cetha *aktivitas fisik* ingkang dipuntindakaken dening paraga Demang Pulung ingkang kagungan dhendham kaliyan raja nagari Bali. Langkung cetha malih nalika nagari Parangkencana lajeng nggecak nagari Bali. Anggenipun nagari Parangkencana nggecak nagari Bali menika nedahaken *aktivitas fisik* saking tema menika. Saking perkawis menika saged dipunmangertosi bilih tema “balas dhendham” menika kalebet tema *fisik*.

Tema “balas dhendham” menika boten kalebet tema *organik*. Amargi kados menapa ingkang sampun dipunmangertosi wonten ing bab II bilih tema *organik* menika minangka tema karya sastra ingkang langkung kathah nggayutaken perkawis *seksualitas*-satunggalipun *aktivitas* ingkang namung saged dipuntindakaken dening *makhluk hidup*. Wondene tema “balas dhendham” boten gegayutan kaliyan perkawis menika.

Tema “balas dhendham” menika kalebet tema sosial, amargi kados menapa ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema sosial inggih menika tema karya sastra ingkang gegayutan kaliyan perkawis sosial kadosta perkawis ekonomi, *politik*, pendidikan, kabudayan, perjuangan, katresnan, *propaganda*, *hubungan atasan-bawahan*, saha maneka warna perkawis sarta gegayutan sosial sanesipun ingkang biasanipun wonten ing satunggalipun karya kanthi isi *kritik* sosial.

Tema “balas dhendham” ing cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika gegayutan kaliyan perkawis antawisipun abdi kaliyan ndaranipun. Abdi ingkang rumaos isin amargi pasuwitanipun dipuntundhung dening sang Prabu. Wonten ing mriki nyariyosaken Demang Pulung minangka abdi ingkang dipuntundhung saking negari Bali dening Prabu Madubrangta amargi enjing kalayan sonten boten seba ingarsanipun sang Prabu. Demang Pulung rumaos isin amargi pasuwitanipun ing Bali menika dipuntundhung. Lampahipun wonten ing ngalas malih kados sengaja nyedhaki menawi wonten macan, kersanipun supados dipunmangsa macan galak utawi sato sanesipun, sebab rumaos boten betah gesang ing donya malih. Nanging salajengipun wonten Jawata ingkang paring piwarah marang Demang Pulung menawi kepengin manggih raharja saha saged males wirangipun. Perkawis menika saged dipuntingali ing pethikan cariyos ing ngandhap menika.

Kang ora katon nuli nyuwara maneh, “Lamun kita arsa nemu raharja, menyang negara Sabrang. Negara sabrang saiki wis nata baris wadya bala arsa mbedhah negara Bali. Kita ngumpula kalayan wadya bala Sabrang, samengko yen nggecak negara Bali kita bisa males lara wirang kita. Kita digitik cemethi kaping telu, mengko kita bisa males nggitik nganggo cemethi kaping sanga. Wis wekas ulun, kita enggal manunggala kalayan wadya bala Sabrang banjur nggecak negara Bali. Wis kaki Pulung ulun bali.” (Djaka Lodang No.28, kaca 2)

Saking pethikan *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ingkang boten katon (Jawata) menika paring piwarah marang Demang Pulung supados menyang dhateng negari sabrang lajeng ngumpul kaliyan wadya balanipun. Samangke nalika negari sabrang menika nggempur negari Bali, Demang Pulung saged males wirangipun.

Salajengipun kacariyosaken bilih Demang Pulung menika saestu tindak dhateng nagari sabrang. Satekanipun ing sabrang lajeng kepanggih kaliyan Patih negari Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri. Wasana saged sesarengan pepanggihan kaliyan Raden Panji Inukertapati. Demang Pulung radi keladuk nalika ngaturaken pengalamanipun. Demang Pulung ngaturaken bilih Dewi Sekartaji sampun kagarwa dening nata Bali. Nanging sejatosipun boten.

Tema “balas dhendham” menika kalebet tema *egoik* amargi gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas*. Kados ingkang sampun kaandharaken ing bab II bilih tema *egoik* menika gegayutan kaliyan perkawis manungsa minangka *makhluk individu*. Perkawis *individualitas* menika ing antawisipun inggih menika *egoisitas*, martabat, *harga dhiri*, utawi sifat saha sikap manungsa ingkang sanesipun ingkang gegayutan kaliyan perkawis *egoisitas* sanesipun. Tema “balas dhendham” menika gegayutan kaliyan manungsa minangka *individu*. Ngengingi raos isin ingkang temtunipun gegayutan kaliyan *harga dhiri*.

Tema “balas dhendham” menika boten kalebet tema tingkat *devine*. Amargi ingkang dipunwastani tema tingkat *devine* inggih menika tema ngengingi perkawis ingkang ngrembag gegayutan antawisipun manungsa kaliyan Sang

Pencipta, perkawis *religiositas*, utawi maneka warni perkawis *filosofis* ingkang sanesipun kadosta pandangan hidup, *visi*, saha keyakinan.


Tema “balas dhendham” menika boten kalebet tema utama amargi tema menika namung kapanggihaken wonten ing perangan-perangan tertemtu kemawon. Tema menika kalebet tema tambahan. Kados ingkang dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani tema tambahan utawi tema *minor* inggih menika makna ingkang wonten namung ing perangan-perangan tertemtu cariyos *fiksi*. Perkawis “balas dendham” menika namung kapanggihaken saperangan kemawon. Ewasemanten mangaribawani sanget tumrap lelampahipun cariyos.


Tema utama “katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih” menika dipunsengkuyung kanthi wontenipun tema-tema tambahan “katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun, katresnan marang sedherek, katresnan jati ingkang boten kalairaken, saha tema balas dhendham.”


b. *Struktur Intrinsik* Awujud Alur (*Plot*) ing salebetipun Cariyos Rakyat


Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

Alur utawi *plot* menika gegayutan kaliyan urutan prastawa ing salebetipun karya sastra menika. Antawisipun satunggal prastawa kaliyan prastawa sanesipun saged dipuntingali gegayutanipun ing salebeting panyeratanipun alur menika. supados langkung cetha *kronologis* saha gegayutan antawisipun satunggal prastawa kaliyan prastawa ingkang sanesipun, kadamel bagan saha *kurva* kados ingkang kacawisaken menika.












Gambar Bagan 1. Alur Cariyos Rakyat *Panji Jayeng Tilam Adhedhasar* GegayutanAntawisipunPerkawis/ Prastawa





Kurva Alur Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Adhedhasar Pangrembakanipun Cariyos



Alur ingkang kagambaraken kanthi bagan saha *kurva* ing nginggil kanthi ngginakaken *huruf-huruf* ingkang makili perkawis ingkang badhe dipunandharaken menika salajengipun saged dipunmangertosi katranganipun ing ngandhap menika.

Tabel 2. Katrangan Gambar Bagan 1
Tabel Salajengipun

No	Katrangan
A	Nepangaken wontenipun nagari cacahipun sekawan (Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, saha Singosari), ugi nepangaken paraga Sang Wiku Dewi Kilisuci, Prabu Lembuamiluhur (Raja ing Jenggala), Prameswari, Dewi Candrakirana, Raden Panji Asmarabangun saha Panji Laleyan (putranipun Raden Panji Asmarabangun kaliyan Dewi Candrakirana).
B	Nepangaken wontenipun nagari Parangkencana kanthi raja asmanipun Prabu Basunanda, gadhah patih asmanipun Basukethi. Ngandharaken <i>penokohan</i> paraga-paraga menika sawadya balanipun. Ugi nepangaken paraga Dewi Nawangsasi (Nawangwulan), Dewi Nawangsari, Raden Gagatan saha Raden Jajaran minangka para putranipun Prabu Basunanda.
C	Sampun langkung saking selapan dinten Sang Wiku Dewi Kilisuci dereng rawuh tindak nagari Jenggala
D	Dewi Kilisuci nyupena ingkang damel kuwatos penggalhipun
E	Putrinipun Prabu Basunanda ingkang asmanipun Dewi Nawangwulan ingkang nyuwun kadhaupaken kaliyan satriya Jawa inggih menika Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun)
F	Prabu Basunanda tindak madosi nagari Jenggala saperlu badhe andhustha Raden Panji Asmarabangun.
G	Wadya Bala Parangkencana sami njagi ing sakubenging nagari Jenggala. Mbokmenawi samangke wonten karepotan anggenipun Prabu Basunanda andhustha Raden Panji saingga damel nepsunipun wadya bala Jenggala.
H	Raden Panji Asmarabangun (Panji Inukertapati) dipundhusta saking kedhaton Jenggala dening Prabu Basunanda
I	Dewi Candrakirana arsa suduk sarira amargi nalika wungu boten manggihaken Raden Panji Asmarabangun, anduga sang raka murca saking praja.
J	Tiyang sakedhaton sami geger amargi icalipun Raden Panji Asmarabangun. Menika damel kejoting sang Prabu, langkung-langkung sang Prameswari enggal sami rawuh ing kasatriyan. Para ari nata dalah para garwanipun sami rawuh wonten ing kedhaton. Penggalhipun sang Prabu saha Prameswari tansah kieranta-ranta sasampunipun midhangetaken cariyosipun Dewi Ragilkuning ngengingi sebabipun Dewi Candrakirana badhe nganyut tuwuh. Salajengipun sang Prabu

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	menggalihaken anggenipun badhe madosi sang Panji. Wadya bala sampun siyaga, nanging dereng ngantos dipunbidhalaken kasarurawuhipun Dewi Kilisuci. Midhanget cariyosipun sang Prabu Dewi Kilisuci ngraos karanta-ranta penggalhipun. Kalajengaken Dewi Kilisuci kanthi andhapan asor suka pitedah saha pamanggih ngengingi icalipun Raden Panji Inukertapati.
K	Raden Panji Asmarabangun kagyat nalika wungu, piyambakipun boten wonten ing pesareyanipun saha boten manggihaken Dewi Sekartaji. Lajeng nyuwun pirsa kaliyan Dewi Nawangwulan ingkang wonten ing sacelakipun. Lajeng Dewi Nawangwulan ngaturaken ngengingi sebabipun sang Panji wonten ing panggenan menika, lajeng ugi nyariyosaken bab pasupenanipun. Ing pasupenan menika Dewi Nawangwulan kepanggih kaliyan sang Panji lajeng dipunpendhet garwa. Dewi Nawangwulan mangertos bilih sang Panji sampun kagungan garwa, saingga Dewi Nawangwulan nedya badhe suwita marang garwanipun sang Panji. Meanawi Sang Putri Kedhiri boten kersa nampi pasuwitanipun, boten kersa nampi minangka emban menapa ugi parekan, Dewi Nawangwulan badhe nganyut jiwa.
L	Dewi Candrakirana lolos saking praja Jenggala badhe ngulari ingkang raka, Raden Panji Asmarabangun
M	Dewi Ragilkuning lolos saking praja Jenggala badhe ngulari ingkang raka, Dyah Candrakirana
N	Patih sawadya bala sarta para putra satriya nagari Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari kadhawuhan ngupaya ngulari Dewi Candrakirana, Dewi Ragilkuning saha Raden Panji Asmarabangun. Sasanesipun menika sang Prabu ugi ndhawuhi abdi/ wulucumbu Jenggala ingkang asmanipun Ki Jarudeh saha Ki Prasanta.
O	Raden Panji Asmarabangun kersa nampi Dewi Nawangwulan minangka garwanipun
P	Raden Panji Asmarabangun dereng saged kundur ing kraton Jenggala amargi mangsanipun angin ageng menawi nempuh samodra, alunipun samodra kados ombak ingkang saged angeremaken baita. Saingga Raden Panji kasuwun nengga sawetawis wulan wonten ing nagari Pranagkencana.
Q	Ki Jarudeh saha Ki Prasanta kadhawuhan ngulari icalipun Raden Panji Inukertapati, Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning. Menawi bendaranipun menika sami dereng kapanggihaken, Ki Jarudeh saha Ki Prasanta dereng dipunkeparengaken wangsul dening Prabu Lembuamiluhur. Ki Jarudeh saha Ki Prasanta saestu anggenipun sengsara madosi ndaranipun, inggih menika Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun)
R	Raden Gunungsari nilapaken misah saking para wadya bala Kedhiri nedya ngupadi Dewi Ragilkuning. Tindakipun kadherekaken abdi kalih, inggih menika Dulit kaliyan Dudul. Lajeng Raden Gunungsari miyarsa

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	wonten padhepokan wonten ing puncaking wukir. Lajeng Raden Gunungsari tindak tumuju wonten ing padhepokan menika. Wonten ing padhepokan menika Raden Panji angsal pitutur saha wewarah saking Resi Purwajati gegayutan kaliyan usahanipun Raden Gunungsari ngupadosi Dewi Ragilkuning ingkang sanget dipuntresnani.
S	Para patih sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) sawadya bala madosi icalipun Raden Panji menapa dene lolosipun Dewi Sekartaji. Para patih sekawan nagari (Patih jenggala Ki Patih Kudanawarsa, Patih Kedhiri Ki Patih Jayasembadra, Patih Ngurawan Ki Patih Jayakacemba, saha Patih Singasari Ki Patih Jaksanegara) sawadya bala taksih mubeng-mubeng ing samadyaning ngalas, dereng pikantuk sisik melik wonten ing pundi dunungipun sang Panji menapa ugi sang Dewi Candrakirana.
T	KI Jarudeh saha Ki Prasanta supados mlampah mangetan ngantos dumugi nagari Bali, salajengipun tiyang kalih menika kadhawuhan suwita dhumateng Prabu Madubrangta.
U	Para patih sekawan nagari (Patih jenggala Ki Patih Kudanawarsa, Patih Kedhiri Ki Patih Jayasembadra, Patih Ngurawan Ki Patih Jayakacemba, saha Patih Singasari Ki Patih Jaksanegara) angsal lapuran saking Mantri Kudaantipeya (mantri sambang ingkang kajibah njagi wana ing tlatah Jenggala) bilih piyambakipun sumerep wadya bala ingkang kathah sanget saking brang kilen. Kadosipun wadya bala menika sanes tiyang Jawa, katingalipun kados tiyang saking tanah sabrang ingkang badhe magut yuda.
V	Wadya bala Parangkencana taksih wonten ing salebetipun wana Jenggala. Salajengipun tukar paben nalika pepanggihan kaliyan wadya bala Jenggala.
W	Kadadosan perang regeng antawisipun wadya bala Bugis mengsah wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari)
X	Dewi Ragilkuning dumugi ing Padhepokanipun Resi Purwajati. Lajeng pikantuk pitedah ngengingi kahanan Raden Panji saha Dewi Sekartaji. Raden Gunungsari nyamar dados cantrik kanthi asma Ragagati ingkang ala sanget werninipun supados saged nderekaken Dewi Ragilkuning.
Y	Wadya Jawa saya dangu sansaya kaseser amargi pancen kalah cacah, kalah rosa, saha kalah nekad tinimbang prajurit Bugis. Prajurit Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari sampun kathah ingkang pejah, lajeng sami mlajar mundur. Mulat wadya sekawan nagari katingal kaseser yudanipun, patih Kudanawarsa banget dukanipun, lajeng badhe ngawaki magut yuda nanging saged dipunpambengi dening Patih Singasari.
Z	Wonten wadya bala Bugis ingkang sumerep bilih ing wana menika wonten tiyang cacahipun tiga, lajeng wonten ingkang nglapuraken bilih ing wana menika wonten tiyang kakung kalih, cantrik setunggal saha

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	tiyang estri ingkang sulistya setunggal. Mireng bilih wonten tiyang estri, wadya bala Parangkencana menika lajeng pating bedhigas badhe nyikep putri ayu ingkang kacariyosaken menika. salajengipun cantrik Ragagati, Dewi Ragilkuning saha punakawan kalih (Dulit saha Dudul) sami lumajar mangertosi bilih wonten mengsah ingkang ngoyak.
A1	Lampahipun wadya bala Bugis saking nagari Parangkencana sampun mangertos bilih ratunipun sampun kondur, saingga wadya bala sedayanipun ugi kepengin wangsul. Nanging wadya bala menika boten mangertos mergi ingkang tumuju nagari Parangkencana saingga sami bingung, saben dinten namung mubeng minger ing salebetipun wana.kathah sato wana ingkang dipuncepeng, dipunolah kangge nedha, sansaya dangu sato ing wana menika sansaya telas saingga ngambah ing wana sakiwatengenipun.
B1	Patih Kudanawarsa emut, lajeng dhawuh supados wadya balanipun mundur, tinimbang ketungkul perang langkung prayogi nyimpang mergi, lajeng sami liwat mergi sanesipun sampun ngantos kepanggih malih kaliyan mengsahipun.
C1	Wasana Dewi Ragilkuning boten kuwawa mlajar malih, lajeng ngambruk ngelosod ing jurang kaliyan gereng-gereng napas ngos-ngosan kados ajeng pedhot. Lajeng nyuwun supados menawi Cantrik Ragagati wantun, kersaa nglawan wadya Bugis menika. Nanging Cantrik Ragagati gadhah syarat, kersa nglawan wadya Bugis menawi Dewi Ragilkuning kersa ngakeni cantrik Ragagati ethok-ethokipun minangka garwanipun. Dewi Ragilkuning bingung nanging tinimbang dipunbeta tiyang Bugis, Dewi Ragilkuning kersa nyaguhi syaratipun cantrik Ragagati.
D1	Cantrik Ragagati malih dados Raden Gunungsari ingkang salajengipun perang mengsah Kraeng Mabengkak, wadya bala Bugis kalebet ugi pemimpin ingkang sanesipun (Kraeng Mabeluk, Dhaeng Malebah, Dhaeng Galebah, saha Kraeng Galengsong). Raden Gunungsari duka, perang kanthi gegaman keris.
E1	Wasana para pemimpinipun wadya bala bugis sami pejah sedaya, wadya bala Bugis sami bibar sedaya dipunkalahaken dening Reden Gunungsari.
F1	Penggalihipun Dewi Ragilkuning bingung nalika mangertos bilih cantrik Ragagati menika sejatosipun Raden Gunungsari saking Kedhiri.
G1	Tinimbang ginawa dening Raden Gunungsari, (Dewi Ragilkuning (Dewi Onengan) milih oncat saking papan ing pundi piyambakipun kasuwun nengga kaliyan Dudul saha Dulit. Sasampunipun ngakali Dulit saha Dudul supados pados toya kangge mijiki ndaranipun menawi mentas saking ungguling yuda, Dewi Ragilkuning sigra angles nedya ngupadi ingkang raka Dewi Sekartaji.
H1	Tindakipun sang Dewi Sekartaji kesakit-sakit sanget. Wiwit mijil saking praja dereng pirsu wonten ing pundi dunungipun Raden Panji.

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	Anggenipun ngulati namung anut jangkahipun suku. Sariranipun ngantos risak angganggang aking, rikma gimbal boten wonten ingkang nyureni, nyamping suwek rontal-rantil. Tindakipun rekaos sarwi ngemban putranipun ingkang taksih bayi. Sambatipun boten sanes namung ingkang raka, Raden Panji. Inggang putra namung muwun kemawon amargi kraos asrep nanging boten wonten ingkang saged dagem ngemuli. Amargi saking sayahipun saha kirang dhahar, sang Dewi kaluwen saestu, wasana dhawah kantaka. Inggang putra sansaya sora anggenipun muwun nanging boten wonten tiyang ingkang sumerep saingga boten wonten ingkang nulungi sang Dewi Sekartaji.
I1	Nalika suwanten bayi muwun menika dipunpadosi, dipuncelaki, Dewi Ragilkuning sansaya kagyat mangertos bilih ingkang muwun menika pulunanipun. Sansaya kagyat malih sareng pirsu bilih ingarsanipun wonten Dewi Sekartaji ingkang gumlethak tanpa sambat kados sampun dados layon, sang Dewi Ragilkuning (Dewi Onengan) njerit sarwi nubruk ingkang raka. Ngantos sawetawis wekdal anggenipun Dewi Sekartaji menika kantaka boten kemutan purwa duksina. Sanajan kanthi rawat waspa, Dewi Ragilkuning nengga ingkang raka. Penggalhipun tansah kuwatos lamun ingkang raka seda wonten ing samadyanipun wanawasa. Sanajan kanthi rawat waspa, ingkang raka dipunhoyog-hoyog supados enggal emut saking anggenipun kantaka.
J1	Dewi Ragilkuning sasampunipun saged mbodhoni punakawan kalih sarana kadhawuhan pados toya kangge wijikipun sang cantrik menawi sampun mentas saking ungguling yuda, sang Dewi nglimpekaken kalih abdi menika, lajeng mendra nedya ngupadosi Dewi Sekartaji. Tindakipun Dewi Ragilkuning nut jangkahipun ampeyan, nlasak-nlasak wana bebondhotan, nlasak-nlasak gegrumbulan, medhaki jurang, minggah wukir wonten ing salebetipun wana gung liwang liwung datan wonten sabawanipun jalma, ingkang wonten namung sato wana ingkang purun mangsa jalma, nanging sang Dewi penggalhipun sampun rila legawa kamangsa sato wana tinimbang kedah pisah kaliyan Dewi Sekartaji. Nalika tindak, dumadakan Dewi Ragilkuning kagyataken dening swantening bayi muwun, swantenipun menika kados swantenipun Panji Laleyan.
K1	Nalika sampun mentas ungguling yuda, Raden Gunungsari sigra ngracut warnanira dados cantrik malih. Lajeng enggal badhe manggihi Dewi Ragilkuning. Nanging sasampunipun dumugi panggenan nalika dipuntilar, Raden Gunungsari kagyat, sang Dewi Ragilkuning boten katingal, penggalhipun dados bingung sambat ngaruara.
L1	Boten dangu sasampunipun, Dewi Sekartaji wungu, kagyat sareng pirsu Dewi Ragilkuning sampun wonten ing sacelakipun. Kekalihnya lajeng sami imbal wacana. Nalika Dewi Sekartaji saha Dewi Onengan nembe eca anggenira imbal waca na dumadakan kagyat dening rawuhipun Sang Hyang Girinata.

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	Sareng unuinga bilih karawuhan Sang Hyang Narada enggal sami nyungkemi sarwi munjuk. Sasampunipun utusanipun Hyang Utipati mangertos menapa ingkang nyebabaken Dewi Sekartaji saha Dewi Onengan mendra saking praja ngantos dumugi wanawasa menika saha menapa ingkang dipunkajengaken kekalihnya menika, Hyang Narada paring pitulungan. Dewi kekalihnya menika dipunpuja dados kakung. Dene putranipun, Panji Laleyan, kaasta dening Jawata menika. menjang badhe kaparingaken nalika Panji Laleyan sampun diwasa.
M1	Sasampunipun katilar dening Dewi Ragilkuning, gesangipun Raden Gunungsari katulatula katali. Tindakipun ing wanawasa namung kadherekaken dening punakawan kalih (Dulit saha Dudul). Penggalhipun sanget anggenipun sungkawa, malah saged dipunwastani ajur mumur. Nalika nglajengaken lampah, dumadakan kapiyarsa suwantenipun surak wadya bala. Saya celak suwantenipun surak sansaya cetha, nanging sanajan cetha suwantenipun nanging barisan ingkang sora menika boten katingal, malah raosipun sansaya dangu sansaya tebih.
N1	Raden Gunungsari nedya ngupadosi swantenipun wadya bala menika saking pundi. Saya dangu sansaya kepireng malih malah lajeng katingal bilih ingkang surak menika wadya bala Kedhiri. Sareng celak lajeng sami gapyuk saking remenipun. Kalajengaken kabar kinabaran nyariyosaken lelampahanipun. Raden Gunungsari bingah sanget nalika angsal lapuran saking Patih Jayabadra bilih putra Jenggala ugi sampun kepanggih, pramila Raden Gunungsari enggal badhe sowan.
O1	Midhanget aturipun Demang Pulung bilih Dewi Sekartaji dipunpendhet garwa dening nata Bali, penggalhipun sang Prabu duka sanget nanging sinamur ing samudana, malah dhawuh siyaga ing yuda badhe ngrabasa nagari Bali. Wadya bala Parangkencana ugi enggal samekta ing yuda sagegamanipun. Sareng sedaya sampun samekta, lajeng dipunbidhalaken.
P1	Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning ingkang sampun malih dipunpuja dados kakung kanthi asma Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma, kekalhipun menika angsal dhawuh saking Hyang Narada supados suka pitulungan dhumateng raja bali ingkang nembe nandang sungkawa. Raja ing nagari Bali menika gadhah putri sulistya linangkung, kathah para raja sarta para satriya ingkang ngersakaken ndadosaken garwa. Para raja menika meksa sanget anggenipun nyuwun kapundhut mantu dening raja Bali, nanging amargi ingkang nglamar menika kathah sanget temtunipun ndadosaken bingung penggalhipun sang raja. Wasananipun para raja menika badhe ngrabasa nagari Bali badhe kadadosaken karang abrit.
Q1	Sedaya pengalamaniipun Demang Pulung kaaturaken dhumateng sang Prabu, malah radi keladuk anggenipun matur. Demang Pulung ngaturaken bilih Dewi Sekartaji ugi sampun dipunpendhet garwa dening

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	nata Bali.
R1	Raden Klana Madubrangta saha Raden Klana Madukusuma kepanggih kaliyan raja Bali, Prabu Suryalelana, ingkang nalika semanten sang raja nembe mindha janma sudra lelana ngupadosi sinten ingkang saged lumawan mengsah para raja sewu negara. Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma sagah paring pitulungan ngunduraken mengsah sewu negara, lajeng sami kondur dhateng nagari Bali.
S1	Demang Pulung sesarengan kaliyan para patih saha wadya bala Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari tindak dhateng negara sabrang. Dumugi nagari sabrang (Parangkencana) dipunpapag dening Raden Kudanawarsa saha Raden Kudanawratsangka. Salajengipun para putra saking Jawa sampun sami kepanggih kaliyan para putra Parangkencana, sami suka penggalhipun, kalebet para wadya balanipun.
T1	Para ratu sewu nagari duka nalika mangertos bilih sang Prabu Suryalelana sampun pikantuk pitulungan saingga sedaya sami muntab duka. Raja sewu negara lajeng nabuh tengara perang badhe nggempur nagari Bali.
U1	Ing salebetipun paprangan antawisipun nagari Bali kalayan sewu negara, prajurit negara Bali temtunipun kalah amargi wadya bala sanegara kok mengsah sewu nagari, temtu kemawon karoban cacah, saingga kathah ingkang pejah menapa ugi nandhang tatu.
V1	Satriya kekalih duka sanget nalika priksa bilih wadya bala Bali kasoran, lajeng majeng ngginakaken senjata saking Hyang Narada, salajengipun kadya jawah panah Sarutama saha Ardhadhedhali. Bibar sedaya wadya bala sewu negara kadhawahan panah saking langit, kathah ingkang pejah. Inggang taksih gesang lajeng mlajar ngungsi, wasana para raja ingkang taksih gesang sami nungkul dhumateng Bali.
W1	Ing kadhaton Bali dipunwontenaken pahargyan ageng, sepisan mahargya dhaupipun Raden Klana Madubrangta kaliyan sang raja putri Bali, kaping kalih mahargya anggenipun mentas ungguling yuda, saha ingkang kaping tiga mahargya jumenengipun nata Raden Madubrangta wonten ing Bali. Wondene Prabu Suryalelana salajengipun ambegawan wonten ing pucuking wukir.
X1	Ki Jarudeh saha Ki Prasanta wasana dumugi ing Bali. Pasuwitanipun dipuntampi dening sang Prabu Madubrangta, asmanipun dipungantos dados ki Palang saha Ki Pulung.
Y1	Sang Prabu Madubrangta nandhang sungkawa sasampunipun miyarsa aturipun Ki Palang saha Ki Pulung. Sungkawa penggalhipun amargi ngantos dinten menika dereng pikantuk wonten ing pundi dunungipun sang Panji.
Z1	Sang nata Bali, Prabu Madubrangta duka marang Demang Pulung amargi rikala enjing kaliyan sonten boten sowan ing ngarsanipun Prabu Madubrangta.

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
A2	Demang Pulung dipuntundhung dening sang Prabu Madubrangta. Ingatasipun sampun nyuwun pangapunten nanging demang Pulung malah dipuncemethi. Wasana Demang Pulung kesah saking nagari Bali. Kesahipun menika kiyambak amargi Demang Palang boten kersa dipunajak. Tindakipun Demang Pulung ing wana malih dados sengaja nyedhaki menawi wonten macan, kersanipun kajenge dipunmangsa dening macan galak utawi sato ingkang sanesipun amargi rumaos sampun boten kiyat gesang ing alam donya.
B2	Demang Palang tetep wonten ing Bali, boten kersa ndherek Demang Pulung ingkang dipuntundhung dening Prabu Madubrangta. Piyambakipun rumaos boten klentu, ingkang klentu Demang Pulung.
C2	Dumadakan Demang Pulung mireng suwanten tanpa pirsu tiyangipun, menawi ngersakaken raharja Demang Pulung kadhawuhan tindak dhateng nagari sabrang. Samangke menawi negara sabrang nggecak nagara Bali, Demang pulung saged males wirangipun. Samuksanipun sang Jawata, Demang Pulung enggal tindak dhateng Sabrang.
D2	Wonten ing sabrang, Demang Pulung remen sanget amargi saged kepanggih kaliyan patih Jenggala, patih Ngurawan, patih Kedhiri, saha patih Singasari.
E2	Sang Prabu Madubrangta kagyat awit wontenipun peksi garudha ingkang agengipun boten limrah. Sang Prabu sigra ngasta gendhewa sarta jemparing, garudha sigra jinemparing sakala sirna sang garudha. Sasirnanipun garudha menika lajeng wonten Jawata mangedjawantah Hyang Pancaresi. Garudha menika sejatosipun Hyang Pancaresi ingkang kasiku ing Bathara malih dados garudha.
F2	Salajengipun Sang Hyang Pancaresi suka wewarah dhumateng sang Prabu bilih sang Panji menika taksih wonten ing <i>tanah</i> sebrang, wonten ing nagari Parangkencana. Sang Panji kadhaupaken kaliyan putrinipun sang raja ingkang paling sepuh, inggih menika Dewi Nawangwulan. Samangke taksih wonten putranipun Prabu Basunanda ingkang langkung sulistya malih. Sapungkuripun Jawata, sang satriya enggal bidhal badhe tindak dhateng nagari Parangkencana kanthi kadherekaken dening Ki Sebul saha Ki Palet.
G2	Sasampunipun dugi wonten ing nagari Parangkencana, Raden Wangsengsari kaaturan tindak dhateng pancaniti dening sang Prabu Basunanda. Sang Prabu sumerep piyambakipun wonten ing pasewakan. Salajengipun Raden Wangsengsari kepanggih kaliyan Raden Panji inukertapati wonten ing dhatulaya. Raden Panji Wangsengsari sasanesipun nyariosaken Rama saha ibu ugi nyariosaken bilih Dewi Sekartaji lolos saking praja sedyanipun badhe madosi Raden Panji Inukertapati. Raden Wangsengsari kaaturan makuwon wonten ing Sitihinggil, wonten ing mriku sami pista andrawina kalayan para mantri, samya kasukan nutug.
H2	Dewi Nawangsari tansah nandang brangta sanget dhumateng Raden

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	Wangsengsari (Raden Sinompradapa). Rina pantara ratri namung tansah kemutan dhumateng Raden wangsengsari.
I2	Dewi Purnamasidhi saha Raden Wangsengsari pepanggihan wonten ing taman sari ing wayah dalu. Sesambetan an antawisipun Dewi Purnamasidhi kaliyan Raden Wangsengsari menika damel rena penggalhipun Prabu Basunanda. Sang Prabu sampun uninga bilih menika pancen sampun dados jatukramanipun.
J2	Prabu Madubrangta nalika semanten nandang wuyung enget marang ingkang raka sang Panji Inukertapati, awit saking menika tansah semedi nenuwun sihing Hyang Manon.
K2	Dumadakan Hyang Narada rawuh medhak saking langit nalika sang Prabu Madubrangta nembe semedi. Hyang Narada suka pitedah bilih boten dangu malih watara setengah wulan saged kepanggih malih kaliyan Raden Panji Asmarabangun.
L2	Sato cacahipun tiga ingkang dipunpasrahi bayi dening Sang Hyang Narada sumerep wonten barisan wadya bala ingkang badhe nunjang, wasana sato menika ngamuk. Kagyat ingkang sami baris dipunsruduk dening sato cacahipun tiga menika. Wadya bala sami boten saged nandhingi pangamukipun sato menika, lajeng caos atur dhumateng Raden Panji.
M2	Sang Hyang Narada tumedhak ngemban putra (Panji Laleyan) nedhaki satriya tiga. Satriya menika dipunpasrahi supados njagi lare ingkang dipunbeta dening Hayang Narada menika. satriya menika ing antawisipun inggih menika Raden Kartala, Raden Andaga, saha Raden Wirun. Supados langkung gampil, satriya tiga menika dipunpuja dados sato. Raden Kartala dados Banteng Wulung, Raden Andaga dados menjangan Wulung, wondene Raden Wirun dados Kidang Ijem.
N2	Prabu Madubrangta ngawontenaken pasowanan lajeng ngendika bilih piyambakipun nembe angsal wewarah saking Jawata bilih boten dangu malih bakal katekan mengsah, kirang langkung setengah candra malih mesthi rawuh. Saingga sang Prabu dhawuh supados sedaya wadya bala Bali sami siyaga ing yuda mapag mengsah. Salajengipun Sang Prabu paring dhawuh marang Patih Jayengtilam supados damel pakuwon wonten ing ara-ara Sundari, pakuwonipun kedah sae kados kedhaton, dipunsukani taman ingkang asri saha sapanunggilanipun, kajengipun menawi mengsah penggalhipun tentrem samangke saged gampil dipunkalahaken.
O2	Raden Panji medhak saking jempana sarwi amenthang gendewa, jemparing tumepas ngengingi anggitanipun para sato tetiganipun menika. sakala badhar ingkang sami mindha wangsul dados satriya malih. Sigra atur pangabekti dhumateng Raden Panji sarwi ngaturaken bayi, inggih Panji Laleyan.
P2	Sasampunipun maos serat saking Dewi Sekartaji, Raden Panji dados nandhang sungkawa saha brangta enget dhumateng garwanipun, Sang

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	Dewi Sekartaji, saking anggenipun nandhang sungkawa ngantos supe dhahar kaliyan nendra.
R2	Sasampunipun sami dumugi wonten ing pakuwonipun piyambak-piyambak, sami nengga perang dipunwiwiti. Sasampunipun sawetawis wekdal sang Panji nengga nanging perang dereng enggal dipunwiwiti, sang Panji andheseg nawala dhumateng sang raja Bali, kados pundi kersanipun. Isinipun nyuwun pirsu, raja Bali menika sios ngajak perang menapa ngajakbedamen kajengipun tentrem. Menawi ngajak bedhamen. Menawi ngajak bedhamen kedah enggal masrahaken Dewi Sekartaji dhumateng sang Panji. Patih Jayengtilam duka sanget mangertos isinipun nawala saking sang Panji. Lajeng enggal ndhawuhi supados enggal mbalesi serat saking sang Panji. Sapungkuripun duta kalih saking nagari Parangkencana, sang nata Bali enggal dhawuh supados sagung wadya bala sami siyaga ing yuda. Isinipun serat walesan menika ngala-ala sanget dhumateng sang Panji. Sareng miyarsa isinipun serat, sang Panji duka sanget, lajeng dhawuh supados enggal sami siyaga sikep gegamanipun.
S2	Saking usulipun Patih Jayengtilam, ingkang magut yuda wonten ing perang menika sanes wadya balanipun nanging nata menapa ugi para satriyanipun. Salajengipun Patih Jayengtilam nantang sang Panji Asmarabangun supados majeng tandhing kaliyan piyambakipun. Sang Panji duka sanget mireng panantangipun Patih Jayengtilam, nanging sang Panji ngendika boten sudi tandhing lawan patih.
T2	Salajengipun ingkang majeng inggih menika nata Ternate saha nata saking Trengganu, nanging sedaya tansah kasoran dening patih Jayengtilam.
U2	Dinten salajengipun katerasaken, nanging sedaya satriya Jenggala sami kasoran mengsah patih Jayengtilam.
V2	Gantos ingkang majeng para nata. Para ratu ing Bali mengsah para Ratu ing Parangkencana. Semanten ugi para putri garwanipun sang Panji ugi sami majeng mengsah para putri garwanipun Prabu Madubrangta saha Reden Madukusuma.
W2	Para putri ing Parangkencana tansah kasoran dening para putri saking Bali. Raden Panji nalika sineba dening sagung wadya bala ingkang taksih gesang miwah para ratu sarta patih sami menggaliaken anggenipun kasoran. Sang Panji dhawuh ngaturaken nawala dhumateng raja Bali, isinipun bilih ngenjang badhe ngedalaken para prajurit wanita.
X2	Dewi Tejaningrat saking pihak Bali ngraosaken sungkawa awit sedanipun ingkang rama. Lajeng dipunlelipur dening sang Prabu. Para garwanipun nata ing Bali ingkang nembe mentas magut yuda ugi sami anglelipur penggalih malah samya kasukan amargi anggenipun magut yuda boten kasoran, kepara malah unggul. Salajengipun sami kasukan nabuh menapa ugi miyarsakaken ungelipun gegendhingan.
Y2	Dinten salajengipun sang Dewi Nawangwulan sampun siyaga ing yuda

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	ngirit para putri prajurit sami tindak wonten ing dharat. Boten dangu sampun tempuk kaliyan para putri ing Bali, dados perang rerempon.
Z2	Sang Panji ingkang mirsani perangipun prajurit wanita tansah gumun amargi solahipun prajurit putri ing Bali persis kados solahipun prajurit putri Jenggala, ugi mirip kaliyan putri Kedhiri.
A3	Dinten salajengipun Dewi Kencanawungu ngedali yuda, menika katindakaken kanthi kersanipun sang Dewi Kencanawungu kiyambak. Ancasipun supados sang Panji lajeng dhawuh supados Dewi Nawangwulan, saingga saged tandhing yuda mengsah Sang Dewi Kencanawungu. Kanthi cara mekaten paprangan enggal wonten ingkang kasoran. Dewi Kumarawati garwa padminipun sang patih sarta para putri sedaya sampun sami ngasta jemparing, para garwa sami kinen sesumbar nyumbari para putri ing Parangkencana supados enggal ngedali yuda.
B3	Dewi Nawangwulan tandhing mengsah Dewi Kencanawungu, wondene Dewi Purnamasidhi mengsah Dewi Kumarawati. Perangipun regeng sanget ngantos dangu dereng wonten ingkang kasor menapa ugi ingkang unggul. Para putri inggih inggih lajeng sami magut yuda, pados mengsah kiyambak-kiyambak.
C3	Perangipun para putri Parangkencana tansah kasoran, damel lingsemipun sang Panji. Sang Panji bingung penggalhipun dene perangipun tansah kasoran. Lajeng Sang Panji nimbali abdinipun ingkang asmanipun Ki Bancak. Sang Panji nyuwun pirsu ngengingi kelemahanipun nata Bali. Nanging ki Bancak boten mangertos amargi sampun katundhung dening nata Bali. Lajeng nimbali Ki Dhoyok ingkang taksih ngabdi wonten ing Bali. Ingkang dipundangu matur bilih menika dereng wancinipun, sang Panji kasuwun sabar. Sanalika sang Panji enget, enggal semedi nenuwun dhumateng Jawata.
D3	Dinten salajengipun sang Panji badhe ngedali magut yuda, wadya bala kadhawuhan tata gelaring yuda sikep gegamanipun perang. Menika ndadosaken sang patih ing Bali kagyat, dene mengsahipun sampun nabuh tengaraning perang. Ki Patih Jayengtilam sigra dhawuh nimbangi tengaraning perang. Lajeng Ki Patih Jayengtilam ngedali yuda sigra sesumbar nantang tiyang Parangkencana dipunajak perang tandhing setunggal padha setunggal.
E3	Raden Gunungsari miyarsa panantangipun mungsuh sigra majeng ngedali yuda tandhing mungsuh patih Jayengtilam. Raden Gunungsari waspada mulat sasolahipun patih Jayengtilam boten wonten bedanipun kaliyan solahipun Dewi Ragilkuning.
F3	Pungkasanipun nalika patih Jayengtilam mlebet pura, cinandhak dening Raden Gunungsari sakala badar patih Jayengtilam dados Dewi Ragilkuning.
G3	Sang Prabu Madubrangta mijil ngedali yuda tandhing kalayan sang

Tabel Salajengipun

No	Katrangan
	Panji Inukertapati ingkang sarwi ambopong putranipun, Panji Laleyan. Prabu Madubrangta nyuduki sang Panji nanging tinangkis sarana putra bayinipun. Prabu Madubrangta lumajar manjing pura den bujung dening sang Panji, sakala badar kondur dados Dewi Sekartaji.
H3	Sang Panji remen sanget penggalhipun lajeng sami rerangkalan kados nalika dereng lolos saking praja Jenggala, lajeng kondur tindak Jenggala. Sedaya para nata sekawan negara sami suka parisuka dene sang Panji sampun kepanggih sami basuki, lajeng sami pista andrawina ngantos nutug, damel sukanipun wadya bala sekawan nagari.

Katrangan:*Konflik**Komplikasi**Klimaks**Pemecahan/ penyelesaian**Introduksi*

Alur utawi *plot* menika gegayutan kaliyan urutan prastawa ing salebetipun karya sastra menika. Antawisipun satunggal prastawa kaliyan prastawa sanesipun saged dipuntingali gegayutanipun ing salebeting panyeratanipun alur menika. Supados langkung cetha *kronologis* saha gegayutan antawisipun satunggal prastawa kaliyan prastawa ingkang sanesipun, kadamel bagan saha *kurva* kados ingkang sampun kacawisaken.

Tahap awal satunggalipun cariyos biasanipun dipunwastani minangka tahap pitepangan. Isinipun ngengingi mapinten-pinten *informasi* wigatos ingkang wonten gegayutanipun kaliyan maneka warni bab ingkang badhe kaandharaken ing tahap salajengipun. Kanthi nggatosaken *bagian* 1 menika saged dipunmangertosi ing perangan awal saking cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* bilih perangan A menika nepangaken wontenipun negari cacahipun sekawan (Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, saha Singosari), ugi nepangaken paraga-paraga utama (Dewi Candrakirana saha Raden Panji Asmarabangun) saha paraga tambahan (Sang Wiku Dewi Kilisuci, Prabu Lembuamiluhu, Prameswari, Dewi Candrakirana, saha Panji Laleyan).

Perangan B menika nepangaken wontenipun negari Parangkencana kanthi raja asmanipun Prabu Basunanda, gadhah patih asmanipun Basukethi. Perangan B menika ugi ngandharaken *penokohan* paraga-paraga menika sawadya balanipun. Sasanesipun menika ugi nepangaken paraga Dewi Nawangsasi (Nawangwulan), Dewi Nawangsari, Raden Gagatan saha Raden Jajaran minangka para putranipun Prabu Basunanda. Ing cariyos menika saged dipunmangertosi bilih ing perangan awal menika pengarang ngandharaken gegambaraning para paraganipun saha

konflik ingkang wigatos tumrap lampahing cariyos salajengipun. *Konflik* menika kagambaraken ing bagan 1 menika kanthi perangan C, D, E, saha H. *Konflik* C inggih menika *konflik* nalika sang Prabu Lembuamiluhur ngawontenaken pahargyan kangge amiwaha miyosing wayahipun nanging sampun langkung saking selapan dinten Sang Wiku Dewi Kilisuci dereng rawuh tindak negari Jenggala. Menika damel kuwatos penggalhipun Sang Prabu Lembuamiluhur. Saged dipunmangertosi saking pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

Sang Prabu Lembuamiluhur banjur nimbali rekyana Patih Kudanawarsa. Bareng wis sowan ana ngarsane, sang Prabu ngandika, “Kakang Patih, miyose wayahku iki harak wis ana selapan dina malah kepara luwih. Nanging Kakangmbok Wiku kok durung ana rawuh iki ana apa? Wis daktaliti rasane kaya aku ora darbe kaluputan marang Kakangbok Dewi nanging kok nganti dina iki Kakangbok ing Pucangan kok durung kersa rawuh, iki kang dadekake kurang kepenake penggalihku, kakang Patih.” (Djaka Lodang, No. 15 kaca 2)

Salajengipun, sanajan sampun dipunngendikani dening Patih Kudanawarsa bilih saged ugi ing padhepokanipun sang Wiku nembe kathah tiyang ingkang nyuwun berkah menapa ugi pitulunganing sang Wiku Dewi saingga boten saged enggal rawuh. Nanging Sang Prabu boten sabar malih amargi sampun langkung saking selapan dinten awit miyosing wayahipun, saingga Sang Prabu dhawuh marang Patih Basukesthi supados ngaturi Sang Wiku Dewi Kilisuci enggal rawuh tindak Jenggala saperlu paring berkah marang wayahipun. Perangan menika saged dipuntingali ing pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

“Nanging iki wis luwih saka selapan dina laire si jabang bayi putrane kaki Panji, nanging Kakangmbok kok durung rawuh menyang negara. Mula sira dakutus menyang Padhepokan Pucangan iya gunung Selamangleng, sowan Kakangmbok Dewi, aturana rawuh menyang negara Jenggala perlu paring berkah wayahku iya si jabang bayi iya si Panji Laleyan. (Djaka Lodang, No. 15 kaca 2)

Perangan ingkang salejengipun inggih menika perangan D minangka konflik ingkang wigatos ugi kangge lelampahaning cariyos. Perangan menika ngandharaken bilih sang Wiku Dewi Kilisuci menika nyupena ingkang damel kuwatos penggalhipun. Perkawis menika ingkang nyebabaken kiyambakipun dereng rawuh tindak Jenggala. Bab menika saged dipuntingali ing salebetipun pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

“Ooo yatalah Patih. Sajatine upama ora ditimbali aku iya mesthi sowan, jer aku iki senajan ana ing gunung nanging iya isih kawisesa ing ratu, dadi aku iki iya duwe kewajiban kudu sowan ing ngarsane Yayi Prabu. Nanging anggonku durung sowan iku jalaran ana dina wengi kepungkur aku antuk pasupenan kang gawe kuwatiring penggalihku, Patih.” (Djaka Lodang, No. 15 kaca 2)

Ing salebetipun pasupenan menika sang Wiku Dewi Kilisuci pirsia bilih ing negari Jenggala banjir ngantos keblan toya. Boten wonten ingkang kentir kejawi pulunanipun, Sang Panji Inukertapati. Boten wonten ingkang saged nulungi, Dewi Candrakirana ugi boten saged, lajeng kepeksa kondur. Boten dangu salajengipun, wonten bahita ageng rinengga-rengga asri lembak-lembak ingkang nyandhak sang Panji. Ing salebetipun bahita menika boten wonten ingkang nitihi, namung wonten satunggaling wanodya ayu linangkung. Wanodya menika lajeng nyandhak astanipun sang Panji lajeng dipunbeta tindak ngaler ngilen, boten mangertos dunungipun. Perkawis menika saged dipuntingali ing data ngandhap menika.

“Ana ing sajroning pasupenan aku sumurup negara Jenggala banjir nganti keblan banyu, ora ana kang ketir keli iku kejaba mung putraku kaki Panji kang katut ilining banjir, ora ana kang bisa nulungi. Nini Candrakirana bareng sumurup lamun garwane kentir banyu karepe iya banjur arep nulungi, nanging tangane kang ngranggeh-ngranggeh iku ora bisa nyandhak, banjur kapeksa bali. Ora suwe saka kadohan banjur katon ana prau gedhah kang rinengga-rengga asri lembak-lembak kompal-

kampul nyedhaki panggonane kaki Panji kentir. Ing prau kono ora ana kang nitihni kejaba mung sawijining wanodya ayu linuwih, wanodya iku banjur nyandhak astane kaki Panji lan banjur ginawa lunga parane ngalor ngulon, embuh menyang endi parane.”
(Djaka Lodang, No. 15 kaca 49)

Konflik ingkang salejengipun kaandharaken ing bagan 1 kanthi perangan E ingkang ngandharaken konflik nalika putrinipun Prabu Basunanda ingkang asmanipun Dewi Nawangwulan nyuwun kadhaupaken kaliyan satriya Jawa, Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun). Konflik menika kalajengaken pemecahan kanthi perangan F saha G. Sang Prabu Basunanda minangka tiyang sepuh ingkang rumaos gadhah kewajiban nduruti pepenginanipun sang putri, lajeng sang Prabu Basunanda badhe andhustha Raden Panji Asmarabangun utawi Raden Panji Inukertapati. Tumindak menika badhe dipunleksanani amargi sang Prabu gadhah pamanggih bilih temtunipun sang Panji boten kersa menawi dipundangu badhe dipunpundhut mantu saingga kedah dipundhustha. Perkawis menika saged dipuntingali ing data ing ngandhap menika:

“Bener aturmu Patih, mula saka kersaku aku nedya tindak menyang negara Jenggala saperlu aku arep nyolong satriya kang dadi impene nini Nawangwulan. Miturut kabare satriya iku bagus banget, malah ora ana kang madhani baguse. Satriya iku yen daktari arep dakpundhut mantu mesthi ora gelem, mula ora ana cara liya kejaba kudu dakcolong. Nanging sejatine aku iya durung ngerti ngendi dununge negara Jenggala, Kakang Patih.”
(Djaka Lodang, No. 16 kaca 2)

Prastawa ingkang kagambaraken ing perangan E menika kalajengaken kanthi perangan F saha perangan G. Perangan F menika ngengingi Sang Prabu Basunanda ingkang badhe andhustha Sang Panji kanthi mbeta wadya saking Bugis cacahipun enem. Lajeng Perangan G menika nedahaken wadya Bugis ingkang kadhawuhan njagi ing sakubengipun nagari Jenggala. Para wadya menika

sedyanipun saged ngrampungu damel menawi Sang Prabu Basunanda manggihi karepotan anggenipun dados maling, mbokmenawi damel nepsunipun wadya Jenggala. Bab menika kados ingkang saged dipunmangertosi saking pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

Sawise sawetara Prabu Basunanda banjur ngandika maneh,” ... Aku nedya tedhak marang negara Jenggala, aku mundhut wadyaku saka Bugis mung enem wae cacahé. Dene wadya Bugis liyane padha pacaka baris ana sakubenge negara Jenggala kanggo anjaga mbokmenawa ana karepotane olehku dadi maling lan gawe nepsune wadya Jenggala, barise bocah Bugis iku mesthi bisa ngrampungu gawe. Sakubenge ngegara Jenggala jaganen, yen ana pawongan kang liwat mlebu metu negara kudu dibalekake ora kena liwat tapel watese negara Jenggala, yen ana kang ambanda kalani iya dirampungu wae.”

Saking *konflik* ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi titikan huruf C, D, E menika, kalajengaken satunggalipun *konflik* pokok ingkang nyebabaken *konflik-konflik* ingkang salajengipun. *Konflik* menika ngandharaken nalika Panji Asmarabangun dipundhustha dening Prabu Basunanda. Sang Panji dipunbeta ing Parangkencana. Ing bagan *konflik* menika kagambaraken kanthi titikan huruf H. Perkawis menika ingkang dados sebab saking sedaya perkawis ingkang wonten salajengipun.

Perkawis Raden Panji Inukertapati utawi Raden Panji Asmarabangun ingkang dipundhustha menika nuwuhaken akibat tumrap ingkang wonten ing negari Jawa (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) menapa ugi ing negari Parangkencana. Akibat-akibat menika kagambaraken kanthi *kronologis* ing salebetipun bagan 1. Akibat ing pihak negari Jawa (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) kagambaraken ing bagan menika wiwit saking perangan I saha perangan J. Perangan I menika ngengingi Dewi Candrakirana ingkang arsa suduk

sarira amargi nalika wungu boten manggihaken Raden Panji Asmarabangun, anduga bilih sang raka murca saking praja. Nanging saderengipun suduk sarira, Dewi Candrakirana saged dipunpambengi dening Dewi Ragilkuning. Wondene perangan J menika ngengingi tiyang sakedhaton ingkang sami geger amargi icalipun Raden Panji Asmarabangun. Kalajengaken wonten ingkang lapuran dhumateng Prabu Lembuamiluhur. Menika damel kejoting sang Prabu, langkung-langkung sang Prameswari enggal sami rawuh ing kasatriyan. Para ari nata dalah para garwanipun sami rawuh wonten ing kedhaton. Penggalhipun sang Prabu saha Prameswari tansah kieranta-ranta sasampunipun midhangetaken cariyosipun Dewi Ragilkuning ngengingi sebabipun Dewi Candrakirana badhe nganyut tuwuh. Salajengipun sang Prabu menggaliaken anggenipun badhe madosi sang Panji. Wadya bala sampun siyaga, nanging dereng ngantos dipunbidhalaken kasaru rawhipun Dewi Kilisuci. Midhanget cariyosipun sang Prabu, Dewi Kilisuci ngraos karanta-ranta penggalhipun. Kalajengaken Dewi Kilisuci kanthi andhap asor suka pitedah saha pamanggih ngengingi icalipun Raden Panji Inukertapati. Bab menika saged dipuntingali ing pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

Angandika sang Wiku putri, “Adhuh yayi aji, sepinten daya kula sipating wanita, temtu boten saged nyameni yayi Prabu. Nanging kula sagedipun inggih namung wewarah ingkang kula mangertosi, jer sedaya menika sampun wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi. Bab icalipun pulunan kula kaki Panji menika mila wonten ingkang ambekta inggih menika satunggaling Ratu saking tanah sabrang, ratu gung binathara digdaya sura sekti mandra guna sugih wadya bala sugih rajabrana, kineringan sasaminipun ratu jalaran saking kadigdayanipun. Dene anggenipun andhustha pun kaki Panji jalaran ginubel ing putranipun putri. Sang prabu menika darbe putra putri ayu linangkung ingkang kepengin kagarwa dening pulunan kula pun kaki Panji, marma

lajeng amothah dhateng ramanipun nyuwun kadhaupaken kalayan pun Panji.....”
 (Djaka Lodang, No. 18 kaca 51)

Wonten ing pethikan cariyos ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sang Wiku Dewi Kilisuci paring pitedah bilih sedaya ingkang kadadosan menika wanci sampun dados kersanipun Bathara. Ngandharaken bilih ingkang mbekta sang Panji inggih menika ratu saking sabrang ingkang sekti mandraguna. Anggenipun ndhustha sang Panji menika amargi wonten putrinipun ingkang kepengin kagarwa dening Sang Panji.

Sang Dewi Kilisuci ugi ngaturi supados para rayinipun boten perlu kuwatos amargi sang Panji menika sejatosipun badhe manggih raharja, malah badhe manggih kanugrahan saged angsal nagari sarwi amboyong putri. Ngandharaken bilih sejatosipun sang Panji menika boten perlu dipunpadosi. Sanajan dipunpadosi boten kepanggih, tembenipun badhe kondur kiyambak. Sasanesipun menika sang Dewi Kilisuci dhawuh supados para rayinipun menika sampun ngantos lena amargi badhe wonten bebaya ingkang andhatengi. Bab menika saged dipuntingali ing pethikan cariyos ing ngandhap menika.

“Kados mekaten kawontenanipun pulunan kula pun kaki Panji. Nanging sejatosipun sedaya menika samenika taksih ginaib, kula boten saged medharaken menapa ingkang badhe kalampahan, jer taksih dados kekering Bathara, kula ajrih lamun amedharna. Kula boten wenang medharaken wonten pundi dunungipun. Namung yayi aji boten sisah kuwatos jer pulunan kula kaki Panji manggih raharja, malah badhe manggih kanugrahan saged angsal negari sarwi amboyong putri. Mila yayi aji sarta sedayanipun botensah sungkawa ing galih, jer kaki Panji menika satriya utama, badhe angsal praja tur angsal garwa. Sajatosipun icalipun kaki Panji boten perlu dipunpadosi. Senajan dipunpadosi boten kepanggih, nanging tembenipun badhe kondur pribadi. Kejawi menika para yayi aji sekawan pisan sampun ngantos sami tilar kaprayitnan, jer taksih badhe wonten bebaya ingkang andhatengi. Nanging bab menika

samenika taksih ghaib, mila kula dereng wantun amedharaken, ajrih sesikuning Bathara. (Djaka Lodang, No. 18 kaca 51)

Saking pethikan cariyos ing nginggil menika saged dipunmangertosi ugi bilih sang Dewi Kilisuci dereng wantun medharaken bab ingkang badhe mbebayani menika amargi ajrih saking sesikuning Bathara. Sasampunipun menika sang Dewi enggal pamit wangsul ing Pucangan.

Menawi ing Jawa, sami ngraosaken sungkawa beda kaliyan ingkang kedadosan ing negari Parangkencana. Saking bagan 1 menika saged dipunmangertosi saking perangan K. Perangan menika ngandharaken perkawis nalika sang Raden Panji Asmarabangun kagayat amargi nalika wungu manggihaken piyambakipun sampun boten wonten ing pasareyanipun, boten manggihaken Dewi Sekartaji. Lajeng nyuwun pirsu kaliyan Dewi Nawangwulan ingkang wonten ing sacelakipun. Lajeng Dewi Nawangwulan ngaturaken ngengingi sebabipun sang Panji wonten ing panggenan menika. Sang Dewi ugi nyariyosaken bab pasupenanipun. Ing pasupenan menika Dewi Nawangwulan kepanggih kaliyan sang Panji lajeng dipunpendhet garwa. Dewi Nawangwulan mangertos bilih sang Panji sampun kagungan garwa, saingga Dewi Nawangwulan nedya badhe suwita marang garwanipun sang Panji. Menawi sang Putri Kedhiri boten kersa nampi pasuwitanipun, boten kersa nampi minangka emban menapa ugi parekan, Dewi Nawangwulan badhe nganyut jiwa. Perkawis menika saged dipunmangertosi saking pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

Sang Dewi Nawangwulan matur wotsari, “Leres pangandika paduka Raden Panji, suwau paduka mila sare wonten ing Jenggala, nanging samenika paduka sare wonten ing negari Parangkencana. Milanipun kados mekaten jalaran paduka kadhustha dening tiyang sepuh kawula inggih menika nata ing Parangkencana Prabu Basunanda. Kanjeng rama

andhustha paduka jalaran saking pamothah kawula, jer nalika wonten pasupenan kawula kepanggih kalayan paduka sang Panji sarta lajeng paduka garwa. Kawula mangertos bilih paduka gusti Panji sampun kagungan garwa Sang Putri Kedhiri. Dene menawi Sang Putri Kedhiri meksa anampik dhateng pasuwitan kawula, boten kersa nampi kawula dados parekan utawi emban, inggih kawula nedya anganyut jiwa, tanpa guna gesang kawula wonten ing donya.”
(Djaka Lodang, No. 22 kaca 51)

Perkawis ing perangan K menika kalajengaken kanthi perangan O, perangan menika minangka solusi saking *konflik* saderengipun. Sasampunipun midhangetaken aturipun Dewi Nawangwulan, Sang Panji angles penggalhipun. Lajeng Dewi Nawangwulan kasuwun nimbali rama, ibu saha sedaya kadang kadayanipun supados rawuh ing ngarsanipun sang Panji. Pungkasaning pepanggihan menika, Sang Panji kersa nampi Dewi Nawangwulan minangka garwanipun. Menika saged dipunmangertosi kados ingkang wonten ing pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

Sang Panji ngandika alon, “Adhuh Putri kang tuhu ayu linuwih. Lamun kaya mengkono becik samengko rama ibunira dalah sakadang kadayanira padha timbalana mrene supaya ngadhep ingarsaku, aku kepingin uninga sapa sejatine sudarma miwah renanira. Dene mbesuk lamun sanyata sudarmanira masrahake sira marengake, sira ora mung dakanggep kadi pawongan utawa parekan, nanging sira dadi garwa minangka sisihane putri Kedhiri. Wis mara enggal timbalana wong atuwana miwah para kadangira tekaa mrene kabeh.” (Djaka Lodang, No. 22 kaca51)

Saking pethikan cariyos ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sang Panji ngendika menawi ramanipun sang Dewi Nawangwulan pancen masrahaken saha marengaken, sang Dewi boten namung dipunanggep pawongan utawi parekan, nanging badhe kapendhet garwa minangka sisihanipun putri Kedhiri. Sasampunipun rawuh ingarsanipun sang Panji, Prabu Basunanda ngaturaken nyuwun pangapunten amargi sampun mbeta sang Panji tidak dhateng

praja Parangkencana tanpa nyuwun palilahipun rumiyin. Sang Prabu Basunanda ugi ngaturaken bilih menawi Raden Panji kersa nampi, Dewi Nawangwulan dipunpasrahaken. Bab menika saged dipunmangertosi kados ingkang wonten ing pethikan cariyos ing ngandhap menika.

“..... Samenika sampun kelampahan kepanggih kalayan paduka Raden, pramila ing samngke yoga kula pun nini Nawangwulan menawi paduka Raden kersa nampi sumangga kula pasrahaken dhateng paduka.” (Djaka Lodang, No. 22 kaca 51)

Sang Panji mangsuli aris. Kersa nampi sang Dewi saha nampi kedadosan menika minangka kersanipun Jawata. Nanging salajengipun wonten *konflik* malih. *Konflik* menika kagambaraken ing bagan 1 menika kanthi perangan P. Sang Panji dereng saged kondur ing Jenggala amargi mangsanipun angin ageng, alunipun seganten taksih ageng, saged angeremaken baita. Ngendikanipun sang Prabu Basunanda, sang Panji kasuwun sabar nengga sawetawis enem wulan, nengga anginipun samodra lilih. Samangke badhe kadherekaken dening wadya bala Parangkencana ngantos dumugi negari Jenggala ing Jawa. Bab menika saged dipunmangertosi saking pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

Sang Prabu Basunanda ngandika, “Bab menika gampil angger Raden, boten sande paduka temtu kondur dhateng Jenggala. Namung andadosna kauningan paduka wekdal menika mangsanipun angin ageng nempuh samodra, aluning samodra kados ombak ingkang saged angeremaken baita. Mila prayoginipun paduka raden nengga sawetawis wulan antawis enem condra temtu angin samodra sampun lilih boten sanget ageng kados samenika. Inggih ing mangsa angin alit menika sanget prayogi kangge ngambah samodra, paduka saged kondur dhateng negari Jenggalamanik. Kondur paduka badhe kula dherekaken kanthi ngirit wadya bala ing Parangkencana ngantos paduka dumugi tanah Jawi negari Jenggalamanik.” (Djaka Lodang, No. 22 kaca 2)

Kasigeg menapa ingkang kedadosan ing Parangkencana, gantos ingkang wonten ing Jawa malih. Wonten ing bagan menika saged dipunmangertosi bilih

sasampunipun perangan J ingkang nyariyosaken kahananipun tiyang sakedhaton Jenggala samurcanipun sang Panji, kalajengaken perangan L. Perangan menika ngengingi *konflik* ngengingi Dewi Candrakirana ingkang lolos saking praja Jenggala badhe ngulari Raden Panji Asmarabangun utawi Raden Panji Inukertapati.

Alur kalajengaken malih kanthi wontenipun *konflik* enggal ingkang kagambaraken kanthi perangan M. Inggih menika ngengingi Dewi Ragilkuning ingkang lolos saking praja Jenggala badhe ngulari Dewi Candrakirana. Kalajengaken malih kanthi perangan N ingkang isinipun ngengingi usahanipun Sang Prabu Lembuamiluhur anggenipun madosi Sang Panji Asmarabangun, Dewi Candrakirana, saha Dewi Ragilkuning. Patih sawadya bala sarta para putra satriya negara Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari kadhawuhan ngupaya ngulari para putra ratu menika. Sasanesipun menika sang Prabu ugi dhawuh abdi/wulucumbu Jenggala ingkang asmanipun Ki Jarudeh saha Ki Prasanta.

Salajengipun saking bagan 1 menika saged dipunmangertosi bilih perangan N menika kalajengaken tigang perkawis enggal. Perkawis menika dipungambaraken kanthi titikan huruf Q, R saha S. Perangan Q menika ngengingi lelampahanipun Ki Jarudeh saha Ki Prasanta anggenipun madosi bendaranipun sasampunipun angsal dhawuh saking sang Prabu Lembuamiluhur. Salajengipun Perangan Q menika kados ingkang saged dipunmangertosi saking bagan 1 menika kalajengaken kanthi perangan T. Perangan T menika ngengingi *pemecahan* perkawis ingkang dipunadhepi dening Ki Jarudheh saha Ki Prasanta ingkang kesakit-sakit wonten ing samadyaning wanawasa. Kekalihipun angsal pitedah

saking Jawata supados mlampah mangetan ngantos dumugi negara Bali, salajengipun tiyang kalih menika kadhawuhan suwita dhumateng Prabu Madubrangta.

Perangan R ingkang kagambaraken ing bagan 1 menika ngengingi lelampahanipun Raden Gunungsari ingkang nilapaken misah saking para wadya bala Kedhiri, nedya ngupadosi Dewi Ragilkuning. Raden Gunungsari menika namung kadherekaken abdi cacahipun kalih ingkang asmanipun Dulit kaliyan Dudul. Lajeng Raden Gunungsari kepanggih kaliyan Resi Purwajati. Ing padhepokanipun Resi Purwajati menika Raden Gunungsari angsal pitedah saha piwarah. Wasana Raden Gunungsari nengga wonten ing padhepokanipun Resi Purwajati dumugi sawetawis wekdal. Menika kagolongaken minangka *konflik* amargi ing perangan menika Raden Gunungsari ngupadosi Dewi Ragilkuning ingkang banget dipuntresnani.

Perangan R ing bagan 1 menika kalajengaken perangan X. Perangan menika minangka gathuking perkawis ingkang kagambaraken kanthi perangan R kaliyan perkawis ingkang kagambaraken kanthi perangan M (Dewi Ragilkuning lolos saking praja Jenggala badhe ngulari ingkang raka, Dyah Candrakirana). Perangan X menika ngandharaken ngengingi Dewi Ragilkuning ingkang dumugi ing Padhepokanipun Resi Purwajati. Lajeng pikantuk pitedah ngengingi kahananipun Raden Panji saha Dewi Sekartaji. Raden Gunungsari nyamar dados cantrik kanthi asma Ragagati ingkang ala sanget werninipun supados saged nderekaken Dewi Ragilkuning.

Perangan N menika ugi kalajengaken kanthi *konflik* ingkang kagambaraken kanthi perangan S. Perangan S ing bagan 1 menika minangka *komplikasi* saking *konflik* icalipun Raden Panji Asmarabangun, Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning. Perangan menika ngengingi Para patih sekawan negari (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) sawadya bala madosi icalipun Raden Panji menapa dene lolosipun Dewi Sekartaji. Para patih sekawan nagari (Patih jenggala Ki Patih Kudanawarsa, Patih Kedhiri Ki Patih Jayasembadra, Patih Ngurawan Ki Patih Jayakacemba, saha Patih Singasari Ki Patih Jaksanegara) sawadya bala ingkang taksih mubeng-mubeng ing samadyaning ngalas, dereng pikantuk sisik melik wonten ing pundi dunungipun sang Panji menapa ugi sang Dewi Candrakirana. Perangan S ing bagan 1 menika kalajengaken kanthi perangan U. Perangan menika ngengingi perkawis enggal, inggih menika nalika para patih sekawan negara (Patih jenggala Ki Patih Kudanawarsa, Patih Kedhiri Ki Patih Jayasembadra, Patih Ngurawan Ki Patih Jayakacemba, saha Patih Singasari Ki Patih Jaksanegara) angsal lapuran saking Mantri Kudaantipeya (mantri sambang ingkang kajibah njagi wana ing tlatah Jenggala) bilih piyambakipun sumerep wadya bala ingkang kathah sanget saking brang kilen. Kadosipun wadya bala menika sanes tiyang Jawa, katingalipun kados tiyang saking tanah sabrang ingkang badhe magut yuda.

Ing perangan sanesipun, perangan G, ngandharaken lampahipun wadya Bala Parangkencana ingkang sami njagi ing sakubenging negara Jenggala. Mbokmenawa samangke wonten karepotan anggenipun Prabu Basunanda andhustha Raden Panji saingga damel nepsunipun wadya bala Jenggala. Perangan

G menika kagambaraken ing bagan 1 minangka salah satunggalipun *akibat* menapa ugi *pemecahan* nalika Dewi Nawangwulan mothah nyuwun kadhaupaken kaliyan Raden Panji Inukertapati.

Wonten ing bagan 1 menika saged dipunmangertosi bilih perangan G menika kalajengaken perangan V. Wadya bala menika kasumerepan dening Mantri Kudaantipeya (mantri sambang ingkang kajibah njagi wana ing tlatah Jenggala), lajeng dipunlapuraken dhumateng para patih sekawan negara (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, Singasari). Salajengipun saking bagan menika saged dipunmangertosi ugi bilih perangan U menika gathuk kaliyan perangan G wonten ing perangan V. Inggih menika ngengingi tukar paben nalika pepanggihan antawisipun wadya bala Parangkencana (wadya Bugis) kaliyan wadya bala Jenggala. Kalajengaken perangan W minangka *komplikasi* saking perkawis V. Inggih menika ngengingi perang regeng antawisipun wadya bala Bugis mengsah wadya bala sekawan negara (Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari). Salajengipun saking bagan 1 menika saged dipunmangertosi bilih perkawis ing W menika kalajengaken *klimaks* ingkang kagambaraken kanthi perangan Y. Perangan menika ngengingi perkawis wadya Jawa ingkang sansaya dangu sansaya kaseser amargi pancen kalah cacah, kalah rosa, saha kalah nekad tinimbang prajurit Bugis. Prajurit Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari sampun kathah ingkang pejah, lajeng sami mlajar mundur. Mulat wadya sekawan negara katingal kaseser yudanipun, patih Kudanawarsa banget dukanipun, lajeng badhe ngawaki magut yuda nanging saged dipunpambengi dening Patih Singasari.

Saking perangan Y menika kagambaraken bilih akibat saking perkawis menika wonten kalih. Ingkang sepisan (B1), menika ngengingi pemecahan saking perkawis ing perangan Y. Patih Kudanawarsa emut, lajeng dhawuh supados wadya balanipun mundur, tinimbang ketungkul perang, langkung prayogi nyimpang mergi. Lajeng sami liwat mergi sanesipun supados sampun ngantos kepanggih malih kaliyan mengsahipun. Wondene akibat satunggalipun malih ingkang kagambaraken minangka *konflik* ingkang wonten sasampunipun perkawis ing Y menika, inggih menika ingkang kagambaraken kanthi perangan A1. Inggih menika ngengingi perkawis enggal ingkang dipunalami dening wadya bala Bugis sasampunipun perang regeng kaliyan wadya bala Jawa (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari). Ngengingi lampahipun wadya bala Bugis saking negara Parangkencana sasampunipun mangertos bilih ratunipun sampun kondur. Wadya bala menika sedayanipun ugi kepengin wangsul. Nanging wadya bala menika boten mangertos mergi ingkang tumuju negara Parangkencana saingga sami bingung, saben dinten namung mubeng minger ing salebetipun wana. Kathah sato wana ingkang dipuncepeng, dipunolah kangge nedha, sansaya dangu sato ing wana menika sansaya telas saingga ngambah ing wana sakiwatengenipun.

Salajengipun, kados menapa ingkang kagambaraken ing bagan 1 menika bilih perangan A1 menika gathuk kaliyan perangan X ing perangan Z. Perkawis ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi titikan huruf Z menika inggih menika ngengingi wadya bala Bugis ingkang sumerep bilih ing wana menika wonten tiyang cacahipun tiga. Lajeng wonten ingkang nglapuraken bilih ing wana menika wonten tiyang kakung kalih, cantrik setunggal saha tiyang estri ingkang sulistya

setunggal. Mireng bilih wonten tiyang estri, wadya bala Parangkencana menika lajeng pating bedhigas badhe nyikep putri ayu ingkang kacariyosaken menika. Salajengipun cantrik Ragagati, Dewi Ragilkuning saha punakawan kalih (Dulit saha Dudul) sami lumajar mangertosi bilih wonten mengsah ingkang ngoyak. *Konflik* menika kalajengaken kanthi *komplikasi*, inggih menika ingkang kagambaraken kanthi titikan perangan C1. *Komplikasi* menika ngengingi Dewi Ragilkuning ingkang boten kuwawa mlajar malih, lajeng ngambruk ngelosod ing jurang kaliyan gereng-gereng napas ngos-ngosan kados ajeng pedhot. Lajeng nyuwun supados menawi Cantrik Ragagati wantun, kersaa nglawan wadya Bugis menika. Nanging Cantrik Ragagati gadhah syarat, kersa nglawan wadya Bugis menawi Dewi Ragilkuning kersa ngakeni cantrik Ragagati ethok-ethokipun minangka garwanipun. Dewi Ragilkuning bingung nanging tinimbang dipunbeta tiyang Bugis, Dewi Ragilkuning kersa nyaguhi syaratipun cantrik Ragagati. Perkawis menika kalajengaken puncak perkawis. Ing salebetipun bagan 1 menika kagambaraken kanthi titikan perangan D1. Inggih menika puncaking perkawis nalika Dewi Ragilkuning, Cantrik Ragagati, saha abdi kekalihipun sami dipunoyak dening wadya bala saking Parangkencana. Ing perangan menika Cantrik Ragagati malih dados Raden Gunungsari ingkang salajengipun perang mengsah Kraeng Mabengkok, wadya bala Bugis kalebet ugi pemimpin ingkang sanesipun (Kraeng Mabeluk, Dhaeng Malebah, Dhaeng Galebah, saha Kraeng Galengsong). Raden Gunungsari duka, perang kanthi gegaman keris. Pungkasan saking perang menika kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan E1. Perangan E1 menika ngandharaken bilih wasana para pemimpin wadya bala Bugis sami

pejah sedaya, wadya bala Bugis sami bibar sedaya dipunkalahaken dening Reden Gunungsari.

Peranganipun E1 menika kalajengaken kanthi perangan F1. Perangan menika minangka *konflik* enggal. Inggih menika *konflik* ingkang dipunalami dening Dewi Ragilkuning. Penggalhipun Dewi Ragilkuning bingung nalika mangertos bilih cantrik Ragagati menika sejatosipun Raden Gunungsari saking Kedhiri. Kados saged dipunmangertosi saking bagan 1, *konflik* F1 menika kalajengaken *pemecahan* ingkang kagambaraken kanthi perangan G1. Tinimbang dipunbeta dening Raden Gunungsari, (Dewi Ragilkuning (Dewi Onengan) milih oncat saking papan ing pundi piyambakipun kasuwun nengga kaliyan Dudul saha Dulit. Sasampunipun ngakali Dulit saha Dudul supados pados toya kangge mijiki ndaranipun menawi mentas saking unggulung yuda, Dewi Ragilkuning sigra angles nedya ngupadi ingkang raka Dewi Sekartaji. Prastawa ingkang kagambaraken kanthi perangan G1 menika nyebabaken wontenipun *konflik* enggal. Inggih menika *konflik* ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan J1 kaliyan K1.

Perangan K1 ingkang kagambaraken ing bagan 1 menika minangka *konflik*, inggih menika nalika Raden Gunungsari ngracut warnanira dados cantrik malih. Lajeng enggal badhe manggihi Dewi Ragilkuning. Nanging sasampunipun dumugi panggenan ing pundi Dewi Ragilkuning dipuntilar saderengipun, sang Dewi Ragilkuning boten katingal, penggalhipun Raden Gunungsari dados bingung sambat ngaruara. *Konflik* ingkang kagambaraken kanthi perangan K1

menika kalajengaken kanthi *konflik* salajengipun, inggih menika *konflik* ingkang kagambaraken kanthi perangan M1.

Konflik ingkang kagambaraken kanthi M1 menika ngengingi gesangipun Raden Gunungsari ingkang dados katulatula katali sasampunipun katilar dening Dewi Ragilkuning. Tindakipun ing wanawasa namung kadherekaken dening punakawan kalih (Dulit saha Dudul). Penggalhipun sanget anggenipun sungkawa, malah saged dipunwastani ajur mumur. Nalika nglajengaken lampah, dumadakan kapiyarsa suwantenipun surak wadya bala. Saya celak suwantenipun surak sansaya cetha, nanging sanajan cetha suwantenipun nanging barisan ingkang sura menika boten katingal, malah raosipun sansaya dangu sansaya tebih. Wasana kados ingkang kagambaraken ing bagan, *konflik* ingkang kagambaraken kanthi M1 menika kalajengaken kanthi *pemecahan* ingkang kagambaraken kanthi perangan N1.

Perangan N1 menika ngengingi Raden Gunungsari ingkang nedya ngupadosi swantenipun wadya bala menika saking pundi. Saya dangu sansaya kepireng malih malah lajeng katingal bilih ingkang surak menika wadya bala Kedhiri. Sareng celak lajeng sami gapyuk saking remenipun. Kalajengaken kabar kinabaran nyariyosaken lelampahanipun. Raden Gunungsari bingah sanget nalika angsal lapuran saking Patih Jayabadra bilih putra Jenggala ugi sampun kepanggih, pramila Raden Gunungsari enggal badhe sowan.

Perangan J1 ing bagan menika isinipun ngengingi Dewi Ragilkuning sasampunipun saged mbodhoni punakawan kalih (sarana kadhawuhan pados toya kangge wijikipun sang cantrik menawi sampun mentas saking ungguling yuda),

sang Dewi nglimpekaken abdi menika. Lajeng mendra nedya ngupadosi Dewi Sekartaji. Tindakipun Dewi Ragilkuning nut jangkahipun ampeyan, nlasak-nlasak wana bebondhotan, nlasak-nlasak gegrumbulan, medhaki jurang, minggah giri wonten ing salebetipun wana gung liwang liwung datan wonten sabawanipun jalma, ingkang wonten namung sato wana ingkang purun mangsa jalma, nanging sang Dewi penggalhipun sampun rila legawa kamangsa sato wana tinimbang kedah pisah kaliyan Dewi Sekartaji. Nalika tindak, dumadakan Dewi Ragilkuning kagyataken dening swantening bayi muwun, swantenipun menika kados swantenipun Panji Laleyan.

Gegayutan kaliyan *konflik* saderengipun, inggih menika konflik ingkang kagambaraken kanthi titikan huruf L wonten ing bagan 1. *Konflik* L menika kalajengaken malih kanthi *konflik* enggal ingkang kagambaraken kanthi H1. Perangan menika ngengingi tindakipun sang Dewi Sekartaji ingkang kesakit-sakit sanget. Wiwit mijil saking praja dereng pirsawonten ing pundi dunungipun Raden Panji. Anggenipun ngulati namung anut jangkahipun suku. Sariranipun ngantos rusak angganggang aking, rikma gimbal boten wonten ingkang nyureni, nyamping suwek rontal-rantil. Tindakipun rekaos sarwi ngemban putranipun ingkang taksih bayi. Sambatipun boten sanes namung ingkang raka, Raden Panji. Ingkang putra namung muwun kemawon amargi kraos asrep nanging boten wonten ingkang saged dagem ngemuli. Amargi saking sayahipun saha kirang dhahar, sang Dewi kaluwen saestu, wasana dhawah kantaka. Ingkang putra sansaya sora anggenipun muwun nanging boten wonten tiyang ingkang sumerep saingga boten wonten ingkang nulungi sang Dewi Sekartaji.

Kados ingkang saged dipunmangertosi saking bagan 1 menika, perkawis ingkang kagambaraken kanthi H1 saha J1 (nalika tindak, dumadakan Dewi Ragilkuning kagyataken dening swantening bayi muwun, swantenipun menika kados swantenipun Panji Laleyan) menika gathuk ing perkawis ingkang kagambaraken kanthi perangan I1. Perangan menika ngengingi wontenipun *konflik* enggal. *Konflik* ingkang kagambaraken kanthi I1 menika ngengingi perkawis nalika suwanten bayi muwun menika dipunpadosi lajeng dipuncelaki. Dewi Ragilkuning sansaya kagyat mangertos bilih ingkang muwun menika pulunanipun. Sansaya kagyat malih sareng pirsu bilih ingarsanipun wonten Dewi Sekartaji ingkang gumlethak tanpa sambat kados sampun dados layon, sang Dewi Ragilkuning (Dewi Onengan) njerit sarwi nubruk ingkang raka. Ngantos sawetawis wekdal anggenipun Dewi Sekartaji kantaka boten kemutan purwa duksina. Sanajan kanthi rawat waspa, Dewi Ragilkuning nengga ingkang raka. Penggalhipun tansah kuwatos lamun ingkang raka seda wonten ing samadyanipun wanawasa. Sanajan kanthi rawat waspa, ingkang raka dipunhoyog-hoyog supados enggal emut saking anggenipun kantaka.

Konflik ingkang kagambaraken kanthi I1 menika kalajengaken kanthi pemecahan ingkang kagambaraken kanthi L1. Boten dangu sasampunipun ingkang raka dipunhoyog-hoyog supados enggal emut saking anggenipun kantaka, Dewi Sekartaji wungu, kagyat sareng pirsu Dewi Ragilkuning sampun wonten ing sacelakipun. Kekalihnya lajeng sami imbal wacana. Nalika Dewi Sekartaji saha Dewi Onengan nembe eca anggenira imbal waca na dumadakan kagyat dening rawuhipun Sang Hyang Girinata. Sareng uninga bilih karawuhan

Sang Hyang Narada enggal sami nyungkemi sarwi munjuk. Sasampunipun utusanipun Hyang Utipati mangertos menapa ingkang nyebabaken Dewi Sekartaji saha Dewi Onengan mendra saking praja ngantos dumugi wanawasa menika saha menapa ingkang dipunkajengaken kekalihnya menika, Hyang Narada suka pitulungan. Dewi kekalihnya menika dipunpuja dados kakung. Dene putranipun, Panji Laleyan, kaasta dening Jawata menika. Mbenjang badhe kaparingaken nalika Panji Laleyan sampun diwasa.

Kados menapa ingkang saged dipunmangertosi saking perangan L1 menika kalajengaken kanthi *konflik* ingkang kagambaraken kanthi P1. Inggih menika ngengingi Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning ingkang sampun malih dipunpuja dados kakung kanthi asma Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma, kekalihipun menika angsal dhawuh saking Hyang Narada supados suka pitulungan dhumateng raja Bali ingkang nembe nandang sungkawa. Raja ing negari Bali menika gadhah putri sulistya linangkung, kathah para raja sarta para satriya ingkang ngersakaken ndadosaken garwa. Para raja menika meksa sanget anggenipun nyuwun kapundhut mantu dening raja Bali, nanging amargi ingkang nglamar menika kathah sanget temtunipun ndadosaken bingung penggalhipun sang raja. Wasananipun para raja menika badhe ngrabasa nagari Bali, badhe kadadosaken karang abrit.

Konflik ingkang kagambaraken kanthi P1 menika kalajengaken kanthi pemecahan ingkang kagambaraken kanthi R1. Inggih menika ngengingi Raden Klana Madubrangta saha Raden Klana Madukusuma ingkang kepanggih kaliyan raja Bali, Prabu Suryalelana. Nalika semanten sang Prabu Suryalelana nembe

mindha janma sudra lelana ngupadosi sinten ingkang saged lumawan mengsah para raja sewu nagari. Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma sagah suka pitulungan ngunduraken mengsah sewu nagari, lajeng sami kondur dhateng nagari Bali.

Perangan R1 menika kalajengaken kanthi wontenipun *konflik* ingkang kagambaraken kanthi perangan T1. *Konflik* menika ngengingi para ratu sewu nagari ingkang duka nalika mangertos bilih sang Prabu Suryalelana sampun pikantuk pitulungan saingga sedaya sami muntab duka. Raja sewu nagari lajeng nabuh tengara perang badhe nggempur nagari Bali. *Konflik* menika kalajengaken kanthi *komplikasi* ingkang kagambaraken kanthi U1. Inggih menika nalika ing salebetipun paprangan antawisipun nagari Bali kalayan sewu nagari, prajurit nagari Bali kalah amargi wadya bala sanagari kok mengsah sewu nagari, temtu kemawon karoban cacah, saingga kathah ingkang pejah menapa ugi nandhang tatu. Kalajengaken kanthi pemecahan ingkang kagambaraken kanthi perangan V1. Inggih menika ngengingi Raden Klana Madubrangta kaliyan Raden Klana Madukusuma ingkang duka sanget nalika priksa bilih wadya bala Bali kasoran, lajeng majeng ngginakaken senjata saking Hyang Narada, kadya jawah panah Sarutama saha Ardhadhedhali. Bibar sedaya wadya bala sewu nagari kadhawahan panah saking langit, kathah ingkang pejah. Ingkang taksih gesang lajeng mlajar ngungsi, wasana para raja ingkang taksih gesang sami nungkul dhumateng Bali.

Perangan V1 menika kalajengaken kanthi perangan W1. Inggih menika ngengingi pahargyan ageng ingkang dipunwontenaken ing Bali. Sepisan mahargya dhaupipun Raden Klana Madubrangta kaliyan sang raja putri Bali,

kaping kalih mahargya anggenipun mentas ungguling yuda, saha ingkang kaping tiga mahargya jumenengipun nata Raden Madubrangta wonten ing Bali. Wondene Prabu Suryalelana salajengipun ambegawan wonten ing pucuking wukir.

Salajengipun sasampunipun W1, kalajengaken kanthi perangan X1. Perangan X1 menika kagambaraken minangka gathukipun prastawa W1 kaliyan prastawa T (Ki Jarudeh saha Ki Prasanta supados mlampah mangetan ngantos dumugi nagari Bali, salajengipun tiyang kalih menika kadhawuhan suwita dhumateng Prabu Madubrangta). Perangan X1 menika ngengingi Ki Jarudeh saha Ki Prasanta ingkang wasananipun dumugi ing Bali. Pasuwitanipun dipuntampi dening sang Prabu Madubrangta, lajeng asmanipun dipungantos dados Ki Palang saha Ki Pulung. Perangan menika kalajengaken kanthi perangan Y1. Y1 menika minangka *konflik* ingkang kadadosan sasampunipun Ki Jarudeh saha Ki Prasanta pasuwitanipun dipuntampi dening nata ing nagari Bali. Perangan Y1 menika ngengingi Sang Prabu Madubrangta nandhang sungkawa sasampunipun miyarsa aturipun Ki Palang saha Ki Pulung. Sungkawaing penggalhipun menika amargi ngantos dinten menika dereng pikantuk wonten ing pundi dunungipun sang Panji.

Perangan Y1 menika kalajengaken tigang perkawis enggal. Inggih menika perkawis ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi Z1, E2, saha J2. Z1 menika nggambaraken *konflik* ngengingi Prabu Madubrangta ingkang duka marang Demang Pulung amargi rikala enjing kaliyan sonten boten sowan ing ngarsanipun Prabu Madubrangta. Wondene E2 inggih menika *konflik* ngengingi Prabu Madubrangta ingkang kagyat awit wontenipun peksi garudha ingkang agengipun boten limrah. Sang Prabu sigra ngasta gendhewa sarta jemparing, garudha sigra

jinemparing sakala sirna sang garudha. Sasirnanipun garudha menika lajeng wonten Jawata mangejawantah Hyang Pancaresi. Garudha menika sejatosipun Hyang Pancaresi ingkang kasiku ing Bathara malih dados garudha. Beda malih kaliyan *konflik* ingkang kagambaraken kanthi J2. *Konflik* ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi titikan J2 menika ngengingi Prabu Madubrangta ingkang nandang wuyung enget marang ingkang raka sang Panji Inukertapati, awit saking menika tansah semedi nenuwun sihing Hyang Manon.

Perkawis ingkang kagambaraken kanthi perangan Z1 menika kalajengaken kanthi *komplikasi* ingkang kagambaraken kanthi perangan A2. Demang Pulung dipuntundhung dening sang Prabu Madubrangta. Ingatasipun sampun nyuwun pangapuntèn nanging demang Pulung malah dipuncemethi. Wasana Demang Pulung kesah saking nagari Bali. Kesahipun menika kiyambak amargi Demang Palang boten kersa dipunajak. Tindakipun Demang Pulung ing wana malih dados sengaja nyedhaki menawi wonten macan, kersanipun kajenge dipunmangsa dening macan galak utawi sato ingkang sanesipun amargi rumaos sampun boten kiyat gesang ing alam donya.

Perkawis ing perangan A2 menika kalajengaken kanthi perkawis ingkang kagambaraken kanthi perangan B2. Demang Palang tetep wonten ing Bali, boten kersa ndherek Demang Pulung ingkang dipuntundhung dening Prabu Madubrangta. Piyambakipun rumaos boten klentu, ingkang klentu Demang Pulung.

Kalajengaken perangan C2, minangka *pemecahan/ solusi* saking *komplikasi* ing perangan A2 saha B2. Perangan menika ngengingi Demang

Pulung ingkang mireng suwanten tanpa pirsu tiyangipun, menawi ngrusakaken raharja Demang Pulung kadhawuhan tindak dhateng nagari sabrang. Samangke menawi nagari sabrang nggecak nagari Bali, Demang Pulung saged males wirangipun. Samuksanipun sang Jawata, Demang Pulung enggal tindak dhateng sabrang.

Perangan C2 menika salajengipun gathuk kaliyan perangan B1 (Patih Kudanawarsa emut, lajeng dhawuh supados wadya balanipun mundur, tinimbang ketungkul perang langkung prayogi nyimpang mergi, lajeng sami liwat mergi sanesipun sampun ngantos kepanggih malih kaliyan mengsahipun) ing perangan D2. Sasampunipun dumugi sabrang, Demang Pulung menika kepanggih kaliyan patih Jenggala, patih Ngurawan, patih Kedhiri, patih Kedhiri, saha Raden Banyakwulan sawadyabalanipun.

Kados ingkang kagambaraken ing bagan 1 menika, perangan D2 menika kalajengaken perangan S1. Perangan S1 menika ngengingi kedadosan nalika Demang Pulung sesarengan kaliyan para patih saha wadya bala Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari tindak dhateng nagari sabrang. Dumugi nagari sabrang (Parangkencana), demang Pulung sawadya bala dipunpapag dening Raden Kudanawarsa saha Raden Kudanawratsangka. Salajengipun para putra saking Jawa sampun sami kepanggih kaliyan para putra Parangkencana, sami suka penggalhipun, kalebet ugi para wadya balanipun.

Sasampunipun pepanggihan menika kalajengaken wontenipun *konflik* enggal ingkang kagambaraken ing bagan 1 menika kanthi perangan Q1. Perangan menika ngengingi perkawis nalika Demang Pulung ngaturaken sedaya

pengalamanipun dhumateng sang Prabu. Anggenipun matur menika radi keladuk. Demang Pulung ngaturaken bilih Dewi Sekartaji ugi sampun dipunpendhet garwa dening nata Bali.

Konflik ingkang kagambaraken kanthi perangan Q1 menika kalajengaken malih kanthi perangan O1. Midhanget aturipun Demang Pulung bilih Dewi Sekartaji dipunpendhet garwa dening nata Bali, penggalhipun sang Prabu duka sanget nanging sinamur ing samudana, malah dhawuh siyaga ing yuda badhe ngrabasa nagari Bali. Wadya bala Parangkencana ugi enggal samekta ing yuda sagegamanipun. Sareng sedaya sampun samekta, lajeng dipunbidhalaken.

Kados menapa ingkang kagambaraken ing bagan 1 menika, saged dipunmangertosi bilih perangan M1 saha O1 menika kapanggihaken ing perangan N1. *Konflik* ingkang kagambaraken kanthi perangan M1 menika kalajengaken kanthi prastawa ingkang kagambaraken kanthi perangan N1. Mekaten ugi *konflik* ingkang kagambaraken ing O1 menika ugi kalajengaken kanthi prastawa ingkang kagambaraken kanthi perangan N1. Perangan N1 menika ngengingi Raden Gunungsari ingkang nedya ngupadosi swantenipun wadya bala menika saking pundi. Saya dangu sansaya kepireng malih malah lajeng katingal bilih ingkang surak menika wadya bala Kedhiri. Sareng celak lajeng sami gapyuk saking remenipun. Kalajengaken kabar kinabaran nyariyosaken lelampahanipun. Raden Gunungsari bingah sanget nalika angsal lapuran saking Patih Jayabadra bilih putra Jenggala ugi sampun kepanggih, pramila Raden Gunungsari enggal badhe sowan.

Gantos ngengingi *konflik* ingkang kagambaraken kanthi perangan E2 wonten ing bagan 1 menika, kalajengaken kanthi perangan F2. Perangan menika

wonten gegayutanipun kaliyan perangan ingkang saderengipun. Inggih menika perangan P (Raden Panji Asmarabangun dereng saged kundur ing kraton Jenggala amargi mangsanipun angin ageng menawi nempuh samodra, alunipun samodra kados ombak ingkang saged angeremaken baita. Saingga Raden Panji kasuwun nengga sawetawis wulan). Perangan F2 menika ngengingi Sang Hyang Pancaresi ingkang suka wewarah dhumateng sang Prabu bilih sang Panji menika taksih wonten ing *tanah* sebrang, wonten ing negara Parangkencana. Sang Panji kadhaupaken kaliyan putrinipun sang raja ingkang paling sepuh, inggih menika Dewi Nawangwulan. Samangke taksih wonten putranipun Prabu Basunanda ingkang langkung sulistya malih. Sapungkuripun Jawata, sang satriya enggal bidhal badhe tindak dhateng nagari Parangkencana kanthi kadherekaken dening Ki Sebul saha Ki Palet. Sasampunipun dugi wonten ing nagari Parangkencana, Raden Wangsengsari kaaturan tindak dhateng pancaniti dening sang Prabu Basunanda. Sang Prabu sumerep piyambakipun wonten ing pasewakan. Salajengipun Raden Wangsengsari kepanggih kaliyan Raden Panji inukertapati wonten ing dhatulaya. Raden Panji Wangsengsari sasanipun nyariosaken Rama saha ibu ugi nyariosaken bilih Dewi Sekartaji lolos saking praja sedyanipun badhe madosi Raden Panji Inukertapati.

Saking perangan F2 menika kalajengaken perangan G2, inggih menika ngengingi Raden Wangsengsari ingkang kaaturan makuwon wonten ing Sitihiinggil, wonten ing mriku sami pista andrawina kalayan para mantri, samya kasukan nutug.

Salajengipun, perangan G2 menika kalajengaken kanthi wontenipun *konflik* enggal ingkang kagambaraken kanthi perangan H2. Perangan menika ngengingi Dewi Nawangsari ingkang tansah nandang brangta sanget dhumateng Raden Wangsengsari (Raden Sinompradapa). Rina pantara ratri namung tansah kemutan dhumateng Raden Wangsengsari. *Pemecahan* saking perkawis ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan H2 menika kagambaraken kanthi perangan I2. Inggih menika ngengingi Dewi Purnamasidhi saha Raden Wangsengsari ingkang pepanggihan wonten ing taman sari ing wayah dalu. Sesambetan an antawisipun Dewi Purnamasidhi kaliyan Raden Wangsengsari menika damel rena penggalhipun Prabu Basunanda. Sang Prabu sampun uninga bilih menika pancen sampun dados jatukramanipun.

Gantos ngengingi perkawis ingkang kagambaraken kanthi J2 (Prabu Madubrangta nandang wuyung enget marang ingkang raka sang Panji Inukertapati, awit saking menika tansah semedi nenuwun sihing Hyang Manon). Perkawis menika kalajengaken kanthi perangan K2. Perangan menika ngengingi Hyang Narada ingkang dumadakan rawuh medhak saking langit nalika sang Prabu Madubrangta nembe semedi. Hyang Narada suka pitedah bilih boten dangu malih watara setengah wulan saged kepanggih malih kaliyan Raden Panji Asmarabangun. Saking perangan K2 menika kalajengaken kanthi perangan N2. Perangan menika ngengingi Prabu Madubrangta ingkang ngawontenaken pasowanan lajeng ngendika bilih piyambakipun nembe angsal wewarah saking Jawata bilih boten dangu malih bakal katekan mengsah, kirang langkung setengah candra malih mesthi rawuh. Saingga salajengipun sang Prabu dhawuh supados

sedaya wadya bala Bali sami siyaga ing yuda mapag mengsah. Sang Prabu paring dhawuh marang Patih Jayengtilam supados damel pakuwon wonten ing ara-ara Sundari, pakuwonipun kedah sae kados kedhaton, dipunsukani taman ingkang asri saha sapanunggilanipun, kajengipun menawi mengsah penggalhipun tentrem samangke saged gampil dipunkalahaken.

Perkawis ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan N1 menika wonten gegayutanipun kaliyan perkawis ingkang kagambaraken kanthi titikan L2 (sasampunipun dipunbidhalaken saking negari Parangkencana, pasukanipun Raden Panji menika kepanggih kaliyan sato kewan cacahipun tiga. Sato cacahipun tiga ingkang dipunpasrahi bayi dening Sang Hyang Narada menika, sumerep wonten barisan wadya bala ingkang badhe nunjang, wasana sato menika ngamuk. Kagyat ingkang sami baris dipunsruduk dening sato cacahipun tiga menika. wadya bala sami boten saged nandhingi pangamukipun sato menika, lajeng caos atur dhumateng Raden Panji).

Perangan L2 menika wonten ugi gegayutanipun kaliyan peranganing cariyos ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan M2. Perangan menika ngengingi Sang Hyang Narada ingkang tumedhak ngemban putra (Panji Laleyan) nedhaki satriya tiga. Satriya menika dipunpasrahi supados njagi lare ingkang dipunbeta dening Hayang Narada menika. satriya menika ing antawisipun inggih menika Raden Kartala, Raden Andaga, saha Raden Wirun. Supados langkung gampil, tiga satriya menika dipunpuja dados sato. Raden Kartala dados Banteng Wulung, Raden Andaga dados menjangan Wulung, wondene Raden Wirun dados Kidang Ijem.

Konflik ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan L2 menika kalajengaken kanthi perangan O2. Inggih menika nalika Raden Panji medhak saking jempana sarwi amenthang gendewa, jemparing tumepas ngengingi anggitanipun para sato tetiganipun menika. Sakala badhar ingkang sami mindha wangsul dados satriya malih. Sigra atur pangabekti dhumateng Raden Panji sarwi ngaturaken bayi, inggih Panji Laleyan.

Perangan O2 menika kalajengaken kanthi P2. Inggih menika perangan ngengingi perkawis sasampunipun Raden Panji maos serat saking Dewi Sekartaji. Raden Panji dados nandhang sungkawa saha brangta enget dhumateng garwanipun, Sang Dewi Sekartaji, saking anggenipun nandhang sungkawa ngantos supe dhahar kaliyan nendra.

Kados menapa ingkang saged dipunmangertosi saking bagan 1 bilih perangan P2 saha perangan N2 menika salajengipun gathuk ing *konflik* ingkang kagambaraken ing bagan1 kanthi perangan R2. *Konflik* menika ngengingi *konflik* enggal ingkang kadadosan sasampunipun sami dumugi wonten ing pakuwonipun piyambak-piyambak, sami nengga perang dipunwiwiti. Sasampunipun sawetawis wekdal sang Panji negga nanging perang dereng enggal dipunwiwiti Sang Panji andheseg nawala dhumateng sang raja Bali, kados pundi kersanipun. Isinipun nyuwun pirsu, raja Bali menika sios ngajak perang menapa ngajak bedamen supados tentrem. Menawi ngajak bedhamen, kedah enggal masrahaken Dewi Sekartaji dhumateng sang Panji.

Patih Jayengtilam duka sanget mangertos isinipun nawala saking sang Panji. Lajeng enggal ndhawuhi supados enggal mbalesi serat saking sang Panji.

Sapungkuripun duta kalih saking negara Parangkencana, sang nata Bali enggal dhawuh supados sagung wadya bala sami siyaga ing yuda. Isinipun serat walesan menika ngala-ala sanget dhumateng sang Panji. Sareng miyarsa isinipun serat, sang Panji duka sanget, lajeng dhawuh supados enggal sami siyaga sikep gegamanipun.

Konflik ingkang kagambaraken kanthi perangan R2 menika kalajengaken kanthi *konflik* enggal ingkang kagambaraken kanthi perangan S2. Saking usulipun Patih Jayengtilam, ingkang magut yuda wonten ing perang menika sanes wadya balanipun nanging nata menapa ugi para satriyanipun. Salajengipun Patih Jayengtilam nantang sang Panji Asmarabangun supados majeng tandhing kaliyan piyambakipun. Sang Panji duka sanget mireng panantangipun Patih Jayengtilam. Sang Panji ngendika bilih piyambakipun menika boten sudi tandhing lawan patih.

Konflik ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan S2 menika kalajengaken kanthi *komplikasi* ingkang kagambaraken kanthi perangan T2. Ingkang majeng ing perang salajengipun inggih menika nata Ternate saha nata saking Trengganu. Nanging sedaya tansah kasoran dening patih Jayengtilam.

Ing dinten salajengipun (kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan U2) sedaya satriya Jenggala sami kasoran mengsah Patih Jayengtilam. Kados saged dipunmangertosi saking bagan menika bilih perangan U2 menika kalajengaken kanthi *konflik* enggal ingkang kagambaraken kanthi perangan V2. Ing perangan menika kaandharaken bilih perang saderengipun dipungantos, ingkang majeng para nata. Para ratu ing Bali mengsah para Ratu ing Parangkencana. Semanten ugi

para putri garwanipun sang Panji ugi sami majeng mengsah para putri garwanipun Prabu Madubrangta saha Reden Madukusuma.

Nanging bagan 1 kanthi perangan W2 menika nggambaraken para putri ing Parangkencana ingkang tansah kasoran dening para putri saking Bali. Saking hasiling perang menika nuwuhaken ugi akibat ingkang kagambaraken kanthi X2. Dewi Tejaningrat saking pihak Bali ngraosaken sungkawa awit sedanipun ingkang rama. Lajeng dipunlelipur dening sang Prabu. Wondene para garwa sanesipun ingkang nembe mentas magut yuda ugi sami anglelipur penggalih malah samya kasukan amargi anggenipun magut yuda boten kasoran, kepara malah unggul. Salajengipun sami kasukan nabuh menapa ugi miyarsakaken ungelipun gegendhingan. Wondene ing pihak Parangkencana, Raden Panji nalika sineba dening sagung wadya bala ingkang taksih gesang miwah para ratu sarta patih sami menggaliaken anggenipun kasoran. Sang Panji dhawuh ngaturaken nawala dhumateng raja Bali, isinipun bilih ngenjang badhe ngedalaken para prajurit wanita.

Perangan X2 saha W2 menika kalajengaken kanthi perangan Y2. Dinten salajengipun sang Dewi Nawangwulan sampun siyaga ing yuda ngirit para putri prajurit sami tindak wonten ing dharat. Boten dangu sampun tempuk kaliyan para putri ing Bali, dados perang rerempon. Peranganing perkawis ingkang kadadosan menika kalajengaken *konflik* enggal ingkang kagambaraken kanthi perangan Z3. Sang Panji ingkang mirsani perangipun prajurit wanita tansah gumun amargi solahipun prajurit putri ing Bali persis kados solahipun prajurit putri Jenggala, ugi mirip kaliyan putri Kedhiri. Wonten ing dinten salajengipun ugi kalajengaken

kanthi *konflik* enggal malih ingkang kagambaraken kanthi perangan A3. Inggih menika nalika Dewi Kencanawungu ngedali yuda, menika katindakaken kanthi kersanipun sang Dewi Kencanawungu kiyambak. Ancasipun supados sang Panji lajeng dhawuh supados Dewi Nawangwulan, saingga saged tandhing yuda mengsah Sang Dewi Kencanawungu. Kanthi cara mekaten paprangan enggal wonten ingkang kasoran. Dewi Kumarawati garwa padminipun sang patih sarta para putri sedaya sampun sami ngasta jemparing, para garwa sami kinen sesumbar nyumbari para putri ing Parangkencana supados enggal ngedali yuda.

Perkawis ingkang kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan A3 menika kalajengaken kanthi *komplikasi* ingkang kagambaraken kanthi perangan B3. Dewi Nawangwulan tandhing mengsah Dewi Kencanawungu, wondene Dewi Purnamasidhi mengsah Dewi Kumarawati. Perangipun regeng sanget ngantos dangu dereng wonten ingkang kasor menapa ugi ingkang unggul. Para putri inggih lajeng sami magut yuda, pados mengsah kiyambak-kiyambak.

Saking *komplikasi* ingkang kagambaraken kanthi perangan B3 menika, kalajengaken kanthi hasilipun perang ingkang kagambaraken kanthi perangan C3. Perangipun para putri Parangkencana tansah kasoran, damel lingsemipun sang Panji. Sang Panji bingung penggalhipun dene perangipun tansah kasoran. Lajeng Sang Panji nimbali abdinipun ingkang asmanipun Ki Bancak. Sang Panji nyuwun pirsu ngengingi kelemahanipun nata Bali. Nanging ki Bancak boten mangertos amargi sampun katundhung dening nata Bali. Lajeng nimbali Ki Dhoyok ingkang taksih ngabdi wonten ing Bali. Ingkang dipundangu matur bilih menika dereng

wancinipun, sang Panji kasuwun sabar. Sanalika sang Panji enget, enggal semedi nenuwun dhumateng Jawata.

Perangan C3 ing bagan 1 menika kalajengaken kanthi perangan D3. Ing perangan menika kaandharaken bilih ing dinten salajengipun sang Panji badhe ngedali magut yuda. Wadya bala kadhawuhan tata gelaring yuda sikep gegamanipun perang.

Kagyat sang patih ing Bali, dene mengsahipun sampun nabuh tengaraning perang. Ki Patih Jayengtilam sigra dhawuh nimbangi tengaraning perang. Lajeng Ki Patih Jayengtilam ngedali yuda sigra sesumbar nantang tiyang Parangkencana dipunajak perang tandhing setunggal padha setunggal.

Kados saged dipuntingali wonten ing bagan 1 menika bilih perangan D3 menika kalajengaken kanthi perangan E3 ingkang kagambaraken minangka perangan *komplikasi*. Raden Gunungsari miyarsa panantangipun mungsuh sigra majeng ngedali yuda tandhing mungsuh patih Jayengtilam. Raden Gunungsari waspada mulat sasolahipun patih Jayengtilam ingkang boten wonten bedanipun kaliyan solahipun Dewi Ragilkuning.

Salajengipun, *pemecahan* saking perkawis ingkang kagambaraken kanthi perangan E3 menika kagambaraken ing bagan 1 kanthi perangan F3. Nalika patih Jayengtilam mlebet pura, cinandhak dening Raden Gunungsari sakala badar patih Jayengtilam dados Dewi Ragilkuning.

Perangan F3 menika kalajengaken malih kanthi puncaking cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika. Inggih menika ingkang kagambaraken kanthi perangan G3. Ngandharaken ngengingi Sang Prabu Madubrangta ingkang mijil ngedali yuda

tandhing kalayan sang Panji Inukertapati ingkang ambopong putranipun, Panji Laleyan. Prabu Madubrangta nyuduki sang Panji nanging tinangkis sarana putra bayinipun. Prabu Madubrangta lumajar manjing pura den bujung dening sang Panji, sakala badar kondur dados Dewi Sekartaji.

Pungkasaning cariyos (*ending*) saking cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kanthi perangan H3. Sang Panji remen sanget penggalhipun lajeng sami rerangkalan kados nalika dereng lolos saking praja Jenggala, lajeng kondur tindak Jenggala. Sedaya para nata sekawan negara sami suka parisuka dene sang Panji sampun kepanggih sami basuki, lajeng sami pista andrawina ngantos nutug, damel sukanipun wadya bala sekawan negara.

Kanthi adhedhasar lampahipun cariyos, katrangan bagan, saha *kurva alur* ingkang sampun dipuncawisaken saha dipunandharaken menika saged dipunmangertosi bilih alur ingkang dipunginakaken ing cariyos menika kalebet *alur* campuran. Amargi sanajan namung saperangan alit, wonten peranganipun cariyos ingkang nedahaken wontenipun *flash back*. *Flash back* menika wigatos sanget amargi gegayutan kaliyan perkawis pokok ngengingi icalipun Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun). Kamongka perkawis icalipun Sang Panji menika ingkang dados salah satunggalipun sebab pokok saking cariyos menika. Nanging, umumipun *alur* ingkang dipunginakaken dening pengarang ing salebetipun cariyos menika inggih menika *alur majeng*.

c. ***Struktur Intrinsik Awujud Penokohan ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah***

Perkawis *penokohan* ingkang badhe kaandharaken menika kaperang dados kalih. Inggih menika perangan *penokohan* ingkang nedahaken jenis-jenisipun paraga saha perangan *penokohan* ingkang nedahaken watakipun paraga.

Wonten ing tabel 3 ing ngandhap menika badhe kacawisaken jenis-jenis paraga miturut *fungsi*ipun, peranipun, watakipun, *kriteria*-nipun *berkembang* menapa boten, saha *kemungkinan pencerminan* paraga cariyos tumrap manungsa ing gesang ingkang sejatosipun. Tabel menika kaperang dados tabel 3a ngengingi jenis paraga miturut *fungsi* saha peranipun, tabel 3b ngengingi jenis paraga miturut watak saha *kriteria*-nipun *berkembang* menapa boten, saha tabel 3c ngengingi jenis paraga miturut *kemungkinan pencerminan* paraga cariyos tumrap manungsa ing gesang ingkang sejatosipun. Salajengipun kalajengaken ngengingi watakipun para paraga ingkang kacawisaken ing salebetipun tabel 3.

1) ***Jenis Paraga Ingkang Wonten Ing Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.***

Ing ngandhap menika badhe kaandharaken jenis-jenisipun paraga ingkang wonten ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* miturut menapa ingkang wonten ing tabel 3a, 3b saha 3c ing ngandhap menika.

Tabel 3a. Data Jenis Paraga Miturut Fungsi saha Peranipun ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis paraga Miturut Fungsi-nipun		Jenis paraga Miturut Peranipun	
		Paraga <i>Protagonis</i>	Paraga <i>Antagonis</i>	Paraga <i>Central</i>	Paraga <i>Periferal</i>
1	Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta)	✓	-	✓	-
2	Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam)	✓	✓	-	✓
3	Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun)	✓	✓	✓	-
4	Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma)	✓	-	-	✓
5	Dewi Kilisuci (Sang Wiku Dewi Kilisuci)	✓	-	-	✓
6	Prabu Lembuamiluhur	✓	-	-	✓
7	Patih Kudanawarsa (Patih Nagari Jenggala)	✓	-	-	✓
8	Patih Jaksanegara (Patih Nagari Singasari)	✓	-	-	✓
9	Patih Jayakacemba (Patih Nagari Ngurawan)	✓	-	-	✓
10	Patih Jayasembadra/ Pitih Jayabadra (Patih Nagari Kedhiri)	✓	-	-	✓
11	Nata Kedhiri	✓	-	-	✓
12	Nata Ngurawan	✓	-	-	✓
13	Nata Singasari	✓	-	-	✓
14	Prameswarinipun Nata Jenggala	✓	-	-	✓

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis paraga Miturut <i>Fungsi-nipun</i>		Jenis paraga Miturut <i>Peranipun</i>	
		Paraga <i>Protagonis</i>	Paraga <i>Antagonis</i>	Paraga <i>Central</i>	Paraga <i>Periferal</i>
	(Garwanipun Prabu Lembuamiluhur)				
15	Garwanipun Nata Kedhiri	✓	-	-	✓
16	Garwanipun Nata Ngurawan	✓	-	-	✓
17	Garwanipun Nata Singasari	✓	-	-	✓
18	Para Panakawan sarta Para Nyai ingkang Adatipun Sami Ndherek Nglela-ela Sang Jabang Bayi Panji Laleyan	✓	-	-	✓
19	Tiyang Sanegari Jenggala	✓	-	-	✓
20	Emban Cethi Parekan ingkang Saben Dintenipun Tilam Sacelakipun Tilamsarinipun Sang Ratna Sekartaji	✓	-	-	✓
21	Ki Jarudeh (Demang Pulung)	-	✓	-	✓
22	Ki Prasanta (Demang Palang)	✓	-	-	✓
23	Jawata (ingkang Maringi Piwarah marang Demang Pulung Nalika Sampun Dipuntundhung Saking Nagari Bali)	-	✓	-	✓
24	Dulit	✓	-	-	✓
25	Dudul	✓	-	-	✓
26	Mantri Kudaantipeya	✓	-	-	✓
27	Utusanipun Wadya Bala Bugis (Wadya Bala Parangkencana)	-	✓	-	✓

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis paraga Miturut <i>Fungsi-nipun</i>		Jenis paraga Miturut Peranipun	
		Paraga <i>Protagonis</i>	Paraga <i>Antagonis</i>	Paraga <i>Central</i>	Paraga <i>Periferal</i>
28	Utusanipun Wadya Bala Sekawan Nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri)	✓	-	-	✓
29	Resi Purwajati	✓	-	-	✓
30	Cantrik Manguyu Jejanggan	✓	-	-	✓
31	Hyang Narada	✓	-	-	✓
32	Raja Sewu Nagari	-	✓	-	✓
33	Prabu Suryalelana	✓	-	-	✓
34	Hyang Pancaresi	✓	-	-	✓
35	Raden Wangsengsari (Raden Sinompradapa)	✓	-	-	✓
36	Raden Wirun	✓	-	-	✓
37	Raden Kartala	✓	-	-	✓
38	Raden Andaga	✓	-	-	✓
39	Prabu Basunanda	-	✓	-	✓
40	Patih Basukethi	-	✓	-	✓
41	Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi)	-	✓	✓	-
42	Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari)	-	✓	-	✓
43	Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya)	-	✓	-	✓
44	Raden Jajaran (Raden Kudanawratsangka)	-	✓	-	✓

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis paraga Miturut <i>Fungsi-nipun</i>		Jenis paraga Miturut <i>Peranipun</i>	
		Paraga <i>Protagonis</i>	Paraga <i>Antagonis</i>	Paraga <i>Central</i>	Paraga <i>Periferal</i>
45	Parekanipun Dewi Purnamasidhi	✓	-	-	✓
46	Pacalang	✓	-	-	✓
47	Wadya bala Bali sarta Para Raja Tetelukan ing Bali	✓	-	-	✓
48	Prabu Gajaksa	-	✓	-	✓
49	Dewi Tejaningrat	✓	-	-	✓
50	Dewi Kencanawungu	✓	-	-	✓
51	Dewi Kumarawati	✓	-	-	✓
52	Para Putri Sabrang ing Parangkencana		✓	-	✓
53	Ki sebul	✓	-	-	✓
54	Ki Palet	✓	-	-	✓
55	Kraeng Mabengkok	-	✓	-	✓
56	Kraeng Mabeluk	-	✓	-	✓
57	Dhaeng Malebah	-	✓	-	✓
58	Dhaeng Galebah	-	✓	-	✓
59	Kraeng Galengsong	-	✓	-	✓
60	Prameswarinipun Prabu Suryalelana	✓	-	-	✓
61	Prabu Antasura	-	✓	-	✓
62	Prabu Banaputra	-	✓	-	✓
63	Prabu Astradarma	-	✓	-	✓
64	Prabu Hudaka	-	✓	-	✓
65	Prabu Kunteya	-	✓	-	✓

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis paraga Miturut <i>Fungsi-nipun</i>		Jenis paraga Miturut Peranipun	
		Paraga <i>Protagonis</i>	Paraga <i>Antagonis</i>	Paraga <i>Central</i>	Paraga <i>Periferal</i>
66	Prabu Brajadenta	-	✓	-	✓
67	Prabu Suwarta	-	✓	-	✓
68	Prabu Kaptamandhili	-	✓	-	✓
69	Panji Susastra	✓	-	-	✓
70	Prabu Danurwenda	✓	-	-	✓
71	Prabu Sidapaksa	✓	-	-	✓
72	Wadya bala negari Jenggala	✓	-	-	✓
73	Wadya bala negari Kedhiri	✓	-	-	✓
74	Wadya bala negari Ngurawan	✓	-	-	✓
75	Wadya bala negari Singasari	✓	-	-	✓
76	Wadya bala negari Parangkencana	-	✓	-	✓

Tabel 3b. Data Jenis Paraga Miturut Watak saha Kriterianipun, ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Watakipun		Jenis Paraga Miturut <i>Kriteria Berkembang Menapa Boten Watakipun Paraga</i>	
		Paraga prasaja (<i>simple character</i>)	Paraga bulat (<i>complex character</i>)	Paraga Statis (<i>Static Character</i>)	Paraga Berkembang (<i>Developing Character</i>)
1	Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta)	-	✓	-	✓
2	Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam)	-	✓	-	✓
3	Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun)	-	✓	-	✓
4	Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma)	-	✓	-	✓
5	Dewi Kilisuci (Sang Wiku Dewi Kilisuci)	✓	-	✓	-
6	Prabu Lembuamiluhur	✓	-	✓	-
7	Patih Kudanawarsa (Patih Nagari Jenggala)	✓	-	✓	-
8	Patih Jaksanegara (Patih Nagari Singasari)	✓	-	✓	-
9	Patih Jayakacemba (Patih Nagari Ngurawan)				
10	Patih Jayasembadra/ Pitih				

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Watakipun		Jenis Paraga Miturut <i>Kriteria Berkembang Menapa Boten Watakipun Paraga</i>	
		Paraga prasaja (<i>simple character</i>)	Paraga bulat (<i>complex character</i>)	Paraga Statis (<i>Static Character</i>)	Paraga Berkembang (<i>Developing Character</i>)
	Jayabadra (Patih Nagari Kedhiri)				
11	Nata Kedhiri	✓	-	✓	-
12	Nata Ngurawan	✓	-	✓	-
13	Nata Singasari	✓	-	✓	-
14	Prameswarinipun Nata Jenggala (Garwanipun Prabu Lembuamiluhur)	✓	-	✓	-
15	Garwanipun Nata Kedhiri	✓	-	✓	-
16	Garwanipun Nata Ngurawan	✓	-	✓	-
17	Garwanipun Nata Singasari	✓	-	✓	-
18	Para Panakawan sarta Para Nyai ingkang Adatipun Sami Ndherek Nglela-ela Sang Jabang Bayi Panji Laleyan	✓	-	✓	-
19	Tiyang Sanegari Jenggala	✓	-	✓	-
20	Emban Cethi Parekan ingkang Saben Dintenipun Tilam Sacelakipun Tilamsarinipun Sang Ratna Sekartaji	✓	-	✓	-
21	Ki Jarudeh (Demang Pulung)	-	✓	-	✓

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Watakipun		Jenis Paraga Miturut <i>Kriteria Berkembang Menapa Boten Watakipun Paraga</i>	
		Paraga prasaja (<i>simple character</i>)	Paraga bulat (<i>complex character</i>)	Paraga Statis (<i>Static Character</i>)	Paraga Berkembang (<i>Developing Character</i>)
22	Ki Prasanta (Demang Palang)	✓	-	✓	-
23	Jawata (ingkang Maringi Piwarah marang Demang Pulung Nalika Sampun Dipuntundhung Saking Nagari Bali)	✓	-	✓	-
24	Dulit	✓	-	✓	-
25	Dudul	✓	-	✓	-
26	Mantri Kudaantipeya	✓	-	✓	-
27	Utusanipun Wadya Bala Bugis (Wadya Bala Parangkencana)	✓	-	✓	-
28	Utusanipun Wadya Bala Sekawan Nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri)	✓	-	✓	-
29	Resi Purwajati	✓	-	✓	-
30	Cantrik Manguyu Jejanggan	✓	-	✓	-
31	Hyang Narada	✓	-	✓	-
32	Raja Sewu Nagari		-	✓	-
33	Prabu Suryalelana	✓	-	✓	-
34	Hyang Pancaresi	✓	-	✓	-
35	Raden Wangsengsari (Raden	✓	-	✓	-

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Watakipun		Jenis Paraga Miturut <i>Kriteria Berkembang Menapa Boten Watakipun Paraga</i>	
		Paraga prasaja (<i>simple character</i>)	Paraga bulat (<i>complex character</i>)	Paraga Statis (<i>Static Character</i>)	Paraga Berkembang (<i>Developing Character</i>)
	Sinompradapa)				
36	Raden Wirun	✓	-	✓	-
37	Raden Kartala	✓	-	✓	-
38	Raden Andaga	✓	-	✓	-
39	Prabu Basunanda	✓	-	✓	-
40	Patih Basukethi	✓	-	✓	-
41	Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi)	✓	-	✓	-
42	Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari)	✓	-	✓	-
43	Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya)	✓	-	✓	-
44	Raden Jajaran (Raden Kudanawratsangka)	✓	-	✓	-
45	Parekanipun Dewi Purnamasidhi	✓	-	✓	-
46	Pacalang	✓	-	✓	-
47	Wadya bala Bali sarta Para Raja Tetelukan ing Bali	✓	-	✓	-
48	Prabu Gajaksa	✓	-	✓	-
49	Dewi Tejaningrat	✓	-	✓	-

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Watakipun		Jenis Paraga Miturut <i>Kriteria Berkembang Menapa Boten Watakipun Paraga</i>	
		Paraga prasaja (<i>simple character</i>)	Paraga bulat (<i>complex character</i>)	Paraga Statis (<i>Static Character</i>)	Paraga Berkembang (<i>Developing Character</i>)
50	Dewi Kencanawungu	✓	-	✓	-
51	Dewi Kumarawati	✓	-	✓	-
52	Para Putri Sabrang ing Parangkencana	✓	-	✓	-
53	Ki Sebul				
54	Ki Palet				
55	Kraeng Mabengkok				
56	Kraeng Mabeluk				
57	Dhaeng Malebah				
58	Dhaeng Galebah				
59	Kraeng Galengsong				
60	Prameswarinipun Prabu Suryalelana				
61	Prabu Antasura				
62	Prabu Banaputra				
63	Prabu Astradarma				
64	Prabu Hudaka				
65	Prabu Kunteya				
66	Prabu Brajadenta				

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Watakipun		Jenis Paraga Miturut <i>Kriteria Berkembang Menapa Boten Watakipun Paraga</i>	
		Paraga prasaja (<i>simple character</i>)	Paraga bulat (<i>complex character</i>)	Paraga Statis (<i>Static Character</i>)	Paraga Berkembang (<i>Developing Character</i>)
67	Prabu Suwarta				
68	Prabu Kaptamandhili				
69	Panji Susastra				
70	Prabu Danurwenda				
71	Prabu Sidapaksa				
72	Wadya bala negari Jenggala	✓	-	✓	-
73	Wadya bala negari Kedhiri	✓	-	✓	-
74	Wadya bala negari Ngurawan	✓	-	✓	-
75	Wadya bala negari Singasari	✓	-	✓	-
76	Wadya bala negari Parangkencana	✓	-	✓	-

Tabel 3c. Data Jenis Paraga ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah Miturut Kemungkinan Pencerminkan Paraga Cariyos Tumrap Manungsa ing Gesang ingkang Sejatosipun.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Kemungkinan Pencerminkan Paraga Cariyos Kemungkinan Pencerminkan Paraga	
		Paraga Tipical	Paraga Netral
1	Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta)	-	✓
2	Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam)	-	✓
3	Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun)	-	✓
4	Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma)	-	✓
5	Dewi Kilisuci (Sang Wiku Dewi Kilisuci)	-	✓
6	Prabu Lembuamiluhur	-	✓
7	Patih Kudanawarsa (Patih Nagari Jenggala)	-	✓
8	Patih Jaksanegara (Patih Nagari Singasari)	-	✓
9	Patih Jayakacemba (Patih Nagari Ngurawan)	-	✓
10	Patih Jayasembadra/ Patih Jayabadra (Patih Nagari Kedhiri)	-	✓
11	Nata Kedhiri	-	✓
12	Nata Ngurawan	-	✓
13	Nata Singasari	-	✓
14	Prameswarinipun Nata Jenggala (Garwanipun Prabu Lembuamiluhur)	-	✓
15	Garwanipun Nata Kedhiri	-	✓
16	Garwanipun Nata Ngurawan	-	✓
17	Garwanipun Nata Singasari	-	✓
18	Para Panakawan sarta Para Nyai ingkang Adatipun Sami Ndherek Nglela-ela Sang Jabang Bayi Panji Laleyan	-	✓

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Kemungkinan Pencerminkan Paraga Cariyos Kemungkinan Pencerminkan Paraga	
		Paraga Tipical	Paraga Netral
19	Tiyang Sanegari Jenggala	-	✓
20	Emban Cethi Parekan ingkang Saben Dintenipun Tilam Sacelakipun Tilamsarinipun Sang Ratna Sekartaji	-	✓
21	Ki Jarudeh (Demang Pulung)	-	✓
22	Ki Prasanta (Demang Palang)	-	✓
23	Jawata (ingkang Maringi Piwarah marang Demang Pulung Nalika Sampun Dipuntundhung Saking Nagari Bali)	-	✓
24	Dulit	-	✓
25	Dudul	-	✓
26	Mantri Kudaantipeya	-	✓
27	Utusanipun Wadya Bala Bugis (Wadya Bala Parangkencana)	-	✓
28	Utusanipun Wadya Bala Sekawan Nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri)	-	✓
29	Resi Purwajati	-	✓
30	Cantrik Manguyu Jejanggan	-	✓
31	Hyang Narada	-	✓
32	Raja Sewu Nagari	-	✓
33	Prabu Suryalelana	-	✓
34	Hyang Pancaresi	-	✓
35	Raden Wangsengsari (Raden Sinompradapa)	-	✓
36	Raden Wirun	-	✓
37	Raden Kartala	-	✓
38	Raden Andaga	-	✓
39	Prabu Basunanda	-	✓
40	Patih Basukethi	-	✓
41	Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi)	-	✓
42	Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari)	-	✓
43	Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya)	-	✓

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Jenis Paraga Miturut Kemungkinan Pencerminkan Paraga Cariyos Kemungkinan Pencerminkan Paraga	
		Paraga Tipical	Paraga Netral
44	Raden Jajaran (Raden Kudanawratsangka)	-	✓
45	Parekanipun Dewi Purnamasidhi	-	✓
46	Pacalang	-	✓
47	Wadya bala Bali sarta Para Raja Tetelukan ing Bali	-	✓
48	Prabu Gajaksa	-	✓
49	Dewi Tejaningrat	-	✓
50	Dewi Kencanawungu	-	✓
51	Dewi Kumarawati	-	✓
52	Para Putri Sabrang ing Parangkencana	-	✓
53	Ki sebul	-	✓
54	Ki Palet	-	✓
55	Kraeng Mabengkok	-	✓
56	Kraeng Mabeluk	-	✓
57	Dhaeng Malebah	-	✓
58	Dhaeng Galebah	-	✓
59	Kraeng Galengsong	-	✓
60	Prameswarinipun Prabu Suryalelana	-	✓
61	Prabu Antasura	-	✓
62	Prabu Banaputra	-	✓
63	Prabu Astradarma	-	✓
64	Prabu Hudaka	-	✓
65	Prabu Kunteya	-	✓
66	Prabu Brajadenta	-	✓
67	Prabu Suwarta	-	✓
68	Prabu Kaptamandhili	-	✓
69	Panji Susastra	-	✓
70	Prabu Danurwenda	-	✓
71	Prabu Sidapaksa	-	✓
72	Wadya bala negari Jenggala	-	✓
73	Wadya bala negari Kedhiri	-	✓
74	Wadya bala negari Ngurawan	-	✓
75	Wadya bala negari Singasari	-	✓
76	Wadya bala negari Parangkencana	-	✓

a) Jenis-Jenis Paraga ing Salebetipun Cariyos *Panji Jayeng Tilam* Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah Miturut *Fungsi* saha Perananipun.

Jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuncawisaken ing tabel 3a, miturut *fungsi*-nipun, paraga menika kaperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika paraga *protagonis* saha paraga *antagonis*. Ingkang kalebet paraga *protagonis* ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta), Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma), Dewi Kilisuci (Sang Wiku Dewi Kilisuci), Prabu Lembuamiluhur, Patih Kudanawarsa (Patih Nagari Jenggala), Patih Jaksanegara (Patih Nagari Singasari), Patih Jayakacemba (Patih Nagari Ngurawan), Patih Jayasembadra/ Patih Jayabadra (Patih Nagari Kedhiri), nata Kedhiri, nata Ngurawan, nata Singasari, prameswarinipun nata Jenggala (Garwanipun Prabu Lembuamiluhur), garwanipun nata Kedhiri, garwanipun nata Ngurawan, garwanipun nata Singasari, para panakawan sarta para nyai ingkang adatipun sami ndherek nglela-ela sang jabang bayi Panji Laleyan, tiyang sanegari Jenggala, emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilam sacelakipun tilamsarinipun Sang Ratna Sekartaji, Ki Prasanta (Demang Palang), Jawata (ingkang maringi piwarah marang Demang Pulung nalika sampun dipuntundhung saking nagari Bali), Dulit, Dudul, Mantri Kudaantipeya, utusanipunwadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri), Resi Purwajati,

Cantrik Manguyu Jejanggan, Hyang Narada, Prabu Suryalelana, Hyang Pancaresi, Raden Wangsengsari (Raden Sinompradapa), Raden Wirun, Raden Kartala, Raden Andaga, Parekanipun Dewi Purnamasidhi, Pacalang, wadya bala Bali sarta para raja tetelukan ing Bali, prameswarinipun Prabu Suryalelana, Dewi Tejaningrat, Dewi Kencanawungu, Dewi Kumarawati, Ki sebul, Ki Palet, Panji Susastra, Prabu Danurwenda, Prabu Sidapaksa, wadya bala nagari Jenggala, wadya bala nagari Kedhiri, wadya bala nagari Ngurawan, saha wadya bala nagari Singasari. Wondene ingkang kalebet paraga *antagonis* ing antawisipun inggih menika Dewi Ragilkuning (nalika minangka Patih Jayengtilam), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), Ki Jarudeh (Demang Pulung), Jawata (ingkang maringi piwarah marang Demang Pulung nalika sampun dipuntundhung saking Nagari Bali), utusanipun wadya bala Bugis (Wadya Bala Parangkencana), raja sewu nagari, Prabu Basunanda, Patih Basukethi, Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi), Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari), Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya), Raden Jajaran (Raden Kudanawratsangka), Prabu Gajaksa, Para Putri Sabrang ing Parangkencana, Kraeng Mabengkok, Kraeng Mabeluk, Dhaeng Malebah, Dhaeng Galebah, Kraeng Galengsong, Prabu Antasura, Prabu Banaputra, Prabu Astradarma, Prabu Hudaka, Prabu Kunteya, Prabu Brajadenta, Prabu Suwarta, Prabu Kaptamandhili, saha wadya bala negari Parangkencana.

Dewi Candrakirana saha Raden Panji Inukertapati menika minangka paraga *protagonis* amargi paraga menika minangka paraga ingkang dados *objek* saking tumindakipun paraga *antagonis*. Paraga *protagonis* sasanipun paraga

Dewi Candrakirana saha Raden Panji Inukertapati menika minangka paraga ingkang mbelani utawi ndherek kenging akibat saking tumindakipun paraga *antagonis*. Raden Panji Inukertapati menika minangka paraga ingkang dados *objek* utawi korban saking tumindakipun paraga *antagonis* Prabu Basunanda. Prabu Basunanda menika tumindak duratmaka kanthi andhustha Raden Panji amargi putrinipun ingkang asmanipun Dewi Nawangwulan kepingin dipundhaupaken kaliyan Raden Panji Inukertapati. Dewi Nawangwulan ingkang sampun mangertos bilih Raden Panji Inukertapati menika sampun kagungan garwa tetep nyuwun dipundhaupaken sanajan kanthi cara dipundhustha dening ramanipun. Perkawis menika ndadosaken Dewi Nawangwulan dipunlebetaken minangka paraga *antagonis*, paraga ingkang nyebabaken wontenipun *konflik*. Wondene paraga-paraga kadosta Dewi Purnamasidhi, Raden Gagatan saha Raden Jajaran, Kraeng Mabengkok, Kraeng Mabeluk saha sanes-sanesipun ingkang ndherek mbelani tumindak duratmakanipun Prabu Basunanda menika kalebetaken ugi minangka paraga *antagonis*.

Paraga Raden Panji Inukertapati ingkang saderengipun minangka paraga *protagonis* menika lajeng dados paraga *antagonis*. Perkawis Raden Panji Inukertapati ingkang lajeng dados paraga *antagonis* menika boten saged kapisahaken saking peran paraga Ki Jarudeh utawi Demang Pulung saha Dewi Ragilkuning minangka Patih Jayengtilam. Demang Pulung menika nyariyosaken perkawis ingkang ndadosaken dukanipun Raden Panji. Demang Pulung nyariyosaken dhumateng Raden Panji Inukertapati perkawis ingkang boten leres. Perkawis bilih Dewi Sekartaji kapendhet garwa dening Prabu Madubrangta, raja

ing nagari Bali. Amargi cariyosipun Ki Jarudeh utawi Demang Pulung menika, Raden Panji Inukertapati dados nawung duka lajeng badhe ngrabasa nagari Bali. Wondene Patih Jayengtilam ingkang sejatosipun Dewi Ragilkuning menika ugi ingkang dados penyebab Raden Panji Inukertapati dados nawung duka lajeng dhawuh supados sami siyaga ing yuda merangi nagari Bali. Saderengipun, Raden Panji ngirim layang, nyuwun pirsu kekajenganipun Prabu Madubrangta menika sios perang menapa ngajak bedamen. Menawi ngajak bedamen kasuwun enggal masrahaken Dewi Sekartaji. Menawi boten enggal dipunpasrahaken badhe dipundamel karang abrit. Patih Jayengtilam mangsuli serat menika kanthi ngalala Raden Panji. Raden Panji dipunwastani ratu kepaten garwa lajeng badhe ngrebat garwanipun nata Bali. Perkawis menika ingkang damel dukanipun Raden Panji Inukertapati.

Paraga Ki Jarudeh ingkang saderengipun minangka paraga ingkang sejatosipun dipunutus ngupadosi Raden Panji Inukertapati saha putrinipun Prabu Lembuamiluhur, nangingsalajengipunlangkungdados paraga *antagonis* nalika piyambakipun nyariyosaken dhumateng Raden Panji Inukertapati perkawis ingkang boten leres. Perkawis bilih Dewi Sekartaji kapendhet garwa dening Prabu Madubrangta, raja ing nagari Bali. Amargi cariyosipun Ki Jarudeh utawi Demang Pulung menika, Raden Panji Inukertapati dados nawung duka lajeng badhe ngrabasa nagari Bali.

Salajengipun para nata, satriya, putri, garwanipun ratu, menapa ugi para wadya bala ingkang perang ing pihak nagari Bali menika dipunklempakaken

minangka paraga *protagonis*, wondene ingkang perang ing pihak nagari Parangkencana menika dipunklempakaken minangka paraga *antagonis*.

Saking tabel 3a menika ugi saged dipunmangertosi bilih miturut peranipun, paraga menika dipunperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika paraga *central* utawi paraga utama saha paraga *periferal* utawi paraga tambahan. Inggih kalebet paraga utama ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika ing antawisipun inggih menika paraga Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), saha Dewi Nawangwulan. Wondene paraga ingkang sanesipun, kados ingkang saged dipunmangertosi saking tabel 3a menika kalebet paraga tambahan. Paraga Raden Panji Inukertapati menika minangka paraga utama amargi paraga menika minangka pusatipun cariyos. Paraga menika paling mangaribawani tumrapipun tema cariyos rakyat *Panji jayeng Tilam* menika. Kados ingkang sampun dipunmangertosi bilih tema saking cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika inggih menika “*katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan, nanging kekalihipun menika saged pepanggihan malih ing pungkasan*”. Paraga utama menika paling kathah gegayutanipun kaliyan paraga-paraga ingkang sanesipun. Paraga Raden Panji Inukertapati menika minangka paraga ingkang dipuntresnani dening Dewi Nawangwulan. Dewi Nawangwulan ingkang nyupena dipunpendhet garwa dening Raden Panji lajeng nyuwun dhumateng ramanipun supados saestu

dipundhaupaken kaliyan Raden Panji Inukertapati. Lajeng *konflik* ingkang gegayutan kaliyan Raden Panji menika kalajengaken kanthi tindak duratmaka Prabu Basunanda ingkang andhustha Raden Panji Inukertapati. Tindak duratmaka menika boten saged kapisahaken saking peranipun Dewi Nawangwulan ingkang kepengin kadhaupaken kaliyan Sang Panji. Tanpa paraga Dewi Nawangwulan ingkang kepengin kadhaupaken kaliyan Raden Panji Inukertapati, boten bakal kedadosan Raden Panji murca saking praja dipundhustha dening satunggalipun nata kerajaan ageng Purwakencana. Wonten ing perangan cariyos menika, Prabu Basunanda kalebet paraga tambahan ingkang utama.

Salajengipun Dewi Candrakirana menika ugi minangka paraga utama. Tanpa Dewi Candrakirana lolos saking praja, Dewi Ragilkuning boten bakal lolos saking praja. Tugasipun para wadya bala boten bakal katambahan kanthi madosi putri kalih ingkang lolos menika. Dewi Candrakirana menika mangaribawani sanget ing salebetipun tema menika. Dewi Candrakirana saha Raden Panji ingkang sami-sami tresnanipun menika sami ngupadosi. Paraga Dewi Candrakirana kanthi boten langsung dados pangaribawa utama perang antawisipun nagari Parangkencana kaliyan nagari Bali. Dewi Candrakirana minangka Prabu Madubrangta menika nundhung Demang Pulung ingkang salajengipun dados dhendham kaliyan sang Prabu Madubrangta. Dhendhamipun Demang Pulung menika nyebabaken piyambakipun ngendikakaken perkawis ingkang boten leres dhumateng Raden Panji ingkang nyebabaken Raden Panji duka lajeng badhe ngrabasa nagari Bali. Nanging wonten ing paprangan menika samangke Raden Panji saged pepanggihan malih kaliyan Dewi Candrakirana.

Paraga-paraga ingkang sasanesipun paraga Dewi Candrakirana, Raden Panji, saha Dewi Nawangwulan menika minangka paraga tambahan ingkang mbiyantu mujudaken *konflik* saha mbiyantu mujudaken lelampahaning cariyos.

b) Jenis Paragaingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah Miturut Watak saha Kriterionipun.

Saking tabel 3b menika saged dipunmangertosi jenis-jenisipun paraga miturut watak saha *kriteria* paraga menika *berkembang* menapa boten. Miturut watakipun, paraga menika saged dipunperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika paraga prasaja utawi *simple character* saha paraga *bulat* utawi *complex character*. Saking *data* ing tabel 3b menika saged dipunmangertosi bilih miturut watakipun sedaya paraga menika kalebet paraga prasaja utawi *simple character* kejawi Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta), Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma), saha Ki Jarudeh (Demang Pulung). Wondene wonten saperangan paraga ingkang boten saged dipunsebataken kalebet jenis menapa amargi boten saged dipunmangertosi cetha menapa watakipun. Paraga menika namung dipunsebataken mekaten kemawon ing salebetipun cariyos tanpa wonten andharan ingkang nedahaken watakipun.

Paraga prasaja kados ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani paraga prasaja inggih menika paraga ingkang namung kagungan setunggal jenis watak kemawon. Boten kagungan watak ingkang

ngagetaken. Wondene paraga *bulat* utawi *kompleks* menika saged ngagetaken para maos kanthi watakipun ingkang boten dipunkinten saderengipun (ngagetaken).

Paraga Dewi Candrakirana utawi Dewi Sekartaji menika dipunwastani paraga *kompleks* amargi kagungan watak ingkang ngagetaken. Minangka satunggalipun putri nata agung nagari Jenggala ingkang kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun, *inisiatif*, waspada, kendel, *religius*, saha *empatik*, Dewi Sekartaji menika nyatanipun kagambaraken kagungan watak *egois*, *emosional*, tegelan, saha nengenaken kemenangan.

Paraga Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam) menika ugi kalebet paraga *kompleks* amargi watak-watakipun menika boten saged dipunkinten-kinten. Watakipun menika ngagetaken miturut pangrembakaning cariyos. Kados ingkang saged dipunmangertosi saking tabel 3b menika bilih watakipun Dewi Ragilkuning ingkang cepet tanggap, nengenaken katresnanipun, *rasional*, cubriya, lantip, nekat, kendel, teteg tekatipun, tabah, saha boten kersa kawon. Nanging nalika dados paraga Patih Jayengtilam watakipun dados ngecenan, boten sopan santun, *inisiatif*, angkuh, saha *profokatif*. Perkawis menika nedahaken watak ingkang *kompleks*.

Watakipun paraga Raden Panji Inukertapati ingkang gampil lilih penggalhipun, jembar pangaksaminipun, *religius*, *emosional* menika salajengipun dados *kompleks* kanthi wontenipun watak kejem, *egois*, angkuh, tegelan, saha nengenaken kemenangan. Saingga paraga Raden Panji Inukertapati menika kalebetaken minangka paraga *kompleks*.

Watakipun paraga Raden Gunungsari utawi Raden Malayakusuma ingkang *egois*, *emosional*, ajrih nglairaken katresnanipun menika dados *kompleks* kanthi wontenipun watak ingkang remen mbebeda, nengenaken katresnanipun, nanging waspada. Perkawis menika ndadosaken paraga Raden Gunungsari menika kalebet paraga *kompleks*.

Watakipun paraga Ki Jarudeh (Demang Pulung) ingkang saged dipunmangertsi saking tabel menika inggih menika *religius* nanging salajengipun kagambaraken bilih paraga menika kagungan watak khianat, gampil putus asa, saha licik. Kamongka sejatosipun paraga Ki Jarudeh menika minangka abdi saking nagari Jenggala ingkang sejatosipun kadhawuhan madosi para putranipun Prabu Lembuamiluhur ingkang murca menapa ugi ingkang lolos saking praja. Saingga awit wontenipun watak-watak ingkang ngagetaken menika ndadosaken paraga menika kalebet paraga *kompleks*.

Saking tabel 3b menika ugi saged dipunmangertosi jenis-jenisipun paraga miturut *kriteria* paraga menika *berkembang* menapa boten. Miturut *kriteria* menika, ingkang kalebet paraga paraga *berkembang* ing antawisipun inggih menika Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta), Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma), saha Ki Jarudeh (Demang Pulung). Paraga ingkang sanesipun menika kalebet paraga *statis*. Wondene wonten saperangan paraga ingkang boten saged dipunsebataken kalebet jenis menapa amargi boten saged dipunmangertosi cetha menapa watakipun. Paraga menika namung dipunsebataken mekaten

kemawon ing salebetipun cariyos tanpa wonten andharan ingkang nedahaken watakipun.

Paraga Dewi Candrakirana menika kalebet paraga *berkembang*. Menika saged dipunmangertosi saking watakipun ingkang tansah ngalami pangrembakan saking watak ingkang nengenaken katresnanipun, *inisiatif*, waspada, kendel, *religius*, saha *empatik*, lajeng dados kagungan watak *egois*, *emosional*, tegelan, saha nengenaken kemenangan. Pangrembakaning watak menika boten saged kapisahaken saking pangremabaking kedadosan ingkang dipunalami dening Sang Dewi. Wiwit saking Dewi Sekartaji ingkang badhe suduk sarira amargi garwanipun dipundhustha, lajeng madosi garwanipun, ngantos dumugi nalika dipunpuja dening Jawata dados kakung, inggih menika Raden Madubrangta. Raden Madubrangta menika salajengipun dipunangkat dados nata ing Bali sasampunipun saged mbiyantu ngunduraken raja sewu nagari ingkang ngrabasa nagari Bali. Watakipun Sang Dewi Sekartaji nalika sampun dados raja menika nedahaken wontenipun pangrembakan. Sang Dewi menika dados kagungan watak ingkang *emosional*, tegelan, saha nengenaken kemenangan.

Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam) menika kalebet paraga *berkembang*. Menika saged dipunmangertosi saking pangrembakaning watak ingkang dipungadhahi. Kados ingkang saged dipunmangertosi saking tabel 3 menika bilih watakipun Dewi Ragilkuning menika ing antawisipun inggih menika cepet tanggap, nengenaken katresnanipun, *rasional*, cubriya, lantip, nekat, kendel, teteg tekatiipun, tabah, saha boten kersa kawon. Watakipun Dewi Ragilkuning menika ngalami ewah-ewahan menapa ugi

ngrembaka jumbuh kaliyan pangrembakaning prastawa. *Interaksi* kaliyan lingkungan saha paraga-paraga sanesipun menika ingkang nyebabaken pangewahing watak paraga menika.

Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun) menika kalebet paraga *berkembang*. Paraga menika kagambaraken kagungan watak ingkang gampil lilih penggalhipun, jembar pangaksaminipun, *religius*, *emosional*, kejem, *egois*, angkuh, tegelan, saha nengenaken kemenangan. Watakipun Raden Panji menika tansah ngrembaka minangka akibat wontenipun prastawa ingkang dipunalami menapa ugi saking hasil *interaksi* kaliyan paraga sanesipun.

Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma) ugi kalebet paraga *berkembang*. Watakipun ingkang *emosional*, ajrih nglairaken katresnanipun menika dados *kompleks* kanthi wontenipun watak ingkang remen mbebeda, *emosional* nanging tetep nengenaken katresnanipun saha waspada. Watak menika ngrembaka jumbuh kaliyan pangrembakaning perkawis ingkang dipunadhepi ing salebetipun cariyos. Watak ingkang saderengipun menika

Paraga Ki Jarudeh (Demang Pulung) menika kacariyosaken ing salebetipun cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam menika kagungan watak ingkang berkembang. Dipunwastani mekaten amargi kados ingkang saged dipunmangertosi saking salebetipun cariyos menika bilih watakipun Ki Jarudeh menika ewah jumbuh kaliyan kedadosan-kedadosan ingkang dipunalami. Kadosta nalika kepanggih kaliyan jawata ing salebetiun wanawasa, Ki Jarudeh menika kagambaraken kagungan watak ingkang *religius*. Lajeng nalika suwita ing nagari Bali menika nedahaken watak khianat amargi sejatosipun Ki Jarudeh menika

nembe nindakaken jejibahan ngupadosi icalipun Raden Panji Inukertapati, Dewi Candrakirana, saha Dewi Ragilkuning. Salajengipun Ki Jarudeh menika nalika dipuntundhung saking nagari Bali menika kacariyosaken gadhah watak ingkang gampil *putus asa*. Watakipun paraga menika ngrembaka malih dados kagungan watak ingkang licik. Perkawis menika saged dipunmangertosi nalika Ki Jarudeh menika ngandharaken dhumateng Raden Panji Inukertapati bilih Dewi Sekartaji utawi Dewi Candrakirana menika sampun dipunpendhet garwa dening Raja Bali. Saking pangrembakaning watak menika saingka Ki Jarudeh (Demang Pulung menika kalebet paraga *berkembang*).

Paraga sasanecipun paraga menika minangka paraga *statis* amargi boten ngalami ewah-ewahan ingkang *esensial* gegayutan kaliyan pangrembakaning cariyos.

c) Jenis Paraga ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah Miturut Kemungkinan Pencermidan Paraga Cariyos Tumrap Manungsa ing Gesang ingkang Sejatosipun.

Jenis-jenisipun paraga miturut *kemungkinan pencermidan* ing salebetipun cariyos kaliyan manungsa ing gesang ingkang sejatosipun. Miturut *kriteria* menika, paraga kaperang dados paraga *tipikal* saha paraga *netral*. Kados ingkang saged dipunmangertosi saking tabel 3c bilih wonten ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika boten kapanggihaken paraga *tipikal*, sedaya paraga menika kalebet paraga *netral*.

2) Penokohaning salebetipun Cariyos Rakyat *Panji Jayeng Tilam* Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Kados menapa ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih ing salebetipun panaliten *strukturalis* menika unsur paraga minangka salah satunggalipun perangan ingkang baken. Kangge mangertosi *karakteristik watak* paraga ingkang dipungambaraken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, saged dipungatosaken tabel ing ngandhap menika. Wonten ing tabel 3 menika saged dipunmangertosi watak-watak saking para paraga ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Tabel 4. Watak Paraga ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah
Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Nomor Data
1	Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta)	Nengenaken katresnanipun	18, 31, 32, 79
		<i>Inisiatif</i>	33, 35
		waspada	37
		Kendel	42
		<i>Egois</i>	80, 92
		Boten kersa kawon	89
		<i>Emosional</i>	18, 31, 32, 99
		<i>Religius</i>	113, 114
		Tegelan	121
		Nengenaken kemenangan	121
		<i>Empatik</i>	127
2	Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam)	Cepet tanggap	19
		Nengenaken katresnanipun	20, 69, 82
		<i>Rasional</i>	20
		Cubriya	36
		Lantip	38, 70
		Nekat	39
		Kendel	42, 69, 73, 82, 83
		Teteg tekatiipun	81
		Tabah	82
		Boten kersa kawon	89
		Ngecenan	115, 119
		Boten Sopan santun	119
		<i>Inisiatif</i>	122
		Angkuh	123
		<i>Profokatif</i>	123, 136
3	Raden Panji Inukertapati	Gampil lilih penggalhipun	65
		Jembar pangaksaminipun	67
		<i>Religius</i>	67, 135
		<i>Emosional</i>	95, 111, 120
		Kejem	118

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Nomor Data
		<i>Egois</i>	118, 138
		Angkuh	124
		Tegelan	129, 138
		Nengenaken kemenangan	134
4	Raden Gunungsari	<i>Egois</i>	46, 47, 77
		<i>Emosional</i>	48
		Ajrih nglairaken katresnanipun	72
		Remen mbebeda	74, 76, 77
		Nengenaken katresnanipun	78
		Waspada	137
5	Dewi Kilisuci	Wicaksana	1
		Sadhar marang kuwajibanipun	6
		<i>Empatik</i>	26
		Andhap asor	27
		<i>Religius</i>	28
6	Prabu Lembuamiluhur	Loma	2
		<i>Korektif</i> marang piyambakipun	3
		Tresna marang wayah	4
		Boten Sabaran	4
		Sopan santun	25, 29
		<i>Inisiatif</i>	45
		Lantip	43, 45
7	Nata Kedhiri	Patuh	22, 43
		Sopan santun	25, 29
8	Nata Ngurawan	Patuh	22, 43
		Sopan santun	25, 29
9	Nata Singasari	Patuh	22, 43
		Sopan santun	25, 29
10	Patih Kudanawarsa	Sabar	5
		<i>Emosional</i>	58
		Wicaksana	60
11	Patih Jaksanegara (Patih Nagari Singasari)	<i>Kritis</i>	59
12	Prameswari Nata Jenggala	<i>Emosional</i>	23, 24, 41
13	Garwanipun Nata	<i>Emosional</i>	23, 24

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Nomor Data
	Kedhiri		
14	Garwanipun Nata Ngurawan	<i>Emosional</i>	23, 24
15	Garwanipun Nata Singasari	<i>Emosional</i>	23, 24
16	Para panakawan sarta para nyai ing kang adatipun sami ndherek nglela- ela sang jabang bayi Panji Laleyan	<i>Empatik</i>	21
17	Tiyang Sanagari Jenggala	<i>Empatik</i>	30
18	Emban cethi parekan ing kang saben dintenipun tilam sacelakipun tilam saripun sang Retna Sekartaji	<i>Kritis</i>	40
19	Ki Jarudeh (Demang Pulung)	<i>Religius</i>	91
		Khianat	100
		Gampil putus asa	102
		Licik	106
20	Ki Prasanta (Demang Palang)	<i>Religius</i>	91
		<i>Egois</i>	101
21	Jawata ing kang paring piwarah marang Demang Pulung sasampunipun dipuntundhung saking nagari Bali	<i>Profokatif</i>	103
22	Dulit	Setya	54
		Pinter geguyon	107
23	Dudul	Setya	54
		Pinter geguyon	107
24	Mantri Kudaantipeya	<i>Kritis</i>	55
25	Utusanipun Wadya Bala Bugis (Wadya Bala Parangkencana)	Setya saha patuh	56
		Nepsunan	74

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Nomor Data
26	Utusanipun Wadya Bala sekawan Nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari, saha Kedhiri)	Kejem	57
27	Resi Purwajati	Ngurmati tamu	49, 51
		Andhap asor	52
		<i>Religius</i>	52
		Wicaksna	53, 71
28	Cantrik Manguyu Jejanggan	Patuh	50
29	Hyang Narada	Patuh	85
30	Raja Sewu Nagari	<i>Egois</i>	86
		Kejem	86
		<i>Emosional</i>	88
31	Prabu Suryalelana	<i>Religius</i>	87
		Boten kersa nampi ingkang sanes hakipun	90
32	Hyang Pancaresi	Ngertos maturnuwun	93
33	Raden Wangsengsari	<i>Emosional</i>	94, 97
34	Raden Wirun	Waspada	108
		<i>Religius</i>	108
		Tanggél jawab	109
		Sopan santun	110
35	Raden Kartala	Tanggél jawab	109
36	Raden Andaga	Tanggél jawab	109
37	Prabu Basunanda	Tresna marang putra	7, 8
		Patuh tata krama	10
		Adigung (ngunggulaken kaluhuranipun)	12
		<i>Antisipatif</i>	13
		Gumunan	14, 15, 16
		Kirang waspada	17
		<i>Emosional</i>	62
		Kersa ngakeni klentunipun	67
38	Patih Basukethi	Ngajeni rajanipun	9, 11
39	Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi)	<i>Emosional</i> saha nengenaken katresnanipun	61, 64
		Patuh	62

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Nomor Data
		Pangerten	112
		Kendel	130
40	Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari)	<i>Emosional</i>	96
41	Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya)	Patuh	68, 105
42	Raden Jajaran(Raden Panji Kudanawratsangka)	Patuh	68, 105
43	Parekanipun Dewi Purnamasidhi	Patuh	98
44	Pacalang	<i>Inisiatif</i>	104
45	Wadya Bala Bali sarta Para Raja Tetelukan ing Bali	Ngurmati mungsuh	116
46	Prabu Gajaksa	<i>Emosional</i>	125
47	Dewi Tejaningrat	<i>Emosional</i>	126
48	Dewi Kencanawungu	<i>Empatik</i>	128
		<i>Inisiatif saha lantip</i>	132
49	Para putri sabrang ing Parangkencana	<i>Profokatif</i>	131
50	Dewi Kumarawati saha Para Putri saking Bali	Kendel	133
		<i>Profokatif</i>	133

Salajengipun watak-watakipun para paraga cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* ingkang wonten ing tabel 4 menika badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

1) Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta)

Dewi Candrakirana menika minangka salah satunggalipun paraga utama ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika. Ing salebetipun cariyos menika samangke Dewi Candrakirana dipunpuja dening Hyang Narada dados Raden Klana Madubrangta. Dewi Candrakirana menika kagambaraken kagungan

watak ing antawisipun inggih menika nengenaken katresnanipun, *inisiatif*, waspada, kendel, *egois*, boten kersa kawon, *emosional*, *religius*, nengenaken kemenangan, *empatik*. Salajengipun watak-watak menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Nengenaken katresnanipun

Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika Dewi Candrakirana kacariyosaken kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, tumindak, saha sikapipun paraga.

*Sang kusumaning ayu Dewi Candrakirana kaget dene byar wungu ingkang garwa raden Panji kok ora ana, sang Dewi anduga ingkang raka sang Panji mesthi murca saka praja. Sekala penggalih sang Dewi bingung nyipta murcane sang Panji jalaran nawung duka. **Saking judheging penggalih sang Dewi Sekartaji sigra narik patreme kersane arsa suduk sarira, jalaran rumangsa datan bisa tinilar ingkang raka.**(18)*

Dewi Candrakirana kagyat nalika wungu boten manggihaken Raden Panji, lajeng anduga bilih sang Panji menika murca saking praja amargi nawung duka. Saking judhekipun penggalih, Dewi Sekartaji narik patremipun badhe suduk sarira, rumaos boten saged menawi dipuntilar dening Raden Panji. Saking menapa ingkang dipunandharaken ing salebetipun cariyos menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Candrakirana menika kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun. Watak menika ugi kalebet watak ingkang *emosional*. Anggenipun badhe suduk sarira menika kabeta saking anggenipun tresna sanget marang garwanipun lajeng rumaos boten saged katilar dening sang raka.

Watak ingkang nengenaken katresnanipun saking Dewi Sekartaji menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika ingkang kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

Nanging pancen angel kanggone Dewi Candrakirana, wong kelangan garwa kang ditresnani mesthi wae arep mbuwang kasusahane iku angel banget. Apa maneh kelangan garwa, selagine kelangan barang wae yen barang mau disenengi banget iya mesthi susah banget.(31)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sanajan sampun dipunlelipur nanging Sang Dewi taksih angel anggenipun ngicali sungkawanipun amargi kecalan garwa. Kecalan barang kemawon sisah sanget menapa malih kecalan garwa.

Wis ora kurang kang padha paring panglipur marang sang Dewi Sekartaji. Ingkang rama sang nata Jenggala lan para ari nata miwah para prameswari iya wis padha paring panglipur, dalasan para emban cethi parekan iya padha caos panglipur kanthi cara warna-warna, nanging sang Dewi tetep ora bisa kalipur penggalihane.(32)

Boten kirang ingkang sami panglipur marang Dewi Sekartaji. Ingkang rama sang nata Jenggala saha para ari nata miwah para prameswari inggih sampun sami paring panglipur, dalasan para emban cethi parekan inggih sami caos panglipur kanthi cara warni-warni, nanging sang Dewi tetep boten saged kalipur penggalhipun. Sikapipun Dewi Sekartaji ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga menika nedahaken bilih Sang Dewi taksih sungkawa sanajan sampun kathah ingkang nglelipur menika nedahaken bilih Dewi Sekartaji menika kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun. Watak menika ugi nedahaken bilih Dewi Sekartaji menika *emosional* sanget. Menapa ingkang dipunraosaken menika dipunpenggalihaken sanget.

Tindakipun Dewi Sekartaji sasampunipun lolos saking praja lajeng madosi Raden Panji Inukertapati ugi nedahaken bilih Sang Dewi Sekartaji kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun. Watak ingkang nengenaken katresnanipun kacariyosaken ugi ing *data* ngandhap menika kanthi cara *dramatis*, kanthi *teknik* tindakanipun paraga.

Dewi Condrokirana putri Kedhiri kang lolos saka praja nedya angulari ingkang raka raden Panji Inukertapati. Tindake sang Dewi Sekartaji banget anggone kelara-lara. Wiwit mijil saka praja datan wruh ngendi dununge ingkang raka Raden Panji. Marma anggone ngulati kaya tindak tanpa tujuan mung anut jangkahe sikil. Semana tindake wis ngambah wanawasa. Sang Dewi Sekartaji tindake mideringrat angelangut, lelana njajah negari, mubeng tepining samodra, sumengka agraning wukir, anelasak wanawasa, tumurun ing jurang terbis. Sarirane kongsi rusak angganggang aking, rekma gimbal datan ana kang nyureni, nyampinge suwek rontal-rantil. Tindake kanthi rekasa sarta angemban ingkang putra kang maksih bayi. Pranyana banget anggone nandhang sangsara kelara-lara. Sambate datan liya amung marang ingkang raka Raden Panji.(79)

Tindakipun Dewi Sekartaji anggenipun madosi Raden Panji Inukertapati tansah kesakit-sakit sanget. Wiwit mijil saking praja dereng pirsa wonten ing pundi dunungipun Raden Panji. Saingga anggenipun madosi menika kados boten wonten tujuanipun, namung manut jangkahipun suku. Tindakipun Sang Dewi Sekartaji mideringrat angelangut, lelana njajah negari, mubeng tepining samodra, minggah pucuking wukir, anelasak wanawasa, tumurun ing jurang terbis. Sarirane ngantos risak angganggang aking, rekmanipun gimbal boten wonten ingkang nyureni, nyampingipun suwek rontal-rantil. Tindakipun kanthi rekaos sarta angemban putra ingkang taksih bayi. Pranyana sanget anggenipun nandhang sangsara kasakit-sakit. Sambatipun boten sanes namung ngengingi ingkang raka Raden Panji.

Dewi Sekartaji ingkang tetep nerasaken lampah sanajan tindakipun tansah kesakit-sakit, sambatipun ingkang namung Raden Panji Inukertapati menika nedahaken bilih sang Dewi menika kagungan watak nengenaken katresnanipun.

b) Inisiatif

Sasanesipun kagambaraken minangka paraga ingkang nengenaken katresnanipun, watak Dewi Sekartaji menika kagambaraken kagungan watak ingkang *inisiatif*. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiran, penggalih, saha sikapipun paraga ing ngandhap menika.

Sanajan ing lahir katone wis ilang sungkawane, kersa gegujengan kalayan ingkang rayi Dewi Onengan nanging iku mung laire, sajroning penggalihhe isih tetep sungkawa sarta tetep ing penggalihhe nedya ngupadi ingkang raka sang Panji samangsa ana wektu kang becik sarta ora kapriksan ing akeh.(33)

Sanajan ing lahir katingal sampun ical sungkawanipun , kersa gegujengan kaliyan Dewi Onengan nanging menika namung ing lahiripun. Ing salebeting batos sang Dewi taksih tetep sungkawa sarta ing penggalhipun tetep taksih badhe ngupadosi ingkang raka sang Panji, samangsa wekdal ingkang becik sarta boten kapriksan tiyang kathah. Penggalhipun Dewi Candrakirana ingkang taksih badhe ngupadosi ingkang raka Sang Panji miturut saking penggalhipun piyambak menika nedahaken bilih Dewi Candrakirana menika kagungan watak ingkang *inisiatif*.

Watakipun Dewi Candrakirana ingkang *inisiatif* menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

Pepuntoning penggalih sang Dewi nedya jengkar saka praja ngulari ingkang raka sang Panji Asmarabangun. Tekad nedya jengkar iki wis

mateng temenan mung kari ngenteni wektu kang becik supaya jengkare saka praja aja kongsi kawangsuran dene rama ibu miwah kadang kadeyan sarta para parekan cethi dalasan para panakawan.(35)

Pepuntonipun penggalih sang Dewi badhe jengkar saking praja madosi ingkang raka Raden Panji Asmarabangun. Tekad anggenipun badhe jengkar menika sampun mateng saestu. Namung kantun negga wekdal ingkang becik supados anggenipun jengkar saking praja menika konangan rama ibu miwah kadang kadeyan sarta para emban cethi dalasan para panakawan. Saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalih saha sikapipun paraga ing nginggil menika menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Candrakirana taksih badhe ngupadosi ingkang raka Sang Panji. Anggenipun badhe ngupadosi menika sampun dados pepuntonipun penggalih. Perkawis menika nedahaken bilih Dewi Candrakirana menika kagungan watak ingkang *inisiatif*.

c) Waspada

Watakipun Dewi Candrakirana ingkang waspada menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* tumindakipun paraga kados ingkang wonten ing ngandhap menika.

*Iya ing kaanan kaya mengkene iki kang diarep-arep dening sang Dewi Sekartaji. **Bareng wis tita ora ana sabawaning janma sang Dewi kanthi alon-alon mijil saka tilamsari nulya anggeblas murca sawise bisa ambuka kori banjur embuh menyang ngendi parane ora ana janma kang weruh.**(37)*

Sareng sampun kaliwat boten wonten sabawanipun tiyang, Sang Dewi kanthi alon-alon mijil saking tilamsarinipun. Lajeng anggeblas murca

sasampunipun saged mbikak lawang, duka dhateng pundi paranipun boten wonten tiyang ingkang miyarsa. Anggenipun Dewi Candrakirana mijil kanthi ngawasaken sasampunipun sampun boten wonten sabawaning tiyang menika nedahaken bilih Sang Dewi menika kagungan watak ingkang waspada.

d) Kendel

Dewi Sekartaji menika kagambaraken kagungan watak ingkang kendel. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* sikap saha tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

Sang Prameswari muwun kelara-lara sarwi tebah jaja saking banget sungkawane dene ingkang putra loro yaiku Dewi Sekartaji lan Dewi Ragilkuning kok padha murca lolos saka praja tanpa pepoyan....(42)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning sami lolos saking praja tanpa pepoyan. Saking tumindakipun Dewi Sekartaji menika saged dipunmangertosi bilih sang Dewi menika kagungan watak kendel amargi wantun lolos saking praja tanpa pepoyan.

e) Egois

Dewi Candrakirana utawi Dewi Sekartaji menika kagambaraken kagungan watak *egois*. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* sikapipun paraga ing ngandhap menika.

Ingang putra mung tansah muwun jalaran krasa adhem datan ana kang kinarya ngemuli. Saking banget sayah sarta kekurangan dhahare sang Dewi Sekartaji banget kaluwen, wasana dhawah gumliting ing lemah kantaka. Ingang putra saya sero anggone muwun, nanging ora ana pawongan kang meruhi, dadi iya ora ana pawongan kang tetulung marang Sang Dewi.(80)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun dipunbeta lolos saking praja, putranipun Dewi Candrakirana menika tansah muwun amargi kraos asrep boten wonten kemulipun. Saking sayahipun saha kirang anggenipun dhahar, Sang Dewi Sekartaji keluwen sanget lajeng dhawah kantaka gumlinting ing siti. Ingkang putra sansaya sora anggenipun muwun, nanging boten wonten tiyang ingkang nyumerepi saingga boten wonten ingkang nulungi. Tumindakipun Dewi Candrakirana ingkang lolos saking praja amargi badhe madosi ramanipun kanthi mbeta putranipun menika ndadosaken kekalhipun sengsara. Dewi Candrakirana langkung nengenaken katresnanipun piyambak dhumateng ingkang raka tinimbang putranipun. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Candrakirana menika kagungan watak *egois*.

Watak *egois* saking Dewi Candrakirana menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* pacelathon saha tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

“Demang Pulung, duk mau sira matur putri Kedhiri iku tinilar ing garwa, banjur kepriye kaanane?”

*“Adhuh Gusti Sang Prabu, sareng tinilar ing sang Panji sang putri Kedhiri menika lajeng lolos nedya ngulati ingkang garwa, **kanthi ngasta putranipun. Senajan taksih bayi yuswa kalih wulan inggih tetep dipun asta jengkar saking praja angulati ingkang garwa inggih sang Panji.**”(92)*

Demang Pulung dipundangu dening Prabu Lembuamiluhur ngengingi kahananipun putri Kedhiri sasampunipun dipuntilar dening Raden Panji. Lajeng Demang Pulung ngaturaken bilih sasampunipun dipuntilar sang Panji, sang putri Kedhiri menika lajeng lolos saking praja badhe madosi ingkang garwa.

Anggenipun madosi rakanipun menika kanti ngasta putranipun ingkang taksih bayi yuswa kalih wulan. Saking andharanipun Demang Pulung utawi Ki Jarudeh menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Candrakirana kagungan watak ingkang *egois*.

f) Boten kersa kawon

Dewi Candrakirana nalika sampun dipunpuja dados Raden Madubrangta menika kagambaraken kagungan watak boten kersa kawon. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

Satriya sekarone bareng priksa wadya Bali kasoran banget ing dukane, sigra maju sarwi menthang gendhewa nulya senjata jemparing peparing Hyang Narada den gunakake, sakala ing payudan udan jemparing Sarutama lan Ardha Dhedhali.(89)

Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma duka sanget nalika miyarsa bilih wadya Bali tansah kasoran. Kekalihipun sigra majeng sarwi menthang gandhewa lajeng senjata jemparing saking Hyang Narada. Senjata menika dipunginakaken ing payudan, sakala ing payudan jawah jemparing Sarutama saha Ardhadhedhali. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Candrakirana nalika sampun dipunpuja dados Raden Madubrangta menika kagungan watak ingkang boten kersa kawon.

g) *Emosional*

Ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika Dewi Candrakirana kacariyosaken kagungan watak ingkang *emosional*. Watak menika kagambaraken

ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, tumindak, saha sikapipun paraga.

*Sang kusumaning ayu Dewi Candrakirana kaget dene byar wungu ingkang garwa raden Panji kok ora ana, sang Dewi anduga ingkang raka sang Panji mesthi murca saka praja. Sekala penggalih sang Dewi bingung nyipta murcane sang Panji jalaran nawung duka. **Saking judheging penggalih sang Dewi Sekartaji sigra narik patreme kersane arsa suduk sarira, jalaran rumangsa datan bisa tinilar ingkang raka.**(18)*

Dewi Candrakirana kagyat nalika wungu boten manggihaken Raden Panji, lajeng anduga bilih sang Panji menika murca saking praja amargi nawung duka. Saking judhekipun penggalih, Dewi Sekartaji narik patremipun badhe suduk sarira, rumaos boten saged menawi dipuntilar dening Raden Panji. Saking menapa ingkang dipunandharaken ing salebetipun cariyos menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Candrakirana menika kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun. Anggenipun badhe suduk sarira menika kabeta saking anggenipun tresna sanget marang garwanipun lajeng rumaos boten saged katilar dening sang raka menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *emosional*.

Watak *emosional* saking Dewi Sekartaji menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika ingkang kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

Nanging pancen angel kanggone Dewi Candrakirana, wong kelangan garwa kang ditresnani mesthi wae arep mbuwang kasusahane iku angel banget. Apa maneh kelangan garwa, selagine kelangan barang wae yen barang mau disenengi banget iya mesthi susah banget.(31)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sanajan sampun dipunlelipur nanging Dewi taksih angel anggenipun ngicali

sungkawanipun amargi kecalan garwa. Kecalan barang kemawon sisah sanget menapa malih kecalan garwa.

*Wis ora kurang kang padha paring panglipur marang sang Dewi Sekartaji. Ingkang rama sang nata Jenggala lan para ari nata miwah para prameswari iya wis padha paring panglipur, dalasan para emban cethi parekan iya padha caos panglipur kanthi cara warna-warna, **nanging sang Dewi tetep ora bisa kalipur penggalihhe.**(32)*

Saking *data* menika ugi saged dipunmangertosi bilih sampun boten kirang ingkang sami panglipur marang Dewi Sekartaji. Ingkang rama sang nata Jenggala saha para ari nata miwah para prameswari inggih sampun sami paring panglipur, dalasan para emban cethi parekan inggih sami caos panglipur kanthi cara warni-warni, *nanging* sang Dewi tetep boten saged kalipur penggalhipun. Sikapipun Dewi Sekartaji ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga menika nedahaken bilih Sang Dewi taksih sungkawa sanajan sampun kathah ingkang nglelipur menika nedahaken bilih Dewi Sekartaji menika kagungan watak *emosional*. Menapa ingkang dipunraosaken menika dipunpenggalihaken sanget.

Salajengipun Dewi Candrakirana nalika sampun dipunpuja dados Raden Madubrangta menika kagambaraken kagungan watak ingkang *emosional*. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* pacelathon, *teknik* sikap saha *teknik* tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

Bareng wis sowan Sang Prabu ngandika esmu sereng, “Demang Pulung, gene sira esuk kalayan sore datan seba ingarsaningsun, apa sira nedya mirong kampuh jingga ambalik tingal? Apa isih kurang peparangingsun marang sira, dene samengko kok banjur arep ambalik tingal? Apa kaya mengkono pamalesira marang ingsun?”

*Demang Pulung munjuk lamun datan nedya sumingkir saka ngersane Sang Prabu kang wis paring kamulyan, marma tekade nedya ngabdi kongsi tumekaning delahan. Miyarsa ature Demang Pulung **Sang Prabu gumujeng sajroning penggalih, nanging anggone ngandika kaya yen duka yayah sinipi, ngandikane esmu sereng, “Bedhes ala saiki wis wasis micara pinter ngecuwis tariwis. Aku ora butuh wong sing ngecuwis kaya kowe, mula luwih becik kowe minggata saka kene. Dina iki sira kudu wis lunga saka kene. Lamun kongsi mengko sore kuwe isih katon, sida kelakon dadi bathang kowe....”***

*Demang Pulung isih matur ngasih-asih nyuwun pangapura, **nanging Sang Prabu mandar banjur mundhut cemethi. Demang Pulung den cemethi. Wasana Demang Pulung nulya mundur arsa lunga karo kandha, “Ayo, Palang, enggal lunga saka kene.”***(99)

Prabu Madubrangta nimbali Demang Pulung lajeng nyuwun pirsakanthi esmu sereng. Sang Prabu nyuwun pirsakanthi kening menapa enjing kalayan sonten piyambakipun boten sowan ingarsanipun Sang Prabu. Demang Pulung dipunkinten badhe khianat marang Prabu Madubrangta. Sanajan Demang Pulung sampun matur bilih piyambakipun boten badhe sumingkir saking ngarsanipun Sang Prabu ingkang sampun paring kamulyan, badhe ngabdi ngantos dumugi delahan, nanging Sang Prabu Madubrangta tetep duka saha boten pitados. Wasana Demang Pulung dipuntundhung saking nagari Bali. Sanajan Demang Pulung sampun matur ngarih-arih nyuwun pangapunten nanging malah dipuncemethi dening sang Prabu.

Sikapipun Sang Prabu ing nginggil menika tansah sereng saha boten welas, ngendikanipun kasar, saha tumindakipun ingkang kersa nyemethi menika minangka tumindak ingkang kejem. Saingga saking ngendikan, sikap saha tumindakipun Prabu Madubrangta menika saged dipunmangertosi bilih Prabu Madubrangta menika kagungan watak *emosional*.

h) *Religius*

Dewi Candrakirana minangka Prabu Madubrangta menika kagambaraken kagungan watak ingkang *religius*. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

*Sang Madubrangta nalika iku iya nandhang wuyung enget marang ingkang raka sang Panji Inukertapati, **marma tansah semadi nenuwun sihipun Hyang Manon.***(113)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Prabu Madubrangta ingkang nalika semanten nandang wuyung amargi enget marang Raden Panji Inukertapati lajeng semedi. Anggenipun semedi menika nenuwun sihipun Hyang Manon. Tumindakipun Prabu Madubrangta ingkang kados mekaten menika nedahaken bilih sang Prabu menika kagungan watak *religius*.

Watak *religius* saking Prabu Madubrangta menika salajengipun saged dipunmangertosi ugi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* sikap saha *teknik* pacelathonipun paraga kados ingkang wonten ing ngandhap menika.

Bareng kabeh wis seba, sang Prabu ngandika, “Yayi, ingsun lamun pawarta lamun mentas ana Jawata kang paring wewarah marang ingsun lamun datan suwe maneh bakal katekan mungsuh, wetara setengah candra maneh mesthi teka, marma enggal undangan sagung wadya bala siyaga ing yuda mapag mungsuh, yayi.”(114)

Sasampunipun angsal wewarah saking Jawata bilih boten dangu malih bakal katekan mungsuh, Sang Prabu dhawuh supados sagung wadya bala sami siyaga mapag mungsuh. Sikapipun Prabu Madubrangta sasampunipun angsal wewarah menika nedahaken bilih piyambakipun menika tansah manut saha

pitados marang Jawata. Tumindak menika ugi nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *religius*.

i) Tegelan

Dewi Candrakirana ingkang sampun dipundhustha dados Prabu Madubrangta menika kagambaraken kagungan watak tegelan. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* sikap paraga kados ingkang wonten ing ngandhap menika.

Kocap sang nata Bali iya wis tedhak saka pakuwon ginarebeg para garwa. Karsanira sang Prabu para garwa iku mengko iya samya medali yuda tandhing kalayan para prajurit putri.(121)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih sareng wadya Prangkencana sampun nabuh tengaraning perang, sang nata Bali inggih sampun tedhak saking pakuwon kadherekaken para garwanipun. Kersanipun sang Prabu, para garwa menika samangke inggih sami medali yuda tandhing kalayan para prajurit putri. Kersanipun Sang Prabu Madubrangta menika nedahaken watakipun ingkang tegelan. Sang Prabu tegel dhawuh marang para garwanipun supados ndherek magut yuda.

j) Nengenaken kemenangan

Prabu Madubrangta ingkang sejatosipun Dewi Candrakirana menika kagambaraken kagungan watak ingkang langkung nengenaken kemenangan. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* sikapipun paraga ing ngandhap menika.

Kocap sang nata Bali iya wis tedhak saka pakuwon ginarebeg para garwa. Karsanira sang Prabu para garwa iku mengko iya samya medali yuda tandhing kalayan para prajurit putri.(121)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih sareng wadya Prangkencana sampun nabuh tengaraning perang, sang nata Bali inggih sampun tedhak saking pakuwon kadherekaken para garwanipun. Kersanipun Sang Prabu, para garwa menika samangke inggih sami medali yuda tandhing kalayan para prajurit putri.

k) *Empatik*

Prabu Madubrangta ingkang sejatosipun Dewi Candrakirana menika ugi kagambaraken kagungan watak *empatik*. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

Sang Dewi Tejaningrat banget sungkawaning wardaya jalaran ingkang rama kapupu ing yuda, marma sang Dewi tansah muwun anggetuni dene ingkang rama kok kongsi seda ing ranaggana. Nulya samya den lelipur dening sang Prabu.

Sang Dewi Tejaningrat tansah den lelipur dening sang nata, den arih-arih amrih ilang sungkawaning penggalih, marma tansah den tenggani dening sang Prabu amrih enggal lipuring penggalih supe marang ingkang rama kang kapupu ing yuda.(127)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Sang Prabu Madubrangta tansah nglelipur saha ngarih-arih amrih ical sungkawaning penggalih Dewi Tejaningrat amargi ramanipun seda ing paprangan. Sang Prabu Madubrangta tansah nenggani supados enggal lipuring penggalhipun supe marang ramanipun ingkang seda ing paprangan. Sikapipun Prabu Madubrangta ingkang tansah nglelipur Dewi Tejaningrat menika nedahaken bilih Sang Prabu menika kagungan watak ingkang *empatik*.

2) Dewi Ragilkuning (Raden Madukusuma/ Patih Jayengtilam)

Dewi Ragilkuning ingkang ugi sinebat Dewi Onengan menika rayinipun Dewi Sekartaji, putranipun Prabu Lembuamiluhur ingkang nata ing nagari Jenggala. Paraga Dewi Ragilkuning menika tiyang ingkang sami kaliyan Raden Klana Madukusuma saha Patih Jayengtilam. Dewi Ragilkuning menika minangka salah satunggalipun paraga ingkang kagambaraken kagungan watak cepet tanggap, nengenaken katresnanipun, *rasional*, cubriya, lantip, nekat, kendel, teteg tekatipun, tabah, saha boten kersa kawon. Salajengipun watak-watakipun Dewi Ragilkuning menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Cepet tanggap

Ing salebetipun cariyos menika, Dewi Ragilkuning utawi Dewi Onengan menika kagambaraken kagungan watak cepet tanggap. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Esuk iku wungu saka anggone sare kaget priksa ingkang raka iya sang Dewi Sekartaji wis ngasta patrem arsa kasudukake ana jajane, sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebut patreme sarwi matur,”(19)

Enjing, nalika wungu saking anggenipun sare, Dewi Ragilkuning kagayat miyarsa Dewi Sekartaji sampun mbeta patrem badhe kasudukaken ing jajanipun. Sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebat patremipun. Tumindakipun Dewi Ragilkuning nalika mangertosi bilih Dewi Sekartaji badhe suduk sarira menika nedahaken bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak ingkang cepet tanggap mliginipun kaliyan perkawis ingkang wonten ing sangajengipun.

b) Nengenaken katresnanipun

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang nengenaken katresnanipun menika saged dipunmangertosi saking menapa ingkang dipunaturaken Dewi Ragilkuning marang Dewi Sekartaji. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathonipun paraga.

*Esuk iku wungu saka anggone sare kaget priksa ingkang raka iya sang Dewi Sekartaji wis ngasta patrem arsa kasudukake ana jajane, sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebut patreme sarwi matur, “Adhuh Kakang mbok kok kados mekaten? Kula aturi sabar ing penggalih Kakangmbok. **Menawi Kakangmbok nedya seda ngayut jiwa, ingkang rayi boten badhe kantun, kedah andherek sedanipun Kakangmbok,**”(20)*

Enjing, nalika wungu saking anggenipun sare, Dewi Ragilkuning kagayat miyarsa Dewi Sekartaji sampun mbeta patrem badhe kasudukaken ing jajanipun. Sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebat patremipun menika. Lajeng nyuwun pirsane menapa sebabipun Dewi Sekartaji badhe tumindak ingkang kados mekaten. Lajeng Dewi Ragilkuning matur bilih piyambakipun menika badhe ndherek nganyut jiwa, kedah ndherek ingkang raka. Saking ngendikanipun Dewi Ragilkuning ingkang matur bilih kiyambakipun menika badhe ndherek nganyut tuwuh menawi Dewi Sekartaji seda menika nedahaken bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak nengenaken katresnanipun, inggih menika katresnan marang rakanipun.

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang nengenaken katresnan ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* tumindak saha *teknik* sikapipun paraga.

.... Dewi Ragilkuning banget tresnane marang ingkang raka Dewi Condrokirana, marma ora bisa pisah. Marma bareng ing praja ingkang raka ora ana, sang Dewi Onengan wis nyipta lamun ingkang Dewi Sekartaji mesthi lolos angulari sang Panji, pepuntoning driya Dewi Onengan nulya sumusul ingkang raka, lolos nedya angulari ing ngendi dununge ingkang raka Dewi Sekartaji. Bawaning wanita nanging putrining nata Jenggala kang tuhu wanter penggalihe, senajan sangsara dikaya ngapa sang Dewi tetep nerusake anggone tindak embuh menyang ngendi paran kang sinedya, kadi amung anut jangkahing suku. Senajan nelasak wanawasa mudhun jurang munggah gunung sang Dewi tetep anggone tindak....(69)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning menika tresna sanget marang Dewi Candrakirana, boten saged pisah. Saingga sareng ing praja ingkang raka menika boten kapanggihaken, Sang Dewi Onengan sampun nyipta bilih Dewi Sekartaji mesthi lolos badhe madosi Raden Panji. Pepuntonipun manah Dewi Onengan sumusul lolos, badhe madosi wonten ing pundi dunungipun Dewi Sekartaji. Sanajan sangsara kados menapa sang Dewi tetep anggenipun nerasaken lampah tanpa mangertos paran ingkang sinedya. Sanajan nalasak wanawasa, medhak jurang munggah wukir. Tumindakipun Dewi Ragilkuning ingkang tansah ngupadosi rakanipun, Dewi Sekartaji, tanpa nggatosaken kasengsaranipun piyambak menika nedahaken bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak ingkang langkung nengenaken katresnanipun.

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang nengenaken katresnanipun menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* tumindak saha *teknik* sikapipun paraga.

Tindhake nlasak-nlasak alas benbondhotan, nlasak gegrumbulan mudhun jurang munggah gunung ana sajroning alas gung liwang-

liwung tan ana sabawaning manungsa, kang ana mung bangsane sato alas kang galak doyan mangsa manungsa, nanging sang Dewi penggalih wis rila legawa kamangsa ing sato kewan alas tinimbang pisah kalayan ingkang raka Dewi Condrokirana.(82)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Tindakipun Dewi Ragilkuning anggenipun madosi Dewi Candrakirana utawi Dewi Sekartaji menika kanthi nlasak-nlasak wana benbondhotan, nlasak gegrumbulan medhak jurang minggah wukir ingkang wonten ing wanawasa, ingkang boten wonten sabawaning tiyang. Ingkang wonten ing wana wasa menika namung bangsanipun sato galak ingkang purun mangsa manungsa, nanging sang Dewi penggalihipun sampun rila legawa kamangsa sato kewan ing wana tinimbang pisah kalayan Dewi Condrokirana. Sikapipun Dewi Ragilkuning ingkang rila legawa kamangsa sato kewan ing wana tinimbang pisah kalayan Dewi Condrokirana menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang langkung nengenaken katresnanipun.

c) Rasional

Ing salebetipun cariyos Panji Jayeng Tilam menika Dewi Ragilkuning kagambaraken kagungan watak ingkang *rasional*. Dewi Ragilkuning anggenipun nanggapi satunggalipun perkawis menika miturut penggalih ingkang *logis*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon saha nggambaraken pikiranipun paraga.

*Esuk iku wungu saka anggone sare kaget priksa ingkang raka iya sang Dewi Sekartaji wis ngasta patrem arsa kasudukake ana jajane, sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebut patreme sarwi matur, “....., nanging kula aturi enget ingkang putra inggih kepenakan kula pun jabang bayi ingkang taksih abrit kados mekaten, **menawi ketilar Kakangmbok lajeng sinten ingkang badhe momong, meawi amular badhe anesep lajeng kados pundi? Mila Kakangmbok kula aturi sabar ing penggalih.***

Kados menapa badhe polahipun pulunan kula pun Panji Laleyan menawi katilar ingkang rama ibunipun ingkang sami boten wonten ingajengipun. Kados pundi menawi pulunan kula Panji Laleyan pitaken ibu sarta ramanipun, Kakangmbok? Mila mangga samenika sami sareh rumiyin, Kakangmbok sampun kasesa anganyut jiwa.”(20)

Enjing, nalika wungu saking anggenipun sare, Dewi Ragilkuning kagayat miyarsa Dewi Sekartaji sampun mbeta patrem badhe kasudukaken ing jajanipun. Sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebat patremipun menika. Lajeng nyuwun pirs menapa sebabipun Dewi Sekartaji badhe tumindak ingkang kados mekaten. Nanging Dewi Ragilkuning ugi ngaturi Dewi Sekartaji supados enget marang putranipun ingkang taksih bayi. Sinten ingkang badhe momong, kados pundi menawi badhe anesep, kados pundi menawi Panji Laleyan pitaken rama ibunipun nanging boten wonten ing sangajengipun. Saingga Dewi Sekartaji kasuwun supados sabar.

Pamrayogi saking Dewi Ragilkuning dhumateng Dewi Sekartaji menika nedahaken cara menggalih ingkang *rasional*. Sedaya kemungkinan ingkang dipunandharaken dening Dewi Ragilkuning menika *logis*. Saingga saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak *rasional*.

d) Cubriya

Dewi Ragilkuning menika kagambaraken kagungan watak ingkang cubriya. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

“Lha rak inggih mekaten Kakangmbok, dados manah kula menika radi ayem. Nanging sampun sawetawis dinten menika kula tansah ngimpi, ing rikanipun kados Kakangmbok menika lolos saking praja ngupadosi kakang Panji. Nanging menika namung ngimpi. Kula suwun

Kakangmbok sampun ngantos lolos saking negari, inggih Kakangmbok!” ature Dewi Ragilkuning.(36)

Sampun sawetawis wekdal Dewi Ragilkuning menika nyupena bilih Dewi Sekartaji menika lolos saking praja ngupadosi Raden Panji. Nanging menika namung pasupenan. Dewi Ragilkuning lajeng nyuwun supados Dewi Sekartaji sampun ngantos lolos saking nagari. Panyuwunanipun Dewi Ragilkuning dhumateng Dewi Sekartaji amargi pasupenanipun menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak cubriya.

e) Lantip

Dewi Ragilkuning menika kagambaraken kagungan watak lantip. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiran saha penggalhipun paraga.

Wasanane bareng mriksani kori ing butulan pawon pojok lor wetan sang Dewi priksa yen kori kono katon menga malimping sethithik, Dewi Ragilkuning mbatin mesthi Kakangmbok mijile saka kasatriyan liwat kori iki.(38)

Wasana sareng miyarsa lawang ing butulan pawon pojok ler wetan sang Dewi miyarsa menawi lawangipun menika katingal malimping sekedhik, Dewi Ragilkuning mbatin mesthi Dewi Sekartaji mijilipun saking kasatriyan liwat kori menika. Penggalhipun Dewi Ragilkuning ingkang langsung saged nduga bilih Dewi Sekartaji mijil saking lawang ing butulan pawon pojok ler wetan menika nedahaken bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak ingkang lantip.

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang lantip menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ingkang wonten ing ngandhap menika. *Data* menika

kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* tumindak saha *teknik* sikapipun paraga.

.... Dewi Ragilkuning banget tresnane marang ingkang raka Dewi Candrakirana, marma ora bisa pisah. **Marma bareng ing praja ingkang raka ora ana, sang Dewi Onengan wis nyipta lamun ingkang Dewi Sekartaji mesthi lolos angulari sang Panji**, pepuntoning driya Dewi Onengan nulya sumusul ingkang raka, lolos nedya angulari ing ngendi dununge ingkang raka Dewi Sekartaji. Bawaning wanita nanging putrining nata Jenggala kang tuhu wanter penggalih, sanajan sangsara dikaya ngapa sang Dewi tetep nerusake anggone tindak embuh menyang ngendi paran kang sinedya, kadi amung anut jangkahing suku. Sanajan nelasak wanawasa mudhun jurang munggah gunung sang Dewi tetep anggone tindak.(70)

Dewi Ragilkuning menika tresna sanget marang Dewi Candrakirana, saingga boten saged pisah. Saingga sareng ing praja ingkang raka menika boten kapanggihaken, Sang Dewi Onengan sampun nyipta bilih Dewi Sekartaji mesthi lolos badhe madosi Raden Panji. Pepuntonipun manah Dewi Onengan sumusul lolos, badhe madosi wonten ing pundi dunungipun Dewi Sekartaji. Sanajan sangsara kados menapa sang Dewi tetep anggenipun nerasaken lampah tanpa mangertos paran ingkang sinedya. Sanajan nalasak wanawasa, medhak jurang minggah wukir. Dewi Ragilkuning ingkang saged langsung nyipta bilih lolosipun Dewi Sekartaji saking praja menika amargi badhe ngupadosi Raden Panji menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang lantip.

f) Nekat

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang nekat menika katingal nalika Dewi Ragilkuning lolos saking praja tanpa dipunpenggalih kanthi panjang kanthi tekad badhe sumusul lolosipun Dewi Candrakirana. Watak menika kagambaraken ing

data ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga.

Tanpa dipenggalih kanthi panjang Dewi Ragilkuning kang pancen ora bisa pisah kalayan ingkang raka banjur mijil saka kasatriyan kanthi tekad nedya sumusul lolose sang Dewi Candrakirana, banjur anggeblas nalasak wengi, ora ana pawongan kang nyumurupi tindake sang Dewi.(39)

Tanpa dipunpenggalih kanthi panjang, Dewi Ragilkuning ingkang pancen boten saged pisah kalayan ingkang raka lajeng mijil saking kasatriyan. Tekadipun badhe sumusul lolosipun Dewi Candrakirana. Lajeng anggeblas nalasak dalu tanpa wonten tiyang ingkang nyumerepi tindakipun sang Dewi. Tumindakipun Dewi Ragilkuning ingkang mijil saking praja tanpa dipenggalih kanthi panjang menika nedahaken bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak nekat.

g) Kendel

Dewi Ragilkuning menika kagambaraken kagungan watak ingkang kendel. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang Prameswari muwun kelara-lara sarwi tebah jaja saking banget sungkawane dene ingkang putra loro yaiku Dewi Sekartaji lan Dewi Ragilkuning kok padha murca lolos saka praja tanpa pepoyan....(42)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning kok sami lolos saking praja tanpa pepoyan. Saking tumindakipun Dewi Ragilkuning menika saged dipunmangertosi bilih sang Dewi menika kagungan watak ingkang kendel amargi wantun lolos saking praja tanpa pepoyan.

Watak Dewi Ragilkuning ingkang kendel menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken

kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

.... Dewi Ragilkuning banget tresnane marang ingkang raka Dewi Condrokirana, marma ora bisa pisah. Marma bareng ing praja ingkang raka ora ana, sang Dewi Onengan wis nyipta lamun ingkang Dewi Sekartaji mesthi lolos angulari sang Panji, pepuntoning driya Dewi Onengan nulya sumusul ingkang raka, lolos nedya angulari ing ngendi dununge ingkang raka Dewi Sekartaji. Bawaning wanita nanging putrining nata Jenggala kang tuhu wanter penggalih, sanajan sangsara dikaya ngapa sang Dewi tetep nerusake anggone tindak embuh menyang ngendi paran kang sinedya, kadi amung anut jangkahing suku. Sanajan nelasak wanawasa mudhun jurang munggah gunung sang Dewi tetep anggone tindak....(69)

Dewi Ragilkuning menika tresna sanget marang Dewi Candrakirana, saingga boten saged pisah. Saingga sareng ing praja ingkang raka menika boten kapanggihaken, sang Dewi Onengan sampun nyipta bilih Dewi Sekartaji mesthi lolos badhe madosi Raden Panji. Pepuntonipun manah Dewi Onengan sumusul lolos, badhe madosi wonten ing pundi dunungipun Dewi Sekartaji. Sanajan sangsara kados menapa sang Dewi tetep anggenipun nerasaken lampah tanpa mangertos paran ingkang sinedya. Sanajan nalasak wanawasa, medhak jurang minggah wukir. Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning menika sanajan anggenipun madosi Dewi Sekartaji menika kanthi nalasak wanawasa, medhak jurang minggah wukir nanging tetep dipunlampahi. Menapa ingkang dipuntindakaken dening Dewi Ragilkuning menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak kendel.

Watakipun Dewi Ragilkuning menika ugi saged dipunmangertosi saking andharaipun Dewi Ragilkuning nalika dipundangu dening Resi Purwajati. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara

kontekstual, cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon, *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Dewi Onengan matur sarwi rawat waspa, ature, "Adhuh pakulun sang Maha Resi, waleh menapa kula menika putrining nata Jenggalamanik Sang Prabu Lembuamiluhur. Dene ingkang sudi amastani kula pun Onengan inggih Ragilkuning. Milanipun kula mendra saking praja amung kadereng sisahing manah jalaran kecalan kadang wredha. Satunggal jalaran kecalan kakangmas Panji Asmarabangun, kaping kalih kecalan kakangmbok Sekartaji. Kadang kula kecalih menika sanget kula tresnane, kula boten saged pisah kalayan kakangmas Panji sarta kakangmbok Sekartaji. Mila kula rencangi minggah redi tumurun ing jurang mideringrat angelangut njajah negara manjing wanawasa namung kadereng angulati kakangmas Panji sarta kakangmbok Candrakirana."(73)

Dewi Onengan ngaturaken dhumteng Resi Purwajati bilih piyambakipun menika putrinipun nata Jenggalamanik sang Prabu Lembuamiluhur. Ngandharaken bilih asmanipun menika Onengan utawi Ragilkuning. Anggenipun mendra saking praja badhe madosi kadang ingkang dipuntresnani sanget, inggih menika Raden Panji Asmarabangun saha Dewi Sekartaji. Mila anggenipun madosi raka kecalhipun menika kanthi dipunrewangi minggah redi tumurun ing jurang mideringrat angelangut njajah negara manjing wanawasa. Dewi Ragilkuning ingkang madosi rakanipun kanthi dipunrewangi minggah redi tumurun ing jurang mideringrat angelangut njajah nagari manjing wanawasa kiyambakan menika nedahaken bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak kendel.

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang kendel menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Tindhake nlasak-nlasak alas benbondhotan, nlasak gegrumbulan mudhun jurang mungga gunung ana sajroning alas gung liwang-liwung tan ana sabawaning manungsa, kang ana mung bangsane sato

alas kang galak doyan mangsa manungsa, nanging sang Dewi penggalihe wis rila legawa kamangsa ing sato kewan alas tinimbang pisah kalayan ingkang raka Dewi Condrokirana.(82)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih tindakipun Dewi Ragilkuning anggenipun madosi Dewi Candrakirana utawi Dewi Sekartaji menika kanthi nlasak-nlasak wana bebondhotan, nlasak gegrumbulan medhak jurang minggah wukir ingkang wonten ing wanawasa, ingkang boten wonten sabawaning tiyang. Inggang wonten ing wana wasa menika namung bangsanipun sato galak ingkang purun mangsa manungsa, nanging sang Dewi penggalhipun sampun rila legawa kamangsa sato kewan ing wana tinimbang pisah kalayan Dewi Condrokirana. Tumindakipun Dewi Ragilkuning menika nedahaken bilih ngupadosi Dewi Candrakirana kanthi nlasak-nlasak wana benbondhotan, nlasak gegrumbulan medhak jurang minggah wukir ingkang wonten ing wanawasa, ingkang boten wonten sabawaning tiyang menika nedahaken bilih watakipun menika kendel.

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang kendel menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. Watak ing *data* menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sajrone tindak iku dumadakan sang Dewi miyarsa swaraning bayi nangis. Sang Dewi gumun ing sajroning alas gedhe kok ana swara bayi nangis iku anake sapa? Apa iku anake Wewe Gombel? Apa anak Gendruwo? Mengkono penggalihe Dewi Onengan. Nanging swaraning tangis iku kok persis kaya suwarane pulunanku Panji Laleyan, nanging mokal yen angger Panji Laleyan tekan ing alas kene. Ah, luwih becik dak tilikane sapa bayi kang ana satengahing alas iki. Sang Dewi Ragilkuning nulya tindak nuju marang swaraning tangis bayi....(83)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun tindak madosi Dewi Sekartaji, dumadakan Dewi Ragilkuning mireng suwanten bayi muwun. Sang Dewi gumun dene ing salebetipun wanawasa menika kok wonten suwantenipun bayi muwun menika putranipun sinten? Menapa anak Wewe Gombel? Menapa anak Gendruwo? Kados mekaten penggalhipun Dewi Onengan (Dewi Ragilkuning). Nanging suwantenipun menika persis kados suwantenipun Panji Laleyan. Nanging miturut pamanggihipun sang Dewi kiyambak kadosipun mokal menawi Panji Laleyan dumugi ing wana menika. Wasana Dewi Ragilkuning nedya ningali sinten bayi ingkang wonten ing samadyanipun wana menika. Dewi Ragilkuning lajeng tindak nuju ing pundi suwantenipun tangis bayi menika. Tumindakipun Dewi Ragilkuning ingkang wantun madosi sarta nyelaki suwanten bayi nangis sanajan ing wanawasa menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak kendel.

h) Teteg tekatiipun

Watakipun Dewi Ragilkuning ingkang sanesipun salah satunggalipun inggih menika teteg tekadipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

.... tindake Dewi Ragilkuning sawise isa ambodhohi punakawan loro sarana kadhawuhan golek banyu kanggo wijik sang cantrik mengko yen wis unggul yuda, sang Dewi enggal nglimpekake punakawan loro mendra nedya nggoleki ingkang raka Dewi Sekartaji.(81)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning sasampunipun saged mbodhoni punakawanipun Raden Gunungsari lajeng nerasaken tindakipun madosi Dewi Sekartaji. Saderengipun, Dewi Ragilkuning

mbodhoni punakawan kalih sarana kadhawuhan pados toya kangge wijik sang cantrik menawi sampun menang anggenipun lumawan wadya Bugis. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning menika teteg tekadipun anggenipun badhe madosi Dewi Sekartaji. Saingga saged dipunmangertosi ugi bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak teteg tekadipun.

i) Tabah

Ing salebetipun madosi Dewi Sekartaji, saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning menika kagungan watak tabah. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Tindhake nlasak-nlasak alas benbondhotan, nlasak gegrumbulan mudhun jurang munggah gunung ana sajroning alas gung liwang-liwung tan ana sabawaning manungsa, kang ana mung bangsane sato alas kang galak doyan mangsa manungsa, nanging sang Dewi penggalihe wis rila legawa kamangsa ing sato kewan alas tinimbang pisah kalayan ingkang raka Dewi Condrokirana.(82)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih tindakipun Dewi Ragilkuning anggenipun madosi Dewi Candrakirana utawi Dewi Sekartaji menika kanthi nlasak-nlasak wana bebondhotan, nlasak gegrumbulan medhak jurang munggah wukir ingkang wonten ing wanawasa, ingkang boten wonten sabawaning tiyang. Ingkang wonten ing wanawasa menika namung bangsanipun sato galak ingkang purun mangsa manungsa, nanging Sang Dewi penggalihipun sampun rila legawa kamangsa sato kewan ing wana tinimbang pisah kalayan Dewi Condrokirana. Tumindakipun Dewi Ragilkuning menika nedahaken bilih piyambakipun menika tabah sanajan kedah ngupadosi Dewi Candrakirana kanthi

nlasak-nlasak wana benbondhotan, nlasak gegrumbulan medhak jurang minggah wukir ingkang wonten ing wanawasa, ingkang boten wonten sabawaning tiyang. Ingkang wonten ing wana wasa menika namung bangsanipun sato galak ingkang purun mangsa manungsa.

j) Boten kersa kawon

Dewi Ragilkuning nalika sampun dipunpuja dados Raden Madukusuma menika kagambaraken kagungan watak boten kersa kawon. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga.

Satriya sekarone bareng priksa wadya Bali kasoran banget ing dukane, sigra maju sarwi menthang gendhewa nulya senjata jemparing peparing Hyang Narada den gunakake, sakala ing payudan udan jemparing Sarutama lan Ardha Dhedhali.(89)

Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma duka sanget nalika miyarsa bilih wadya Bali tansah kasoran. Kekalihipun sigra majeng sarwi menthang gandhewa lajeng senjata jemparing saking Hyang Narada. Senjata menika dipunginakaken ing payudan, sakala ing payudan jawah jemparing Sarutama saha Ardhadhedhali. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning nalika sampun dipunpuja dados Raden Madukusuma menika kagungan watak ingkang boten kersa kawon.

Wondene nalika dados Patih Jayengtilam, patih nagari Bali, Dewi Ragilkuning menika minangka salah satunggalipun paraga ingkang kagungan watak ngece, boten sopan santun, *inisiatif*, angkuh, saha *profokatif*. Ing pungkasanipun cariyos saged dipunmangertosi bilih Patih Jayengtilam menika

sejatosipun Dewi Ragilkuning. Salajengipun watak-watakipun Patih Jayengtilam menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Ngecenan

Patih Jayengtilam ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak ngecenan. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Ki Patih matur sandika sarwi mesem lan munjuk mungsuh kok den ela-ela kaya carane tamu agung. Mungsuh becike disiya-siya banjur dikroyok senjata kareben mati, lha iki mungsuh kok malah diistimewakake, mengko tamune tuman teka kene.(115)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun midhangetaken dhawuhipun Prabu Madubrangta supados nyawisaken papan ingkang sae kangge mungsuh, Ki Patih Jayengtilam matur sarwi mesem, munjuk mungsuh kok dipunela-ela kados tamu agung, kedahipun dipunsia-sia lajeng dipunkroyok senjata supados pejah. Menawi mungsuh malah dipunsinewaka, samangke tamunipun malah tuman rawuh ing nagari menika. Tanggapanipun Patih Jayengtilam menika nedahaken bilih piyambakipun menika ngece marang menapa ingkang dipundhawuhaken dening Prabu Madubrangta. saingga saged dipunmangertosi ugi saking andharan menika bilih Patih Jayengtilam menika kagungan watak ngecenan.

Sasanesisipun saking *data* menika, watak ngece saking Patih Jayengtilam menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Duta loro satekane pakuwon nulya sowan sang Prabu ngaturake sasolahe dinuta. Layang wangsulan den waca, **isine layang banget anggone ngala-ala marang sang Panji**, den wastani ratu kepaten garwa kok banjur arep ngrebut garwane sang nata Bali. **Akeh-akeh Patih Jayengtilam anggone ngala-ala sang Panji.**(119)*

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih duta kalih enggal ngaturaken layang wangsulan saking nagari Bali dhumateng Sang Prabu (Raden Panji Inukertapati). Layang menika isinipun ngala-ala sanget marang Sang Panji. Sang Panji dipunwastani ratu kepaten garwa lajeng badhe ngrebat garwanipun nata Bali. Kathah sanget anggenipun Patih Jayengtilam ngala-ala Sang Panji. Ngendikanipun Patih Jayengtilam menika nedahaken bilih Patih Jayengtilam menika ngece marang Raden Panji. Perkawis menika ingkang ugi nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ngece.

b) Boten sopan santun

Sasanesipun kagambaraken kagungan watak ngece marang tiyang, Patih Jayengtilam menika ugi kagambaraken kagungan watak boten ngertos sopan santun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Duta loro satekane pakuwon nulya sowan sang Prabu ngaturake sasolahe dinuta. Layang wangsulan den waca, **isine layang banget anggone ngala-ala marang sang Panji**, den wastani ratu kepaten garwa kok banjur arep ngrebut garwane sang nata Bali. **Akeh-akeh Patih Jayengtilam anggone ngala-ala sang Panji.**(119)*

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih duta kalih enggal ngaturaken layang wangsulan saking nagari Bali dhumateng Sang Prabu (Raden Panji Inukertapati). Layang menika isinipun ngala-ala sanget marang Sang Panji. Sang Panji dipunwastani ratu kepaten garwa lajeng badhe ngrebat garwanipun

nata Bali. Kathah sanget anggenipun Patih Jayengtilam ngala-ala Sang Panji. Ngendikanipun Patih Jayengtilam ing salebetipun layang ingkang ngala-ala Raden Panji menika nedahaken bilih Patih Jayengtilammenika kagungan watak boten sopan santun.

c) *Inisiatif*

Patih Jayengtilam menika kagambaraken kagungan watak *inisiatif*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Sang nata Bali miyos ing pabaratan ginarebeg sagung para nata miwah wadyabala kang samya seba ing kering miwah ing kanan, dene sang Patih seba ana ngarsane sang nata. Patih matur, “Gusti, kula badhe ngedali yuda. Saking pemanggih kawula menawi saged peperang menika sampun ngaben yuda para prajurit, langkung sae ngaben para nata miwah para satriya samya tetandhingan. menawi perangipun para wadya menika boten katingal pundi ingkang sura sekti, jer perange para wadya menika tansah perang wor suh. Nanging menawi perangipun para nata utawi para satriya menika temtu badhe ketingal sinten ingkang ketingal langkung sekti utawi digdaya.”(122)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Patih Jayengtilam seba ingarsanipun Prabu Madubrangta lajeng ngaturaken bilih piyambakipun menika badhe ngedali yuda. Miturut pamanggihipun sang patih, perang menika sampun ngaben yudanipun para prajurit, prayoginipun ngaben para nata miwah satriya. Menawi perangipun wadya menika boten katingal pundi ingkang sura sekti, jer perangipun wadya menika namung perang wor suh. Nanging menawi antawisipun para nata utawi para satriya menika temtunipun saged katingal pundi ingkang langkung sekti. Saking menapa ingkang dipunandharaken Patih Jayengtilam dhumateng Prabu Madubrangta menika

nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *inisiatif*. Inggih menika kanthi caos pamanggih ingkang enggal kangge *mecahaken* perkawis.

d) Angkuh

Patih Jayengtilam sasanipun kagambaraken kagungan watak ingkang ngecenan, boten sopan santun, saha *inisiatif*, ugi kagambaraken kagungan watak angkuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *diskurtif* saha *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

Sang Prabu sarujuk ature patih Jayengtilam. Ki Patih Jayengtilam enggal nyengklak turangga sikep gegamaning yuda anyander nuju ing pakuwoning mungsuh. Satekane ing barisane mungsuh Ki Patih Jayengtilam nyuwara, suwarane renyah kaduk ladak, “Heh para nata patih miwah wadya bala ing tanah Sabrang, mangertiya ingsun iki pepatih ing negara Bali, ingsun dinuta ing sang nata Bali supaya mengko peperangan iki ora datan angadu wadya bala, nanging perang tandhing padha dene nata utawa padha dene sasatriya, perang tandhing siji padha siji, datan perang keroyokan kaya perange wadya bala. Ayo saiki sapa kang wani maju dhisik, yen perlu saiki Panji Asmarabangun supaya maju tandhing lawan ingsun patih Bali Arya Jayeng Tilam, tandjing siji lawan siji.”(123)

Sasampunipun pamrayoginipun dipuntampi dening Sang Prabu, Patih Jayengtilam enggal numpak nyengklak turangga sikep gegaman yuda nuju ing pakuwonipun mungsuh. Sasampunipun dugi ing barisanipun mungsuh Ki Patih Jayengtilam kaduk ladak. Ngandharaken bilih panjenenganipun menika minangka patih ing Bali ingkang dipunutus dening nata Bali. Samangke papranganipun menika boten ngaben wadya bala, nanging perang tandhing antawisipun sasaminig nata utawi sasaminig satriya, perang tandhing setunggal lawan setunggal, sanes perang karoyokan kados perangipun wadya bala. Lajeng Patih Jayengtilam menika malah nantangi marang Raden Panji Asmarabangun supados majeng tandhing lawan Ki Patih Jayengtilam, tandhing setunggal lawan setunggal.

Sikap saha tumindakipun Patih Jayengtilam menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak angkuh.

e) *Profokatif*

Patih Jayeng tilam ingkang sejatosipun Dewi Ragilkuning menika ugi kagambaraken kagungan watak *profokatif*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

Sang Prabu sarujuk ature patih Jayengtilam. Ki Patih Jayengtilam enggal nyengklak turangga sikep gegamaning yuda anyander nuju ing pakuwoning mungsuh. Satekane ing barisane mungsuh Ki Patih Jayengtilam nyuwara, suwarane renyah kaduk ladak, “Heh para nata patih miwah wadya bala ing tanah Sabrang, mangertiya ingsun iki pepatih ing negara Bali, ingsun dinuta ing sang nata Bali supaya mengko peperangan iki ora datan angadu wadya bala, nanging perang tandhing padha dene nata utawa padha dene sasatriya, perang tandhing siji padha siji, datan perang keroyokan kaya perange wadya bala. Ayo saiki sapa kang wani maju dhisik, yen perlu saiki Panji Asmarabangun supaya maju tandhing lawan ingsun patih Bali Arya Jayeng Tilam, tandjing siji lawan siji.”(123)

Sasampunipun pamrayoginipun dipuntampi dening Sang Prabu, Patih Jayengtilam enggal numpak nyengklak turangga sikep gegaman yuda nuju ing pakuwonipun mungsuh. Sasampunipun dugi ing barisanipun mungsuh Ki Patih Jayengtilam kaduk ladak. Ngandharaken bilih panjenenganipun menika minangka patih ing Bali ingkang dipunutus dening nata Bali. Samangke papranganipun menika boten ngaben wadya bala, nanging perang tandhing antawisipun sasamining nata utawi sasamining satriya, perang tandhing setunggal lawan setunggal, sanes perang karoyokan kados perangipun wadya bala. Lajeng Patih Jayengtilam menika malah nantangi marang Raden Panji Asmarabangun supados majeng tandhing lawan Ki Patih Jayengtilam, tandhing setunggal lawan setunggal. Ngendikanipun Patih Jayengtilam kados menapa ingkang dipunandharaken

menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak angkuh. Anggenipun Patih Jayengtilam nantangi tandhing kanthi kaduk ladak menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *profokatif*.

Watakipun Patih Jayengtilam ingkang *profokatif* menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

Ki Patih Jayengtilam ngedali yuda sigra sesumbar nantang wong Parangkencana den ajak perang tandhing siji padha siji.(136)

Sareng mangertos bilih wadya saking Parangkencana sampun nabuh tengaraning perang, Ki Patih Jayengtilam ugi enggal dhawuh supados ngimbangi tengaraning perang. Lajeng piyambakipun menika enggal ngedali yuda sarwi sesumbar nantang tiyang Parangkencana, dipunajak perang tandhing setunggal baka setunggal. Tumindakipun Patih Jayengtilam menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *profokatif*.

3) Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun)

Raden Panji Inukertapati inggih menika minangka salah satungalipun paraga utama ingkang wonten ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam*. Paraga Raden Panji Inukertapati minangka salah satunggalipun paraga utama menika kagambaraken kagungan watak gampil lilih penggalhipun, jembar pangaksaminipun, *religius*, *emosional*, kejem, *egois*, angkuh, tegelan, saha nengenaken kemenangan. Salajengipun watak-watakipun Raden Panji Inukertapati menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Gampil lilih penggalhipun

Raden Panji Inukertapati menika kagambaraken kagungan watak ingkang gampil lilih penggalhipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon, *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga saha *teknik* sikapipun paraga.

Miyarsa ature Sang Dewi Nawangwulan kaya mengkono sang Panji angles penggalihhe, ngrasa banget welas marang sang Dewi Nawangwulan, marma astane sang Dewi sigra cinandhak kinen lenggah, sang Panji ngandika alon, "Adhuh Putri kang tuhu ayu linuwih. Lamun kaya mengkono becik samengko rama ibunira dalah sakadang kadeyanira padha timbalana mrene supaya ngadhep ingarsaku, aku kepingin uninga sapa sejatine sudarma miwah renanira. Dene mbesuk lamun sanyata sudarmanira masrahake sira marengake, sira ora mung dakanggep kadi pawongan utawa parekan, nanging sira dadi garwa minangka sisihane putri Kedhiri. Wis mara enggal timbalana wong atuwana miwah para kadangira tekaa mrene kabeh."(65)

Raden Panji Inukertapati angles penggalhipun midhanget aturipun Dewi Nawangwulan ingkang katingal tresna sanget marang piyambakipun. Sang Panji rumaos welas marang sang Dewi Nawangwulan lajeng dhawuh supados Sang Dewi nimbali rama, ibu, miwah kadang kadeyanipun supados ngadhep ingarsanipun Raden Panji. Menawi ngenjang ramanipun Dewi Nawangwulan menika pancen masrahaken saha marengaken, Dewi Nawangwulan menika badhe kapendhet garwa dening sang Panji. Saking andharan sikap menapa ugi ngendikanipun Raden Panji Inukertapati menika saged dipunmangertosi bilih Sang Panji menika kagungan watak ingkang gampil lilih penggalhipun.

b) Jembar pangaksaminipun

Watakipun Raden Panji Inukertapati ingkang jembar pangaksaminipun menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika ingkang

kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga saha *teknik* sikapipun paraga.

Raden Panji mangsuli aris,” Inggih Rama Prabu, sedaya menika sejatosipun mila sampun dados kersaning Jawata. Kula saged dumugi ing negara Parangkencana menika inggih saking kersaning Jawata linangkung. Kepanggih kula kalayan ingkang putri yayi Nawangwulan menika temtu kersaning Bathara, mila kula boten saged nampik pa srananipun Rama Prabu yayi Nawangwulan dhateng kula, temtu inggih kula tampi kanthi asta kekalih.....”(67)

Midhanget atur pangaksama saking Prabu Basunanda, Sang Panji mangsuli bilih sedaya ingkang kadadosan menika sampun dados kersanipun Jawata. Raden Panji saged dumugi ing Parangkencana menika temtu sampun dados kersanipun Jawata. Anggenipun kepanggih kaliyan Dewi Nawangwulan menika temtunipun inggih sampun dados kersanipun Bathara, pramila Raden Panji kersa nampi Dewi Nawangwulan. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Sang Panji menika boten duka amargi sampun dipundhustha dening Prabu Basunanda, malah nampi perkawis menika minangka pepestheipun saking Bathara. Saingga saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Raden Panji Inukertapati menika kagungan watak jembar pangaksaminipun.

c) *Religius*

Watakipun Raden Panji Inukertapati ingkang *religius* menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika ingkang kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga saha *teknik* sikapipun paraga.

Raden Panji mangsuli aris,” Inggih Rama Prabu, sedaya menika sejatosipun mila sampun dados kersaning Jawata. Kula saged dumugi

ing negara Parangkencana menika inggih saking kersaning Jawata linangkung. Kepanggih kula kalayan ingkang putri yayi Nawangwulan menika temtu kersaning Bathara, mila kula boten saged nampik pa srananipun Rama Prabu yayi Nawangwulan dhateng kula, temtu inggih kula tampi kanthi asta kekalih.....”(67)

Midhanget atur pangaksama saking Prabu Basunanda, Sang Panji mangsuli bilih sedaya ingkang kadadosan menika sampun dados kersanipun Jawata. Raden Panji saged dumugi ing Parangkencana menika temtu sampun dados kersanipun Jawata. Anggenipun kepanggih kaliyan Dewi Nawangwulan menika temtunipun inggih sampun dados kersanipun Bathara, pramila Raden Panji kersa nampi Dewi Nawangwulan. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Raden Panji Inukertapati utawi Raden Panji Asmarabangun tansah masrahaken sedaya kadadosan menika minangka kersanipun Bathara. Saking sikapipun Raden Panji menika saged dipunmangertosi bilih Raden Panji Inukertapati menika kagungan watak *religius*, kapitadosanipun dhumateng Bathara menika inggil.

Watakipun Raden Panji Inukertapati ingkang *religius* menika ugi saged dipunmangertosi nalika wadya balanipun Sang Panji menika tansah kasoran ing yuda, piyambakipun lajeng nenuwun marang Jawata. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon, *teknik* tumindakipun paraga.

Sang Panji putek penggalihe dene perange tansah kasoran, nulya nimbali abdi ki Bancak tinakon menawa ngerti kelemahane kelemahane nata Bali, nanging Bancak matur ora ngerti sebab wis den tundhung dening nata Bali. Mula nuli nimbali ki Dhoyok kang isih ngabdi ana Bali mesthi ngerti pangapesane wong Bali. Kang dinangu matur lamun durung wancine, sang den aturi supaya sabar. Sanalika sang Panji enget, nulya semedi nenuwun marang Jawata.(135)

Sang Panji putek penggalhipun dene perangipun tansah kasoran. Lajeng nimbali Ki Bancak, nyuwun pirsu bab pengapesanipun nata Bali, nanging Ki Bancak menika boten mangertos amargi kiyambakipun menika sampun dipuntundhung dening Prabu Madubrangta. Mila nimbali Ki Dhoyok ingkang taksih ngabdi ing Bali, nanging miturut pamanggihipun Ki Dhoyok menika dereng wancinipun Sang Prabu mangertos. Sanalika Sang Panji enget, lajeng semedi nenuwun marang Jawata. Tumindakipun Raden Panji Inukertapati ingkang nenuwun marang Jawata menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *religius*.

d) *Emosional*

Raden Panji Inukertapati menika kagambaraken kagungan watak ingkang *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon, *teknik* tumindakipun paraga.

Satekane dalem puri Raden Wangsengsari dupi mulat ingkang raka Raden Panji nulya gupuh malajengi nulya nungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kelara-lara. Raden Panji Inukertapati dupi mulat ingkang rayi sigra rinangkul sarwi rawat waspa.....(95)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun dugi ing dalem kedhaton, Raden Wangsengsari kepanggih kaliyan Raden Panji. Raden Wangsengsari malajengi lajeng nyungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kesakitsakit. Raden Panji sareng muwun ingkang rayi enggal dipunrangkul sarwi rawat waspa. Tumindakipun Raden Panji Inukertapati ingkang muwun sarwi ngrangkul ingkang rayi sarwi rawat waspa menika nedahaken bilih piyambakipun kagungan watak *emosional*.

Watakipun Raden Panji Inukertapati ingkang *emosional* menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing *data* ngandhap menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* tumindakipun paraga.

Bayi enggal kapundhut dening sang Panji ingarasan sarwi muwun keranta-rata dene ingkang putra isih timur wis kudu nandhang sangsara ana alas. Sawise iku sang Panji nulya nampani layang kang manut ature jarene saka ingkang garwa Dewi Sekartaji kang dhek mau wis diaturake lamun ingkang garwa wis surud ing kasidan jati. Isine layang nyebutake lamun sang Dewi banget nandhang sangsara ngulati sang Panji, dalasan ingkang rama sarta ingkang ibu kabeh samya nandhang sungkawa malah wong sanegara iya padha susah atine.

Rampung nupiksa layang sang Panji dadi nandhang sungkawa kaworan brangta enget marang garwa sang Dewi Sekartaji, saking banget ing nandhang sungkawa kongsi supe dhahar kalayan nendra.

Priksa lamun ingkang garwa nandhang sangsara kang kaya ngono sang Panji banget sungkawane. Penggalihe mung tansah eling marang ingkang garwa Dewi Sekartaji wasanane kadya lagi nandhang brangta kasmaran marang garwa, kongsi suwe sang Panji anggone nandhang wuyung wayang wuyungan mung tansah enget marang garwa putri Kedhiri kang pranyata banget tinresnan.(111)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Panji Laleyan ingkang dipunpasrahaken dening Raden Wirun enggal kapundhut dening Raden Panji ingarsanipun sarwi muwun keranta-ranta dene putranipun taksih enem sampun kedah nandang sangsara ing alas. Sasampunipun menika Sang Panji nampi serat ingkang miturut aturipun saking Dewi Sekartaji ingkang kalawau sampun dipunaturaken bilih sampun seda. Isinipun layang nyebataken bilih sang Dewi menika sangsara sanget ing salebetipun madosi Sang Panji, dalasan rama sarta ibu sadaya sami nandhang sungkawa malah tiyang sanagari ugi sami sisah manahipun. Rampung nupiksa layang menika, Sang Panji dados nandhang sungkawa sarta brangta enget marang garwanipun, Dewi Sekartaji. Sang panji

ngantos supe dahar nendra amargi saking anggenipun sungkawa. Miyarsa bilih garwanipun nandang sangsara ingkang kados mekaten, sang Panji dados ngraos sungkawa. Penggalhipun namung tansah enget marang Dewi Sekartaji ingkang pranyata banget tinresnan.

Raden Panji ingkang penggalhipun gampil ngraos keranta-ranta, gampil muwun menika nedahaken bilih Raden Panji Inukertapati menika kagungan watak *emosional*. Watakipun Raden Panji Inukertapati ingkang *emosional* menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ingkang kagambaraken ing *data* ngandhap menika ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Mula bareng uninga isine layang sang Panji sakala duka yayah sinipi netra andik angetirah kumedut padoning lathi, nulya dhawuh supaya enggal padha siyaga ing yuda sikep sagegamane.(120)

Saking *data* menika saged dipun mangertosi bilih sareng mangertos isinipun layang wangsulun saking Bali, sang Panji duka lajeng dhawuh supados enggal sami siyaga ing yuda sikep sagegamanipun. Anggenipun duka lajeng mendhet keputusan supados para wadya bala enggal sami siyaga ing yuda sikep sagegamanipun menika nedahaken bilih Raden Panji Inukertapati menika kagungan watak *emosional*.

e) Kejem

Raden Panji Inukertapati menika kagambaraken kagungan watak ingkang kejem. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

Layange wis ditampa lan banjur diwaca dening sang nata Bali. Surasane mung sang nata Bali kudu enggal nyaosake Dewi Sekartaji ingarsane sang

Panji, lamun datan enggal den pasrahake negara Bali nedya den dadekake karang abang.(118)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih isinipun layang saking Raden Panji inggih menika supados nata Bali enggal masrahaken Dewi Sekartaji, meawi boten enggal dipunpasrahaken, nagari Bali badhe kadadosaken karang abrit. Sikapipun Raden Panji menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak kejem, inggih menika kanthi badhe ndadosaken nagari Bali dados karang abrit menawi boten kersa enggal masrahaken Dewi Sekartaji.

f) *Egois*

Raden Raden Panji Inukertapati menika kagambaraken ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika kagungan watak *egois*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

Layange wis ditampa lan banjur diwaca dening sang nata Bali. Surasane mung sang nata Bali kudu enggal nyaosake Dewi Sekartaji ingarsane sang Panji, lamun datan enggal den pasrahake negara Bali nedya den dadekake karang abang.(118)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih isinipun layang saking Raden Panji inggih menika supados nata Bali enggal masrahaken Dewi Sekartaji, menawi boten enggal dipunpasrahaken, nagari Bali badhe kadadosaken karang abrit. Sikapipun Raden Panji menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *egois*. Amargi saking perkawisipun kiyambak, satunggalipun nagari badhe dipunperangi. Prajurit temtunipun dipunkorbanaken.

Watakipun Raden Panji ingkang tegelan menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika ingkang kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Prabu Madubrangta nyuduki sang Panji nanging tinangkis sarana putra bayi, ...(138)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Raden Panji Inukertapati ngginakaken putranipun ingkang taksih bayi kangge nangkis nalika dipunsuduki dening Prabu Madubrangta. Sikapipun Raden Panji menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *egois*, langkung nengenaken keslametanipun piyambak tinimbang putranipun.

g) Angkuh

Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, Raden Panji Inukertapati utawi Raden Panji Asmarabangun ugi kagambaraken kagungan watak angkuh. Watak angkuh saking Raden Panji Inukertapati menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

Sang Panji Inukertapati banget dukane, nulya mangsuli pangandika, “Heh, patih Bali, matura marang ratunira, ingsun datan sudi tandhing kalayan patih. Patih iku mungsuhe iya patih, dipati iya mungsuh dipati, dene ingsun iya kudu mungsuh kalayan ratunira endi wujudu ratu Bali, ayo tandhing kalayan ingkang padha dene narendra.”(124)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih midhanget panantangipun Patih Jayengtilam, Sang Panji Inukertapati banget dukanipun. Lajeng ngandika bilih piyambakipun menika boten sudi tandhing kaliyan patih. Patih menika mungsuhipun inggih patih, dipati mungsuhipun ugi dipati, wondene

Sang Panji menika mungsuhipun inggih kaliyan ratunipun. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih sikap saha ngendikanipun Raden Panji Inukertapati menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak angkuh.

h) Tegelan

Raden Panji Inukertapati menika kagambaraken kagungan watak tegelan. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

Sang Prabu ngandika dina mbesuk kang magut yuda aja para nata miwah patih utawa wadya bala, kanggo dina sesuk iku becike kang magut ganti prajurit wanita, jer ing Parangkencana akeh prajurit wanita kang sura sakti. Lamun raja tetelukan datan darbe prajurit wanita, marma kang magut yuda ngemungna prajurit wanita saka Parangkencana. Dina sesuk para prajurit priya cukup mung padha nonton perange para wanita anggone adu kasantikan kasudibyan. (129)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun mentas kasoran yuda, Sang Prabu ngandika bilih dinten salajengipun ingkang magut yuda sanes nata miwah patih utawi wadya bala nanging prajurit wanita. Bab menika amargi ing Parangkencana menika kathah prajurit wanita ingkang sura sekti. Amargi raja tetelukan boten kagungan prajurit wanita saingga ingkang magut yuda namung prajurit wanita saking Parangkencana. Dinten ngenjang menika para prajurit priya cekap namung nonton perangipun wanita anggenipun adu kasekten kasudibyan. Sikapipun Raden Panji ingkang dhawuh supados dinten salajengipun ngerahaken prajurit wanita wondene ingkang pria namung nonton menika nedahaken bilih piyambakipun menika tegelan.

Watakipun Raden Panji Inukertapati ingkang tegelan menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Prabu Madubrangta nyuduki sang Panji nanging tinangkis sarana putra bayi, ...(138)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Raden Panji Inukertapati ngginakaken putranipun ingkang taksih bayi kangge nangkis nalika dipunsuduki dening Prabu Madubrangta. tumindakipun Raden Panji Inukertapati menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak tegelan, katingal saking anggenipun ngginakaken putranipun kiyambak ingkang taksih bayi minangka tameng.

i) Nengenaken kemenangan

Raden Panji Inukertapati ing salebetipun paparangan mungsuh nagari Bali menika kagambaraken kagungan watak nengenaken kemenangan. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga.

Sang Panji banget ngungune dene perange para putri Parangkencana tansah kasoran, andadekake sungkawaning penggalih, nulya kondur ngedhaton, ing galih lingsem dene garwane kasoran yudane. Sang Panji putek penggalihhe dene perange tansah kasoran.(134)

Sang Panji gumun sanget dene putri Parangkencana tansah kasoran. Perkawis menika damel sungkawaning penggalhipun sang Panji lajeng kondur ngedhaton. Ing penggalhipun Sang Panji menika rumaos lingsem amargi garwanipun kasoran yuda. Sang Panji putek penggalhipun dene perangipun tansah kasoran. Saingga saking andharan *data* ingkang nedahaken bilih Raden

Panji menika puthek penggalipun, lingsem amargi garwanipun tansah kasoran. Ingkang langkung dipunpenggalihaken menika anggenipun para garwa sami kasoran yuda sanes kahananipun para garwa menika sasampunipun magut yuda menapa malih kasoran yuda. Sikapipun Raden Panji Inukertapati menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak nengenaken kemenangan.

4) Raden Gunungsari

Raden Gunungsari inggih menika putranipun nata Kedhiri. Paraga menika minangka paraga tambahan ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam*. Paraga Raden Gunungsari saha Cantrik Ragagati menika minangka tiyang ingkang sami. Raden Gunungsari dipunbinusa dados Cantrik Ragagati dening Resi Purwajati supados saged ngrencangi lampahipun Dewi Ragilkuning anggenipun madosi rakanipun. Paraga menika kagambaraken kagungan watak *egois, emosional*, ajrih nglairaken katresnanipun, remen mbebeda, nengenaken katresnanipun, saha waspada.

a) *Egois*

Paraga Raden Gunungsari menika kagambaraken kagungan watak *egois*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Raden Gunungsari kang banget sungkawane dene ditinggal sang Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning kang banget ditresnani. Nalika nampa pawarta bab ilange sang Panji penggalihe ora pati sungkawa, dikabari yen kang raka Dewi Sekartaji lolos iya isih kepenak-kepenak wae, nanging bareng midhanget yen sang Dewi Ragilkuning iya lolos penggalihe dadi bingung, pepuntone banjur nedya ngupadi lolose sang Kusuma Onengan.(46)

Raden Gunungsari ingkang sungkawa sanget dene dipuntilar dening Dewi Onengan, inggih Dewi Ragilkuning ingkang dipuntresnani sanget. Nalika nampi pawarta ngengingi icalipun sang Panji, penggalhipun boten patos sungkawa. Dipunkabari bilih ingkang raka Dewi Sekartaji lolos ugi taksih sekeca-sekeca kemawon. Nanging sareng midhanget bilih Dewi Ragilkuning menika inggih lolos, penggalhipun Raden Gunungsari dados bingung, pepuntonipun lajeng badhe madosi lolosipun Dewi Ragilkuning (Sang Kusuma Onengan). Sikap saha tumindakipun Raden Gunungsari menika nedahaken bilih piyambakipun mneika kagungan watak ingkang *egois*. Icalipun Raden Panji Inukertapati boten patos damel sungkawanipun, lajeng lolosipun Dewi Sekartaji ugi boten dados penggalhipun. Nanging nalika mangertos ingkang ical menika Dewi Ragilkuning, piyambakipun lajeng nedya ngupadosi amargi Dewi Ragilkuning menika minangka wanodya ingkang dipuntresnani, ingkang wigatos kanggenipun Raden Gunungsari.

Sasanecipun *data* ing nginggil menika, watak *egois* saking paraga Raden Gunungsari nalika Raden Gunungsari nilapaken misah saking wadya Kedhiri ingkang madosi Raden Panji. Piyambakipun menika nilapaken misah amargi badhe madosi Dewi Ragilkuning. Watak ing salebetipun *data* menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Bareng para wadya ing barisane kang padha ngulari sang Panji padha kalimpe Raden Gunungsari banjur nilapake misah saka para wadya bala Kedhiri tekade nedya ngupadi woding penggalih iya sang Dewi Ragilkuning. (47)

Sareng para wadya bala ing barisanipun ingkang madosi sang Panji sami kalimpe, Raden Gunungsari lajeng nilapaken misah saking para wadya bala Kedhiri. Tekadipun badhe madosi tiyang ingkang dipuntresnani, inggih menika Sang Dewi Ragilkuning.

Watakipun Raden Gunungsari ingkang *egois* menika ugi kapanggihaken nalika kiyambakipun menika sampun dipunbinusa dados Cantrik Ragagati. Watak menika kapanggihaken ing *data* ngandhap menika, kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* sikapipun paraga.

Cantrik Ragagati matur karo nesu, “Menawi boten kersa inggih sampun, kula badhe mlajar ingkang tebih. Nanging menawi sang Dewi kersa mituruti panyuwun kula, tiyang Bugis menika badhe kula amuk ngantos sami keplajar ajrih menawi ngantos pejah kula amuk sepinten bangganipun Bugis.”(77)

Cantrik Ragagati ngaturaken dhumateng Dewi Ragilkuning menawi boten kersa nindakaken panyuwunipun, Cantrik Ragagati badhe mlajar ingkang tebih. Nanging menawi sang Dewi kersa mituruti panyuwunipun, tiyang Bugis menika badhe dipunamuk ngantos keplajar ajrih. Sikapipun Cantrik Ragagati (Raden Gunungsari) ingkang nyuwun Sang Dewi nduruti panyuwunipun rumiyin supados Cantrik Ragagati kersa lumawan wadya Bugis, lajeng menawi boten badhe dipuntilar mlajar ingkang tebih. Menika nedahaken bilih Cantrik Ragagati menika kagungan watak ingkang *egois*.

b) Emosional

Ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika, Raden Gunungsari kagambaraken kagungan watak ingkang *emosional*. Watak ing salebetipun *data*

menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga.

Raden Gunungsari pancen lagi gandrung marang ingkang raka putri Jenggala Dewi Ragilkuning, mula anggone tindak sok sempoyongan jalaran penggalih rongeh.(48)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Raden Gunungsari menika pancen nembe gandrung marang Dewi Ragilkuning, mila anggenipun tindak sok sempoyongan amargi penggalhipun rongeh. Anggenipun tindak kanthi sempoyongan amargi penggalhipun ingkang rongeh nandang gandrung marang pepuntoning driya ingkang lolos saking praja menika nedahaken bilih Raden Gunungsari menika kagungan watak *emosional*.

c) Ajrih nglairaken katresnanipun

Raden Gunungsari menika kagambaraken minangka paraga ingkang ajrih nglairaken katresnanipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Raden Gunungsari pancen wis suwe anggone kasmaran marang ingkang raka putri Jenggala nanging durung wani nglairake isining penggalih. Mula bareng ana padhepokan raden Gunungsari banjur injen-injen ngintep tamune iya ingkang raka Dewi Onengan.(72)

Raden Gunungsari pancen sampun dangu anggenipun kasmaran marang Dewi Ragilkuning nanging dereng wantun nglairaken isinipun penggalih. Mila nalika sang Dewi rawuh ing padhepokanipun Resi Purwajati, Raden Gunungsari namung injen-injen ngintiep sang Dewi. Saking *data* menika saged dipun mangertosi bilih Raden Gunungsari menika pancen kagungan watak ingkang ajrih nglairaken katresnanipun.

d) Remen mbebeda

Nalika sampun dipunbinusa dening Resi Purwajati dados Cantrik Ragagati, watakipun Raden Gunungsari ingkang katingal menika salah satunggalipun inggih menika remen mbebeda. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Cantrik Ragagati kang sejatine Raden Gunungsari kang banget kasmaran marang sang Dewi sajrone tindak sok jowal-jawil, gawe kagete sang Dewi Onengan,(74)

Ing salebetipun nerasaken lampah Cantrik Ragagati ingkang sejatosipun Raden Gunungsari ingkang kasmaran sanget marang Dewi Ragilkuning menika sok jowal-jawil, damel kejutipun sang Dewi Onengan. Tumindakipun Raden Gunungjati menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang remen mbebeda. Bab menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* ngandhap menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* sikapipun paraga.

“Ah, kula boten badhe lumawan tiyang Bugis menika Gusti Ayu, kejawi menika Gusti ayu kersa ngaken kula ethok-ethokipun dados garwa paduka, lan menawi nimbali kula boten kaki tuwa, nanging Kangmas, nekaten Gusti Ayu.”(76)

Cantrik Ragagati boten kersa lumawan tiyang Bugis kados panyuwunanipun Dewi Ragilkuning menawi Dewi Ragilkuning boten kersa ethok-ethok dados garwanipun. Cantrik Ragagati menika nyuwun anggenipun nimbali sanes kaki tuwa nanging kangmas. Lajeng nalika sang Dewi Sekartaji mboten nanggapi sarat ingkang dipunaturaken dening Cantrik Ragagati, Cantrik

Ragagati matur malih bilih menawi Dewi Ragilkuning boten kersa nindakaken panyuwunipun, Cantrik Ragagati badhe mlajar ingkang tebih. Nanging menawi sang Dewi kersa mituruti panyuwunipun, tiyang Bugis menika badhe dipunamuk ngantos keplajar ajrih. Sikap saha tumindakipun Cantrik Ragagati menika nedahaken bilih piyambakipun menika pancen kagungan watak ingkang remen mbebeda, kamongka wonten ing kahanan ingkang kirang prayogi. Watak menika kapanggihaken ing *data* ngandhap menika, kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* sikapipun paraga.

Cantrik Ragagati matur karo nesu, “Menawi boten kersa inggih sampun, kula badhe mlajar ingkang tebih. Nanging menawi sang Dewi kersa mituruti panyuwun kula, tiyang Bugis menika badhe kula amuk ngantos sami keplajar ajrih menawi ngantos pejah kula amuk sepinten bangganipun Bugis.”(77)

Nalika sang Dewi Sekartaji mboten nanggepi sarat ingkang dipunaturaken dening Cantrik Ragagati, Cantrik Ragagati matur malih bilih menawi Dewi Ragilkuning boten kersa nindakaken panyuwunipun, Cantrik Ragagati badhe mlajar ingkang tebih. Nanging menawi sang Dewi kersa mituruti panyuwunipun, tiyang Bugis menika badhe dipunamuk ngantos keplajar ajrih. Saking andharan *data* menika saged dipunmangertosi bilih cantrik Ragagati menika kagungan watak remen mbebeda.

e) Nengenaken katresnanipun

Raden Gunungsari menika kagambaraken kagungan watak nengenaken katresnanipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Pepuntoning sedya Raden Gunungsari nedya ngulati mendrane sang Dewi Ragilkuning kang banget den tresnani. Marma banjur ngandika

marang Dulit lan Dudul yen nedya ngulari ingkang Mbokayu Dewi Ragilkuning, lan ora nedya kondur yen durung bisa ketemu kalayan putri kang banget tinresnanan.(78)

Mangertos bilih Dewi Ragilkuning menika mendra nalika dipuntilar lumawan wadya Bugis, Raden Gunungsari lajeng badhe madosi. Raden Gunungsari matur kalayan Dulit saha Dudul bilih piyambakipun menika dereng badhe wangsul menawi dereng saged kepanggih kaliyan Dewi Ragilkuning. Saking andharan sikapipun Raden Gunungsari nalika dipuntilar malih dening Dewi Ragilkuning menika nedahaken bilih Raden Gunungsari menika kagungan watak ingkang langkung nengenaken katresnanipun.

f) Waspada

Ing pungkasanipun cariyos, Raden Gunungsari menika kagambaraken kagungan watak waspada. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga.

Raden Gunungsari miyarsa penantange mungsuh sigra maju ngedali yuda tandhing mungsuh Patih Jayengtilam. Raden Gunungsari banget waspada mulat sesolahe Patih Jayengtilam tan ana bedane kalayan Dewi Ragilkuning.(137)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun Raden Gunungsari miyarsa panantangipun mungsuh lajeng enggal majeng ngedali yuda. Raden Gunungsari . Raden Gunungsali ngawasaken solahipun Patih Jayengtilam kanthi waspada. Solahipun menika boten wonten bedanipun kaliyan Dewi Ragilkuning. Saking andharan menika saged dipunmangertosi kanthi langsung bilih Raden Gunungsari menika kagungan watak waspada.

5) Dewi Kilisuci

Dewi Kilisuci menika minangka salah satunggalipun paraga tambahan ingkang wonten ing cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika. Dewi Kilisuci menika kagambaraken kagungan watak wicaksana, sadhar marang kuwajibanipun, *empatik*, andhap asor, saha *religius*. Salajengipun kaandharaken watak-watakipun Dewi Kilisuci menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Wicaksana

Dewi Kilisuci menika kagambaraken kanthi cara *diskurtif* gadhah watak ingkang wicaksana. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* tumindakipun paraga ing ngandhap menika.

Senajan putri nanging jumeneng Wiku peparab sang Dewi Kilisuci, utawa kasebut sang Wiku Putri. Anggone mertapa ana kono banget anggentur, mula nganti kaparingan kawicaksanan kang linuwih dening Bathara.(1)

Dewi Kilisuci menika anggenipun mertapa anggentur sanget ngantos kaparingan kawicaksanan ingkang linangkung. Saking *penokohan* kanthi cara *diskurtif* ing nginggil emnika saged dipunmangertosi bilih Dewi Kilisuci menika kagungan watak ingkang wicaksana.

b) Sadhar marang kuwajibanipun

Watakipun Dewi kilisuci ingkang sadhar marang kewajibanipun menika katingal nalika piyambakipun midhangetaken ancasipun Patih Kudanawarsa rawuh ing padhepokanipun. Wangsulaniipun Dewi Kilisuci ingkang nedahaken watak ingkang sadhar marang kuwajibanipun menika saged dipunmangertosi

saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* pacelathon ing ngandhap menika.

“Ooo yatalah Patih. Sajatine upama ora ditimbali aku iya mesthi sowan, jer aku iki senajan ana ing gunung nanging iya isih kawisesa ing ratu, dadi aku iki iya duwe kewajiban kudu sowan ing ngarsane Yayi Prabu. Nanging anggonku durung sowan iku jalaran ana dina wengi kepungkur aku antuk pasupenan kang gawe kuwatiring penggalihku, Patih.”(6)

Dewi Kilisuci ngandharaken bilih sanajan piyambakipun menika wonten ing wukir, nanging sejatosipun piyambakipun menika taksih kawisesa ing ratu, piyambakipun sadhar bilih gadhah kewajiban sowan ingarsanipun Prabu. Anggenipun dereng sowan menika amargi kiyambakipun angsal pasupenan ingkang damel kuwatos penggalhipun. Saingga saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Kilisuci menika kagungan watak ingkang sadar marang kewajibanipun.

c) *Empatik*

Watak *empatik* inggih menika watak ingkang ndherek ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken dening tiyang sanes. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga ing ngandhap menika.

Midhanget ature sang Prabu Lembuamiluhur iku sang Wiku putri uga ngraos keranta-ranta penggalihhe.(26)

Midhanget aturipun Prabu Lembuamiluhur bilih Raden Panji Inukertapati menika ical saking praja Jenggala ndadosaken penggalhipun sang Wiku Putri ugi keranta-ranta. Sikapipun Dewi Kilisuci ingkang ndherek ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken sang Prabu menika nedahaken bilih Dewi Kilisuci kagungan watak *empatik*.

d) Andhap Asor

Dewi Kilisuci menika kagambaraken minangka Wiku ingkang andhap asor. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* pacelathon saha sikapipun paraga ing ngandhap menika.

Angandika sang Wiku putri, “Adhuh yayi aji, sepinten daya kula sipating wanita, temtu boten saged nyameni yayi Prabu. Nanging kula sagedipun inggih namung wewarah ingkang kula mangertosi, jer sedaya menika sampun wonten ing gaibipun Bathara Murbeng Dumadi. (27)

Nalika dipunsuwuni wewangen ngengingi icalipun sang Panji, Dewi Kilisuci menika ngendika bilih piyambakipun menika minangka wanita, sepinten dayanipun temtu boten saged nyameni Prabu Lembuamiluhur. Nanging piyambakipun menika sagedipun inggih namung suka wewarah menapa ingkang piyambakipun mangertosi, amargi sedaya menika wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi. Dewi Kilisuci ingkang dipunanggep linangkung amargi piyambakipun menika jumeneng minangka salah satunggalipun wiku ingkang linuwih menika boten ndadosaken piyambakipun dados angkung menapa ugi sombong. Sanajan pancen mangertos kanthi linangkung nanging tetep ngaturaken bilih sepinten dayanipun piyambakipun menika temtunipun boten linangkung tinimbang sang Prabu Lembuamiluhur. Saingga sang Dewi Kilisuci menika saged dipunwastani gadhah watak ingkang andhap asor saking sikap saha ngendikanipun menika.

e) Religius

Dewi Kilisuci minangka salah satunggalipun wiku menika temtunipun gadhah watak ingkang *religius*. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data*

ingkang kacariyosaken kanthi cara *dramatis*, ngginakaken *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga ing ngandhap menika.

*Angandika sang Wiku putri, “Adhuh yayi aji, sepinten daya kula sipating wanita, temtu boten saged nyameni yayi Prabu. Nanging kula sagedipun inggih namung wewarah ingkang kula mangertosi, **jer sedaya menika sampun wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi.***”(28)

Nalika dipunsuwuni wewangen ngengingi icalipun sang Panji, Dewi Kilisuci menika ngandika bilih piyambakipun menika minangka wanita, sepinten dayanipun temtu boten saged nyameni Prabu Lembuamiluhur. Nanging piyambakipun menika sagedipun inggih namung suka wewarah menapa ingkang piyambakipun mangertosi, amargi sedaya menika wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi. Andharanipun Dewi Kilisuci bilih sedaya ingkang kadadosan menika sampun wonten ing ghaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumados menika nedahaken watak ingkang *religius*, inggih menika watak ingkang gegayutan kaliyan kapitadosan menika dipunpitadosi kanthi saestu.

Saking sedaya andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Kilisuci menika minangka wiku putri ingkang kagungan watak ingkang wicaksana, sadhar marang kuwajibanipun, *empatik*, andhap asor, saha *religius*.

6) Prabu Lembuamiluhur

Prabu Lembuamiluhur menika minangka raja ing nagari Jenggala. Salah satunggalipun paraga ingkang kagambaraken kagungan watak loma, *korektif* marang piyambakipun, tresna marang wayah, boten sabaran, sopan santun, *inisiatif*, saha lantip. Watak-watakipun Prabu Lembuamiluhur menika salajengipun kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Loma

Prabu Lembuamiluhur menika kagambaraken minangka raja ing nagari Parangkencana ingkang loma marang kawulanipun. Watak loma menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Mesthi wae miyose wayah iya putrane Raden Panji Inukertapati iki gawe suka renane sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari. **Mula saking suka renane penggalih banjur nganakake pahargyan gedhen-gedhenan.** Ing alun-alun dianakake kaya pasar malem, dianani tontonan warna-warna. Ana tontonan wayanguwong, ana kethoprak lan liya-liyane, kabeh iku kanggo gawe senenge para kawula ing negara Jenggala. **Para kawula dikaperangake padha kasukan nganti nutug manut kasenengane dhewe-dhewe. Kang seneng nonton wayang utawa kethoprak padha dibebasake ora dikenani mbayar utawa ngetokake dhuwit.**(2)*

Miyosipun wayah putranipun Panji Inukertapati menika damel suka renanipun sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari. Saingga dipunwontenaken pahargyan ageng-agengan. Ing alun-alun dipunwontenaken kados pasar malem, dipunwontenaken tontonan warni-warni. Wonten tontonan wayangwong, kethoprak, saha sanes-sanesipun. Sedaya menika kangge damel sukaning para kawula ing nagari Jenggala. Para kawulan dipunkeparengaken sami kasukan ngantos nutug miturut karemenanipun piyambak-piyambak. Sedaya menika tanpa mbayar awit sampun dados kersanipun Sang Prabu Lembuamiluhur. Prabu Lembuamiluhur ingkang ngawontenaken pahargyan kanthi maneka warni tontonan supados para kawulanipun ugi ngraosaken bingahing manahipun Prabu Lembuamiluhur. Anggenipun kasukan tontonan menika tanpa kadhawuhan mbayar. Sikapipun Prabu Lembuamiluhur menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang loma.

b) *Korektif* marang piyambakipun

Sanajan jumeneng minangka nata Jenggala, nanging Prabu Lembuamiluhur menika kersa *ngoreksi* mbok menawi piyambakipun menika kagungan klentu ingkang ndadosaken sang Wiku dereng rawuh ing Jenggala saperlu paring berkah kangge wayahipun, Panji Laleyan. Watak *korektif* marang piyambakipun menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha pikiranipun paraga.

Sang Prabu Lembuamiluhur banjur nimbali rekyana Patih Kudanawarsa. Bareng wis sowan ana ngarsane, sang Prabu ngandika, "Kakang Patih, miyose wayahku iki harak wis ana selapan dina malah kepara luwih. Nanging Kakangmbok Wiku kok durung ana rawuh iki ana apa? Wis daktaliti rasane kaya aku ora darbe kaluputan marang Kakangbok Dewi nanging kok nganti dina iki Kakangbok ing Pucangan kok durung kersa rawuh, iki kang dadekake kurang kepenake penggalihku, kakang Patih."(3)

Sang Prabu menika nimbali Patih Kudanawarsa. Sareng sampun sowan ingarsanipun, Sang Prabu ngendika bilih sanajan sampun selapan dinten malah kepara langkung. Nanging Dewi Kilisuci dereng rawuh. Prabu Lembuamiluhur menika sampun naliti nanging kadosipun piyambakipun menika boten gadhah klentu ingkang ndadosaken Sang Dewi menika dereng kersa rawuh. Perkawis menika ingkang ndadosaken kirang sekecanipun penggalhipun Sang Prabu. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Sang Prabu Lembuamiluhur menika kagungan watak ingkang *Korektif* marang piyambakipun.

c) *Tresna* marang wayah

Prabu Lembuamiluhur menika minangka raja ingkang kagambaraken gadhah watak *tresna* marang wayahipun. Watakipun ingkang *tresna* marang

wayah menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

“Nanging iki wis luwih saka selapan dina laire si jabang bayi putrane kaki Panji, nanging Kakangmbok kok durung rawuh menyang negara. Mula sira dakutus menyang Padhepokan Pucangan iya gunung Selamangleng, sowan Kakangmbok Dewi, aturana rawuh menyang negara Jenggala perlu paring berkah wayahku iya si jabang bayi iya si Panji Laleyan.(4)

Prabu Lembuamiluhur ngutus Patih Kudanawarsa supados sowan ing ngarsanipun Dewi Kilisuci, ing Padhepokan Selomangleng. Anggenipun dhawuh menika amargi sampun langkung saking selapan dinten Sang Wiku Dewi dereng rawuh ing nagari Jenggala. Anggenipun kaaturan sowan menika amargi Sang Prabu ngersakaken supados Sang Wiku Dewi paring berkah marang wayahipun ingkang nembe kemawon lahir. Bab menika ingkang nedahaken bilih Sang Prabu menika kagungan watak ingkang tresna marang wayahipun.

d) Boten sabaran

Prabu Lembuamiluhur menika minangka raja ingkang kagambaraken gadhah watak boten sabaran. Watakipun ingkang tresna marang wayah menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

“Nanging iki wis luwih saka selapan dina laire si jabang bayi putrane kaki Panji, nanging Kakangmbok kok durung rawuh menyang negara. Mula sira dakutus menyang Padhepokan Pucangan iya gunung Selamangleng, sowan Kakangmbok Dewi, aturana rawuh menyang negara Jenggala perlu paring berkah wayahku iya si jabang bayi iya si Panji Laleyan.(4)

Salajengipun, sanajan sampun dipunngendikani dening Patih Kudanawarsa bilih saged ugi ing padhepokanipun sang Wiku nembe kathah tiyang ingkang

nyuwun berkah menapa ugi pitulunganing Sang Wiku Dewi saingga boten saged enggal rawuh. Nanging Sang Prabu boten sabar malih amargi sampun langkung saking selapan dinten awit miyosing wayahipun, saingga Sang Prabu dhawuh marang Patih Basukesthi supados ngaturi sang Wiku Dewi Kilisuci enggal rawuh tindak Jenggala saperlu paring berkah marang wayahipun. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Prabu Lembuamiluhur menika kagungan watak boten sabaran.

e) Sopan Santun

Prabu Lembuamiluhur menika kagambaraken kagungan watak sopan santun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Kabeh wadya wis siyaga anggone arep budhal nggoleki. Nanging durung nganti padha budhal kasaru rawuhe sang Wiku Putri iya Dewi Kilisuci. Rawuhe sang Wiku putri gawe laganing penggalihe sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, **kabeh padha caos sembah lan pakurmatan marang sang Wiku putri.** (25)*

Sedaya wadya sampun siyaga anggenipun badhe bidhal ngupadosi Raden Panji, nanging kasaru rawuhipun Sang Wiku Dewi Kilisuci. Rawuhipun sang Dewi menika damel leganing penggalihipun Prabu Lembuamiluhur dalasan para ari nata, sedaya tansah sami caos sembah saha pakurmatan dhumateng sang Wiku Putri. Anggenipun para ari nata sami paring pakurmatan dhumateng Dewi Kilisuci menika nedahaken bilih para ari nata menika kagungan watak sopan santun ingkang sae, kalebet ugi Prabu Lembuamiluhur.

Watakipun Prabu Lembuamiluhur minangka nata ing nagari Jenggala ingkang ugi nedahaken watak ingkang sopan santun saged dipunmangertosi

saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Para rayi papat pisan samya ngaturake panuwun dene sang Wiku wis kersa rawuh ing negara Jenggala.(29)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih para rayi sekawan nagari sami ngaturaken panuwun amargi sang Wiku sampun kersa rawuh ing nagari Jenggala. Anggenipun maturnuwun menika nedahaken bilih sanajan jumeneng nata, Prabu Lembuamiluhur kersa maturnuwun dhumateng Wiku Dewi Kilisuci amargi kersa rawuh ing Jenggala. Ngaturaken pamaturnuwun menika minangka salah satunggalipun perangan sopan santun. Saingga saged dipunmangertosi saking *data* menika bilih sang Prabu Lembuamiluhur menika kagungan watak sopan santun.

f) Inisiatif

Prabu Lembuamiluhur menika kagambaraken kagungan watak *inisiatif*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Bareng sagung wadya bala wis padha budhal, sang nata Jenggala ngendika maneh, "Saka panemuku kaya durung cukup lamun mung para wadya bala kang padha nglari ilange kaki Panji lan murcane nini Candrakirana lan nini Ragilkuning, mula becike para putra satriya iku iya padha kadhawuhan melu anggoleki kang ilang lan kang lolos."(45)

Sareng sagung wadya bala sampun sami bidhal, sang nata Jenggala ngendika malih. Sang Prabu dhawuh supados para putra satriya ugi sami ndherek madosi Raden Panji, Dewi Candrakirana saha Dewi Ragilkuning amargi dipunraos dereng cepak menawi ingkang madosi menika namung para wadya

bala. Dhawuhipun Prabu Lembuamiluhur menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang *inisiatif*.

Dhawuh-dhawuhipun Sang Prabu Lembuamiluhur ingkang kawedharaken minangka pamanggihipun piyambak kados menapa ingkang kaandharaken ing nginggil menika nedahaken bilih Sang Prabu Lembuamiluhur menika kagungan watak ingkang *inisiatif*. Watak ingkang tansah kagungan gagasan-gagasan piyambak ngengingi perkawis-perkawis tertentu ingkang dipunadhepi.

g) Lantip

Watak lantip saking Prabu Lembuamiluhur menika katingal saking cara kadhawuhaken marang wadya bala ngengingi anggenipun badhe madosi Raden Panji Inukertapati, Dewi Sekartaji, saha Dewi Nawangwulan. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

“Iya, kabeh aturira iku wis padha bener. Mung saka karsaku wadya bala patang negara iku anggone nglari kaki Panji lan nini sekarone aja padha ngumpul, luwih becik padha mencar aja padha anggerombol. Yen kang siji wis antuk sisik melik, banjur awèh kabar marang wadya liyane,” pangandikane nata Jenggala.(43)

Saking kersanipun sang Prabu Lembuamiluhur, wadya bala sekawan nagari menika anggenipun madosi Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning menika langkung prayogi menawi mencar, ampun sami nggrombol. Menawi ingkang setunggal sampun angsal pitedah, lajeng paring kabar marang wadya ingkang sanesipun. Cara menika minangka cara ingkang *efektif* ingkang sedyanipun para putra Jenggala ingkang murca menapa ingkang lolos saged enggal kapanggihaken. Sasanesipun menika, watak lantipipun Prabu Lembuamiluhur menika ugi katingal

saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* ngandhap menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Bareng sagung wadya bala wis padha budhal, sang nata Jenggala ngendika maneh, "Saka panemuku kaya durung cukup lamun mung para wadya bala kang padha nglari ilange kaki Panji lan murcane nini Candrakirana lan nini Ragilkuning, mula becike para putra satriya iku iya padha kadhawuhan melu anggoleki kang ilang lan kang lolos." (45)

Sareng sagung wadya bala sampun sami bidhal, sang nata Jenggala ngendika malih. Sang Prabu dhawuh supados para putra satriya ugi sami ndherek madosi Raden Panji, Dewi Candrakirana saha Dewi Ragilkuning amargi dipunraos dereng cepak menawi ingkang madosi menika namung para wadya bala. Dhawuhipun sang Prabu menika nedahaken bilih Prabu Lembuamiluhur menika kagungan watak ingkang lantip.

7) Nata Kedhiri

Nata Kedhiri menika minangka salah satunggalipun nata nagari ing Jawa, rayinipun Prabu Lembuamiluhur. Nata Kedhiri menika kagungan watak patuh saha sopan santun. Watak menika salajengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Patuh

Nata Kedhiri menika kagambaraken kagungan watak ingkang patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Para ari papat kang padha jumeneng ratu dhewe-dhewe nalika iku isih padha ana Jenggala, mula bareng katimbalan manjing kedhaton iya enggal padha sowan menyang kedhaton. (22)

Para ari nata sekawan nagari ingkang jumeneng kiyambak-kiyambak nalika semanten taksih wonten ing Jenggala, mila lajeng dipuntimbali dening Prabu Basunanda supados enggal sowan ing kedhaton. Mila enggal sami sowan ing kedhaton. Tumindakipun rayi nata Kedhiri ingkang enggal ngleksanani kanthi enggal rawuh miturut menapa ingkang dipunprintahaken menika nedahaken bilih nata Kedhiri (minangka salah satunggalipun nata sekawan nagari) menika kagungan watak ingkang patuh.

Watakipun rayi nata Kedhiri ingkang patuh menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* ing ngandhap menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang Prabu banjur nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, lan Singasari supaya padha enggal manjing kedhaton. Ora suwe para rayi nata iya enggal padha sowan sekaliyan kalayan para garwane.(43)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sareng mangertos bilih Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning sami lolos saking praja, Sang Prabu lajeng nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari supados enggal sami rawuh ing kedhaton. Boten dangu para rayi nata inggih enggal sami sowan sakaliyan para garwanipun. Sikap saha tumindakipun nata Kedhiri ingkang enggal sowan sasampunipun dipuntimbali menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang patuh.

b) Sopan santun

Nata Kedhiri menika sasanipun kagambaraken kagungan watak patuh ugi kagambaraken kagungan watak ingkang sopan santun. Watak menika

kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Kabeh wadya wis siyaga anggone arep budhal nggoleki. Nanging durung nganti padha budhal kasaru rawuhe sang Wiku Putri iya Dewi Kilisuci. Rawuhe sang Wiku putri gawe leganing penggalihe sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, kabeh padha caos sembah lan pakurmatan marang sang Wiku putri. (25)

Sedaya wadya sampun siyaga anggenipun badhe bidhal ngupadosi Raden Panji, nanging kasaru rawhipun sang Wiku Dewi Kilisuci. Rawhipun Sang Dewi menika damel leganing penggalhipun Prabu Lembuamiluhur dalasan para ari nata, sedaya tansah sami caos sembah saha pakurmatan dhumateng sang Wiku Putri. Anggenipun sami paring pakurmatan menika ingkang nedahaken bilih para arinipun Dewi Kilisuci ingkang jumeneng nata, kalebet nata Kedhiri, menika kagungan watak sopan santun ingkang sae inggih menika katingal saking anggenipun sami paring pakurmatan menika.

Watakipun nata Kedhiri ingkang sopan santun menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* ing ngandhap menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Para rayi papat pisan samya ngaturake panuwun dene sang Wiku wis kersa rawuh ing negara Jenggala.(29)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih para rayi sekawan nagari sami ngaturaken panuwun amargi Sang Wiku sampun kersa rawuh ing nagari Jenggala. Anggenipun maturuwun menika nedahaken bilih sanajan jumeneng nata, para rayi sekawan, kalebet nata Kedhiri, kersa maturuwun dhumateng Wiku Dewi Kilisuci amargi kersa rawuh ing Jenggala.

anggenipun ngaturaken pamaturnuwun menika minangka salah satunggalipun perangan sopan santun. Saingga saged dipunmangertosi saking *data* menika bilih nata Kedhiri menika kagungan watak ingkang sopan santun.

8) Nata Ngurawan

Nata Ngurawan menika minangka salah satunggalipun nata nagari ing Jawa, rayinipun Prabu Lembuamiluhur. Nata Ngurawan menika kagungan watak patuh saha sopan santun. Salajengipun watak-watak menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Patuh

Nata Ngurawan menika kagambaraken kagungan watak patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Para ari papat kang padha jumeneng ratu dhewe-dhewe nalika iku isih padha ana Jenggala, mula bareng katimbalan manjing kedhaton iya enggal padha sowan menyang kedhaton.(22)

Para ari nata sekawan nagari ingkang jumeneng kiyambak-kiyambak nalika semanten taksih wonten ing Jenggala, mila lajeng dipuntimbali dening Prabu Basunanda supados enggal sowan ing kedhaton. Mila enggal sami sowan ing kedhaton. Tumindakipun rayi nata Ngurawan ingkang enggal ngleksanani kanthi enggal rawuh miturut menapa ingkang dipunprintahaken menika nedahaken bilih nata Ngurawan (minangka salah satunggalipun nata sekawan nagari) menika kagungan watak patuh.

Watakipun rayi nata Ngurawan ingkang patuh menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* ing ngandhap menika

kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang Prabu banjur nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, lan Singasari supaya padha enggal manjing kedhaton. Ora suwe para rayi nata iya enggal padha sowan kaliyan kalayan para garwane.(43)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sareng mangertos bilih Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning sami lolos saking praja, Sang Prabu lajeng nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari supados enggal sami rawuh ing kedhaton. Boten dangu para rayi nata inggih enggal sami sowan sakaliyan para garwanipun. Sikap saha tumindakipun nata Ngurawan menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang patuh.

b) Sopan santun

Watakipun nata Ngurawan ingkang sopan santun menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Kabeh wadya wis siyaga anggone arep budhal nggoleki. Nanging durung nganti padha budhal kasaru rawuhe sang Wiku Putri iya Dewi Kilisuci. Rawuhe sang Wiku putri gawe leganing penggalihe sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, kabeh padha caos sembah lan pakurmatan marang sang Wiku putri. (25)

Sedaya wadya sampun siyaga anggenipun badhe bidhal ngupadosi Raden Panji, nanging kasaru rawhipun sang Wiku Dewi Kilisuci. Rawhipun sang Dewi menika damel leganing penggalihipun sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para ari nata, sedaya tansah sami caos sembah saha pakurmatan dhumateng sang

Wiku Putri. Anggenipun sami paring pakurmatan menika ingkang nedahaken bilih para arinipun Dewi Kilisuci ingkang jumeneng nata, kalebet nata Ngurawan, menika kagungan watak sopan santun ingkang sae inggih menika katingal saking anggenipun sami paring pakurmatan menika.

Watakipun nata Ngurawan ingkang sopan santun menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* ing ngandhap menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Para rayi papat pisan samya ngaturake panuwun dene sang Wiku wis kersa rawuh ing negara Jenggala.(29)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih para rayi sekawan nagari sami ngaturaken panuwun amargi sang Wiku sampun kersa rawuh ing nagari Jenggala. Anggenipun maturnuwun menika nedahaken bilih sanajan jumeneng nata, para rayi sekawan, kalebet nata Kedhiri, kersa maturnuwun dhumateng Wiku Dewi Kilisuci amargi kersa rawuh ing Jenggala. Ngaturaken pamaturnuwun menika minangka salah satunggalipun perangan sopan santun. Saingga saged dipunmangertosi saking *data* menika bilih nata Ngurawan menika kagungan watak sopan santun.

9) Nata Singasari

Nata Singasari menika minangka salah satunggalipun nata nagari ing Jawa, rayinipun Prabu Lembuamiluhur. Nata Singasari menika kagungan watak patuh saha sopan santun. Salajengipun watak-watak menika salajengipun badhe kaandharaken kados ingkang wonten ing ngandhap menika.

a) Patuh

Nata Singasari menika kagambaraken kagungan watak ingkang patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Para ari papat kang padha jumeneng ratu dhewe-dhewe nalika iku isih padha ana Jenggala, mula bareng katimbalan manjing kedhaton iya enggal padha sowan menyang kedhaton.(22)

Para ari nata sekawan nagari ingkang jumeneng kiyambak-kiyambak nalika semanten taksih wonten ing Jenggala, mila lajeng dipuntimbali dening Prabu Basunanda supados enggal sowan ing kedhaton. Mila enggal sami sowan ing kedhaton. Tumindakipun rayi nata Singasari ingkang enggal ngleksanani kanthi enggal rawuh miturut menapa ingkang dipunprintahaken menika nedahaken bilih nata Singasari (minangka salah satunggalipun nata sekawan nagari) menika kagungan watak ingkang patuh.

Watakipun rayi nata Singasari ingkang patuh menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang Prabu banjur nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, lan Singasari supaya padha enggal manjing kedhaton. Ora suwe para rayi nata iya enggal padha sowan sekaliyan kalayan para garwane.(43)

Sareng mangertos bilih Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning sami lolos saking praja, Sang Prabu lajeng nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari supados enggal sami rawuh ing kedhaton. Boten dangu para rayi nata inggih enggal sami sowan sakaliyan para garwanipun. Sikap saha tumindakipun

nata Singasari menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak patuh.

b) Sopan santun

Watakipun nata Singasari ingkang sopan santun menika saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika ingkang kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Kabeh wadya wis siyaga anggone arep budhal nggoleki. Nanging durung nganti padha budhal kasaru rawuhe sang Wiku Putri iya Dewi Kilisuci. Rawuhe sang Wiku putri gawe leganing penggalihe sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, kabeh padha caos sembah lan pakurmatan marang sang Wiku putri. (25)

Sedaya wadya sampun siyaga anggenipun badhe bidhal ngupadosi Raden Panji, nanging kasaru rawuhipun sang Wiku Dewi Kilisuci. Rawuhipun sang Dewi menika damel leganing penggalihipun sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para ari nata, sedaya tansah sami caos sembah saha pakurmatan dhumateng sang Wiku Putri. Anggenipun sami paring pakurmatan menika ingkang nedahaken bilih para arinipun Dewi Kilisuci ingkang jumeneng nata, kalebet nata Singasari, menika kagungan watak sopan santun.

Watakipun nata Singasari ingkang sopan santun menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Para rayi papat pisan samya ngaturake panuwun dene sang Wiku wis kersa rawuh ing negara Jenggala.(29)

Para rayi sekawan nagari sami ngaturaken panuwun amargi sang Wiku sampun kersa rawuh ing nagari Jenggala. Anggenipun maturnuwun menika nedahaken bilih sanajan jumeneng nata, para rayi sekawan, kalebet nata Kedhiri,

kersa maturnuwun dhumateng Wiku Dewi Kilisuci amargi kersa rawuh ing Jenggala. Anggenipun ngaturaken pamaturnuwun menika minangka salah satunggalipun perangan sopan santun. Saingga saged dipunmangertosi saking *data* menika bilih nata Singasari menika kagungan watak sopan santun.

10) Patih Kudanawarsa

Patih Kudanawarsa menika minangka patih saking nagari Jenggala. Paraga menika kagambaraken kagungan watak ing antawisipun inggih menika sabar, *emosional*, saha wicaksana. Watak-watakipun Patih Kudanawarsa menika salajengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Sabar

Patih Kudanawarsa menika kagambaraken kagungan watak ingkang sabar. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Satekane ing padhepokan Pucangan ki Patih ora bisa terus sowan sang Wiku putri Dewi Kilisuci, sebab nalika iki sang wiku lagi mangsal semedi. Bareng wis katon sang Wiku putri wis lenggah ing pacrabakan, ki Patih enggal maju sowan.(5)

Sasampunipun dugi ing Pucangan ki Patih boten saged langsung sowan marang Wiku Dewi Kilisuci amargi nalika semanten sang Wiku nembe semedi. Sareng Sang Wiku sampun katingal lenggah ing pacrabakan, Ki Patih enggal sowan ingarsanipun Sang Wiku. Anggenipun nengga ngantos Sang Wiku rampung anggenipun semedi, lajeng nembe sowan nalika Sang Wiku sampun rampung menika nedahaken bilih Sang Patih menika gadhah watak sabar.

b) *Emosional*

Patih Kudanawarsa menika kagambaraken kagungan watak *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Mulat wadya patang negara katon kaseser yudane, sang Patih Kudanawarsa banget dukane, banjur nedya maju ngawaki magut yuda, nanging den pambengi dening Patih Singasari.(58)

Patih Kudanawarsa duka sanget miyarsa wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) katingal kaseser, lajeng nedya badhe ngawaki magut yuda, nanging dipunpambengi dening Patih Singasari. Dukanipun Patih Kudanawarsa ingkang kalajengaken badhe ngawaki magut yuda menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang *emosional*.

c) *Wicaksana*

Watak wicaksana saking Patih Kudanawarsa menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* ing ngandhap menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Dielingake mengkono sanalika Kudanawarsa eling banjur dhawuh supaya perange padha ngunduri, tinimbang ketungkul perang luwih becik nyimpang dalan, banjur padha liwat dalan liya aja nganti ketemu meneh kalayan mungsuh.(60)

Sasampunipun midhangetaken aturipun Patih Jaksanegara, Patih Kudanawarsa dhawuh supados wadya balanipun mundur tinimbang kalah perang. Lajeng dhawuh supados nyimpang mergi, liwat mergi sanes sampun ngantos kepanggih kaliyan mungsuh. Keputusan ingkang dipunpendhet dening Patih

Kudanawarsa menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang wicaksana.

11) Patih Jaksanegara

Patih Jaksanegara inggih menika patih nagari Singasari. Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak kritis. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon, *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga, saha *teknik* tumindakipun paraga.

Mulat wadya patang negara katon kaseser yudane, sang Patih Kudanawarsa banget dukane, banjur nedya maju ngawaki magut yuda, nanging den pambengi dening Patih Singasari, sinikep sariranira Ki Patih Kudanawarsa dening Patih Singasari kalayan matur, "Adhuh ki raka kadiparan, lamun amung magut jurit. Kula sedaya menika harak saweg sami nindakake dhawuh ngupadi Gusti Raden Panji, mangke menawi ki raka ketungkul magut yuda, lajeng kados pundi anggenipun ngulati icalipun gusti Raden Panji? Mangke menawi kadangu dening ingkang sinuhun, kados pundi anggen kula caos wangsulan? Harak namung bingung anggenipun badhe munju, ta Ki Raka?"(59)

Patih Kudanawarsa duka sanget miyarsa wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) katingal kaseser, lajeng nedya badhe ngawaki magut yuda, nanging dipunpambengi dening Patih Singasari. Patih Singasari nyikep sariranipun Ki Patih Kudanawarsa sarwi ngaturaken kados pundi menawi Patih Kudanawarsa kalah anggenipun magut yuda, lajeng kados pundi anggenipun ngulati Raden Panji. Patih Jaksanegara ngaturaken raos bingungipun menawi samangke dipundangu Prabu Lembuamiluhur. Ingkang baken Patih Jaksanegara menika tansah mambengi Patih Kudanawarsa supados boten sios magut yuda. Patih Jaksanegara ingkang langsung nyikep sarta ngelingaken Ki

Patih Kudanawarsa ingkang badhe ngawaki yuda menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang *kritis*.

12) Prameswarinipun Nata Jenggala (Garwanipun Prabu Lembuamiluhur)

Prameswarinipun nata Jenggala menika minangka salah satunggalipun paraga tambahan ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika. Ing salebetipun cariyos menika sang Prameswari kagambaraken kagungan watak *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Sang prameswari dalasan para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari sapraptane ing jro kedhaton samya muwun kelara-lara, geneya sang Dewi Candrakirana kok nganti arsa suduk sarira jalaran katilar ingkang garwa.(23)

Sang prameswari dalasan para garwanipun ratu Kedhiri, Ngurawan saha Singosari sapraptanipun ing lebet kedhaton lajeng sami muwun kesakit-sakit, kenging menapa sang Dewi Candrakirana kok ngantos badhe suduk sarira amargi katilar dening garwanipun. Anggenipun nangis kesakit-sakit gegayutan kaliyan perkawis Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira menika nedahaken bilih Sang Prameswari menika kagungan watak *emosional*.

Watak *emosional* saking prameswari nagari *Jenggala* menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Garwane ratu papat bebarengan padha marepegi sang Dewi Sekartaji sarwa muwun.(24)

Garwanipun ratu sekawan nagari lajeng sami marepegi Dewi Sekartaji sarwi muwun. Salah satunggalipun garwanipun ratu sekawan nagari menika inggih menika prameswari nata nagari Jenggala. Anggenipun muwun menika nedahaken watak *emosional* saking prameswari nagari Jenggala menika gegayutan kaliyan *data* nomor 23, inggih menika gegayutan kaliyan Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira.

Watak *emosional* saking prameswarinipun nata Jenggala (garwanipun prabu Lembuamiluhur) menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* ing ngandhap menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang Prameswari muwun kelara-lara sarwi tebah jaja saking banget sungkawane dene ingkang putra loro yaiku Dewi Sekartaji lan Dewi Ragilkuning kok padha murca lolos saka praja tanpa pepoyan....(41)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sang prameswari muwun kesakit-sakit sarwi tebah jaja saking sanget anggenipun sungkawa. Dene ingkang putra kekalih inggih menika Dewi sekartaji saha Dewi Ragilkuning kok sami lolos saking praja tanpa pepoyan. Anggenipun muwun kesakit-sakit sarwi tebah jaja menika nedahaken bilih sang prameswari menika kagungan watak ingkang *emosional*.

13) Garwanipun Nata Kedhiri

Garwanipun nata Kedhiri menika minangka salah satunggalipun paraga tambahan ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika. Ing salebetipun cariyos menika garwanipun nata Kedhiri kagambaraken kagungan watak *emosional* saha *empatik*. Watakipun rayi nata Kedhiri ingkang

patuh menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang prameswari dalasan para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari sapraptane ing jro kedhaton samya muwun kelara-lara, geneya sang Dewi Candrakirana kok nganti arsa suduk sarira jalaran katilar ingkang garwa.(23)

Sang prameswari dalasan para garwanipun ratu Kedhiri, Ngurawan saha Singosari sapraptanipun ing lebet kedhaton lajeng sami muwun kesakit-sakit, kenging menapa Sang Dewi Candrakirana kok ngantos badhe suduk sarira amargi katilar dening garwanipun. Anggenipun ndherek nangis kesakit-sakit gegayutan kaliyan perkawis Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira menika nedahaken bilih garwanipun nata Kedhiri menika kagungan watak ingkang *emosional* nanging ugi *empatik*.

Watak *emosional* saking garwanipun nata Kedhiri menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Garwane ratu papat bebarengan padha marepegi sang Dewi Sekartaji sarwa muwun.(24)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih garwanipun ratu sekawan nagari lajeng sami marepegi Dewi Sekartaji sarwi muwun. Salah satunggalipun garwanipun ratu sekawan nagari menika inggih menika garwanipun nata Kedhiri. Anggenipun muwun menika nedahaken watak *emosional* saking prameswari nagari Kedhiri menika gegayutan kaliyan *data* nomor 23, inggih menika gegayutan kaliyan Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira.

14) Garwanipun Nata Ngurawan

Garwanipun nata Ngurawan menika minangka salah satunggalipun paraga tambahan ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika. Ing salebetipun cariyos menika garwanipun nata Ngurawan kagambaraken kagungan watak *emosional* saha *empatik*. Watakipun rayi nata Kedhiri ingkang patuh menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang prameswari dalasan para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari sapraptane ing jro kedhaton samya muwun kelara-lara, geneya sang Dewi Candrakirana kok nganti arsa suduk sarira jalaran katilar ingkang garwa.(23)

Sang prameswari dalasan para garwanipun ratu Kedhiri, Ngurawan saha Singosari sapraptanipun ing lebet kedhaton lajeng sami muwun kesakit-sakit, kenging menapa sang Dewi Candrakirana kok ngantos badhe suduk sarira amargi katilar dening garwanipun. Anggenipun ndherek nangis kesakit-sakit gegayutan kaliyan perkawis Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira menika nedahaken bilih garwanipun nata Ngurawan menika kagungan watak ingkang *emosional* nanging ugi *empatik*.

Watak *emosional* saking garwanipun nata Ngurawan menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. *Data* menika kacariyosaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Garwane ratu papat bebarengan padha marepegi sang Dewi Sekartaji sarwa muwun.(24)

Saking *data* nomor 24 ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih garwanipun ratu sekawan nagari lajeng sami marepegi Dewi Sekartaji sarwi muwun. Salah satunggalipun garwanipun ratu sekawan nagari menika inggih menika garwanipun nata Ngurawan. Anggenipun muwun menika nedahaken watak *emosional* saking prameswari nagari Kedhiri menika gegayutan kaliyan *data* nomor 23, inggih menika gegayutan kaliyan Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira.

15) Garwanipun Nata Singasari

Garwanipun nata Singasari menika minangka salah satunggalipun paraga tambahan ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika. Ing salebetipun cariyos menika garwanipun nata Singasari kagambaraken kagungan watak *emosional* saha *empatik*. *Data* menika kacariyosaken ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Sang prameswari dalasan para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari sapraptane ing jro kedhaton samya muwun kelara-lara, geneya sang Dewi Candrakirana kok nganti arsa suduk sarira jalaran katilar ingkang garwa.(23)

Sang prameswari dalasan para garwanipun ratu Kedhiri, Ngurawan saha Singosari sapraptanipun ing lebet kedhaton lajeng sami muwun kesakit-sakit, kenging menapa sang Dewi Candrakirana kok ngantos badhe suduk sarira amargi katilar dening garwanipun. Anggenipun ndherek nangis kesakit-sakit gegayutan kaliyan perkawis Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira menika nedahaken bilih garwanipun nata Singasari menika kagungan watak ingkang *emosional* nanging ugi *empatik*.

Watak *emosional* saking garwanipun nata Singasari menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ingkang kacariyosaken ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Garwane ratu papat bebarengan padha marepegi sang Dewi Sekartaji sarwa muwun.(24)

Saking *data* nomor 24 ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih garwanipun ratu sekawan nagari lajeng sami marepegi Dewi Sekartaji sarwi muwun. Salah satunggalipun garwanipun ratu sekawan nagari menika inggih menika garwanipun nata Ngurawan. Anggenipun muwun menika nedahaken watak *emosional* saking prameswari nagari nata Singasari menika gegayutan kaliyan *data* nomor 23, inggih menika gegayutan kaliyan Dewi Candrakirana ingkang badhe suduk sarira.

16) Para Panakawan sarta Para Nyai ingkang Adatipun sami Ndherek Nglela-Ela Sang Jabang Bayi Panji Laleyan

Para panakawan sarta para nyai ingkang adatipun sami ndherek nglela-ela sang jabang bayi Panji Laleyan ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak *empatik*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak, saha sikapipun paraga.

Ilange Raden Panji Inukertapati gawe gegere wong sakedhaton. Para panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela sang jabang bayi padha gugup sarwi nangis sesenggukan.(21)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih icalipun Raden Panji menika damel regengipun tiyang sakedhaton Jenggala. Para panakawan saha para nyai ingkang biasanipun sami ndherek nglela-ela sang jabang bayi sami gugup

sarwi nangis sesenggukan. Sikap menika nedahaken bilih para panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela Panji Laleyan menika kagungan watak *empatik*. Sedayanipun menika tansah ndherek ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken dening ndararipun, Dewi Candrakirana.

17) Tiyang Sanagari Jenggala

Tiyang sanagari Jenggala ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak *empatik*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga.

Kacarita nalika iku wong sanegara Jenggala padha ngrasakake susah jalaran ilange Raden Panji Asmarabangun. Kejaba iku kabeh padha melu mikir kepriye supaya Sang Dewi Sekartaji enggala bisa lipur penggalihhe, bisaa katon rena penggalihhe.(30)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih nalika semanten tiyang sanagari Jenggala sami ngraosaken sisah amargi icalipun Raden Panji Asmarabangun. Kajawi menika, sedaya sami ndherek menggalih kados pundi supados Sang Dewi Sekartaji enggal saged kalipur penggalhipun, saged katingal rena penggalhipun. Anggenipun tiyang sanagari Jenggala ingkang sami ngraosaken sisah amargi Raden Panji Asmarabangun ical saking praja Jenggala menika nedahaken bilih tiyang-tiyang menika kagungan watak ingkang *empatik*, ndherek ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken dening rajanipun. Raos *empatik* menika langkung lebet malih kanthi anggenipun sami menggalihaken kados pundi supados Sang Dewi Sekartaji enggal saged kalipur penggalhipun, saged katingal rena penggalhipun. Saingga saking andharan menika saged

dipunmangertosi bilih tiyang sanagari Jenggala menika pancen kagungan watak *empatik*.

18) Emban Cethi Parekan ingkang Saben Dintenipun Tilam Sacelakipun Tilamsarinipun Sang Retna Sekartaji

Emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilam sacelakipun tilam sarinipun Sang Retna Sekartaji menika kagambaraken kagungan watak *kritis*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, tumindak, saha sikapipun paraga.

Esuk iku emban cethi parekan kang saben dinane turu ana sacedhake tilam sarine sang Retna Sekartaji padha kaget dene isih isuk kaya ngono kok korining tilam wus menga ngeblak, mangka adat sabene wayah iku sang Dewi Sekartaji durung wungu. Parekan kang pancen kacaket enggal ngungak sajroning tilamsari. Mendah iba kagete parekan iku sumurup sajroning tilamsari suwung, dalasan sang putri Ragilkuning kok iya ora katon, sakala parekan nyipta lamun sang putri sakeloron samya lolos sakan kasatriyan kadhipaten. Geger aloke kang para emban cethi parekan dene gustine wis padha ora katon, banjur enggal atur uninga menyang kedhaton munjuk ingarsane sang Prabu Lembuamiluhur.(40)

Enjingipun emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilam wonten ing sacelakipun tilam sarinipun sang Retna Sekartaji sami kagayat dene taksik enjing nanging lawangipun tilam sampun ngeblak, mangka adat sabenepin wayah enjing kados mekaten menika Sang Dewi Sekartaji dereng wungu. Parekan ingkang pancen kacaket enggal ningali ing salebetipun tilam sari. Mendah iba kejutipun parekan menika sumerep ing salebetipun tilamsari suwung, Dewi Ragilkuning ugi boten katingal. Sakala para parekan sami nyipta bilih putri kekalih menika sami lolos saking kasatriyan kadhipaten. Geger alokipun para

parekan dene gustinipun sampun sami boten katingal, lajeng enggal atur uninga ing kedhaton munjuk ingarsanipun Prabu Lembuamiluhur. Watak *kritis* emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilem wonten ing sacelakipun tilam sarinipun Sang Retna Sekartaji menika saged dipunmangertosi saking tanggapanipun nalika enjing, nalika lawangipun tilam sampun ngeblak. Sareng mangertos lawang tilamsari sampun ngeblak, Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning ugi boten katingal, para emban menika saged langsung nyipta bilih putri kekalihipun menika lolos saking kasatriyan kadhipaten. Lajeng enggal wonten ingkang matur dhumateng Prabu Lembuamiluhur. Bab menika nedahaken bilih emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilem wonten ing sacelakipun tilam sarinipun sang Retna Sekartaji menika pancen kagungan watak *kritis*.

19) Ki Jarudeh (Demang Pulung)

Ki Jarudeh inggih menika salah satunggalipun abdi nagari Jenggala ingkang dipunutus dening nata Jenggala supados madosi Raden Panji Inukertapati, Dewi Candrakirana, saha Dewi Ragilkuning. Ki Jarudeh wonten ing cariyos menika kagambaraken kagungan watak *religius*, khianat, gampil *putus asa*, saha licik. Salajengipun watak-watak menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Religius

Ki Jarudeh ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak ingkang *religius*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Ki Jarudeh lan ki Prasanta banget anggone kelara-lara ana madyaning wanawasa. **Tansah samya sesambat nyuwun pitulunganing Jawata agung.**(91)*

Ki Jarudeh lan ki Prasanta enggal ngleksanani dhawuh sasampunipun angsal dhawuh saking Prabu Lembuamiluhur supados ngulari Raden Panji Inukertapati, Dewi Sekartaji, saha Dewi Ragilkuning. Nanging lampahipun Ki Jarudeh saha Ki Prasanta ing samadyanipun wanawasa menika tansah kesakit-sakit saestu. Ndadosaken kekalihipun menika sesambat nyuwun pitulunganipun Jawata.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Ki Jarudeh kesakit-sakit ing madyaning wanawasa lajeng sambat nyuwun pitulunganipun Jawata. Saking sikap menika saged dipunmangertosi bilih Ki Jarudeh menika kagungan watak *religius*.

b) Khianat

Ki Jarudeh ingkang sampun ngabdi ing nagari Bali lajeng angsal peparab Demang Pulung menika kagambaraken kagungan watak khianat. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

Demang Pulung munjuk lamun datan nedya sumingkir saka ngersane Sang Prabu kang wis paring kamulyan, marma tekade nedya ngabdi kongsi tumekaning delahan.....(100)

Nalika dipuntundhung dening Prabu Madubangta, Demang Pulung ngaturaken bilih piyambakipun boten badhe sumingkir saking ngarsanipun Sang Prabu, tekadipun badhe ngabdi ngantos dumugi delahan. Kamongka Demang Pulung menika sejatosipun Ki Jarudheh, abdi nagari Jenggala ingkang dipunutus

dening Prabu Lembuamiluhur supados madosi putranipun. Saking tumindakipun Demang Pulung ingkang kados mekaten menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak khianat.

c) *Gampil putus asa*

Nalika Demang Pulung dipuntundhung saking nagari Bali, tindakipun ing wanawasa nyeja nyelaki nyelaki macan, kajengipun kamangsa macan galak utawi sato ingkang sanesipun. Perkawis menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang gampil *putus asa*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga.

*Demang Pulung nulya mijil saka kedhaton Bali. Lakune samana wis wiwit ngambah wana wasa, atine banget isin dene pasuwitane ana Bali kongsi ditundhung dening sang Prabu. **Lakune ana alas malih kaya sengaja nyedhaki macan, karepe kareben dimangsa macan galak utawa sato liyane, sebab rumangsa wis ora betah urip ana alam donya.**(102)*

Sasampunipun dipuntundhung, Demang Pulung lajeng mijil saking nagari Bali. Lampahipun ngambah wanawasa. Penggalhipun lingsem dene pasuwitanipun ngantos dipuntundhung dening Prabu Madubrangta. lampahipun ing wana malih kados nyelaki macan, kajengipun kamangsa macan galak utawi sato ingkang sanesipun amargi piyambakipun menika rumaos sampun boten betah gesang ing alam donya. Sikapipun Demang Pulung ingkang kados mekaten menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *gampil putus asa*.

d) Licik

Demang Pulung menika kagambaraken kagungan watak ingkang licik. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Kabeh pengalamane Demang Pulung wis diaturake ingarsane sang Prabu. Malah rada keladuk anggone matur yaiku ngaturake yen Dewi Sekartaji uga wis kagarwa dening nata Bali. Midhanget ature Demang Pulung yen Dewi Sekartaji kagarwa dening nata Bali sajroning penggalih sang Prabu banget dukane nanging sinamur ing samudana, malah nulya dhawuh siyaga ing yuda nedya ngrabasa negara Bali.(106)

Demang Pulung nyariyosaken sedaya pengalamanipun dhumateng Raden Panji Inukertapati. Malah radi keladuk ngaturaken bilih Dewi Sekartaji ugi sampun kagarwa dening nata Bali. Menika ndadosaken sang Panji duka lajeng dhawuh supados sami siyaga ing yuda badhe ngrabasa nagari Bali.

Tumindakipun Demang Pulung ingkang nyariyosaken menapa boten kados menapa ingkang sejatosipun saingga Raden Panji nawung duka lajeng badhe ngrabasa nagari Bali menika nedahaken bilih Demang Pulung menika kagungan watak *licik*. Amargi kanthi kahanan ingkang mekaten Demang Pulung saged males wirangipun manah ingkang sampun dipuntundhung dening nata Bali kados ingkang dipunwarahaken dening Jawata.

20) Ki Prasanta (Demang Palang)

Ki Prasanta inggih menika salah satunggalipun abdi nagari Jenggala ingkang dipunutus dening nata Jenggala supados madosi Raden Panji Inukertapati, Dewi Candrakirana, saha Dewi Ragilkuning. Ki Jarudeh wonten ing cariyos menika kagambaraken kagungan watak *religius* nanging *egois*. Salajengipun watak-watak menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) *Religius*

Ki Prasanta ing salebetipun cariyos Panji Jayeng Tilam menika kagambaraken kagungan watak *religius*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Ki Jarudeh lan ki Prasanta banget anggone kelara-lara ana madyaning wanawasa. Tansah samya sesambat nyuwun pitulunganing Jawata agung.(91)

Ki Jarudeh lan ki Prasanta enggal ngleksanani dhawuh sasampunipun angsal dhawuh saking Prabu Lembuamiluhur supados ngulari Raden Panji Inukertapati, Dewi Sekartaji, saha Dewi Ragilkuning. Nanging lampahipun Ki Jarudeh saha Ki Prasanta ing samadyanipun wanawasa menika tansah kesakit-sakit saestu. Ndadosaken kekalihipun menika sesambat nyuwun pitulunganipun Jawata.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Ki Prasanta kesakit-sakit ing madyaning wanawasa lajeng sambat nyuwun pitulunganipun Jawata. Saking sikap menika saged dipunmangertosi bilih Ki Prasanta menika kagungan watak ingkang ingkang *religius*.

b) *Egois*

Ki Prasanta ingkang sampun ngabdi ing nagari Bali lajeng angsal peparab Demang Palang menika kagambaraken kagungan watak *egois*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

Demang Pulung nulya mundur arsa lunga karo kandha, “Ayo, Palang, enggal lunga saka kene.”

Demang Palang mangsuli, “Iya lungaa dhewe, aku ora lunga wong aku ora luput. Sing luput kakang Pulung dhewe, mula sing ditundhung saka kene iya mung kakang Pulung.”(101)

Demang Palang boten kersa dipunajak kesah saking nagari Bali amarga rumaos piyambakipun boten klentu, ingkang klentu namung Demang Pulung. Sikapipun Demang Palang ingkang kados wonten ing andharan menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *egois*.

21) Jawata (ingkang Maringi Piwarah marang Demang Pulung Nalika Sampun Dipuntundhung Saking Nagari Bali)

Sanajan umumipun watakipun Jawata menika sae, nanging wonten ing satunggaling peranganipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika, Jawata kacariyosaken kagungan watak *profokatif*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

Dumadakan Demang Pulung krungu ana swara kang ngandheg lakune. Demang Pulung krungu swarane nanging ora weruh uwonge. Kang ora katon nuli nyuwara maneh, “Lamun kita arsa nemu raharja, menyang negara Sabrang. Negara sabrang saiki wis nata baris wadya bala arsa mbedhah negara Bali. Kita ngumpula kalayan wadya bala Sabrang, Samengko yen nggecak negara Bali kita bisa males lara wirang kita. Kita digitik cemethi kaping telu, mengko kita bisa males nggitik nganggo cemethi kaping sanga. Wis wekas ulun, kita enggal manunggala kalayan wadya bala Sabrang banjur nggecak negara Bali. Wis kaki Pulung ulun bali.”(103)

Nalika wonten ing wanawasa dumadakan Demang Pulung mireng wonten suwanten ingkang ngadheng lampahipun. Lajeng suwanten menika paring wewarah menawi piyambakipun badhe manggih raharja, kaaturan menyang nagari sebrang. Nagari sabrang samenika sampun nata baris wadya bala badhe mbedhah nagari Bali. piyambakipun kaaturan kumpul dados setunggal kaliyan wadya bala

sabrang menika. Samangke menawi merangi nagari Bali, Demang Pulung saged males lingsemipun. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Jawata ingkang maringi piwarah marang Demang Pulung menika kagungan watak *profokatif*.

22) Dulit

Dulit menika minangka salah satunggalipun punakawan ingkang tansah ndherekaken tindakipun Raden Gunungsari anggenipun madosi Dewi Ragilkuning. Dulit menika kagambaraken kagungan watak setya saha pinter geguyon.

a) Setya

Watak setya saking paraga Dulit menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Raden Gunungsari anggatekake apa kang dadi pangandikane sang Resi iya sang Wiku kang wus gentur tapane, banjur nengga ana padhepokan sang Resi Purwajati kongsi sawetara wektu. **Abdine loro iya padha ndherek nunggu ana kono.**(54)*

Abdinipun Raden Gunungsari ingkang asmanipun Dulit kalayan Dudul menika ugi ndherek nengga ing padhepokanipun Resi Purwajati sareng ndaranipun nengga Dewi Ragilkuning ing padhepokanipun Sang Resi menika. Tumindakipun Dulit menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak setya.

b) Pinter geguyon

Sasanesipun kagambaraken kagungan watak ingkang setya, Dulit menika kagambaraken kagungan watak ingkang pinter geguyon. Watak menika

kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Abdi loro iku kang bisa atur panglipuring penggalih sarana tansah padha geguyon sarta omong kang lucu-lucu, nganti sok gawe gumujenge Raden Gunungsari kang sajatine penggalih lagi banget sungkawa jalaran katilar Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning. Penggalih kena den arani ajur mumur. (107)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dulit saha Dudul menika tansah atur panglipur penggalih marang Raden Gunungsari sarana tansah sami gegujengan sarta pacelathon ingkang lucu-lucu, ngantos sok damel gemujengipun Raden Gunungsari ingkang sejatosipun nandhang sungkawa amargi katilar dening Dewi Onengan (Dewi Ragilkuning). Anggenipun suka panglipur dhumateng Raden Gunungsari kanthi geguyon kaliyan Dulit menika nedahaken bilih Dulit menika kagungan watak pinter geguyon.

23) Dudul

Dudul menika minangka salah satunggalipun punakawan ingkang tansah ndherekaken tindakipun Raden Gunungsari anggenipun madosi Dewi Ragilkuning. Punakawan kalih menika kagambaraken kagungan watak setya. Dudul menika kagambaraken kagungan watak setya saha pinter geguyon.

a) Setya

Watak setya saking paraga Dudul menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Raden Gunungsari anggategake apa kang dadi pangandikane sang Resi iya sang Wiku kang wus gentur tapane, banjur nengga ana padhepokan sang Resi Purwajati kongsi sawetara wektu. Abdine loro iya padha ndherek nunggu ana kono.(54)

Abdinipun Raden Gunungsari ingkang asmanipun Dulit kalayan Dudul menika ugi ndherek nengga ing padhepokanipun Resi Purwajati sareng ndaranipun nengga Dewi Ragilkuning ing padhepokanipun Sang Resi menika. Tumindakipun Dudul menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak setya.

b) Pinter geguyon

Sasanesipun kagambaraken kagungan watak ingkang setya, Dudul menika kagambaraken kagungan watak ingkang pinter geguyon. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Abdi loro iku kang bisa atur panglipuring penggalih sarana tansah padha geguyon sarta omong kang lucu-lucu, nganti sok gawe gumujenge Raden Gunungsari kang sajatine penggalihé lagi banget sungkawa jalaran katilar Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning. Penggalihé kena den arani ajur mumur. (107)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dulit saha Dudul menika tansah atur panglipur penggalih marang Raden Gunungsari sarana tansah sami gegujengan sarta pacelathon ingkang lucu-lucu, ngantos sok damel gemujengipun Raden Gunungsari ingkang sejatosipun nandhang sungkawa amargi katilar dening Dewi Onengan (Dewi Ragilkuning). Anggenipun nglelipur Raden Gunungsari kanthi geguyon kaliyan Dulit menika nedahaken bilih Dudul menika kagungan watak pinter geguyon.

24) Mantri Kudaantipeya

Mantri Kudaantipeya inggih menika mantri nagari Jenggala ingkang angsal jejibahan niti priksa kahananipun wana ing tlatah Jenggala. Mantri menika

kagambaraken kagungan watak *kritis*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun saha tumindakipun paraga.

*Mantri iku jenenge Kudaantipeya. Mantri iki mentas wae anggone nglanglang alas niti priksa kaanane alas, **dumadakan saka kadohan katon ana barisane wadya bala, mula banjur lumayu bali nedya atur uninga marang para patih papat kang nalika iku isih padha rembugan.** Patih Kudanawarsa andhisiki pitakon, "Mantri, sajake mentas mlayu-mlayu iku ana apa? Apa ana macan kang ngamuk utawa gajah meta?"*
"O boten ndara Patih, menawi namung gajah meta utawi sima kula boten ajrih. Nanging kula sumerep saking brang kilen kados wonten barisanipun wadya bala nuju mriki. Wadya bala menika kathah sanget kados tanpa wicalan, nanging tiyangipun menika cetha sanes tiyang tanah Jawi, kados tiyang saking tanah sabrang, ketinggal bilih badhe magut yuda. Ingkang menika kula namung sumangga para Patih."(55)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ing tlatah wana Jenggala menika wonten mantri ingkang asmanipun Mantri Kudaantipeya. Tugasipun menika niti priksa kahananipun wana ing tlatah Jenggala. Nalika mentas naliti priksa kahananipun wana, dumadakan Mantri Kudaantipeya miyarsa saking tebihan menika katingal wonten barisan wadya bala, mila lajeng mlajar atur uninga dhumateng patih sekawan nagari ingkang nalika semanten taksih sami rembagan. Mantri Kudaantipeya menika ngandharaken bilih piyambakipun sumerep saking brang kilen kados wonten barisan wadya bala ingkang nutu ing papanipun Ki Patih. Wadya bala menika kathah sanget kados tanpa wicalan. Nanging tiyangipun menika cetha bilih sanes tiyang Jawi, kados tiyang saking tanah sabrang. Katingalipun para wadya ingkang dipunsumerepi menika badhe magut yuda. Sikap enggal tanggap lajeng mlajar atur uninga dhumateng patih sekawan nagari menika nedahaken bilih Mantri Kudaantipeya menika kagungan watak ingkang *kritis*, cepet anggenipun tanggap bilih wonten perkawis ingkang

klentu. Saingga saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Mantrikudaantipeya menika pancen kagungan watak *kritis*.

25) Utusanipun Wadya Bala Bugis (Wadya Bala Parangkencana)

Utusanipun wadya bala Bugis (wadya bala Parangkencana) ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak setya tuhu nanging nepsunan. Bab menika salajengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Setya saha patuh

Wadya bala Bugis saking nagari Parangkencana menika kagambaraken kangungan watak ingkang setya saha patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

“Lho, kowe wong Jawa kok prentah aku dikongkon bali iku kliru, kowe ora wenang prentah aku, mula aku sakanca ora bakal bali yen durung ana dhawuhe ratu gustiku. Malah kowe sakancamu padha nyisiha aja ngalangi olehku arep menyang negara Jenggala.”(56)

Nalika kaaturan wangsul dening wadya Jenggala, utusanipun wadya Bugis ngandharaken bilih piyambakipun saha para kancanipun boten badhe wangsul menawi dereng wonten dhawuh saking ratu gustinipun. Malah utusanipun wadya Jenggala menika ingkang kaaturan nisih, ampun ngalang-ngalangi anggenipun badhe tindak menyang nagari Jenggala. Wadya bala menika taksih dereng kersa ninggalaken nagari Jenggala amargi ngertosipun gustinipun menika taksih wonten ing nagari Jenggala saperlu andhustha Raden Panji Inukertapati. Kamongka sejatosipun gustinipun sampun kondur ing Parangkencana. Utusanipun wadya bala Bugis menika ngaturaken bilih boten kersa kondur menawi sanes saking

dhawuhing gustinipun. Sikapipun wadya Bugis ingkang boten badhe wangsul menawi dereng wonten dhawuh saking ratu gustinipun menika nedahaken bilih utusanipun wadya bala Bugis ingkang makili sedaya wadya balanipun menika kagungan watak ingkang setya saha patuh.

b) Nepsunan

Wadya Bugis menika kagambaraken kagungan watak ingkang nepsunan. Wadya bala Bugis saking nagari Parangkencana menika kagambaraken kangungan watak ingkang setya saha patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Dhasar prajurit kang wis suwe padha ora ketemu brayat, **krungu wong omong ana putri ayu, banjur pating bedhigas rebut dhucung padha arep nyikep putri ayu kang dikandhakake.**(74)*

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih nalika wonten salah satunggalipun wadya Bugis ingkang ngaturaken bilih piyambakipun sumerep wonten putri ayu ing samadyanipun wana wasa, para wadya Bugis menika sami rebat dhucung badhe nyikep putri ayu menika. sikapipun wadya Bugis ingkang sami rebat dhucung badhe nyikep putri ayu ingkang kasumerepan menika nedahaken bilih wadya bala Bugis menika kagungan watak nepsunan.

26) Utusanipun Wadya Bala Sekawan Nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri)

Utusanipun wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri) menika kagambaraken kagungan watak ingkang kejem. Watak

menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

“Kowe wong Bugis ora gelem lunga saka tlatah tanah Jawa, kelakon dak etheti dadi daging.”(57)

Midhanget bilih wadya Bugis menika boten kersa kondur ing nagarinipun, utusanipun wadya sekawan nagari ngaturaken bilih tiyang Bugis menika menawi boten kersa kesah saking tanah Jawa, kelakon badhe dipunetheti dados daging. Pocapaning utusanipun wadya bala sekawan nagari saking Jawa ingkang badhe ngetheti wadya bala Bugis menawi boten kersa kesah saking nagari Jenggala menika nedahaken bilih utusanipun wadya bala sekawan nagari (makili sedaya wadya bala) menika kagungan watak kejem.

27) Resi Purwajati

Resi Purwajati inggih menika minangka pandhita ingkang mertapa ing wukir. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken watak-watakipun Resi Purwajati ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

a) Ngurmati tamu

Resi Purwajati menika minangka resi ingkang tansah ngurmati tamunipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

***Nalika iku sang tapa wis dhawuh marang para cantrik manguyu jejanggan supaya padha reresik sarta nata kabeh supaya katon resik gumrining lan katon asri, sebab ora suwe maneh bakal ana tamu putraning narendra agung.*(49)**

Nalika semanten, saderengipun Raden Gunungsari rawuh ing padhepokanipun Resi Purwajati, sang Resi sampun mangertos bilih badhe karawuhan tamu putranipun narendra agung. Saingga Sang Resi sampun dhawuh marang para cantrik supados cantrik manguyu jejanggan sami resesik sarta nata sedayanipun supados katingal resik gumrining saha asri. Tumindakipun Resi Purwajati ingkang dhawuh supados padhepokanipun dipunresiki amargi badhe karawuhan tamu menika nedahaken bilih piyambakipun menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ngurmati tamu.

Watakipun Resi Purwajati ingkang ngurmati tamu menika langkung katingal malih nalika Sang Resi tindak medhak saking pucukipun wukir, mapagaken Raden Gunungsari saha pandherekipun. Nalika sampun dumugi ing sangajengipun padhepokan nanging taksih wonten ing sikilipun wukir, sang tapa enggal ngacarani. *Data* ingkang nggambaraken watak ing ngandhap menika kaandharaken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Sang tapa banjur tindak medhak saka pucuking gunung mapagake tamune kang bakal teka. Bareng Raden Gunungsari lan pandhereke wis tekan ngarep padhepokan nanging isih ana sikiling gunung, sang tapa enggal ngacarani.(51)

b) Andhap Asor

Minangka satunggalipun pertapa ingkang kaparingan kawaskitan, Resi Purwajati menika kagambaraken kagungan watak ingkang andhap asor. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

Raden Gunungsari ngandika,” Adhuh sang Yogi, senajan boten andangu paduka sang Wiku sampun uninga sadayanipun jer paduka sang Yogi temtu sampun mengku kawaskithan ingkang linangkung.”

*“Inggih leres pangandikanipun, **nanging kula senajan kaparingan kawaskithan boten wantun angrumiyini nana kersaning Hyang Widhi Wisesa, tuhu ajrih lamun kenging sesikuning Bathara.** Pramila mugi angger kersa ngandika sawajaripun kemawon. Kula nedya nilingaken karna, Angger.”(52)*

Sanajan kaparingan kawaskitan, nanging Sang Resi boten wantun ngrumiyini kersanipun Hayng Widhi Wisesa, ajrih menawi kenging dukanipun Bathara. Saingga sang Resi menika tetep nyuwun pirsu marang Raden Panji ngengingi sinten, saking pundi, saha badhe dhateng pundi piyambakipun menika. saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Sang Resi menika kagungan watak ingkang andhap asor.

c) *Religius*

Minangka satunggalipun Resi utawi yogi utawi pandhita agami Hindu, Resi Purwajati menika kagambaraken kagungan watak ingkang *religius*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

Raden Gunungsari ngandika,” Adhuh sang Yogi, senajan boten andangu paduka sang Wiku sampun uninga sadayanipun jer paduka sang Yogi temtu sampun mengku kawaskithan ingkang linangkung.”

*“Inggih leres pangandikanipun, **nanging kula senajan kaparingan kawaskithan boten wantun angrumiyini nana kersaning Hyang Widhi Wisesa, tuhu ajrih lamun kenging sesikuning Bathara.** Pramila mugi angger kersa ngandika sawajaripun kemawon. Kula nedya nilingaken karna, Angger.”(52)*

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sanajan kaparingan kawaskitan, nanging Sang Resi boten wantun ngrumiyini kersanipun Hayng Widhi Wisesa, ajrih menawi kenging dukanipun Bathara. Saingga Sang

Resi menika tetep nyuwun pirsu marang Raden Panji ngengingi sinten, saking pundi, saha badhe dhateng pundi piyambakipun menika. sikapipun Resi Purwajati ingkang tansah ajrih menawi ngantos kenging dukanipun Bathara menika nedahaken bilih sang Resi menika kagungan watak *religius*.

d) Wicaksana

Minangka satunggalipun pertapa ingkang kaparingan kawaskitan linuwih, Resi Purwajati menika kagambaraken kagungan watak ingkang wicaksana. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *diskurtif* saha *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

*Miyarsa pangandikane Raden Gunungsari, sang Yogi gumuyu banjur ngandika, "O, mekaten angger Wukirsari, dados angger mendra saking negari menika ingkang baku nglari calon ingkang garwa Dewi Ragilkuning. Dados saupami boten kautus ingkang uwa sang nata Jenggala angger Gunungsari harak inggih temtu mendra nglari putri ingkang dados woding penggalih. **Mila saking pemanggihipun pun bapa angger wonten riki rumiyin, sebab boten sande sang Dewi temtudumugi riki. Angger saged pepanggihan nanging dereng kadi kepanggih garwa, jer mila dereng dados garwa. Anggenipun dados garwa benjing wonten ing negari Jenggala dipunpangestoni dening para nata miwah prameswari. Mila angger kedah ingkang sabar rumiyin.**"*(53)

Sasampunipun midhangetaken andharan saking Raden Gunungsari bilih piyambakipun menika nembe ngupadosi Dewi Onengan, putra nata Jenggala, Resi Purwajati gemujeng sarwi suka wewarah. Sang Resi menika sampun mangertos bilih Raden Gunungsari menika ingkang baken madosi calon garwanipun. Saking pamrayoginipun Sang Resi, Raden Gunungsari menika kasuwun nengga ing padhepokanipun Resi Purwajati sebab samangke Dewi Ragilkuning mesthi dumugi ing padhepokan menika. sang Resi ugi ngandharaken bilih Raden Gunungsari kaliyan Dewi Onengan menika dereng saged kapanggih garwa.

Anggenipun dados garwa ngenjang ing nagari Jenggala, dipunpangestoni dening para nata miwah prameswari. Raden Gunungsari kaaturan sabar rumiyin. Isinipun wewarah Resi Purwajati ingkang kados kaandharaken saking *data* menika nedahaken bilih Resi Purwajati menika kagungan watak ingkang wicaksana.

Watakipun Resi Purwajati menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika ingkang kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga saha *teknik* pamanggihipun satunggaling paraga ngengingi paraga sanesipun.

*.... Kang dadi eraming penggalih iku mung sang Resi iku tuhu **pandhita kang wicaksana**, tansah bisa priksa apa kang arep kelakon, iki katitik saben arep ana tamu sang Resi mesthi dhawuh resesik Padhepokan.(71)*

Raden Gunungsari eram penggalhipun. Resi Purwajati menika pandhita ingkang wicaksana, tansah saged mangertos menapa ingkang badhe kadadosan. Bab menika saged dipunmangertosi amargi saben badhe wonten tamu, Resi mesthi dhawuh resesik padhepokan. Rumiyin nalika panjenenganipun badhe rawuh, sang Resi ugi kadhawuhan supados resesik. Saking andharan langsung ingkang wonten ing *data* menika saged dipunmangertosi bilih Resi Purwajati menika kagungan watak wicaksana.

28) Cantrik Manguyu Jejanggan

Cantrik Manguyu Jejanggan menika minangka cantrik ingkang wonten ing padhepokanipun Resi Purwajati. Cantrik menika kagambaraken kagungan watak ingkang patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Para cantrik manguyu jejanggan nampa dhawuhe sang Tapa iya padha enggal nindakake kang dadi kuwajibane, mula ora aneh yen sedhela padhepokan wis katon resik lan asri.(50)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih nalika nampi dhawuh saking Resi Purwajati, cantrik manguyu jejanggan enggal nindakaken menapa ingkang dados kewajibanipun, mila boten aneh menawi sedhela kemawon padhepokanipun Resi Purwajati sampun katingal resik saha asri. Saingga saged dipunmangertosi saking sikap saha tumindakipun para cantrik Manguyu Jejanggan sasampunipun nampi dhawuh saking Sang Resi Purwajati bilih para cantrik menika kagungan watak patuh.

29) Hyang Narada

Hyang Narada menika kagambaraken kagungan watak patuh. Inggih menika patuh marang Hyang Utipati. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* tumindakipun paraga.

“....Dene ulun tumedak ing madyapada kautus Hyang Utipati kadhawuhan andangu apa darunane dene kita padha ana madyaning alas gung, sarta darunane dene kita padha anis saka sajroning praja, Nini wayah ulun sakarone?”(85)

Hyang Narada ngandharaken bilih piyambakipun menika dipunutus dening Hyang Utipati supados ndangu sebabipun wonten ing wanawasa sarta sebabipun lolos saking praja marang Dewi Ragilkuning saha Dewi Sekartaji. Hyang Narada ingkang tansah nindakaken menapa ingkang dipunutusaken dening Hyang Utipati menika nedahaken bilih Hyang Narada menika kagungan watak patuh.

30) Raja Sewu Nagari

Raja sewu nagari inggih menika raja-raja ingkang badhe ngrabasa nagari Bali amargi lamaranipun dhumateng putrinipun nata Bali dipuntampik. Raja sewu nagari ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak ingkang *egois*, kejem sarta *emosional*.

a) *Egois* sarta kejem

Watakipun raja sewu nagari ingkang *egois* sarta kejem menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

Para raja iku pamintanira banget ameksa supaya tinampa dadi mantune sang raja Bali, nanging sarehning kang nglamar iku akeh banget mesthi wae gawe bingung penggalihe sang Raja ing Bali, wasanane para raja iku nedya ngrabasa negara Bali arsa den dadekake karang abang.(86)

Para raja sewu nagari meksa sanget supados dipuntampi minangka mantunipun raja Bali. Nanging amargi ingkang nglamar menika kathah sanget mesthinipun damel bingung penggalihipun Sang Raja Bali. Wasananipun para raja ing Bali menika badhe ngrisak nagari Bali, badhe dipundadosaken karang abrit. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih anggenipun meksa dipuntampi lamaranipun lajeng menawi boten dipuntampi nagari Bali badhe dipunperangi menika nedahaken bilih raja sewu nagari menika kagungan watak ingkang *egois*, nengenaken kepentinganipun kiyambak, sarta kejem. Raja sewu nagari menika *egois*, amargi saking kepentinganpun kiyambak lajeng merangi nagari Bali ingkang temtunipun rakyat saged ugi dados korbanipun.

b) *Emosional*

Sasanesipun kagambaraken kagungan watak ingkang *egois*, nata sewu nagari menika ugi kagambaraken kagungan watak ingkang *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Kocapa para ratu sewu negara bareng miyarsa lamun sang Prabu Suryalelana ratu Bali wis antuk sraya sakala padha muntab dukanira nulya nabuh tengara perang nedya anggempur negara Bali.(88)

Sareng mangertos bilih Prabu Suryalelana sampun angsal pitulungan, muntab dukanira para ratu sewu nagari lajeng nabuh tengaraning perang badhe nggempur nagari Bali. saingga saking andharan *data* menika saged dipunmangertosi bilih raja sewu nagari menika kagungan watak ingkang *emosional*.

31) Prabu Suryalelana

Prabu Suryalelana inggih menika raja saking nagari Bali. Prabu Suryalelana ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak *religius* saha boten kersa nampi ingkang sanes hakipun.

a) *Religius*

Watakipun Prabu Suryalelana ingkang *religius* menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Wong iku nuli sajarwa lamun sajatine dheweke iku nata Bali, sarta ngandharake anggone namur kula dadi wong kurang waras iku saka wangsiting Jawata kinen ngupaya satriya bagus loro kang lagi padha lelana, iku kang bisa den suwuni pitulungan.(87)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih tiyang ingkang sejatosipun Prabu Suryalelana menika lajeng ngandharaken bilih piyambakipun menika sejatosipun nata Bali ingkang nyamar dados tiyang ingkang kirang waras. Menika sedaya katindakaken jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunwangsitaken dening Jawata, kangge ngupaya manggihaken satriya bagus ingkang nembe lelana. Amargi menika ingkang saged dipunsuwuni pitulungan.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Prabu Suryalelana menika tansah nindakaken menapa ingkang dipundhawuhaken dening Jawata. Tumindak menika nedahaken bilih Prabu Suryalelana menika kagungan watak ingkang *religius*.

b) Boten kersa nampi ingkang sanes hakipun

Prabu Suryalelana menika kagambaraken ugi kagungan watak boten kersa nampi ingkang sanes hakipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga, *teknik* tumindak saka sikapipun paraga.

*Sang Prabu Suryalelana banget sukaning driya dene para raja wis padha nungkul, malah nuli padha caos palaralara putri miwah peni peni raja peni marang ngarsane sang Prabu Suryalelana. Nanging sang **Prabu Suryalelana ora kersa nampa caos an iku sebab ora rumangsa bisa nelukake raja, mula sakabehe caos an kacaosake marang Raden satriya sekarone.***(90)

Sang Prabu Suryalelana bingah sanget amargi para raja sewu nagari sampun sami nungkul, malah sami caos selir miwah raja brana ing ngarsanipun Prabu Suryalelana. Nanging Sang Prabu Suryalelana boten kersa nampi amargi boten rumaos saged nelukaken raja. Mila, sedayanipun menika kacaosaken

marang Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma. Sikapipun Prabu Suryalelana menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak boten kersa nampi ingkang sanes hakipun.

32) Hyang Pancaresi

Hyang Pancaresi inggih menika Jawata ingkang kasiku dening Bathara saingga mangejawantah dados garuda. Hyang Pancaresi menika kagambaraken kagungan watak ngertos maturnuwun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon.

*Dumadakan Sang Prabu kaget ingarsane ana manuk garudha kang gedhene ora lumrah. Sakehing buron alas iku kabeh padha ngratu marang sang garudha. Sang Prabu banget kaget sigra angasta gendhewa sarta jemparing sakala sirna sang garudha. Sasirnaning garudha nulya ana Jawata mangejawantah kekasih Hyang Pancarei. Garudha iku sajatine Hyang Pancaresi kang kasiku ing Bathara malih dadya manuk garudha, bareng den jemparing sanalika pulih bali dadi Bathara Pancaresi. Sang Panji bareng uninga ana Jawata sigra manembah caos bekti, **sang Bathara ngandika, “Banget panarima ulun dene kita kang bisa maluyakake ulun bali dadi Jawata maneh. Ulun paring wewarah marang kita lamun kita arsa ngupadi kadangira iya kaki Panji samengko isih ana ing tanah sabrang ing negara Parangkencana, kadhaupake kalayan putrinira kang tuwa kekasih Dewi Nawangwulan. Samengko putrinira Prabu Basunanda isih siji maneh kang luwih ayu warnane.”***(93)

Sakunduripun saking pasowanan kaliyan Demang Palang saha Demang Pulung, dumadakan sang Prabu kagyataken wontenipun peksi garuda ingkang agengipun boten limrah. Sedyanipun buron ing wana sami ngratu marang sang Garudha. Sang Prabu Madubrangta kagyat sanget lajeng enggal ngasta gandhewa sarta panah sakala sirna sang garudha. Sasirnanipun gharudha menika wonten Jawata mangejawantah kekasih Hyang Pancaresi. Garudha menika sejatosipun Hyang Pancaresi ingkang kasiku dening Bathara dados peksi garudha, sareng dipunpanah sanalika wangsul malih dados Bathara Pancaresi. Mangertos bilih

wonten Jawata, Sang Panji enggal manembah caos sembah pangabektos. Sang Bathara ngaturaken panuwunipun amargi kiyambakipun sampun dipunkunduraken dados Jawata malih. Wewarah ingkang kaparingaken menika ngengingi papan dunungipun sang Panji. sang Panji samenika taksih wonten ing nagari sabrang, ing nagari Parangkencana, kadhaupaken kaliyan putranipun raja Parangkencana ingkang asmanipun Dewi Nawangwulan. samangke putrinipun sang Prabu Basunanda menika taksih satunggal malih inhkang langkung ayu werninipun. Atur pamaturnuwun saha wewarah ingkang dipunparingaken dhumateng Prabu Madubrangta menika nedahaken bilih Hyang Pancaresi menika kagungan watak ngertos maturnuwun.

33) Raden Wangsengsari

Raden Wangsengsari inggih menika rayinipun Raden Panji Inukertapati ingkang tindak dhateng nagari Parangkencana saperlu madosi rakanipun. Wonten ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika, Raden Wangsengsari kagambaraken kagungan watak ingkang *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Satekane dalem puri Raden Wangsengsari dupi mulat ingkang raka Raden Panji nulya gupuh malajengi nulya nungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kelara-lara.(94)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun dugi ing dalem kedhaton, Raden Wangsengsari kepanggih kaliyan Raden Panji. Raden Wangsengsari malajengi lajeng nyungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kesakit-

sakit. Tumindakipun Raden Wangsengsari ingkang muwun kesakit-sakit menika nedahaken bilih piyambakipun kagungan watak *emosional*.

Sasanecipun kagungan watak ingkang *emosional*, Raden Wangsengsari menika ugi kagambaraken kagungan watak ingkang sae penggalhipun, boten gumedhe utawi gumunggung. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* pamanggihipun satunggaling paraga ngengingi paraga sanesipun.

Dewi Purnamasidhi ngandika maneh, “Biyung, apa sakirane sira bisa sapatemon kalayan satriya Wangsengsari, Biyung?”
*“Inggihi saged Gusti, **satriya Jenggala menika mila sae penggalhipun, boten gumedhe** utawi gumunggung, Gusti Dewi.”(97)*

Dewi Purnamasidhi nyuwun pirsu pamanggihipun menapa piyambakipun saged kepanggih kaliyan Raden Wangsengsari. Lajeng parekanipun mangsuli bilih piyambakipun menika saged kepanggih kaliyan Raden Gunungsari. Parekanipun Dewi Purnamasidhi ngaturaken bilih satriya Jenggala menika gadhah penggalih ingkang sae, boten gumedhe utawi gumunggung. Saking ngendikaning parekanipun Dewi Purnamasidhi menika saged dipunmangertosi bilih Raden Wangsengsari menika kagungan watak ingkang sae penggalhipun, boten gumedhe.

34) Raden Wirun

Raden Wirun menika salah satunggalingipun satriya ingkang dipunsukani jejibahan dening Jawata supados njagi Panji Laleyan. Paraga menika kagambaraken kagungan watak waspada, *religius*, tanggel jawab, saha sopan santun. Watak-watak menika salajengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Waspada

Nalika Jawata tumedhak, Raden Wirun menika kagambaraken kagungan watak waspada. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikapipun paraga.

*Kawuwusa Sang Hyang Narada kang tumedhak ambopong anak nedhaki satriya ketelune. **Raden Wirun kang waspada** lamun ana Jawata tumedhak enggal caos pangabekti. (108)*

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Raden Wirun waspada nalika wonten Jawata (Hyang Narada) tumedhak enggal caos pangabekti. Saking andharan menika saged dipunmangertosi kanthi langsung bilih Raden Wirun menika kagungan watak waspada.

b) Religius

Nalika wonten Jawata tumedhak menika, Raden Wirun ugi kagambaraken kagungan watak ingkang *religius*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*Kawuwusa Sang Hyang Narada kang tumedhak ambopong anak nedhaki satriya ketelune. Raden Wirun kang waspada **lamun ana Jawata tumedhak enggal caos pangabekti. (108)***

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Raden Wirun waspada nalika wonten Jawata (Hyang Narada) tumedhak enggal caos pangabekti. Andharan bilih Raden Wirun ingkang enggal caos pangabekti dhumateng Jawata menika saged dipunmangertosi bilih Raden Wirun menika kagungan watak *religius*.

c) Tanggel Jawab

Raden Wirun menika kagambaraken kagungan watak tanggel jawab. Wonten ing cariyos menika, Raden Wirun kagambaraken tanggel jawab sanget marang jejibahanipun njagi Panji Laleyan. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Ora suwe banjur padha sumurup ana barisan wadya bala kang arep nunjang sato telu kang njaga bayi, wasana sato telu iku sami ngamuk. (109)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Raden Wirun, Raden Kartala saha Raden Andaga sampun malih warna dados sato kewan wana kanthi perintah saking Jawata. Sato kewan menika kadhawuhan njagi Panji Laleyan. Lajeng nalika miyarsa wonten wadya bala ingkang badhe nabrak, sato kewan tiga menika sami ngamuk. Tumindakipun Raden Wirun ingkang ugi ngamuk nalika wonten wadya bala badhe nabrak menika nedahaken bilih Raden Wirun menika kagungan watak ingkang tanggel jawab.

d) Sopan santun

Raden Wirun menika kagambaraken kagungan watak sopan santun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Raden Wirun kalayan para arinira sigra nungkeni padanira sang Panji sarwi ngaturake bayi iya Raden Laleyan. (110)

Sasampunipun kenging panahipun Raden Panji, sedaya sato kewan menika malih dados satriya malih. Raden Wirun saha para arinira enggal nyungkemi padanipun Raden Panji Inukertapati sarwi ngaturaken Raden Laleyan. Sikapipun Raden

Wirun menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak sopan santun.

35) Raden Kartala

Raden Kartala menika salah satunggalipun satriya ingkang dipunsukani jejibahan dening Jawata supados njagi Panji Laleyan. Paraga menika kagambaraken kagungan watak tanggel jawab. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Ora suwe banjur padha sumurup ana barisan wadya bala kang arep nunjang sato telu kang njaga bayi, wasana sato telu iku samya ngamuk.
(109)

Raden Wirun, Raden Kartala saha Raden Andaga sampun malih warna dados sato kewan wana kanthi printah saking Jawata. Sato kewan menika kadhawuhan njagi Panji Laleyan. Lajeng nalika miyarsa wonten wadya bala ingkang badhe nabrak, sato kewan tiga menika sami ngamuk. Tumindakipun Raden Kartala ingkang ugi ngamuk nalika wonten wadya bala badhe nabrak menika nedahaken bilih Raden Kartala menika kagungan watak ingkang tanggel jawab.

36) Raden Andaga

Raden Andaga menika salah satunggalipun satriya ingkang dipunsukani jejibahan dening Jawata supados njagi Panji Laleyan. Paraga menika kagambaraken kagungan watak tanggel jawab. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Ora suwe banjur padha sumurup ana barisan wadya bala kang arep nunjang sato telu kang njaga bayi, wasana sato telu iku samya ngamuk.
(109)

Raden Wirun, Raden Kartala saha Raden Andaga sampun malih warna dados sato kewan wana kanthi printah saking Jawata. Sato kewan menika kadhawuhan njagi Panji Laleyan. Lajeng nalika miyarsa wonten wadya bala ingkang badhe nabrak, sato kewan tiga menika sami ngamuk. Tumindakipun Raden Andaga ingkang ugi ngamuk nalika wonten wadya bala badhe nabrak menika nedahaken bilih Raden Andaga menika kagungan watak ingkang tanggel jawab.

37) Prabu Basunanda

Prabu Basunanda ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika minangka raja nagari Parangkencana. Kagambaraken kagungan watak tresna marang putra, patuh marang tata krama, adigung (ngunggulaken kaluhuranipun), *antisipatif*, gumunan, kirang waspada, sarta kersa ngakeni klentunipun. Watak-watak menika salajengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Tresna marang Putra

Prabu Basunanda menika kagambaraken minangka raja ingkang tresna marang putranipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

Sawise iku Sang Prabu ngandika, "Kakang Patih Banakesthi. Wis sawetara dina aku ginubel ing putraku Putri Nini Nawangwulan kang mothah nyuwun kadhaupake kalayan satriya Jawa kang kekasih Raden Panji. Mula saka karsaku pamothahe nini Nawangwulan iki iya bakal dakleksanani, awit wis dadi lumrahe yen anak polah bapa iya kudu pradhah."(7)

Sang Prabu Basunanda ngaturaken marang Patih Banakeshti bilih piyambakipun menika sampun sawetawis dinten ginubel panyuwunanipun putranipun putri Dewi Nawangwulan ingkang nyuwun kadhaupaken kaliyan satriya Jawa ingkang kekasih Raden Panji. Saking kersanipun Sang Prabu, piyambakipun badhe ngleksanani panyuwunanipun sang Dewi Nawangwulan. awit sampun dados limrahipun menawi anak polah bapa kapradah.

Katresnanipun Prabu Basunanda marang putranipun menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

“Bener aturmu Patih, mula saka kersaku aku nedya tindak menyang negara Jenggala saperlu aku arep nyolong satriya kang dadi impene nini Nawangwulan.....”(8)

Sang Prabu Basunanda nedya tindak nagari Jenggala saperlu andhustha satriya ingkang dados pasupenanipun Dewi Nawangwulan. Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih saking tresnanipun kaliyan ingkang putra, sang Prabu menika badhe tindak kiyambak andhustha satriya Jenggala ing Jawa. Andharan menika nedahaken bilih Sang Prabu menika kagungan watak tresna marang putranipun.

b) Patuh tata krama

Prabu Basunanda menika kagambaraken kagungan watak ingkang manut marang tata krama, inggih menika tata krama kraton. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

“Ora ngono karepku kakang Patih, iki urusan keraton. Satriya iku putrane ratu agung, dadi upama dicolong kang nyolong iku iya kudu ratu, iki netepi tata kramaning keraton, kakang patih. Mula kudu aku kang tumindak.”(10)

Nalika dipunpambengi dening Patih Basukethi supados boten nindakaki andhustha satriya Jenggala, Sang Prabu boten sarujuk. Miturut pamanggihipun Sang Prabu, perkawis menika minangka perkawis kraton. Satriya ingkang badhe dipundhustha menika putranipun nata, saingga kedahipun ingkang andhustha ugi ratu, menika netepi tata kramanipun kraton. Saingga Sang Prabu badhe nindaki kiyambak andhustha satriya Jawa menika. pamanggihipun Prabu Basunanda bilih perkawis andhustha satriya putranipun raja menika minangka perkawis kraton nedahaken bilih piyambakipun menika nggatosake sanget bab tata krama kraton. Lajeng anggenipun badhe andhustha satriya kiyambak menika netepi tata krama kraton. Saking menika saged dipunmangertosi bilih Prabu Basunanda menika kagungan watak ingkang patuh kaliyan tata krama.

c) Adigung (ngunggulaken kaluhuranipun)

Prabu Basunanda menika ratu nagari ageng Parangkencana. Minangka ratu satunggalipun nagari ingkang ageng sarta wiyar jajahanipun, Sang Prabu Basunanda kagambaraken kagungan watak ingkang adigung utawi ngunggulaken kaluhuranipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Sawise sawetara Prabu Basunanda banjur ngandika maneh,” Kakang Patih, sanajan Satriya Jenggala iku dicolong maling, nanging dudu maling sembarangan, sanajan jenenge maling nanging harak ratu gung binathara, dadi ora banget diremehake, Kakang Patih.”(12)

Sasampunipun sawetawis wekdal, Prabu Basunanda lajeng matur marang Ki Patih, ngaturaken bilih sanajan satriya Jenggala menika dipundhustha dening maling, nanging malingipun menika sanes maling sembarangan, malingipun menika ratu agung binatara, dados boten banget anggenipun dipunremehaken. Anggenipun ngandharaken piyambakipun minangka ratu agung binatara menika nedahaken bilih piyambakipun menika nedahaken kaluhuranipun minangka raja agung saingga boten bakal dipunremehaken sanget. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Prabu Basunanda menika kagambaraken kagungan watak ingkang adigung utawi watak ingkang ngunggulaken kaluhuranipun.

d) *Antisipatif*

Prabu Basunanda minangka raja ingkang sura sekti digdaya ingkang jumeneng minanggka raja nagari Parangkencana menika kagambaraken kagungan watak ingkang *antisipatif*. Piyambakipun menika tansah nyawisaken rencana-rencana *antisipatif* nalika badhe andhustha Raden Panji Inukertapati. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Sawise sawetara Prabu Basunanda banjur ngandika maneh,” Aku nedya tedhak marang negara Jenggala, aku mundhut wadyaku saka Bugis mung enem wae cacahé. Dene wadya Bugis liyane padha pacaka baris ana sakubenge negara Jenggala kanggo anjaga mbokmenawa ana karepotane olehku dadi maling lan gawe nepsune wadya Jenggala, barise bocah Bugis iku mesthi bisa ngrampungu gawe. Sakubenge negara Jenggala jaganen, yen ana pawongan kang liwat mlebu metu negara kudu dibalekake ora kena liwat tapel watese negara Jenggala, yen ana kang ambanda kalani iya dirampungu wae.”(13)

Sasampunipun ngandharaken bilih sanajan ingkang andhustha satriya Jenggala menika sanes maling sembarangan, bilih ingkang andhustha menika ratu

agung binatara saingga boten banget anggenipun dipunremehaken, sang Prabu Basunanda lajeng ngandharaken anggenipun badhe andhustha. Sang Prabu namung badhe mundhut wadya bala Bugis cacahipun enem kemawon. Wondene wadya Bugis ingkang sanesipun kadhawuhan njagi ing sakubengipun nagari Jenggala, mbokmenawi wonten karepotan anggenipun Sang Prabu andhustha lajeng ndadosaken nepsunipun wadya Jenggala. barisan wadya Bugis menika temtu saged ngrampung ing perkawis. Sakubengipun nagari Jenggala kadhawuhan dipunjaga, menawi wonten tiyang ingkang badhe mlebet medal nagari kedah dipunkunduraken boten angsal liwat tapel watesipun nagari Jenggala, menawi wonten ingkang ambanda kalani inggih dipunrampung kemawon. Sedaya ingkang dipunandharaken saha dipundhawuhaken ing *data* menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang inisiatif. Sedaya kemungkinan menika tansah dipungatosaken saha dipunsiapaken anggenipun badhe ngadhepi.

e) Gumunan

Sanajan minangka raja saking nagari ageng Parangkencana nanging Sang Prabu Basunanda menika kagambaraken kagungan watak ingkang gumunan. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Sang Prabu banget ngungun lan gumun mirsani asrining kedhaton, mangka iku lagi kasatriyan, mendah iba yen punjering kedhaton kang mesthio dadi dununge Prabu Lembuamiluhur mesthi luwih asri tinimbang ing kasatriyan.(14)

Sang Prabu menika gumun pirsia asrinipun kasatriyan kadhaton Jenggala. kamongka menika taksih kasatriyanipun, mendah punjeripun kedhaton ingkang

mesthi dados papan dunungipun Prabu Lembuamiluhur, mesthi langkung asri tinimbang kasatriyanipun. Salajengipun, watakipun Prabu Basunandha ingkang gumunan menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ingkang ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Sang Prabu gumun dene papan panggonane para satriya becike kaya kahyangane para Jawata.(15)

Saking *data* nomer 15 menika saged dipunmabgertosi bilih Sang Prabu menika gumun miyarsa papan panggenanipun para satriya ing kedhaton Jenggala menika becikipun kados kahyangan. Salajengipun nalika manggihaken Raden Panji, Sang Prabu ugi kacariyosaken anggenipun gumun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Sang Prabu Basunanda gumun ngungun dene ing pasareyane iku kang katon mung Raden Panji lan ingkang garwa Retna Condrokirana kang anyandhing jabang bayi.(16)

Sasampunipun manggihaken papan pasareyanipun sang Panji, sang prabu Basunanda gumun miyarsa dene ing pasareyan menika namung katingal Raden Panji kalayan garwanipun Sang Retna Condrokirana ingkang anyandhing putranipun. Ing perkawis menika Sang Prabu Basunanda menika ugi gumun.

Saking *data* nomer 14, 15, saha 16 menika bilih Sang Prabu Basunanda tansah kacariyosaken anggenipun gumun. Miyarsa asrining kedhaton, papan panggenanipun para satriya, ngantos nalika Sang Prabu manggihaken Raden Panji menika, Sang Prabu kagambaraken gampil banget anggenipun gumun. Saingga

saking andharan *data-data* nomer 14, 15, 16 menika saged dipunmangertosi bilih sang Prabu Basunanda menika kagungan watak ingkang gumunan.

f) Kirang waspada

Sang Prabu Basunanda sanajan kacariyosaken minangka raja ingkang sura sekti nanging kagambaraken kagungan watak ingkang kirang ngatos-ngatos ing tumindakipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Tanpa sraba-sraba sang Prabu Basunanda enggal nyaketi raden Panji kang lagi sare kepati, niyate sang prabu banjur enggal arsa den bopong kabopong mesat ing gegana, nanging saiba kagete sang Prabu Basunanda durung nganti bisa nyandhak sarirane raden Panji sang Prabu wis dhawah kantaka.(17)

Tanpa gineman Sang Prabu enggal nyakethi Raden Panji ingkang sare kepati, niyatipun badhe langsung dipunbopong lajeng mesat ing gegana. Nanging saiba kagetipun nalika sang Prabu dhawah kantaka saderengipun saged nyandhak sariranipun Raden Panji. Tumindakipun Sang Prabu Basunanda ingkang boten waspada nalika badhe nyaketi putra kinasih nagari Jenggala menika nedahaken bilih Sang Prabu kagungan watak ingkang kirang waspada.

g) *Emosional*

Watak *emosional* saking Prabu Basunanda menika saged dipunmangertosi saking sikapipun Sang Prabu dhumateng Dewi Nawangwulan. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga saha *teknik* tumindakipun paraga.

Sang Prabu angles penggalihe mriksani ingkang putra putri Dewi Nawangwulan kang sarirane angganggang aking kegawa saka anggone

menggalih pasupenane. Sang Dewi Nawangwulan sigra rinangkul dening sang nata.(62)

Sang Prabu Basunanda angles penggalhipun nalika miyarsa sariranipun Dewi Nawangwulan dados kuru amargi anggenipun menggalihaken pasupenanipun. Sang Dewi Nawangwulan enggal dipunrangkul dening Prabu Basunanda. Saking andharan bilih penggalhipun Prabu Basunanda angles nalika miyarsa sariranipun Dewi Nawangwulan dados kuru lajeng dipunrangkul menika nedahaken bilih Prabu Basunanda menika kagungan watak ingkang *emosional*.

h) Kersa ngakeni klentunipun

Nalika sampun pepanggihan langsung kaliyan Raden Panji Inukertapati lajeng mangertos bilih nyatanipun Raden Panji menika ngurmati sanget marang piyambakipun, Prabu Basunanda ngakeni klentunipun marang Raden Panji. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pancelathon.

*Nanging sang prabu malah anjelih sarwi matur,” Adhuh gusti titisaning Sang Hyang Wisnu, sayekti kula sanget ajrih nampi sembah paduka,njer paduka menika sang Bathara ingkang pantes sinembah. **Mandar kula nyuwun sagunging pangaksami paduka dene kula kamipurun amboyong paduka sarana andhustha paduka** kula bekta dhateng praja Parangkencana mriki tanpa nyuwun palilah paduka....”(67)*

Kados ingkang sampun dipun andharaken saderengipun bilih saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Sang Prabu Basunanda nyuwun pangapunten marang Raden Panji amargi piyambakipun menika sampun mboyong Raden Panji kanthi dipundhustha tanpa nyuwun palilhipun Raden Panji. Saingga saking *data* menika ugi saged dipunmangertosi bilih Prabu Basunanda menika kagungan watak ingkang kersa ngakeni klentunipun kiyambak.

Saking sedaya andharan *data-data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Prabu Basunanda menika minangka Raja ingkang tresna sanget marang putranipun, patuh marang tata krama, adigung (ngunggulaken kaluhuranipun), *antisipatif*, gumunan, kirang waspada, sarta kersa ngakeni klentunipun.

38) Patih Basukethi

Patih Basukethi inggih menika patih nagari Parangkencana. Saderengipun dados patih ing nagari Parangkencana, piyambakipun menika minangka nata ing nagari sanes. Nanging amargi dipunkalahaken dening Prabu Basunanda lajeng piyambakipun nungkul dados patih ing nagari Parangkencana. Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, Patih Basukethi kagambaraken kagungan watak ngajeni rajanipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

“Pangandikanipun Gusti Prabu menika leres, nanging saking pemanggih kula kados kirang prayogi menawi paduka Gusti sinuhun nindaki andhustha satriya ing tanah Jawi, jer para wadya ing Parangkencana menika boten kekirangan ingkang saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing tanah Jawi menika sampun temtu saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing tanah Jawi menika sampun temtu saged kaleksanan. Sampun namung satriya satunggal, lha mbok inggih sedasa satriya temtu saged kelampahan. Mila saking pemanggih kula boten perlu Paduka Gusti sinuhun nindaki andhustha, cekap paring dhawuh kemawon dhateng wadya bala, Gusti.”(9)

Sang Patih Basukethi ngandharaken bilih miturut pamanggihipun kirang prayogi menawi Prabu Basunanda tindak andhustha satriya ing Jenggala, jer para wadyanipun ing Parangkencana menika boten kirang ingkang sekti. Saingga

menawi namung andhustha satriya ing Jawa menika temtu temtu saged kaleksanan. Mila saking pamanggihipun Patih Basukethi, boten perlu Prabu Basunanda nindaki andhustha, cekap paring dhawuh marang wadya bala. Pamanggihipun Patih Basukethi ingkang kados menika nedahaken bilih piyambakipun kagungan watak ingkang tansah ngajeni marang rajanipun.

Patih Basukethi ingkang kagungan watak ngajeni marang rajanipun ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing salebetipun *data* ngandhap menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Krungu pangandikane sang prabu kaya ngono ki Patih Banakesthi ngrumangsani yen anggone matur mau luput, mula banjur mung meneng wae, mung ngrungokake apa kang dadi pangandikane sang Prabu Basunanda.(11)

Mireng pangandikanipun Sang Prabu ngengingi tata kramaning kraton gegayutan kaliyan anggenipun badhe andhustha satriya Jawa, Ki Patih Banakesthi lajeng ngrumaosi bilih piyambakipun menika klentu, mila lajeng mendel kemawon, namung mirengaken pangandikanipun Prabu Basunanda. Sikapipun Patih Banakesthi utawi Basukethi ingkang lajeng mendel kemawon mirengaken ngendikanipun Sang Prabu, nedahaken bilih piyambakipun menika tansah ngajeni marang rajanipun. Saingga saking sedaya andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Patih Banakesthi menika kagungan watak ngajeni marang rajanipun.

39) Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi)

Dewi Nawangwulan inggih menika putri sulung saking Prabu Basunanda, nata Parangkencana. Dewi Nawangwulan menika putri ingkang nyupena

dipunpendhet garwa dening Raden Panji Inukertapati saingga nyuwun dhumateng ramanipun supados dipundhaupaken kaliyan satriya Jawa menika. Dewi Nawangwulan menika kagambaraken kagungan watak *emosional*, nengenaken katresnanipun, patuh, pangerten, saha kendel. Watak-watak menika salajengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) *Emosional* saha nengenaken katresnanipun

Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika Dewi Nawangwulan kagambaraken kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun. Dewi Nawangwulan menika tansah menggaliaken sanget ngengingi pasupenanipun ngengingi Sang Panji Inukertapati. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga, nggambaraken penggalhipun paraga, saha *teknik* sikapipun paraga.

Ingkang rayi Dewi Nawangwulan yaiku Dewi Purnamasidhi uninga ingkang raka banget anggone menggali marang pasupenane sarirane kongsi dadi kuru. Nalika iku sang Dewi Purnamasidhi uga ana ngarsane caos panglipur marang ingkang raka supaya bisa nglalekake marang pasupenane, nanging sanajan den lipura sang Dewi Nawangwulan meksa ora bisa kalipur tansah kami katon satriya Jenggala kang peparab Panji Inukertapati.(61)

Dewi Nawangwulan menggaliaken pasupenaipun ngengingi Raden Panji kanthi sanget ngantos sariranipun dados kuru. Sanajan sampun dipunlelipur dening Dewi Purnamasidhi nanging Dewi Nawangwulan menika meksa tetep boten saged kalipur. Piyambakipun tansah kamikaton satriya Jenggala ingkang peparab Panji Inukertapati. Saking andharan *data* menika saged dipunmangertosi bilih anggenipun Dewi Nawangwulan menggaliaken pasupenanipun ngengingi

Raden Panji ngantos ndadosaken sariranipun kuru menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang nengenaken katresnanipun.

Watakipun Dewi Nawangwulan ingkang nengenaken katresnanipun menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. watak menika kagambaraken kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha *teknik* sikapipun paraga.

Sang Dewi Nawangwulan matur wotsari, “.....Dene menawi Sang Putri Kedhiri meksa anampik dhateng pasuwitan kawula, boten kersa nampi kawula dados parekan utawi emban, inggih kawula nedya anganyut jiwa, tanpa guna gesang kawula wonten ing donya.”(64)

Dewi Nawangwulan ngaturaken dhumateng Raden Panji bilih menawi Sang Putri Kedhiri boten kersa nampi pasuwitanipun, boten kersa nampi Dewi Nawangwulan dados parekan utawi emban, Dewi Nawangwulan badhe nganyut jiwa, rumaos boten wonten malih ginanipun anggenipun gesang ing donya. Saking ngendikanipun Dewi Nawangwulan ingkang ngandharaken bilih piyambakipun menika langkung prayogi seda menawi Sang Putri Kedhiri boten kersa nampi pasuwitanipun, boten kersa nampi piyambakipun dados parekan utawi emban, Sang Dewi Nawangwulan badhe nganyut jiwa. Sikap saha anggenipun Dewi Nawangwulan mengalihaken kiatresnanipun menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang langkung nengenaken katresnanipun tinimbang gesangipun kiyambak.

b) Patuh

Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, Dewi Nawangwulan kagambaraken kagungan watak patuh. Nalika dipuntimbali supados enggal sowan sang Dewi menika enggal sowan ingarsanipun ingkang

rama. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

*Samana Dewi Nawangwulan kalayan ingkang rayi Dewi Purnamasidhi lagi padha ambal pangandikan banjur katungka tekane emban parekan kang matur lamun Dewi Nawangwulan katimbangan manjing dhatulaya sowan marak ingkang Rama. **Sang Dewi Nawangwulan lan ingkang rayi Dewi Purnamasidhi iya banjur enggal padha sowan seba ingarsane Rama miwah Ibu.**(62)*

Sasampunipun wonten emban parekan ingkang ngaturaken Dewi Nawangwulan saha Dewi Purnamasidhi supados sowan ingarsanipun rama miwah ibu, putri kekalih menika enggal sami sowan. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Nawangwulan menika kagungan watak ingkang patuh.

c) Pangerten

Dewi Nawangwulan sasampunipun dados garwanipun Raden Panji Inukertapati menika kagambaraken kagungan watak pangerten, sanajan perkawis ingkang dipunadhepi menika gegayutan kaliyan garwa sanesipun. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindak saha sikapipun paraga.

Mung kadhang-kadhang den lelipur dening garwa putri Parangkencana Dewi Nawangwulan. Panglipure Dewi Nawangwulan bisa gawe sudaning sang Panji anggane gerah uyang.(112)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Nawangwulan menika tansah caos panglipur marang Raden Panji ingkang nandang uyang. Kamongka anggenipun nandang uyang menika marang garwanipun ingkang sanes, inggih menika Dewi Sekartaji. Saingga saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Nawangwulan menika kagungan watak pangerten.

d) Kendel

Dewi Nawangwulan menika kagambaraken kagungan watak kendel. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Dina esuke Sang Dewi Nawangwulan wis siyaga ngirit para putri prajurit samya alaku dharat. Datan dangu wis tempuk kalayan para putri ing Bali, dadi perang rerempon.(130)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih enjang salajengipun, Sang Dewi Nawangwulan sampun siyaga ndherekaken para putri prajurit tindak ing dharat. Boten dangu sasampunipun sampun tempuk kalayan para putri ing Bali, dados perang rerempon(remuk-remukan). Sikapipun Dewi Nawangwulan nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak kendel. Saking sedaya andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Nawangwulan menika kagungan watak *emosional*, nengenaken katresnanipun, patuh, pangerten, saha kendel.

40) Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari)

Dewi Purnamasidhi utawi Dewi Nawangsari inggih menika salah satunggal saking putranipun Prabu Basunanda. Piyambakipun menika rayinipun Dewi Nawangwulan utawi Dewi Nawangsasi. Dewi Purnamasidhi menika kagambaraken kagungan watak *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga.

Kacarita Sang Dewi Purnamasidhi kang lelangen ana tamansari kedhaton. Sang Dewi wis nate den paringi uninga dening ingkang rama lamun ingkang rayi Raden Inukertapati baguse ngluwihi ingkang raka. Nalika semana sanajan namung diparingi uninga dening ingkang rama

nanging penggalihe Dewi Purnamasidhi wis ketarik marang satriya Jenggala kang kekasih Raden Wangsengsari iya Sinompradapa. Siyang pantara dalu kang ana sajroning penggalih mung Raden Wangsengsari Sinompradapa. Bener-bener sang Dewi Purnamasidhi banget kasmaran marang Raden Sinompradapa.(96)

Kacariyosaken Sang Dewi Purnamasidhi lelangen ing tamansari kedhaton. Sang Dewi menika sampun nate dipunparingi pirsa dening ramanipun bilih rayinipun Raden Panji menika langkung bagus tinimbang rakanipun. Nalika semanten sanajan namung dipunparingi pirsa dening ramanipun nanging penggalhipun Dewi Purnamasidhi sampun ketarik marang Raden Wangsengsari menika. Siyang Pantara dalu ingkang wonten ing salebetipun penggalih namung Raden Wangsengsari Sinompradapa. Sang Dewi Purnamasidhi saestu anggenipun kasmaran marang Raden Sinompradapa. Dewi Purnamasidhi ingkang menggalihaken sanget Raden Wangsengsari Sinompradapa ing wanci siyang pantara ratri menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang *emosional*.

41) Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya)

Raden Gagatan inggih menika putra kakungipun Prabu Basunanda ingkang sepuh. Raden Gagatan minangka paraga tambahan ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

*..... Putra sakarone banjur kadhawuhan caos pangabekti ingarsane raden Panji Asmarabangun.
Raden Warsaya lan Raden Wratsangka enggal padha caos bekti marang ingkang raka Raden Panji.*(68)

Sasampunipun angsal santunan asma Panji saking Raden Panji Inukertapati, Prabu Basunanda dhawuh supados Raden Jajaran saha Raden Gagatan caos sembah pangabekti ingarsanipun Raden Panji. Raden Warsaya utawi Raden Gagatan saha Raden Wratsangka utawi Raden Jajaran enggal sami caos sembah pangabekti. Sikapipun Raden Gagatan ingkang tansah nampi santunan asama Panji saking Raden Panji Inukertapati lajeng ngaturaken sembah kados menapa ingkang kadhawuhaken dening ramanipun menika nedahaken bilih Raden Gagatan menika kagungan watak patuh.

Watakipun Raden Gagatan utawi Raden Kudanawarsaya ingkang patuh menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

.... dene sang Prabu Basunanda nulya dhawuh marang putra sekarone Raden Kudawarsaya kalayan Raden Kudawratsangka supaya methuk, raden loro iya enggal mangkat nitih turangga.(105)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Raden Kudanawarsaya saha Raden Kudanawratsangka enggal ngleksanani menapa ingkang dipundhawuhaken dening Prabu Basunandha inggih menika supados mapag barisanipun prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang dipunpandegani dening raja Putra Ngurawan saha Singasari. Tumindakipun Raden Gagatan utawi Raden Kudanawarsaya menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang patuh.

42) Raden Jajaran(Raden Panji Kudanawratsangka)

Raden Jajaran inggih menika putra kakungipun Prabu Basunanda ingkang enem. Raden Jajaran menika minangka paraga tambahan ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* ingkang kagambaraken kagungan watak patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Putra sakarone banjur kadhawuhan caos pangabekti ingarsane raden Panji Asmarabangun.

Raden Warsaya lan Raden Wratsangka enggal padha caos bekti marang ingkang raka Raden Panji.(68)

Sasampunipun angsal santunan asma Panji saking Raden Panji Inukertapati, Prabu Basunanda dhawuh supados Raden Jajaran saha Raden Gagatan caos sembah pangabekti ingarsanipun Raden Panji. Raden Warsaya utawi Raden Gagatan saha Raden Wratsangka utawi Raden Jajaran enggal sami caos sembah pangabekti. Sikapipun Raden Gagatan ingkang tansah nampi santunan asma Panji saking Raden Panji Inukertapati lajeng ngaturaken sembah kados menapa ingkang kadhawuhaken dening ramanipun menika nedahaken bilih Raden Gagatn menika kagungan watak ingkang patuh.

Watakipun Raden Jajaran utawi Raden Kudanawratsangka ingkang patuh menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika. Watak ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

.... dene sang Prabu Basunanda nulya dhawuh marang putra sekarone Raden Kudawarsaya kalayan Raden Kudawratsangka supaya methuk, raden loro iya enggal mangkat nitih turangga.(105)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Raden Kudanawratsangka saha Raden Kudanawratsangka enggal ngleksanani menapa ingkang dipundhawuhaken dening Prabu Basunandha inggih menika supados mapag barisanipun prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang dipunpandegani dening raja Putra Ngurawan saha Singasari. Tumindakipun Raden Jajaran utawi Raden Kudanawarsaya menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak ingkang patuh.

43) Parekanipun Dewi Purnamasidhi

Parekan ingkang dipunkajengaken ing perkawis menika inggih menika parekanipun Dewi Purnamasidhi ingkang ngrencangi wonten ing tamansari. Parekanipun Dewi Purnamasidhi menika kagambaraken kagungan watak patuh. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pacelathon saha tumindakipun paraga.

“Biyung, sira sun utus maneh menyang Sitihinggil, matura marang Raden Wangsengsari menawa kersa diaturi rawuh ana tamansari kene ing wanci wengi iki, biyung.”

Parekan kang den utus iya enggal mangkat. Satekane Sitihinggil enggal matur marang Raden Panji Sinompradapa manut dhawuhe sang Dewi.(98)

Nalika dipunutus dening sang Dewi Purnamasidhi supados matur marang Raden Wangsengsari menawi kersa dipunaturi rawuh wonten ing tamansari ing wanci dalu, parekanipun menika enggal tindak. Satekanipun ing Sitinggil enggal ngaturaken marang Raden Panji Sinompradapa. Saking sikap saha tumindakipun parekan menika nedahaken bilih watakipun parekan menika patuh.

44) Pacalang

Pacalang ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam*, ingkang kaandharaken ing cariyos nalika Demang Pulung saha wadya bala Jawa sanesipun pados baita kangge nyabrang. Pacalang menika kagambaraken kagungan watak *inisiatif*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Bareng tekan pinggiring samodra enggal nemoni kang anjaga pabean minta kapal kanggo nyabrang. Kang jaga pabean enggal sowan ingarsane sang Prabu. Keneneran nalika iku lagi ana pasewakan, sri nata dalah raden Sinompradapa uga ana. Pacalang matur yen ana barisane prajurit saka Jenggala, Kedhiri, Ngurawan lan Singasari. Baris gedhe iku dipandhegani raja putra Ngurawan lan rajaputra Singasari.(104)

Sareng mangertos bilih wonten barisanipun prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang badhe nyuwun kapal nyabrang, pacalang enggal atur uninga dhumateng Prabu Basunanda saha Raden Panji Inukertapati. Bilih wonten barisan prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang dipunpandegani dening raja Putra Ngurawan saha Singasari. Tumindakipun Pacalang ingkang enggal atur uninga dhumateng Prabu Basunanda saha Raden Panji Inukertapati bilih wonten barisan prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang dipunpandegani dening raja Putra Ngurawan saha Singasari menika nedahaken bilih pacalang menika kagungan watak *inisiatif*.

45) Wadya Bala Bali sarta Para Raja Tetelukan ing Bali

Wadya bala Bali sarta para Raja tetelukan ing Bali menika kagambaraken kagungan watak ngormati mungsuh. Watak menika kagambaraken ing *data*

ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Tekane duta iya den kurmati dening para wadya Bali. Duta lenggahe jajaran karo ratu tetelukan.(116)

Rawhipun duta saking nagari Parangkencana dipunkurmati dening wadya Bali. Dutaning nagari Parangkencana menika anggenipun lenggah jajaran kaliyan ratu tetelukan. Andharan menika nedahaken bilih wadya bala Bali sarta para Raja tetelukan ing Bali menika kagungan watak ngurmati mungsuh.

46) Prabu Gajaksa

Prabu Gajaksa inggih menika rayinipun Prabu Astradarma. Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kagambaraken kagungan watak *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Perange Prabu Danurwenda mungsuh Prabu Astradarma rame padha dene sura sekti nanging wekasane Prabu Astradarma kasoran. Ingkang rayi prabu Astradarma yaiku sang Prabu Gajaksa banget duka sigra embat wayang.(125)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih nalika Prabu Astradarma kasoran saking Prabu Danurwenda, Sang Prabu Gajaksa duka sanget lajeng enggal ndherek magut yuda. Tumindakipun Prabu Gajaksa ingkang nawung duka nalika mangertos ingkang raka tansah kasoran ing yuda lajeng ndherek magut yuda menika nedahaken watakipun *emosional*.

47) Dewi Tejaningrat

Dewi Tejaningrat inggih menika salah satunggal saking garwanipun Prabu Madubrangta, putrinipun Prabu Sidapaksa. Paraga menika kagambaraken kagungan watak *emosional*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap

menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken penggalhipun paraga saha *teknik* sikapipun paraga.

Sang Dewi Tejaningrat banget sungkawaning wardaya jalaran ingkang rama kapupu ing yuda, marma sang Dewi tansah muwun anggetuni dene ingkang rama kok kongsi seda ing ranaggana.(126)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Sang Dewi Tejaningrat sungkawa sanget ing salebetipun manah margi ingkang rama seda ing salebetipun paprangan. Andharan bilih Dewi Tejaningrat tansah muwun anggetuni ramanipun ingkang kapupu ing yuda menika nedahaken bilih Dewi Tejaningrat menika kagungan watak *emosional*.

48) Dewi Kencanawungu

Dewi Kencanawungu inggih menika salah satunggal saking garwanipun Prabu Madubrangta. Paraga menika kagambaraken kagungan watak *empatik*, *inisiatif* saha *lantip*. Watak- watak menika salajengipun badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Empatik

Dewi Kencanawungu menika kagambaraken kagungan watak *empatik*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* pikiranipun paraga, *teknik* sikap saha tumindakipun paraga.

Sang Dewi Kencanawungu ngandika dhawuh anggone nabuh gendhing datan seru-seru. Alon wae waton laras kepenak den piyarsa, lamun panabuhe gangsa kaseron sang Dewi kuwatir yen gawe kejote sang Prabu kang lagya angengimur sang Dewi Tejaningrat.(128)

Sareng mireng ungelipun gendhing ingkang angrerangin Sang Dewi Kencanawungu dhawuh supados anggenipun sami nabuh gendhing sampun sora-

sora. Alon kemawon, laras sekeca katingalipun. Menawi anggenipun nabuh gangsa kaseron sang Dewi kuwatos ngejotaken sang Prabu ingkang nembe nglelipur Dewi Tejaningrat. Sikapipun Dewi Kencanawungu menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *empatik*, kuwatos ngejotaken sang Prabu ingkang nembe nglelipur Dewi Tejaningrat.

b) *Inisiatif* saha Lantip

Sasanesipun kagambaraken kagungan watak *empatik*, Dewi Kencanawungu menika ugi kagambaraken kagungan watak *inisiatif* saha lantip. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* nggambaraken pikiranipun paraga.

Sang Dewi Kencanawungu matur lamun mbesuk nedya ngedali yuda, awit lamun datan mengkono mesthi kedangon sebab garwane sang Panji iku akeh banget. Lamun sang Dewi Kencanawungu ngedali yuda temtu sang Panji nulya dhawuh marang Dewi Nawangwulan, nulya bisa tandhing yuda mungsuh Sang Dewi Kencanawungu. Kanthi mengkono peperangan enggal ana kang kasoran.(132)

Sang Dewi Kencanawungu matur dhumateng Prabu Madubrangta bilih ngenjang badhe ngedali yuda, amargi menawi boten mekaten mesthi kedangon amargi garwanipun sang Panji menika kathah sanget. Menawi Dewi Kencanawungu ngedali yuda temtunipun sang Panji enggal dhawuh marang Dewi Nawangwulan, saingga saged tandhing mungsuh sang Dewi Kencanawungu. Kanthi mekaten paprangan enggal wonten ingkang kasoran. Pamanggihipun Dewi Kencanawungu menika nedahaken bilih piyambakipun menika kagungan watak *inisiatif* saha lantip.

49) Para putri sabrang ing Parangkencana

Para putri sabrang ing Parangkencana ing salebetipun paprangan antawisipun nagari Bali menika kagambaraken kagungan watak kendel saha *profokatif*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Para putri sabrang ing Parangkencana samya sesumbar minta tandhing adu tiyasa, sadaya wus samya siyaga ngasta jemparing, gendhewa wus den asta, jemparing wus pinasang, mung kantun anglepasaken jemparing katujokake marang mungsuh. (131)

Para putri sabrang ing Parangkencana sami sesumbar nyuwun tandhing adu kasekten, sedaya sampun sami siyaga ngasta jemparing, gendhewa sampun dipunasta, panah sampun dipunpasang, namung kentun nglepasaken kanthi dipuntujokaken mungsuh. Tumindakipun para putri ing Parangkencana menika nedahaken bilih para putri menika kagungan watak kendel saha *profokatif*.

50) Dewi Kumarawati saha Para Putri saking Bali

Dewi Kumarawati inggih menika garwa padminipun Patih Jayengtilam. Ing salebetipun cariyos menika, paraga Dewi Kumarawati kagambaraken kagungan watak kendel saha *profokatif*. Watak menika kagambaraken ing *data* ngandhap menika kanthi ngginakaken cara *dramatis*, kanthi *teknik* tumindakipun paraga.

Dewi Kumarawati garwa padmine sang Patih sarta para putri sadaya wus sami angasta jemparing, para garwa sami kinen sesumba-nyumbari para putri ing Parangkencana supaya enggal metoni yuda.(133)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Kumarawati minangka garwa padminipun sang Patih sarta para putri sedaya sampun sami ngasta jemparing, para garwa sami sesumbar nyumbari para putri

ing Parangkencana supados enggal ngedali yuda. Tumindakipun Dewi Kumarawati menika nedahaken bilih kiyambakipun menika kagungan watak kendel saha *profokatif*.

d. Struktur Intrinsik Awujud Latar ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

Latar menika minangka salah satunggalipun unsur *struktural* satunggalipun cariyos ingkang wigatos. Latar menika wonten tiga, ing antawisipun inggih menika latar papan, latar sosial, saha latar wekdal. Latar ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika saged dipunmangertosi ing tabel 5 ingkang wonten ing ngandhap menika.

Tabel 5. Latar ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.
Tabel Salajengipun

No	Latar		Nomer Data
1	Latar Papan		
	a	Nagari Jenggala	3, 30, 45
	b	Padhepokan Pucangan ing Gunung Selamangleng	4, 11
	c	Nagari Purwakencana (Parangkencana)	6, 10, 30 , 35
	d	Tanah Jawi	9
	e	Padhepokanipun Resi Purwajati	23
	f	Nagari Bali	34, 36
2	Latar Sosial		
	a	Wayahipun raja	2
	b	Raja	7, 29, 33, 38
	c	Prameswari/ garwanipun raja	14, 15
	d	Wiku/ resi	1, 16, 21, 24

Tabel Salajengipun

No	Latar		Nomer Data
	e	Putranipun raja	22, 31
	f	Prajurit	26, 27
	g	Patih	8, 28, 40
	h	Emban/ parekan	13, 14, 19
	i	Cantrik	20
	j	Abdi	37
	k	Mantri ingkang ngawasi wana	25
3	Latar Wekdal		
	a	Dalu	5, 17, 42
	b	Enjing	12, 18, 39, 41, 43, 44
	c	Sonten	32

Latar ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah ing nginggil menika salajengipun kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Latar papan

Kados ingkang sampun dipunandharaken wonten ing bab II bilih ingkang dipunwastani latar inggih menika bab ingkang gegayutan kaliyan *geografis*. Latar papan menika ngandharaken papan wonten ing pundi satunggalipun prastawa menika kedadosan. Latar papan ingkang wonten ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Nagari Jenggala

Nagari Jenggala kagambaraken minangka salah satunggalipun latar prastawa ingkang wonten ing Cariyos Panji Jayeng Tilam menika. bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*PanjiAsmarabangun karo sang Dewi Candrakirana kang mentas mbabarake putra miyos kakung kaparingan tetenger Raden Panji Laleyan. Mesthi wae miyose wayah iya putrane Raden Panji Inukertapati iki gawe suka renane sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari. Mula saking suka renane penggalih banjur nganakake pahargyan gedhen-gedhenan. Ing alun-alun dianakake kaya pasar malem, dianani tontonan warna-warna. Ana tontonan wayanguwong, ana kethoprak lan liya-liyane, kabeh iku kanggo gawe senenge para kawula ing **negara Jenggala**. (3)*

Ing nagari Jenggala menika kagambaraken nembe dipunwontenaken pahargyan ageng amargi Prabu Lembuamiluhur menika nembe suka rena penggalhipun amargi miyosipun wayah putra saking Raden Panji Inukertapati kaliyan Dewi Candrakirana.

Latar nagari Jenggala menika ugi saged kapanggihaken ing *data* ngandhap menika.

*.... Sang Dewi Nawangwulan matur wotsari, “Leres pangandika paduka Raden Panji, suwau paduka mila sare wonten ing Jenggala, nanging samenika paduka sare wonten ing **negari Parangkencana**....”(30)*

Raden Panji kacariyosaken ing salebetipu andharanipun Dewi Nawangwulan bilih kiyambakipun kala wau sare wonten ing Jenggala nanging salajengipun dipunbeta lajeng sarenipun wonten ing nagari Parangkencana.

...., wasana Prabu Madubrangta lumajar manjing pura den bujung sang Panji, sakala babar pulih dadi Dewi Sekartaji. Sang Panji banget sukaning penggalih, nulya samya rerangkalan puluh kadya duk durung lolos saka praja Jenggalamanik nulya kondur marang Jenggala.(45)

Wonten ing pungkasaning cariyos kaandharaken bilih sasampunipun Prabu Madubrangta pulih dados Dewi Sekartaji, lajeng rerangkalan kados nalika

dereng lolos saking praja Jenggalamanik. Salajengipun Raden Panji Inukertapati saha Dewi Sekartaji menika badhe kondur ing nagari Jenggala.

Saking andharan nomer *data* 3, 30 saha 44 menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggalipun latar papan ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam menika inggih menika nagari Jenggala.

b) Padhepokan Pucangan ing Gunung Selamangleng

Padhepokan Pucangan ing gunung utawi guwa Selamangleng menika kaandharaken minangka papan pertapanipun Wiku Putri Dewi Kilisuci. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*Ki Patih Kudanawarsa banjur siyaga arep budhal menyang **Padhepokan Pucangan** sowan sang Wiku putri Dewi Kilisuci. Bareng kabeh wis miranti samapta, ki Patih Kudanawarsa banjur budhal nuju menyang **gunung utawa Guwa Selamangleng** kang dadi pertapane sang Wiku Putri Dewi Kilisuci, kadherekake para wadya bala.*

*Lakune sanajan dirikataken nanging iya ora bisa enggal tekan panggonan kang dituju sebab pancen dudu panggonan kang cedhak, nanging kalebu adoh. Senajana adoh ora wurung iya tekan panggonan kang dituju yaiku ing **gunung Pucangan papan Padhepokan** sang Wiku putri Dewi Kilisuci.(4)*

Wonten ing *data* nginggil menika kaandharaken bilih Ki Patih Kudanawarsa menika tindak menyang Padhepokan Pucangan ing Guwa Selamangleng. Papan menika minangka papan pertapanipun Dewi Kilisuci. Papan padhepokan Pucangan menika ugi kaandharaken ing *data* ngandhap menika.

*Lepas tindakira sang Prabu Basunanda ora kacarita anggonira kekiter, ganti kacarita kang ana ing **Padhepokan Pucangan** sang Wiku putri Dewi Kilisuci mudhar anggone semadi banjur ngandika marang Ki Patih Kudanawarsa kang andherekake tindake sang Wiku Putri, lamun samengko wis luwar saka penggalih kang jibeg buneg jalaran apa kang ndadekake buneging penggalih wis kelakon. (11)*

Kacariyosaken bilih ing Padhepokan Pucangan menika sang Wiku putri Dewi Kilisuci mudhar saking anggenipun semedi lajeng ngendika marang Ki Patih Kudanawarsa ingkang ndherekaken tindakipun bilih menapa ingkang dados penggalhipun Sang Wiku menika sampun kedadosan.

Saking andharan nomer *data* 4 saha 11 menika sampun saged dipunmangertosi bilih salah satunggalipun latar papan ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam menika inggih menika Padhepokan Pucangan.

c) Nagari Purwakencana (Parangkencana)

Nagari Purwakencana (Parangkencana) menika minangka salah satunggalipun latar ingkang kaandharaken ing salebetipun cariyos Panji Jayeng Tilam menika. bab menika saged dipunmangertosi salah satunggalipun saking *data* ing ngandhap menika.

*... Nalika iku ing negara sabrang ana negara gedhe kang kasebut **negara Purwakencana**. Negara Purwakencana iku negara gedhe jembar jajahane. Kang jumeneng ratu ing **negara Purwakencana** jejuluk Prabu Basunanda, sarirane gedhe dhuwur kaya raseksa. ... Laya marga anggone sekti mandraguna tur sugih aji-aji iku mula ora ana negara liya kang wani ngaru biru negara Purwakencana, malah para ratu ing sakiwa tengene negara kono padha sumungkem marang ratu ing **Purwakencana** iya Prabu Basunanda.(6)*

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih nalika semanten ing nagari Sabrang wonten nagari ingkang ageng saha wiyar jajahanipun. Nagari menika kasebat nagari Purwakencana. Ing nagari menika jumeneng ratunipun jejuluk Prabu Basunanda.

Nagari Purwakencana menika ugi dipunwastani nagari Parangkencana. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

.... Nanging bawaning sang Prabu Basunanda iku ratu sekti sugih kaprawiran, sugih kasekten lan sugih aji jaya kawijayan mula banjur mateg aji sakala kaprawirane pulih. Sarirane raden panji enggal cinandhak binopong kagawa mijil saka kedhaton sigra andedel ngambah ing gegana nedya kondur menyang **negaranira ing Parangkencana** kanthi banget sukaning wardaya. (10)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sasampunipun sang Prabu Basunanda menika saged nyandhak saha mbopong sang Panji, enggal dipunbeta kondur ing nagarinipun inggih menika nagari Purwakencana kanthi bingahing penggalih.

.... Sang Dewi Nawangwulan matur wotsari, “*Leres pangandika paduka Raden Panji, suwau paduka mila sare wonten ing **Jenggala**, nanging samenika paduka sare wonten ing **negari Parangkencana**....*” (30)

Sareng sampun kelampahan Raden Panji dipundhustha, sang Panji menika kagyat nalika wungu manggihaken piyambakipun boten wonten ing pasareyanipun. Boten manggihaken garwanipun, Dewi Sekartaji. Lajeng sang Panji ndangu marang Dewi Nawangwulan ngengingi sinten ingkang mbeta sang Panji menika tindak saking tilamipun ing nagari Jenggala. kanthi wotsari, sang Dewi Nawangwulan ngaturaken bilih sang Panji Menika nembe wonten ing Parangkencana. Dados nagari Parangkencana menika kagambaraken ing mriki minangka papan ing pundi dunungipun sang Panji dipundhustha dening Prabu Basunanda.

Nagari Parangkencana menika ugi kagambaraken minangka papan ing pundi Raden Wangsengsari ngupadosi Raden Panji Inukertapati sasampunipun angsal wewarah saking Jawata. Tindakipun Raden Wangsengsari tumuju nagari Parangkencana menika namung kadherekaken dening Ki Sebul saha Ki Palet. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*Sapungkure sang Jawata sang satriya nulya budhal nedya marang **negara Parangkencana** kadherekake abdi panakawan loro ki Sebul lan ki Palet. Ora kacarita tindake sang bagus nitih prau, gelising kandha semana wis tekan tlatah negara **Parangkencana**.....*
 Tindake Raden Wangsengsari semana wis tekan **alun-alun negara Parangkencana**.(35)

Ing *data* ingkang wonten ing nginggil menika sasanipun nedahaken latar papan nagari Parangkencana, langkung mligi malih ngandharaken tekanipun Raden Wangsengsari ing alun-alun nagari menika.

Kanthi andharan nomor *data* 6, 10, 30 , saha 34 menika sampun saged dipunmangertosi bilih salah satunggalipun latar papan ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam menika inggih menika nagari Parangkencana.

d) Tanah Jawi

Ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ugi nyebataken tanah Jawa minangka latar papanipun. Latar papan ing pundi dunungipun satriya Jawa ingkang badhe dipundhustha dening Prabu Basunanda. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*“Pangandikanipun Gusti Prabu menika leres, nanging saking pemanggih kula kados kirang prayogi menawi paduka Gusti sinuhun nindaki andhustha satriya ing **tanah Jawi**, jer para wadya ing Parangkencana menika boten kekurangan ingkang saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing **tanah Jawi** menika sampun temtu saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing **tanah Jawi** menika sampun temtu saged kaleksanan.”(8)*

Data ing nginggil menika minangka pamanggihipun Patih Basukethi ingkang kirang sarujuk menawi sang Prabu menika tindak andhustha satriya ing tanah Jawi. Menapa malih para wadya bala ing Parangkencana menika boten

kekirangan ingkang saged manjing ajur ajer. Dados menawi badhe andhustha satriya ing tanah Jawi menika temtu saged kaleksanan.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggalipun latar papan ingkang ugi dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam menika inggih menika tanah Jawi.

e) **Padhepokaipun Resi Purwajati**

Padhepokan menika minangka papan ing pundi Raden Gunungsari kepanggih kalayan Resi Purwajati. Kanthi pamrayogi saking sang Resi Purwajati, Raden Gunungsari menika nengga ing padhepokanipun Resi Purwajati menika. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*Raden Gunungsari anggatekake apa kang dadi pangandikane sang Resi iya sang Wiku kang wus gentur tapane, banjur nengga ana **padhepokan sang Resi Purwajati** kongsi sawetara wektu.(23)*

Saking andharan nomor *data* 23 menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggalipun latar ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam menika inggih menika Padhepokan Pucangan.

f) **Nagari Bali**

Latar papan ingkang dipunginakaken ing cariyos menika salah satunggalipun inggih menika nagari Bali. bab menika kados ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

Raden sakeloron nyaguhi arsa paring pitulungan mbalekake mungsuh sewu negara, banjur padha bali menyang negara Bali....(34)

Raden Klana Madubrangta saha Raden Klana Madukusuma sagah badhe paring pitulungan marang nata Bali mbalekaken mungsuh sewu nagari. Lajeng tiyang tiga menika sami kundur ing nagari Bali.

Latar nagari Bali menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*Wis cukup caritane Raden Wangsengsari kalayan sang Putri Dewi Purnamasidhi, ganti kang kacarita kang ana **negara Bali**. Sang nata Bali nimbali ki Demang Pulung. Bareng wis sowan Sang Prabu ngandika esmu sereng,....(36)*

Data ing nginggil menika nedahaken kanthi cetha bilih ing salebetipun cariyos menika pengarang ngginakaken latar papan nagari Bali. Ing *data* nginggil menika saged dipunmangertosi bilih nalika semanten nata Bali nimbali ki Demang Pulung. Sareng sampun sowan sang Prabu ngendika kanthi sereng. Kedadosan menika kadadosan wonten ing nagari Bali.

Saking andharan nomor *data* 34 saha 36 menika saged dipunmangertosi bilih bilih salah satunggalipun latar papan ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam menika inggih menika nagari Bali.

2) Latar Sosial

Latar sosial inggih menika latar ingkang wonten gegayutan kaliyan gesang ing salebetipun masyarakat. Latar sosial menika minangka gambaran *status* ingkang nedahaken *hakekat* satunggalipun tiyang utawi mapinten-pinten paraga ing salebetipun masyarakat sakiwatengenipun. Latar sosial ingkang kagambaraken ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Wayahipun Raja

Latar sosial ingkang nedahaken latar minangka wayahipun raja, inggih menika wayahipun raja nagari Jenggala menika kaandharaken ing *data* ngandhap menika.

*Ing nalika iku negara Jenggala lagi nganakake pahargyan amiwaha miyose **jabang bayi putra Raden Panji Asmarabangun karo sang Dewi Candrakirana** kang mentas mbabarake putra miyos kakung kaparingan tetenger Raden Panji Laleyan. Mesthi wae miyose **wayah iya putrane Raden Panji Inukertapati** iki gawe suka renane sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari.(1)*

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih putranipun Raden Asmarabangun kaliyan Dewi Candrakirana ingkang asmanipun Panji Laleyan menika wayahipun Prabu Lembuamiluhur. Miyosipun sang wayah menika damel suka renaning penggalhipun Prabu Lembuamiluhur kaliyan sang Prameswari. Saingga saking andharan menika saged dipunmangertosi salah satunggalipun latar sosial ingkang kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* inggih menika latar sosial minangka wayahipun raja.

b) Raja/ ratu

Latar sosial ingkang nedahaken latar minangka wayahipun raja menika saged dipunmangertosi ing *data* ngandhap menika.

*Nalika iku ing negara sabrang ana negara gedhe kang kasebut negara purwakencana. Negara Purwakencana iku negara gedhe jembar jajahane. **Kang jumeneng ratu ing negara Purwakencana jejuluk Prabu Basunanda**, sarirane gedhe dhuwur kaya raseksa (7)*

Data ing nginggil menika nedahaken latar sosialipun Prabu Basunanda minangka ratu/ raja ing nagari Parangkencana. Sasanesipun menika, latar sosial ingkang nedahaken Prabu Basunanda minangka salah satunggalipun raja menika salah satunggalipun ugi kaandharaken ing salebetipun pacelathon antawisipun Dewi Nawangwulan saha Dewi Purnamasidhi. Anggenipun nyebat “Rama Prabu” menika nedahaken latar sosialipun ingkang rama menika minangka satunggalipun raja. Bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*“Iya yen bisa yayi, nanging **Rama Prabu** iku harak lagi tindak menyang tanah Jawa, bab kasil apa ora iku rak durung kena dipesthekake, sebab manut kabare wong tanah Jawa iku padha digdaya sura sekti ora tedhas tapak paluning pandhe.”(29)*

Latar sosial ingkang nedahaken satunggalipun paraga minangka raja ugi kapanggihaken ing peranganipun cariyos nalika nata Bali menika ngandharaken bilih piyambakipun menika sejatosipun minangka raja ing Bali. Piyambakipun menika nembe nindakaken wangsitipun Jawata kanthi nyamar dados tiyang ingkang kirang waras, ngupaya satriya bagus kalih ingkang nembe lelana. Satriya menika ingkang saged dipunsuwuni pitulungan supados nyirnakaken mungsuh saking nagari ingkang badhe ngrisak nagari Bali. bab menika saged dipunmangertosi saking *data* ng ngandhap menika.

***Wong iku nuli sajarwa lamun sajatine dheweke iku nata Bali**, sarta ngandharake anggone namur kula dadi wong kurang waras iku saka wangsiting Jawata kinen ngupaya satriya bagus loro kang lagi padha lelana, iku kang bisa den suwuni pitulungan. Wong mau nuli matur nyuwun pitulungan supaya satriya sakeloron kersa nyirnakake mungsuh saka sewu negara kang ngrusak negara Bali.(33)*

Latar sosial minangka raja menika ugi saged kapanggihaken ing *data* ngandhap menika.

Sang Madubrangta nalika iku iya nandhang wuyung enget marang ingkang raka sang Panji Inukertapati, marma tansah semadi nenuwun sihing Hyang Manon. Dumadakan Hayang Narada rawuh anjog saka wiyati.

*Hyang Narada gemujeng sarwi ngandika, “**Wayah ulun kaki prabu, geneya kita cupeting budi, santosakna ati kita jer kita iku jemeneng ratu.** Kita aja sumelang samengko pancen wus tumeka titi wancine anggon kita bisa sapatemon kalayan kang kita arep-arep. Boya suwe maneh wetara setengah candra kita bakal bisa ketemu kalayan kaki Panji Asmarabangun. Wis kariya basuki wayah ulun kaki Prabhu.(38)*

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sang Madubrangta ingkang nandang wuyung marang Panji Inukertapati menika

jumeneng ratu. Saingga saking andharan nomor *data* 7, 29, 33, saha 38 menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggalipun latar sosial ingkang kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika inggih menika latar sosial minangka raja/ ratu.

c) Prameswari/ garwanipun raja

Latar sosial ingkang nedahaken latar minangka prameswari menapa ugi garwanipun raja saged dipunmangertosi ing *data* ngandhap menika.

.... ***Sang prameswari Jenggala*** nulya andangu ana apa dene ingkang putra Sekartaji kongsi arsa nganyut tuwuh. Para parekan padha ora bisa matur apa-apa sebab pancen padha ora ngerti apa kang dadi sebabe. Mung Sang Putri Dewi Onengan kang banjur matur marang ingkang Ibu.(14)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih satunggalipun paraga minangka prameswari, andangu menapa sebabipun Dewi Sekartaji badhe nganyut tuwuh. Lajeng kaandharaken bilih para parekan menika sami boten saged matur menapa-menapa amargi pancen boten mangertos.

Latar sosial minangka garwanipun raja ugi saged kapanggihaken kados ingkang wonten ing *data* ngandhap menika.

.... ***Sang prameswari dalasan para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari*** sapraptane ing jro kedhaton samya muwun kelara-lara, geneya sang Dewi Candrakirana kok nganti arsa suduk sarira jalaran katilar ingkang garwa. ***Garwane ratu papat*** bebarengan padha marepegi sang Dewi Sekartaji sarwa muwun. (15)

Sang Prameswari dalasan para garwanipun ratu sekawan nagari menika kacariyosaken nalika sampun dugi ing kedhaton lajeng sami muwun kesakit-sakit, geneya Dewi Candrakirana ngantos badhe suduk sarira amardi katilar dening rakanipun. Garwanipun ratu sekawan negara sami marepegi Sang Dewi Sekartaji

sarwi muwun. Saking andharan menika saged dipunmangertosi wontenipun latar sosial minangka prameswari menapa ugi minangka garwanipun raja/ ratu.

Saking andharan nomer *data* 14 saha 15 menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka prameswari menapa ugi minangka garwanipun raja/ ratu.

d) **Wiku/ resi**

Wiku miturut kamus Baoesastra Djawa anggitanipun Poerwadarminta menika kagungan teges pandhita tapa (1939: 63). Latar sosial ingkang nedahaken latar minangka wiku menika saged dipunmangertosi ing *data* ngandhap menika.

*Senajan putri nanging jumeneng **Wiku peparab sang Dewi Kilisuci**, utawa kasebut sang **Wiku Putri**. Anggone mertapa ana kono banget anggentur, mula nganti kaparingan kawicaksanan kang linuwih dening Bathara.(1)*

Data ing nginggil menika nedahaken bilih satunggalipun paraga minangka satunggalipun wiku putri ingkang peparab Dewi Kilisuci. Anggenipun mertapa menika anggentur sanget saingga ngantos kaparingan kawicaksanan ingkang linangkung dening Bathara. Sasanesipun ing *data* menika, latar minangka wiku putri menika ugi kapanggihaken ing *data* ngandhap menika.

*.... Rawuhe sang **Wiku putri** gawe laganing penggalihe sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, **kabeh padha caos sembah lan pakurmatan marang sang Wiku putri.**(16)*

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih wonten paraga kanthi latar sosial minangka satunggalipun wiku ingkang rawuh ing nagari Jenggala. Rawuhipun menika damellega penggalhipun sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, sedaya lajeng sami caos sembah saha pakurmatan marang ingkang wiku putri. Anggenipun suka pakurmatan menika

amargi minangka satunggalipun pandhita tapa, tokoh agami Hindhu ingkang dipunkurmati.

Latar sosial minangka pertapa utawi wiku menika saged ugi dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

***Sang tapa** banjur tindak medhak saka pucuking gunung mapagake tamune kang bakal teka. Bareng Raden Gunungsari lan pandhereke wis tekan ngarep padhepokan nanging isih ana sikiling gunung, sang tapa enggal ngacarani.(21)*

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih sang tapa menika medhak saking pucuking wukir mapagaken Raden Gunungsari saha pandherekipun. Salajengipun nalika tamunipun sampun dumugi ngajeng padhepokan sanajan taksih ing sikiling wukir, sang tapa ngacarani tamunipun.

Latar sosial minangka satunggalipun wiku menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*Raden Gunungsari anggatekake apa kang dadi pangandikane **sang Resi iya sang Wiku** kang wus gentur tapane, banjur nengga ana padhepokan sang Resi Purwajati kongsi sawetara wektu.(24)*

Saking *data* ing nginggil menika kacariyosaken bilih Raden Gunungsari menika tansah nggatosaken pangandikanipun paraga ingkang latar sosialipun minangka satunggalipun resi utawi wiku ingkang sampun gentur anggenipun mertapa, lajeng Raden Gunungsari menika nengga ing Padhepokanipun Resi Purwajati.

Saking andharan nomer *data* 1, 16, 21, saha 24 menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggalipun latar sosial ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika inggih menika latar sosial mianangka wiku utawi pandhita pertapa.

e) Putraning Raja

Latar sosial minangka putraning raja menika kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam*. Menika kados ingkang saged dipunmangertosi saking data ing ngandhap menika.

“Adhuh dene karawuhan tamu agung saka negara. Mangga Raden enggal minggah ing padhepokanipun pun bapa. Saderengipun lenggah ing pacrabakan keparenga pun bapa anila krami. Raden menika satriya saking pundi ingkang pinangka, sarta pundi ingkang sinedya, sarta sinten sinambat ing wewangi Raden? Anggen kula anila krami menika jalaran Paduka Raden satriya tigas kawuryan, kados dereng nate kepanggih kalayan pun bapa,” ature sang Tapa.
*..... “Oh, mekaten sang Yogi. **Inkang sudi amastani kula pun Gunungsari inggih Malayakusuma putra nata Kedhiri.....**”(22)*

Saking data ing nginggil menika ingkang nedahaken bilih sareng dipundangu dening sang Resi, wasana Raden Gunungsari ngandharaken bilih piyambakipun menika asmanipun Gunungsari utawi Malayakusuma, putranipun nata Kedhiri.

Salajengipun latar sosial mimangka putranipun raja ugi saged dipunmangertosi saking data ing ngandhap menika.

*Dewi Onengan matur sarwi rawat waspa, ature,” Adhuh pakulun sang Maha Resi, waleh menapa **kula menika putrining nata Jenggalamanik Sang Prabu Lembuamiluhur.**”(31)*

Saking data ing nginggil menika ingkang nedahaken bilih sareng dipundangu dening sang Resi, wasana Dewi Onengan ngandharaken bilih piyambakipun menika putrinipun nata Jenggalamanik Sang Prabu Lembuamiluhur.

Saking nomor *data* 22 saha 31 ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka putranipun raja.

f) Prajurit

Latar sosial minangka putraning raja menika kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam*. Menika kados ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

“Yen kowe takon iki prajurit Jenggala kang njaga negara kang bakal dadi mungsuhmu., sebab saiki wis konangan yen kang nyolong gustiku Raden Panji iku ratumu, mula yen kowe kena dakeman baliya wae aja baris ana negara Jenggala.”(26)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi wontenipun paraga ingkang gakungan latar sosial minangka prajurit. Ing *data* nginggil menika mliginipun minangka prajurit nagari Jenggala. sasanesipun saking *data* ing nginggil menika, paraga kanthi latar sosial minangka prajurit menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

.... Kejaba kalah jumlahe prajurite wong Jawa kalah rosa yen tinimbang wong-wong Bugis, sarta perange prajurit Jawa uga kalah nekad tinimbang prajurit Bugis. Prajurit Jenggala, Kedhiri, Ngurawan lan Singasari wis akeh sing mati utawa nandhang tatu, banjur padha mlayu mundur.(27)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih perangipun prajurit Jawa menika kalah rosa saha kalah nekad tinimbang prajurit Bugis. Prajurit Jenggala, Kedhiri, Ngurawan lan Singasari sampun kathah ingkang pejah menapa ugi nandang tatu, lajeng sami mlajar mundur.

Saking andharan nomor *data* 26 saha 27 ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka prajurit utawi wadya bala.

g) Patih

Latar sosial minangka patih menika kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam*. Menika kados ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

Patihe nagara Purwakencana peparab Basukethi, kadigdayane mung kacek saulap kalayan sang Prabu Basunanda. Dhek biyen patih iki iya jumeneng ratu ana ing negara liya, nanging dikalahake dening Prabu Basunanda banjur nungkul. Saiki minangka pepatih ana negara Purwakencana kang uga kasebut negara Parangkencana.(8)

Data ing nginggil menika ngandharaken ngengingi Patihipun Nagari Purwakencana ingkang peparab Basukethi, kadigdayanipun namung kacek saulap saking sang Prabu Basunanda. Rumiya patih menika jumeneng nata ing nagari sanes nanging dipunkalahaken dening Prabu Basunanda lajeng nungkul. Samenika pepatih ing nagari Purwakencana ingkang ugi sinebat nagari Parangkencana.

Dielingake mengkono sanalika Patih Kudanawarsa eling banjur dhawuh supaya perange padha ngunduri, tinimbang ketungkul perang luwih becik nyimpang dalan, banjur padha liwat dalan liya aja nganti ketemu meneh kalayan mungsuh.(28)

Patih Kudanawarsa badhe magut yuda amargi miyarsa wadya bala Jawa ingkang kaseser ing yuda, nanging saged dipunpambengi dening Patih Jaksanegara. Lajeng Patih Kudanawarsa dhawuh supados wadya bala sami mundur, pados margi sanes supados boten kepanggih malih kaliyan mungsuh.

.... Satekane ing barisane mungsuh Ki Patih Jayengtilam nyuwara, suwarane renyah kaduk ladak, “Heh para nata patih miwah wadya bala ing tanah Sabrang, mangertiya **ingsun iki pepatih ing negara Bali**, ingsun dinuta ing sang nata Bali supaya mengko peperangan iki ora datan angadu wadya bala,(40)

Ki Patih Jayengtilam ngaturaken marang mungsuhipun bilih piyambakipun menika minangka patih ing nagari Bali. Piyambakipun menika ngandharaken bilih samangke perang menika boten badhe ngadu wadya bala.

Saking andharan nomor *data* 8, 28 saha 40 ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka patih satunggalipun nagari.

h) Emban utawi parekan

Latar sosial minangka emban utawi parekan menika kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* kados ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

Ilange Raden Panji Inukertapati gawe gegere wong sakedhaton. Para panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela sang jabang bayi padha gugup sarwi nangis sesenggukan.(13)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih para panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela sang jabang bayi padha gugup sarwi nangis sesenggukan amargi icalipun Raden Panji Inukertapati menika. Paraga para panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela sang jabang bayi menika ugi saged dipunwastani emban utawi parekan.

Data ingkang nedahaken latar sosial minangka emban utawi parekan menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

.... Sang prameswari Jenggala nulya andangu ana apa dene ingkang putra Sekartaji kongsi arsa nganyut tuwuh. **Para parekan** padhan ora bisa

matur apa-apa sebab pancen padha ora ngerti apa kang dadi sebabe. Mung Sang Putri Dewi Onengan kang banjur matur marang ingkang Ibu.(14)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih para parekan nalika dipundangu ngengingi sebabipun Dewi Sekartaji badhe nganyut tuwuh menika sami boten saged matur menapa-menapa amargi pancen boten mangertos. Salajengipun *data* ingkang nedahaken minangka emaban utawi parekan menika ugi saged dipunmangertosi ing ngandhap menika.

Esuk iku emban cethi parekan kang saben dinane turu ana sacedhake tilam sarine sang Retna Sekartaji padha kaget dene isih isuk kaya ngono kok korining tilam wus menga ngeblak, mangka adat sabene wayah iku sang Dewi Sekartaji durung wungu. Parekan kang pancen kacaket enggal ngungak sajroning tilamsari. Mendah iba kagete parekan iku sumurup sajroning tilamsari suwung, dalasan sang putri Ragilkuning kok iya ora katon, sakala parekan nyipta lamun sang putri sakeloron samya lolos sakan kasatriyan kadhipaten.(19)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih wonten paraga kanthi latar sosial minangka emban parekan ingkang saben dintenipun sare ing sacelakipun tilamsarinipun Dewi Sekartaji sami kagyat nalika mangertosi taksih enjing nanging lawangipun tilam sampun ngeblak, kamongka adat sabenipun Dewi Sekartaji dereng wungu. Parekan ingkang pancen kecaket enggal ngungak saklebetipun tilamsari. Sansaya kagyat nalika mangertosi Dewi Sekartaji menapa ugi Dewi Ragilkuning sampun boten wonten, sakala parekanipun nyipta bilih sang putri sakeloron sami lolos saking kasatriyan kadhipaten.

Saking andharan nomor *data* 8, 28 saha 40 ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka emban parekan.

i) Cantrik

Cantrik miturut kamus Baoesastra Djawa anggitanipun Poerwadarminta (1939: 624) tegesipun inggih menika abdinings pandhita ingkang ngiras dados murid. Latar sosial minangka cantrik menika kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* kados ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

Para cantrik manguyu jejanggan nampa dhawuhe sang Tapa iya padha enggal nindakake kang dadi kuwajibane, mula ora aneh yen sedhela padhepokan wis katon resik lan asri. (20)

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih wonten paraga kanthi latar sosial minangka cantrik ingkang nindakaken dhawuhipun sang Tapa ngresiki padhepokan, saingga padhepokan menika dados resik saha asri.

Nomer *data* 20 menika nedahaken bilih bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka cantrik utawi abdinipun pandhita.

j) Abdi

Abdi ingkang dipunkajengaken ing mriki menika inggih menika abdinipun kerajaan. Tiyang ingkang biasanipun ngetutaken ndaranipun ingkang biasanipun menika minangka pangeran satunggalipun nagari. Latar sosial minangka abdi menika kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* kados ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

Abdi loro iku kang bisa atur panglipuring penggalih sarana tansah padha geguyon sarta omong kang lucu-lucu, nganti sok gawe gumujenge Raden Gunungsari kang sajatine penggalihé lagi banget sungkawa jalaran katilar Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning. Penggalihé kena den arani ajur mumur.(37)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih wonten paraga ingkang latar sosialipun minangka abdi ingkang tansah geguyon damel gemujengipun Raden Gunungsari. Sanajan sejatosipun penggalhipun Raden Gunungsari menika sungkawa amargi menggalihaken anggenipun dipuntilar dening Dewi Onengan utawi Dewi Ragilkuning.

Nomer *data* 37 menika nedahaken bilih bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka abdi.

k) Mantri ingkang ngawasi wana

Latar sosial minangka mantri ingkang ngawasi wana menika kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* kados ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

Mantri iku jenenge Kudaantipeya. Mantri iki mentas wae anggone nglanglang alas niti priksa kaanane alas, dumadakan saka kadohan katon ana barisane wadya bala, mula banjur lumayu bali nedya atur uninga marang para patih papat kang nalika iku isih padha rembugan. (25)

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih wonten paraga ingkang latar sosialipun minangka mantri ingkang ngawasi wana, asmanipun Kudaantipeya. Piyambakipun menika nembe kemawon rampung saking anggenipun niti priksa kahananipun wana, dumadakan saking tebihan katingal wonten barisanipun wadya bala, mila lajeng mlajar wangsul atur uninga dhumateng para patih sekawan nagari ingkang nalika semanten taksih sami rembagan.

Nomer *data* 25 menika nedahaken bilih bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar sosial minangka mantri ingkang tugasipun ngawasi wana.

3) Latar Wekdal

Kados ingkang sampun kaandharaken ing bab II saderengipun bilih latar wekdal menika ngandharaken wekdal kedadosanipun prastawa, ing salebetipun *plot*, kanthi cara *historis*. Latar wekdal ingkang wonten ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* langkung kagambaraken kanthi andharan wekdal enjing, sonten, menapa ugi dalu. Latar menika ing antawisipun kaandharaken ing ngandhap menika.

a) Wekdal dalu

Latar wekdal ingkang nedahaken wekdal enjing menika kaandharaken wonten ing andharanipun Wiku Dewi Kilisuci nalika nyariyosaken pasupenanipun. Perkawis menika saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*“Ooo yatalah Patih. Sajatine upama ora ditimbali aku iya mesthi sowan, jer aku iki senajan ana ing gunung nanging iya isih kawisesa ing ratu, dadi aku iki iya duwe kewajiban kudu sowan ing ngarsane Yayi Prabu. Nanging anggonku durung sowan iku jalaran ana dina **wengi** kepungkur aku antuk pasupenan kang gawe kuwatiring penggalihku, Patih.”(5)*

Dewi Kilisuci menika ngandharaken bilih piyambakipun menika dereng sowan wonten ing nagari Jenggala amargi dalu saderengipun, sang Wiku menika angsal pasupenan ingkang damel kuwatos penggalhipun. Wekdal dalu menika ngandharaken latar wekdal nalika sang Dewi Kilisuci angsal pasupenan.

Latar wekdal ingkang ngginakaken wekdal dalu ing cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ugi saged dipunmangertosi saking *data* ing ngandhap menika.

*..... Tanpa dipenggalih kanthi panjang Dewi Ragilkuning kang pancen ora bisa pisah kalayan ingkang raka banjur mijil saka kasatriyan kanthi tekad nedya sumusul lolose sang Dewi Candrakirana, banjur anggeblas nalasak **wengi**, ora ana pawongan kang nyumurupi tindake sang Dewi.(17)*

Saking *data* menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Ragilkuning mijil saking kasatriyan kanthi tekad sumusul lolosipun Dewi Candrakirana menika ing wekdal dalu, tanpa wonten tiyang ingkang sumerep tindakipun sang Dewi.

Latar wekdal dalu menika ugi saged dipunpanggihaken ing *data* kados ingkang wonten ing ngandhap menika.

***Wengi iku** wadya ing Bali padha suka pari suka jalaran mentas unggul ing yuda. Kosok baline sang nata Parangkencana banget sungkawa dene akeh putrine kang kapupuh ing yuda.....(42)*

Saking *data* ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ing wayah dalu menika wadya Bali sami suka parisuka amargi mentas menang. Kosok wangsulipun nata Parangkencana ingkang sungkawa sanget amargi kathah putrinipun ingkang kalah.

Saking andharan nomer *data* 5, 17, saha 42 menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar wekdal dalu.

b) Wekdal sonten

Wonten ing cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ngginakaken latar wekdal sonten. Menika saged dipunmangertosi saking *data* ing antawisipun ing ngandhap menika.

*“Adhuh Kakangmbok, boten wonten kang atuduh margi. Nalika **sonten** sami sare kula taksih sumerep Kakangmbok kalayan Kakangmas Panji taksih sami sare sakeca.”(23)*

Ing *data* nginggil menika saged dipunmangertosi bilih Dewi Onengan miyarsa ing wekdal sonten saderengipun, sang Dewi Sekartaji saha Raden Panji taksih sami sare sekeca.

Saking andharan nomer *data* 23 menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam menika kapanggihaken latar wekdal sonten.

c) Wekdal enjing

Wonten ing cariyos Panji Jayeng Tilam menika ngginakaken latar wekdal enjing. Menika saged dipunmangertosi saking *data* ing antawisipun ing ngandhap menika.

Kacarita sang Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning. Esuk iku wungu saka anggone sare kaget priksa ingkang raka iya sang Dewi Sekartaji wis ngasta patrem arsa kasudukake ana jajane. Sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebut patreme sarwi matur,.....”(12)

Dewi Ragilkuning kacariyosaken kagyat ing wayah enjing priksa Dewi Sekartaji sampun ngasta patrem badhe kasudukaken jajanipun. Nanging patrem menika enggal dipunrebat dening Dewi Ragilkuning. Wekdal enjing menika nedahaken latar wekdal kadosan nalika Dewi Sekartaji badhe nganyut jiwa kanthi nyudukaken parem ing jajanipun.

Latar wekdal enjing menika ugi dipunpanggihaken nalika para parekan ingkang saben dintenipun menika tilem ing sacelakipun tilamsarinipun sang Retna Sekartaji manggihaken lawang tilam sampun menga ngeblak, kamongka biasanipun wayah enjing menika Dewi Sekartaji dereng wungu. Nalika dipuntingali salebetipun tilam sari menika sampun suwung. Dewi Ragilkuning ugi boten katingal. Sakala para parekan sami nyipta bilih putri kekalihipun menika lolos saking kadhipaten. Perkawis menika saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika.

***Esuk** iku emban cethi parekan kang saben dinane turu ana sacedhake tilam sarine sang Retna Sekartaji padha kaget dene isih isuk kaya ngono kok korining tilam wus menga ngeblak, mangka adat sabene wayah iku sang Dewi Sekartaji durung wungu. Parekan kang pancen kacaket enggal ngungak sajroning tilamsari. Mendah iba kagete parekan iku sumurup sajroning tilamsari suwung, dalasan sang putri Ragilkuning kok iya ora katon, sakala parekan nyipta lamun sang putri sakeloron samya lolos sakan kasatriyan kadhipaten.(18)*

Bab ngengingi andharan latar enjing menika ugi saged dipunmangertosi saking saking *data* ing ngandhap menika.

***Dina esuke** para ratu lan wadya bala nuli nembang tengaraning yuda kendhang gong beri mawurahan geter pater dhedheterawati, pepak sagung wadya bala....(39)*

***Dina esuke** perange diterusake, nanging kabeh para satriya Jenggala padha kasoran mungsuh Patih Jayengtilam.... (41)*

Menika nedahaken bilih perang menika katerasaken ing wayah enjing. Ing perangan salajengipun ugi kapanggihaken latar wekdal enjing. Inggih menika nalika Dewi Nawangwulan ingkang ngirit wadya bala kanthi lampah ing dharat. Bab menika saged dipunmangertosi ing *data* ing ngandhap menika.

***Dina esuke** sang Dewi Nawangwulan wis siyaga ngirit para putri prajurit samya alaku dharat....(43)*

Latar wekdal menika ugi kapanggihaken nalika Raden Panji nedya ngedali yuda, kadosta ingkang saged dipunmangertosi saking *data* ngandhap menika.

***Dina esuke** sang Panji nedya ngedali magut yuda, wadya bala kadhawuha tata gelaring yuda sikep gegamaning perang.... (44)*

Saking andharan nomer *data* 12, 18, 39, 41, 43, saha 44 menika saged dipunmangertosi bilih ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kapanggihaken latar wekdal enjing.

**e. Struktur Intrinsik Awujud Irah-Irahaning Cariyos ing salebetipun
Cariyos Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah**

Kados ingkang saged dipunmangertosi saking bab II bilih cariyos panji miturut pamanggihipun Widayat (2005: 19), inggih menika cariyos ingkang isinipun wiracarita ingkang paraga utamanipun menika Panji.

Irah-irahanipun cariyos panji ingkang dipuntaliti menika inggih menika *Panji Jayeng Tilam*. Wonten ing majalah *Djaka Lodang* menika dipunanggit dening Ignatia Sri Sumirah. Irah-irahan menika gegayutan kaliyan paraga Panji Asmarabangun utawi Panji Inukertapati. Panji Asmarabangun utawi Panji Inukertapati ing salebetipun cariyos menika kacariyosaken minangka korban menapa ugi pelaku ingkang dados paraga wigatos ing cariyos menika.

Nama *Jayeng Tilam* menika menawi dipungatosaken saking isinipun cariyos, mliginipun gegayutan kaliyan paraga Raden Panji Inukertapati menika saged dipunmangertosi maknanipun tembung Jayeng Tilam menika. Tembung Jayeng menika kadadosan saking panganggenipun tembung “jaya + ing”. Jaya menika kiyambak miturut *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939: 78) gadhah teges begja, kabegjan, kuwasa. Wondene tembung “tilam” miturut *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939: 606) menika tegesipun “kasur”. Saingga menawi dipuntegesi “jayeng tilam” menika tegesipun “beja ing kasur”. Menika dipunwastani jaya ing kasur amargi sang Panji Inukertapati menika sasanipun gadhah garwa Dewi Sekartaji utawi Dewi Candrakirana ugi gadhah garwa pangrembe utawi selir ingkang kathah. Bab menika kados ingkang saged dipunmangertosi saking pethikaning cariyos ing ngandhap menika.

Nuju Sang Prabu lenggahan ki Demang Palang lan ki Demang Pulung kinen ngadhep ingarsane, Sang Prabu ngandika, “Demang Palang lan Demang Pulung inghun mundhut caritane, gustinira Raden Panji Asmarabangun iku apa iya bagus kaya inghun?”

“Adhuh gusti Sang Prabu, sadaya putra Jenggala menika sami bagus alus, namung satunggal ingkang bagus linangkung inggih menika gusti sang Panji Asmarabangun. Warnipun gusti sang Panji menika kening kawastanan persis kados paduka, inggih solahipun inggih bagusipun, namung kaot enem kalayan sepuh, sepuh gusti sang Panji sekedhik.”

Midhanget ki Palang sang Prabu Madubrangta banget sukane penggalih. Demang Palang lan Pulung saya cinaket sang nata.

Sang Prabu andangu maneh, “Demang palang, gustinira iku iya sugih garwa kaya inghun?”

“Garwanipun Gusti Panji namung satunggal, kaleres kadang saking sanak inggih menika raja putri ing Kedhiri ingkang kekasih Retna Galuh Sangkaningrat inggih Retna Sekartaji Candrakirana. Menika garwa pangrembe inggih kathah kados salimrahipun para satriya.”
(Djaka Lodang, No. 12 kaca 2)

Pethikan cariyos ing nginggil menika ngengingi pacelathon antawisipun Prabu Madubrangta kaliyan Demang Palang saha Demang Pulung. Saking pacelathon nginggil menika saged dipunmangertosi bilih garwanipun Raden Panji menika ingkang minangka garwa padmi (garwa ingkang baken/ prameswari) menika namung setunggal, wondene garwa pangrembe (selir) menika wonten kathah salimrahipun para satriya. Perkawis menika salajengipun dipungayutaken kaliyan irah-irahan “Panji Jayeng Tilam” inggih menika Raden Panji ingkang begja ing pasareyan amargi garwanipun menika kathah. Kabegjananipun Raden Panji menika sansaya cetha ing cariyos menika nalika wonten putri ingkang ayu linangkung saking nagari sebrang ingkang nyuwun kadhaupaken kaliyan Raden Panji. Bab menika saged dipunmangertosi saking pethikan cariyos ing ngandhap menika.

Sawise iku Sang Prabu ngandika,”Kakang Patih Banakesthi. Wis sawetara dina aku ginubel ing putraku Putri Nini Nawangwulan kang mothah nyuwun kadhaupake kalayan satriya Jawa kang kekasih Raden

Panji. *Mula saka karsaku pamothahe nini Nawangwulan iki iya bakal dakleksanani, awit wis dadi lumrahe yen anak polah bapa iya kudu pradhah.” (Djaka Lodang, No. 15 kaca 2)*

Saking pethikan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih putranipun Prabu Basunanda menika nyuwun marang ramanipun supados dipundhaupaken kaliyan satriya Jawa ingkang kekasih Raden Panji. Raden Panji menika begja amargi Dewi Nawangwulan menika putrinipun Raja ingkang linangkung saking nagari sabrang.

Ing perangan sanes saking cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ugi kaandharaken kabegjananipun kados ingkang saged dipunmangertosi ing ngandhap menika.

*Angandika sang Wiku putri, “.... Bab icalipun pulunan kula kaki Panji menika mila wonten ingkang ambekta inggih menika satunggaling Ratu saking tanah sabrang, ratu gung binathara digdaya sura sekti mandra guna sugih wadya bala sugih rajabrana, kineringan sasaming ratu jalaran saking kadigdayanipun. Dene anggenipun andhustha pun kaki Panji jalaran ginubel ing putranipun putri. **Sang prabu menika darbe putra putri ayu linangkung ingkang kepengin kagarwa dening pulunan kula pun kaki Panji, marma lajeng amothah dhateng ramanipun nyuwun kadhaupaken kalayan pun Panji.**” (Djaka Lodang, No. 15 kaca 2)*

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih putri ingkang kepengin kagarwa dening Raden Panji menika putri ingkang ayu linangkung. Saking pepenginanipun Dewi Nawangwulan menika salajengipun Raden Panji dipundhustha dening Prabu Basunanda. Lajeng sang Dewi Nawangwulan menika dipunpasrahaken kiyambak dening sang Prabu dhumateng Raden Panji Inukertapati. Bab menika salah satunggalipun saged dipunmangertosi saking pethikan pangandikanipun Prabu Basunanda dhumateng Raden Panji ing ngandhap menika.

....” *Mandar kula nyuwun sagunging pangaksami paduka dene kula kamipurun amboyong paduka sarana andhustha paduka kula bekta dhateng praja Parangkencana mriki tanpa nyuwun palilah paduka. Anggen kula kamipurun andhustha paduka menika namung saking nglabeti tangisanipun yoga kula pun nini Nawangwulan ingkang nalika ing dalu nyupena kepanggih kalayan paduka sang Raden. **Samenika sampun kelampahan kepanggih kalayan paduka Raden, pramila ing samangke yoga kula pun nini Nawangwulan menawi paduka Raden kersa nampi sumangga kula pasrahaken dhateng paduka.***” (Djaka Lodang, No. 23 kaca 2)

Wasananipun sang Panji menika dhaup kaliyan Dewi Nawangwulan. Lajeng wonten ing pungkasanipun cariyos, Raden Panji menika kondur malih ing praja Jenggala kaliyan Dewi Sekartaji. Irah-irahan “Panji Jayeng Tilam” menika nggambaraken Raden Panji Inukertapati ingkang beja ing tilam, beja ing pasareyan amargi sang Panji menika kados menapa ingkang kagambaraken ing salebetipun cariyos bilih piyambakipun gadhah garwa kathah. Inkang minangka garwa padmi menika putri ingkang ayu asmanipun Dewi Candrakirana wondene putri ayu linangkung ingkang kepengin kapendhet garwa dening panjenenganipun menika ugi ayu linangkung. Sasanesipun ayu linangkung, garwanipun Panji menika ugi minangka para putrinipun raja.

Ing peranganing cariyos *Panji Jayeng Tilam* ingkang nyariyosaken nalika sampun kadadosan perang antawisipun wadya bala Parangkencana, Ngurawan, Kedhiri, Singasari, saha Jenggala mungsuh kaliyan wadya bala Bali, wonten peranganipun cariyos ingkang nedahaken bilih Raden Panji Inukertapati menika garwanipun wonten kathah. Bab menika kados ingkang saged dipunmangertosi ing ngandhap menika.

Sang Dewi Kencanawungu matur lamun mbesuk nedya ngedali yuda, awit lamun datan mengkono mesthi kedangon sebab garwane sang Panji iku akeh banget.

Sasampunipun sawetawis wekdal kalampahan papranagan antawisipun prajurit wanita saking Bali kaliyan saking nagari sabrang (Parangkencana, Jenggala, Ngurawan, Singasari, saha Kedhiri) nanging dereng wonten ingkang kasoran. Lajeng Dewi Kencanawungu matur bilih piyambakipun badhe medali magut yuda amargi menawi boten mekaten mesthi kedangon amargi garwanipun sang Panji menika kathah sanget. Saking menapa ingkang dipunaturaken dening Dewi Kencanawungu menika ugi saged dipunmangertosi bilih Raden Panji menika pancen kathah sanget garwanipun. Nedahaken ugi ngengingi perkawis bilih Raden Panji inukertapati menika Panji ingkang jaya utawi begja ing tilamsari amargi kagungan garwa ingkang kathah sanget.

Saking sedaya andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih cariyos menika dipunsukani irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* amargi tegesipun “jaya ing tilam”, “begja ing pasarean”, perkawis ingkang jumbuh kaliyan isinipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika. Cariyos *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika nyariyosaken Raden Panji Inukertapati utawi Raden panji Asmarabangun ingkang gadhah garwa kathah sanget, ingkang minangka garwa padmi menika putranipun nata Jenggala wondene sanesipun menika minangka selir. Gegayutan kaliyan tema cariyos, kabegjanipun menika katambahan malih nalika Raden Panji Inukertapati dipundhustha amargi wonten putri saking nagari Parangkencana ingkang tresna marang piyambakipun lajeng kepengin dipunpendhet mianangka garwanipun. Wasana Sang Panji dhaup kaliyan putrinipun nata nagari Parangkencana menika, nagari ageng saha wiyar jajahanipun. Putri ingkang nyuwun dipunpendhet garwa menika kiyambak

warnanipun ayu linangkung. Nanging amargi dipundhustha menika Raden Panji dados kapisah saking garwanipun ingkang dipuntresnani. Garwanipun piyambak, Dewi Candrakirana, sanget anggenipun tresna saingga madosi Sang Panji Inukertapati kanthi dipunrewangi nandang sangsara kesakit-sakit. Raden Panji ingkang dipuntresnani wanodya-wanodya utama, para putri saking nagari ageng menika nggambaraken ugi bilih piyambakipun menika Panji ingkang jaya ing tilam.

f. Struktur Intrinsik Awujud Sudut Pandang ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

Sudut pandang inggih menika satunggalipun cara utawi *pandangan* ingkang dipunginakaken dening pengarang minangka sarana anggenipun ngandharaken paraga, tumindak, latar, saha maneka warna prastawa ingkang wonten ing salebetipun cariyos fiksi dhumateng para maos (Abrams lumantar Nurgiyantoro, 2010: 248).

Sudut pandang ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat Panji Jayeng Tilam anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika inggih menika *sudut pandang diaan-mahatahu*. Kados ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih *sudut pandang diaan-mahatahu* inggih menika *sudut pandang* ingkang ngandharaken cariyos saking *sudut pandang “dia”*, nanging pengarang saged nyariyosaken menapa kemawon ingkang gegayutan kaliyan paraga “*dia*” kasebat. Pengarang menika tansah mangertosi bab paraga, prastawa, saha tumindak, kalebet ugi *motivasi* ingkang dados penyebabipun (Nurgiyantoro, 2010: 257-258).

Wonten ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika pengarang ngginakaken tembung-tembung sapaan langsung kadosta Dewi Kilisuci, Prabu Lembuamiluhur, Patih Kudanawarsa, Prabu Basunanda, Dewi Candrakirana, Dewi Ragilkuning, Sang Prameswari, Sang nata, saha tembung-tembung sapaan ingkang sanesipun. Menika ninangka salah satunggalipun pratandha bilih pengarang ngandharaken cariyos saking *sudut pandang “dia”*. Perangan sepisan saking cariyos rakyat *Panji Jayengtilam* menika ngandharaken ngengingi wontenipun Nagari Jenggala, Ngurawan, Kedhiri saha Singasari. Kalajengaken andharan ngengingi isinipun cariyos kanthi ngginakaken *sudut pandang diaan-mahatahu*.

Ing nalika jaman iku negara pancen dibage papat, jalaran para putra kang darbe hak waris pancen ana papat. Nagara papat yaiku negara Jenggala, Kedhiri utawa Daha, Ngurawan lan Singasari. Dene kadange kang paling sepuh yaiku putri kang ambegawan ana Padhepokan Pucangan. Senajan putri nanging jumeneng Wiku peparab sang Dewi Kilisuci, utawa kasebut sang Wiku Putri. Anggone mertapa ana kono banget anggentur, mula nganti kaparingan kawicaksanan kang linuwih dening Bathara.

Ing nalika iku negara Jenggala lagi nganakake pahargyan amiwaha miyose jabang bayi putra Raden Panji Asmarabangun karo sang Dewi Candrakirana kang mentas mbabarake putra miyos kakung kaparingan tetenger Raden Panji Laleyan. Mesthi wae miyose wayah iya putrane Raden Panji Inukertapati iki gawe suka renane sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari.....

(Djaka Lodang, No. 15 kaca 2)

Pengarang menika tansah mangertosi bab paraga saha prastawa ing salebetipun cariyos menika. Sasanesipun menika ugi saged mangertosi perkawis-perkawis sanes ingkang boten dipunandharaken dening paraga. Bab menika saged dipunmangertosi kadosta ingkang wonten ing *data* ngandhap menika.

Wis ora kurang kang padha paring panglipur marang sang Dewi Sekartaji. Ingkang rama sang nata Jenggala lan para ari nata miwah para

prameswari iya wis padha paring panglipur, dalasan para emban cethi parekan iya padha caos panglipur kanthi cara warna-warna, nanging sang Dewi tetep ora bisa kalipur penggalihe. Sanajan ing lahir katone wis ilang sungkawane, kersa gegujengan kalayan ingkang rayi Dewi Onengan nanging iku mung laire, sajroning penggalihe isih tetep sungkawa sarta tetep ing penggalihe nedya ngupadi ingkang raka sang Panji samangsa ana wektu kang becik sarta ora kapriksan ing akeh.
(Djaka Lodang, No. 19 kaca 2)

Menapa ingkang dipunraosaken dening pengarang menapa ugi ingkang dipunpocapaken dening paraga menika kaandharaken dening pengarang kanthi ngginakaken sudut pandang diaan-mahatahu. Bab menika kados ingkang saged dipunmangertosi ing *data* ngandhap menika.

Dulit matur lamun kang pupuh iku satriya Kedhiri Raden Gunungsari. Kaget sang Dewi Onengan penggalihe bingung iki saka penggawene wong Kedhiri, yen aku ora oncat ora wurung mesthi ginawa dening si Gunungsari, luwih becik aku oncat saka kene. Sang Dewi ngandika: "Becik punakawan, mara padha goleka banyu bening resik ing jurang kono, mengko wijikana bendaramu yen wis rampung anggone perang."

Dulit lan Dudul ora ngira yen iku akale Dewi Onengan mula nuli padha menyang jurang golek banyu. Sajrone Dulit lan Dudul padha golek banyu, sang Dewi Ragilkuning sigra angles saka kono nedya ngupadi ingkang raka Dewi Sekartaji. (Djaka Lodang, No. 10 kaca 2)

Pengarang menika tansah mangertosi menapa kemawon isi penggalhipun paraga saha menapa kemawon ingkang badhe dipuntindakaken dening paraga. Menika jumbuh kaliyan sudut pandang ingkang dipunginakaken inggih menika *sudut pandang diaan-mahatahu*.

Saingga saking sedaya andharan ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih pengarang menika ngginakaken *sudut pandang diaan-mahatahu* ing salebetipun ngandharaken cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika.

g. Struktur Intrinsik Awujud Lelewaning Basa ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

Kados ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih ingkang dipunwastani lelewaning basa inggih menika panganggenipun basa kanthi *spesifik* dening pengarang (Sayuti, 2000: 173). Lelewaning basa ingkang badhe dipunrembag ing salebetipun cariyos menika mligi ng ngingi lelewaning basa bandhingan amargi ing salebetipun cariyos menika langkung kathah kapanggihaken lelewaning basa jenis menika.

Salajengipun lelewaning basa bandhingan ingkang kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kacawisaken ing salebetipun tabel 6 ing ngandhap menika.

Tabel 6. Data Lelewaning Basa Bandhingan ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

No	Jenis Lelewaning Basa Bandhingan	Katrangan Data
1	<i>Simile</i>	5, 10, 16, 17,19, 21, 22
2	<i>Metafora</i>	9
3	<i>Personifikasi</i>	1, 8, 18
4	<i>Pleonasme</i>	3, 6, 13, 14, 15
5	<i>Perifrasis</i>	2, 7, 11, 12, 20
6	<i>Prolepsis</i>	4

Salajengipun lelewaning basa ingkang kapanggihaken menika kaandharaken kados ingkang wonten ing ngandhap menika.

1) *Simile*

Lelewaning basa *simile* inggih menika lelewaning basa ingkang nandhingaken antawisipun kalih perkawis ingkang sejatosipun beda nanging boten sengaja dipunwastani sami. Perkawis menika kaandharaken kanthi *eksplisit*, inggih menika kanthi panganggening tembung kadosta “lir, pindha, gya, kadya,

kaya” (Tarigan, 1985: 10). Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, lelewaning basa menika kapanggihaken ing antawisipun kados ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

*Sang Prabu gumun dene **papan panggonane para satriya becike kaya kahyangane para Jawata.***(5)

Papan panggenanipun para satriya kaliyan kahyanganipun Jawata menika temtunipun kalih bab ingkang beda. Nanging kaanggep gadhah unsur ingkang kaanggep sami inggih menika kabecikanipun (kaindahanipun). Lajeng ingkang ugi nedahaken lelewaning basa *simile* ing ukara menika inggih menika panganggenipun tembung “kaya”.

*Dulit mangsuli,” Bener kandhamu Dudul, saupama bendara kusuma Ragilkuning banjur mak jedhuln ana alas kene, aku lan kowe mesthi bakal ditundhung utawa **digusah kaya sona.***”(10)

Dulit kaliyan Dudul menika manungsa nanging wonten ing tembung menika kaanggep sami ing bab anggenipun nggusah. Tembung digusah menika biasanipun dipunginakaken kangge sato kewan, nanging ing ukara menika dipunginakaken kangge manungsa. Lajeng ingkang ugi nedahaken lelewaning basa *simile* ing ukara menika inggih menika panganggenipun tembung “kaya”.

*Raden Gunungsari nulya binusanan dadi cantrik kang banget ala warnane, wetenge bekel melenth, gegere wungkuk, mripate anggerong, **jenggote arang kaya rambut jagung,** sikile pincang.*(16)

Jenggot kaliyan rambut jagung menika kalih perangan ingkang beda nanging wonten ing perkawis menika kaanggep gadhah unsur ingkang sami. Nanging ing ukara menika kagambaraken bilih jenggotipun Raden Gunungsari ingkang sampun binusanan dados cantrik menika kados rambut jagung. Lajeng

ingkang ugi nedahaken lelewaning basa *simile* ing ukara menika inggih menika panganggenipun tembung “kaya”.

Wong-wong ing negara Parangkencana padha gumun dene satriya baguse kaya Jawata, malah akeh kang ngarani yen iku jawata ngejawantah.(17)

Satriya kaliyan Jawata menika temtunipun kalih bab ingkang beda nanging gadhah unsur ingkang kaanggep sami inggih menika ngengingi bagusipun. Ing ukara menika satriya kagambaraken bagusipun sami kaliyan Jawata. Lajeng ingkang ugi nedahaken lelewaning basa *simile* ing ukara menika inggih menika panganggenipun tembung “kaya”.

Sang Panji anjenengi lenggah ing pepanggungan mriksani ombyaking wadya bala Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, Singasari lan Parangkencana kang akehe tanpa wilangan kongsi kaya samodra rob.(19)

“Ombyaking wadya bala Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, Singasari lan Parangkencana kang akehe tanpa wilangan” kaliyan samodra “rob menika” kalih perkawis ingkang beda. Nanging dipunanggep gadhah unsur ingkang sami, kadosta ombyakipun menika. ombyaking wadya bala ingkang sakelangkung kathah menika kagambaraken ngantos kados samodra rob. Lajeng ingkang ugi nedahaken lelewaning basa *simile* ing ukara menika inggih menika panganggenipun tembung “kaya”.

Sarampunge anggone tata gelaring perang sang Panji dhawuh nabuh tengaraning perang, kendhang beri gong sarta tambur tinitir kadya guntur.(21)

“Kendhang beri gong sarta tambur ingkang tinitir” kaliyan “guntur” menika kalih perkawis ingkang beda, nanging gadhah unsur ingkang kaanggep sami inggih menika suwantenipun. Ing nginggil menika kagambaraken bilih suwantenipun gong ingkang tinambur titir menika suwantenipun kados guntur.

Lajeng ingkang ugi nedahaken lelewaning basa *simile* ing ukara menika inggih menika panganggenipun tembung “kadya”.

*Ki Patih Jayengtilam sigra dhawuh nimbangi **tengaraning perang, swarane samya rame kadi anjugrugna bumi.***(22)

Suwanten tengaraning perang ing ukara nginggil menika kagambaraken saking soranipun lajeng kaanggep kados saged anjugrukaken bumi. Lajeng ingkang ugi nedahaken lelewaning basa *simile* ing ukara menika inggih menika panganggenipun tembung “kadi” ingkang tegesipun sami kaliyan “kaya”.

2) *Metafora*

Lelewaning basa *metafora* inggih menika lelewaning basa basa ingkang boten ngginakaken tembung “kaya” utawi “minangka”, ing antawisipun kalih perkawis ingkang beda (Moeliono lumantar Tarigan, 1985: 15). Lelewaning basa *metafora* menika nandhingaken kanthi langsung antawisipun satunggaling bab utawi perkawis kaliyan bab utawi perkawis sanesipun ingkang gadhah sifat, kahanan, menapa kelakuan ingkang sami. Lelewaning basa *metafora* ingkang wonten ing ing Cariyos Panji Jayeng Tilam menika ing antawisipun kaandharaken ing ngandhap menika.

*Apa maneh kelangan garwa, **selagine kelangan barang wae yen barang mau disenengi banget iya mesthi susah banget.***(9)

Wonten ing ukara menika saged dipunmangertosi bilih perkawis kecalan garwa menika dipunbandhingaken kanthi langsung kaliyan kecalan barang. Kahanipun ingkang nyebabaken raos susah menika ndadosaken kekalihipun menika katandhingaken.

3) *Personifikasi*

Lelewaning basa Lelewaning basa *personifikasi* inggih menika lelewaning basa ingkang nggambaraken sifat-sifat *insani* tumrapipun samukawis ingkang awujud barang mati sarta dados pamanggih ingkang *abstrak*. Lelewaning basa *personifikasi* ingkang wonten ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun kaandharaken ing ngandhap menika.

*Ing nalika iku **negara Jenggala lagi nganakake pahargyan** amiwaha miyose jabang bayi putra Raden PanjiAsmarabangun karo sang Dewi Candrakirana kang mentas mbabarake putra miyos kakung kaparingan tetenger Raden Panji Laleyan.*(1)

Tembung “nagara Jenggala” wonten ing peranganing ukara menika nedahaken bilih nagari Jenggala menika dipungambaraken gadhah *sifat insani* ingkang saged ngawontenaken pahargyan. Bab menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa *personifikasi*.

*Kejawi menika para yayi aji sekawan pisan sampun ngantos sami tilar kaprayitnan, jer taksih badhe wonten **bebaya ingkang andhatengi**.*(8)

Tembung “bebaya” ing peranganing ukara menika dipungambaraken gadhah *sifat insani* kados dene manungsa ingkang saged andhatengi. Bab menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa *personifikasi*

*Dumadakan Demang Pulung krungu ana **swara kang ngandheg lakune**.*(18)

Tembung “swara” ing peranganing ukara menika dipungambaraken gadhah *sifat insani* ingkang saged ngandheg lampah. Bab menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa *personifikasi*.

4) *Pleonasme*

Lelewaning basa *pleonasme* inggih menika lelewaning basa ingkang ngginakaken tembung-tembung ingkang sejatosipun menika sia-sia. Lelewaning basa menika ngginakaken tembung-tembung langkung kathah saking menapa ingkang dipunbetahaken kangge ngandharaken satunggalipun bab. Lelewaning basa *pleonasme* ingkang wonten ing ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun kaandharaken ing ngandhap menika.

*“Ana ing sajroning pasupenan aku sumurup negara Jenggala kebanjiran nganti keleban banyu, ora ana kang **kentir keli** iku kejaba mung putraku kaki Panji kang katut ilining banjir, ora ana kang bisa nulungi.*(3)

Kentir : keli

Keli : katut ilining banyu

Kentir miturut menapa ingkang kaserat ing *Baoesastra Djawa* anggitanipun Poerwadarminta menika gadhah teges “keli” wondene keli menika kiyambak tegesipun katut ilinipun toya. Saingga panganggenipun tembung menika sakelangkung kathah tinimbang ingkang dipunbetahaken. Kamongka saged namung ngginakaken salah satunggal saking tembung menika. Saged “kentir” kemawon utawi saged “keli” kemawon amargi tegesipun menika sami. Panganggenipun tembung ingkang sia-sia menika jumbuh kaliyan lelewaning basa *pleonasme*.

*Nanging samangertos kula wau dalu boten wonten ingkang **tukar paben**.*(6)

Tukar : kerengan, padu

Paben : padu

Tembung “tukar” miturut menapa ingkang kaserat ing *Baoesastra Djawa* anggitanipun Poerwadarminta menika gadhah teges “kerengan, padu”. Wondene tembung “paben” menika tegesipun padu. Saingga sejatosipun ing ukara menika cekap ngginakaken tembung “paben” kemawon. Panganggenipun tembung “tukar” menika sejatosipun sia-sia. Panganggenipun tembung ingkang sia-sia menika jumbuh kaliyan lelewaning basa *pleonasmé*.

*Kabeh diwedharake marang Sang Prameswari wiwit jengkar saka negara Parangkencana kongsi **bali kondur** wiwitan tekan pungkasan kabeh diwedharake ora ana kang kaliwatan....(13)*

Bali : wangsul, mulih

Kondur : mulih

Tembung “bali” miturut menapa ingkang kaserat ing *Baoesastra Djawa* anggitanipun Poerwadarminta menika gadhah teges “wangsul, mulih” wondene tembung “kondur” menika tegesipun “mulih”. Saingga sejatosipun ukara menika saged namung ngginakaken tembung “kondur” kemawon menika sampun cekap. Panganggenipun tembung “bali” ing sangajengipun menika sejatosipun sia-sia. Panganggenipun tembung ingkang sia-sia menika jumbuh kaliyan lelewaning basa *pleonasmé*.

*Kocap kang nandang **brangta kasmaran** marang Raden Panji Inukertapati, Dewi Nawangwulan,...(14)*

Brangta : kesengsem, kedanan

Kasmaran : kedanan, kesengsem

Tembung “brangta” miturut menapa ingkang kaserat ing *Baoesastra Djawa* anggitanipun Poerwadarminta menika gadhah teges “kesengsem, kedanan”. Wondene tembung “kasmaran” menika tegesipun ugi sami, inggih

menika “kesengsem, kedanan”. Saingga panganggenipun tembung menika sejatosipun saged namung ngginakaken salah satunggal saking kalih tembung menika amargi tegesipun menika sami. Nanging wonten ing ukara menika dipunginakaken kalih tembung menika sesarengan. Panganggenipun tembung ingkang sia-sia menika jumbuh kaliyan lelewaning basa *pleonasmé*.

Sondher sampur kang kinarya lendhang kongsi kebes kinarya angusapn waspa.(15)

Sondher : sampur kanggo njoged

Sampur : sondher

Tembung “sondher” miturut menapa ingkang kaserat ing *Baoesastra Djawa* anggitanipun Poerwadarminta menika gadhah teges sampur ingkang dipunginakaken kangge njoged. Wondene tembung “sampur” menika kiyambak tegesipun “sondher”. Saingga saged dipunwastani bilih sejatosipun kalih tembung menika sami. Sejatosipun saged salah satunggal kemawon saking kalih tembung menika. Panganggenipun tembung ingkang langkung kathah saking menapa ingkang dipunbetahaken kangge ngandharaken satunggalipun bab menika kalebet lelewaning basa *pleonasmé*.

5) *Perifrasis*

Lelewaning basa *perifrasis* inggih menika lelewaning basa ingkang sengaja ngginakaken *frase* ingkang sejatosipun menika saged dipunsulhi kanthi setunggal tembung kemawon.

Kang seneng nonton wayang utawa kethoprak padha dibebasake ora dikenani mbayar utawa ngetokake dhuwit.(2)

*Frase “ngetokake dhuwit” ing frase ingkang kacithak kandel ing nginggil menika saged dipunsulih kanthi tembung “mbayar”. Panganggening frase ingkang sejatosipun saged dipunsulih kanthi setunggal tembung menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa *perifrasis*.*

*Kejawi menika para yayi aji sekawan pisan sampun ngantos sami **tilar kaprayitnan**, jer taksih badhe wonten bebaya ingkang andhatengi.*(7)

*Frase “tilar kaprayitnan” ing frase ingkang kacithak kandel ing nginggil menika saged dipunsulih kanthi tembung “lena”. Panganggening frase ingkang sejatosipun saged dipunsulih kanthi setunggal tembung menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa *perifrasis*.*

*.... Pramila mugi angger kersa ngandika sawajaripun kemawon. Kula nedya **nilingaken karna**, Angger.*(11)

*Frase “nilingaken karna” ing frase ingkang kacithak kandel ing nginggil menika saged dipunsulih kanthi tembung “mirengaken”. Panganggening frase ingkang sejatosipun saged dipunsulih kanthi setunggal tembung menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa *perifrasis*.*

*Wadya bala menika kathah sanget kados tanpa wicalan, nanging tiyangipun menika cetha sanes tiyang tanah Jawi, kados tiyang saking tanah sabrang, ketingal bilih badhe **magut yuda**.*(12)

*Frase “magut yuda” ing frase ingkang kacithak kandel ing nginggil menika saged dipunsulih kanthi tembung “perang”. Panganggening frase ingkang sejatosipun saged dipunsulih kanthi setunggal tembung menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa *perifrasis*.*

*Ing njaba para garwa kang mentas **magut yuda** uga samya anglelipur penggalih malah samya kasukan suka rena dene anggone magut yuda datan kongsi kasoran, malah kepara unggul.*(20)

Frase “magut yuda” ing frase ingkang kacithak kandel ing nginggil menika saged dipunsulhi kanthi tembung “perang”. Panganggening frase ingkang sejatosipun saged dipunsulhi kanthi setunggal tembung menika ingkang ndadosaken ukara menika kalebet ngginakaken lelewaning basa perifrasis.

6) Prolepsis

Lelewaning basa *prolepsis* inggih menika lelewaning basa ingkang ngginakaken setunggal utawi mapinten-pinten tembung saderengipun ngandharaken prastawa ingkang sejatosipun kedadosan (Tarigan, 1985: 33). Lelewaning basa *prolepsis* ingkang wonten ing ing Cariyos Panji Jayeng Tilam menika ing antawisipun kaandharaken ing ngandhap menika.


Nuju sawijining dina sang Prabu Basunanda tedhak miyos sineweka den adhep sagung para punggawa....(4)

Panganggenipun frase “nuju sawijining dina” menika minangka frase purwaka saderengipun prastawa ingkang badhe dipunandharaken. Saingga perangan menika kalebet ngginakaken lelewaning basa bandhingan jenis *prolepsis*.

2. Gegayutan Antawisipun Unsur-Unsur Struktural Ing Salebetipun Cariyos Rakyat Kanthi Irah-Irahan Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah

Kados ingkang sampun dipunandharaken ing bab II bilih *strukturalisme* inggih menika panaliten *kesastraan* ingkang mligi ngrembag *kajian* ngengingi gegayutan antawisipun unsur pembangun karya sastra ingkang jumbuh. *Analisis struktural* satunggalipun karya sastra menika saged kalampahaken kanthi

ngawontenaken *identifikasi*, kajian, saha ngandharaken *fungsi* saha gegayutan antawisipun unsur-unsur *struktural* menika. Saderengipun, ing ngajeng menika sampun dipunandharaken ngengingi unsur-unsur *pembangun (struktural)* saking cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah. Ing ngandhap menika kacawisaken bagan ingkang nedahaken gegayutan antawisipun unsur-unsur *struktural* cariyos menika.



Gambar Bagan 2

Tema minangka salah satunggalipun unsur *struktural* satunggalipun cariyos, minangka dhasar pangrembakaning cariyos ingkang gumantung sanget

marang unsur-unsur ingkang sanesipun. Kados ingkang sampun dipunmangertosi bilih tema menika boten kaandharaken langsung nanging kanthi *implisit* lumantar cariyos menika kiyambak. Cariyos menika kiyambak kasusun saking unsur-unsur *struktural* sanesipun kadosta alur, *penokohan*, latar, irah-irahan, *sudut pandang*, saha lelewaning basa ingkang kapanggihaken ing salebetipun cariyos.

Saking bagan 2 ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih sedaya unsur-unsur pembangun (*struktural*) saking cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kaiket ing salebetipun tema. Salajengipun saking tema saha sedaya unsur-unsur pembangun menika saged dipuntemtokaken irah-irahanipun ingkang nggambaraken isinipun cariyos ingkang temtunipun boten saged kapisahaken saking sedaya unsur ingkang wonten menika.

Unsur paraga menika wigatos sanget ing salebetipun cariyos amargi unsur menika ingkang nglampahaken isinipun cariyos. Paraga menika ngandharaken menapa ingkang dipunkajengaken dening pengarang gegayutan kaliyan tema ingkang dipuntemtokaken.

Saking peranan a ing bagan 2 menika saged dipunmangertosi gegayutan antawisipun paraga kaliyan alur/ *plot*. Paraga menika anggenipun nglumantaraken cariyos kados menapa ingkang jumbuh kaliyan tema boten saged dipunpisahaken saking *plot* utawi alur cariyos amargi ingkang baken *plot* menika gegayutan kaliyan menapa kemawon ingkang dipuntindakaken dening paraga. Watak, sikap saha *kepribadian* para paraga menika saged dipunmangertosi saking menapa ingkang dipunalami menapa ugi dipuntindakaken dening paraga ingkang kacariyosaken ing salebetipun alur utawi *plot* menika. Mekaten ugi sewalikipun,

sedaya prastawa ingkang kedadosan ing alur/ *plot* menika saged kacariyosaken awit wontenipun paraga.

Gegayutanipun kaliyan cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam*, paraga Raden Panji Inukertapati ingkang dipundhustha amargi dipuntresnani dening Dewi Nawangwulan salajengipun nuwuhaken *konflik-konflik* ingkang sanesipun ingkang wonten ing salebetipun alur cariyos menika. Kalebet ugi Dewi Sekartaji ingkang lajeng madosi Sang Panji Inukertapati. Salajengipun perkawis menika dipunlajengaken perkawis-perkawis ingkang sanesipun kanthi pangaribawa saking paraga-paraga ingkang sanesipun. Sedaya menika kaandharaken kanthi alur ingkang saged dipunmangertosi saking isinipun cariyos menika. Alur ingkang kacariyosaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika boten saged kaandharaken tanpa wontenipun paraga Raden Panji Inukertapati, Dewi Sekartaji menapa ugi paraga-paraga ingkang sanesipun. Sedaya kedadosan awit saking Raden Panji Inukertapati ingkang dipundhustha dening Prabu Basunandha ngantos ing pungkasan saged kapanggih malih kaliyan Dewi Sekartaji menika nedahaken wontenipun gegayutan antawisipun alur kaliyan paraga.

Sasanipun unsur alur, saking perangan b ing bagan 2 menika saged dipunmangertosi bilih ingkang ugi mangaribawani paraga saha *penokohan* inggih menika unsur latar. Latar menika wonten latar sosial, latar wekdal, menapa ugi latar papan. Latar sosial menika nedahaken gesangipun paraga dipuntingali saking aspek sosialipun. Latar wekdal nedahaken kapan kemawon prastawa menika dipunalami dening paraga. Wondene latar papan menika nedahaken wonten ing pundi paraga ngalami prastawa menika. Saingga saking andharan menika ugi

saged dipunmangertosi bilih temtunipun latar menika rumaket sanget gegayutanipun boten namung kaliyan paraga nanging ugi kaliyan alur utawi *plot*.

Gegayutanipun kaliyan cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika sedaya perkawis ingkang dipunalami dening paraga ing salebetipun cariyos menika kaandharaken kanthi nedahaken lataripun. Wonten ing pundi dunungipun, kahananipun saha kapan wekdalipun. Latar papan ingkang dipuntedahaken menika jumbuh kaliyan paraga ingkang saking Jawa, Bugis (tanah sebrang), menapa ugi saking Bali. Latar ingkang dipunginakaken menika jumbuh ugi kaliyan prastawa ingkang kedadosan miturut aluripun. Wonten ingkang kedadosan ing Jawa mliginipun tanah Jawa, Bali, menapa ugi ing Parangkencana.

Perangan garis c ingkang nedahaken gegayutan antawisipun alur/ *plot* kaliyan tema. Alur/ *plot* menika nggamabarakaken sedaya prastawa jumbuh kaliyan tema. Mekaten ugi tema menika kaandharaken ing salebetipun cariyos menika kanthi alur-alur ingkang jangkep kaliyan unsur sanesipun ing salebetipun cariyos menika.

Gegayutanipun kaliyan cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, alur ingkang wonten ing salebetipun cariyos menika minangka sarana nglumantaraken tema cariyos menika, inggih menika “*katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih.*” Tema menika wonten gegayutanipun kaliyan sedaya perangan isi cariyos. Tema utama cariyos menika dipunsengkuyung ugi dening tema-tema sanesipun ingkang mbentuk cariyos

menika kanthi wetah. Tema *katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun, katresnan marang sedherek, katresnan jati ingkang boten kalairaken*, saha tema balas dhendham menika dados panyengkuyung pangrembakanipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika supados mujudaken satunggalipun cariyos kanthi tema utama ing nginggil menika. Alur ingkang *dinamis* kados ingkang saged dipunmangertosi saking *kurva* ing ngajeng menika nedahaken lelampahanipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* ingkang *dinamis*. Alur menika nglumantaraken tema kanthi sedaya perangan unsur ingkang sanesipun. Mekaten ugi tema menika nggambaraken menapa ingkang kadadosan ing salebetipun alur menika.

Saking perangan d ing bagan 2 menika saged dipunmangertosi ugi bilih latar menika ugi gegayutan kaliyan tema. Latar menika mangaribawani tumindak saha cara anggenipun para paraga nggalihaken satunggalipun perkawis saingga mangaribawani pamilihing tema. Mekaten ugi sewalikipun, tema ingkang sampun dipunpilih menika nemtokaken latar ingkang temtunipun kedah jumbuh kaliyan tema.

Gegayutanipun kaliyan cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, kaandharaken latar papan ing nagari Jenggala (tanah Jawa), nagari Bali saha nagari Parangkencana (nagari sabrang). Ugi kaandharaken latar sosial ingkang jumbuh, inggih menika latar sosial ingkang sifatipun *istanasentris*. Dipunwastani *istanasentris* amargi latar sosial ingkang dipunginakaken menika minangka raja, putranipun raja, patih, emban, abdi, utusan, prajurit saha latar sosial ingkang sanesipun ingkang gegayutan kaliyan keraton. Latar wekdal ingkang kaandharaken kangge nglumantaraken tema menika namung ngginakaken latar

wekdal enjang, dalu saha sonten amargi cariyos menika minangka cariyos rakyat ingkang kalebet cariyos lami.

Ing salebetipun ngandharaken *penokohan* paraga kanthi alur saha lataripun menika temtunipun ngginakaken *sudut pandang* saha lelewaning basa tertemtu. Saingga temtunipun unsur menika boten saged kapisahaken saking paraga, alur, latar, menapa ugi tema cariyos. Amargi menapa ingkang badhe kaandharaken menika lumantar kanthi sudut pandang saha lelewaning basa menika. *Sudut pandang* saha lelewaning basa menika nedahaken ugi ciri khasipun pengarang anggenipun ngandharaken cariyosipun. Wondene cariyos menika kiyambak minangka sarana kangge ngandharaken tema, makna, saha ancasing panulisan cariyos.

Sedaya unsur ingkang wonten ing salebetipun cariyos menika kaiket ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika. Unsur paraga utama menapa ugi paraga tambahan saking nagari Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, Singasari, Parangkencana menapa ugi nagari Bali menika wonten gegayutanipun kaliyan pangrembakanipun cariyos. Mekaten ugi latar ingkang nedahaken latar papan ing nagari Jawa, Parangkencana menapa ugi nagari Bali menika wonten gegayutanipun kaliyan lelampahanipun cariyos. Latar papanipun saha latar sosialipun menika ugi jumbuh kaliyan isinipun cariyos ingkang nggambaraken lelampahanipun gesang Raden Panji Inukertapati saha paraga-paraga sanesipun. Anggenipun ngandharaken menapa ingkang dipunalami dening paraga menika temtunipun kanthi ngginakaken *sudut pandang* saha lelewaning basa tertemtu.

Saking bagan 2 menika saged dipunmangertosi bilih wonten gegayutan ingkang sifatipun timbal balik antawisipun paraga kaliyan tema. Paraga menika ingkang nindakaken sedaya perkawis menapa ugi prastawa jumbuh kaliyan tema, wondene tema menika ugi nedahaken menapa ingkang dipunalami dening para paraga ingkang wonten ing salebetipun cariyos menika. ing salebetipun ngandharaken tema, menapa ingkang dipuntumindakaken paraga menika kaandharaken ing salebetipun alur/ *plot* kanthi sedaya latar, *sudut pandang* saha lelewaning basa ingkang dipunginakaken dening pengarang.

Paraga cariyos, mliginipun paraga utama menika minangka pelaku menapa ugi *penderita* ing salebetipun cariyos. Wondene paraga tambahan menika nglengkapi saha ndhukung kedadosan saha lelampahaning cariyos ingkang dipunalami dening para paraga utama. Kados ingkang sampun dipunmangertosi bilih paraga utama ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika Dewi Candrakirana, Raden Panji Inukertapati utawi Raden Panji Asmarabangun saha Dewi Nawangwulan. Paraga menika nemtokaken lelampahaning cariyos kanthi dipunsengkuyung wontenipun paraga ingkang sanesipun. *Konflik-konflik* ingkang kedadosan menika boten saged kapisahaken saking wontenipun para paraga tambahan. Kanthi wontenipun paraga Dewi Nawangwulan ingkang mothah kepengin kadhaupaken kaliyan Raden Panji Inukertapati menika minangka mula buka saking wontenipun *konflik* utama cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika. Paraga tambahan sanesipun, kadosta paraga Prabu Basunanda menika ugi minangka paraga ingkang mangaribawani sanget tumrap *konflik* ingkang kedadosan. Kanthi wontenipun Prabu Basunanda

menika *konflik* menika nuwuhaken perkawis ingkang njalari perkawis-perkawis ingkang sanesipun. Paraga Dewi Ragilkuning nalika dados Patih Jayengtilam menika samangke nggawataken *konflik* antawisipun paraga utama ing salebetipun paparangan.

Tema ingkang dipunkajengaken dening pengarang menika saged dipunmangertosi kanthi lumantar para paraga utama menika. Temtunipun boten kanthi langsung nanging kanthi tumindak (*verbal* menapa ugi *nonverbal*), penggalhipun, saha maneka warni perkawis saha kedadosan ingkang dipunalami dening paraga utama. Ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika, paraga Raden Panji Asmarabangun utawi Raden Panji Inukertapati menika minangka paraga utama ingkang kacaroyosaken bilih piyambakipun menika kapisahaken saking Dewi Sekartaji amargi piyambakipun dipundhustha, wonten satunggalipun putri saking nagari ageng ingkang kepengen dados garwanipun Sang Panji.

Latar cariyos ingkang awujud latar papan, latar wekdal menapa ugi latar sosial menika mangaribawani tingkah laku saha penggalhipun para paraga, saingga gegayutan sanget kaliyan tema. Pamilihing latar papan ing cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika kadosta nagari Jenggala, padhepokan Pucangan, padhepokanipun Resi Purwajati, nagari Parangkencana, saha nagari Bali kaliyan latar sosial kadosta raja menapa ugi para putra raja menika nemtokaken lelampahaning cariyos menika. Latar papan menika jumbuh kaliyan isinipun cariyos ingkang nyariyosaken Raden Panji Inukertapati, Dewi Candrakirana, Prabu Lembuamiluhur saha paraga-paraga sanesipun kanthi latar sosial ingkang

sifatipun istanasentris menika. latar wekdal ingkang dipunpilih menika namung kaandharaken kanthi enjing, sonten, menapa ugi dalu menika supados saged langkung dipunmangertosi nyata nalika kacariyosaken.

Latar cariyos menika wonten gegayutanipun kaliyan *plot* utawi alur cariyos. *Plot* menika minangka latar ing pundi satunggalipun perkawis menika kedadosan, kapan anggenipun kedadosan saha kados pundi latar sosial saking paraganipun. Latar papan gegayutan kaliyan *plot* saking cariyos ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika nedahaken prastawa ingkang kedadosan ing nagari Jenggala ing tanah Jawi, padhepokan Pucangan ing Guwa Selamangleng papan pertapanipun Dewi Kilisuci, padhepokanipun Resi Purwajati minangka papan pepanggihan antawisipun Resi Purwajati, Raden Gunungsari saha Dewi Ragilkuning, nagari Parangkencana ingkang asring dipunsebat ing cariyos menika minangka nagari sebrang, saha nagari Bali minangka papan ing pundi pungkasanipun cariyos menika kedadosan. Latar wekdal gegayutan kaliyan alur menika nedahaken lelampahanipun cariyos, urutanipun cariyos. Antawisipun kedadosan ing wekdal enjing, sonten, menapa ugi dalu. Wondene latar sosial gegayutanipun kalia alur menika saged dipunmangertosi kadosta nalika Dewi Candrakirana ingkang saderengipun menika minangka putri satunggali-pun nagari, lajeng amargi miturut aluripun menika nulung raja Bali ngusir wadya bala sewu nagari, lajeng menang, lajeng Dewi Candrakirana ingkang sampun binusanan dados Raden Madubrangta menika dipunangkat dados raja. Lajeng ngengingi kedadosan-kedadosan sanesipun ingkang minangka peranganipun alur menika ugi wonten gegayutanipun kaliyan paraga saha lataripun.

Lelewaning basa ingkang kapanggihaken ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ugi wonten geagyutanipun kaliyan unsur sanesipun. Amargi kanthi lelewaning basa menika pengarang ngandharaken prastawa ingkang kedadosan, kadosta ingkang saged dipunmangertosi saking tabel *data* lelewaning basa kanthi nomer *data* 1 menika nedahaken kedadosan ingkang wonten ing nagari Jenggala kaandharaken kanthi wontenipun lelewaning basa *personifikasi*.

Irah-irahan menika minangka peranganipun cariyos inggang saged nggambaraken isinipun cariyos ingkang dipuncariyosaken. Temtunipun perangan menika kagungan gegayutan ingkang lebet kaliyan sedaya unsur ingkang wonten ing satunggalipun cariyos. Irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* menika wonten gegayutan ingkang lebet kaliyan paraganipun mliginipun paraga Raden Panji Inukertapati saha sedaya perkawis menapa ugi kahanan ingkang dipunadhepi.

Sedaya unsur-unsur ing nginggil menika boten saged dipunpisahaken saking unsur *sudut pandang*. *Sudut pandang* menika gegayutan kaliyan kados pundi pengarang menika ngandharaken paraga, tumindakipun, lataripun, saha maneka warni perkawis ingkang wonten ing salebetipun cariyos menika. supados saged dipuntampi dening para maos. *Sudut pandang dia-an* ingkang dipunginakaken pengarang ing salebetipun cariyos Panji Jayeng Tilam menika nggampilaken pengarang anggenipun nggambaraken menapa ugi ngandharaken paraga saha sedaya kedadosan ingkang dipunalami dening paraga.

Saking sedaya andharan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih antawisipun unsur setunggal kaliyan unsur ingkang sanesipun ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri

Sumirah menika boten saged dipunpisahaken. Satunggaliipun unsur *intrinsik* dipunpangaribawani saha mangaribawani unsur *intrinsik* ingkang sanesipun. Sedaya menika sesambetan mujudaken satunggalipun karya sastra kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam*.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun kalampahaken, mila saged dipunpendhet dudutan. Dudutan menika ing antawisipun kados andharan ing ngandhap menika.

1. Tema ingkang wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika: katresnan antawisipun pria kaliyan wanita ingkang sampun palakrama nanging kapisahaken amargi wonten wanita sanes ingkang tresna kaliyan salah satunggalipun pasangan. Ing pungkasan, kekalihipun menika saged pepanggihan malih. Tema katresnanipun tiyang sepuh marang putranipun, katresnan marang sedherek, katresnan jati ingkang boten kalairaken, saha tema balas dhendham.
2. Alur ingkang dipunginakaken ing cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kalebet *alur* campuran. Amargi sanajan namung saperangan alit, wonten peranganipun cariyos ingkang nedahaken wontenipun *flash back*. *Flash back* menika wigatos sanget amargi gegayutan kaliyan perkawis pokok ngengingi icalipun Raden Panji Inukertapati (Panji Asmarabangun). Kamongka perkawis icalipun Sang Panji menika ingkang dados salah satunggalipun sebab pokok saking cariyos menika. Nanging, umumipun *alur* ingkang dipunginakaken dening pengarang ing salebetipun cariyos menika inggih menika *alur majeng*.

3. Jenis-jenisipun paraga ingkang saged dipunmangertosi saking cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika:
 - a) Miturut *fungsi*-nipun, paraga ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kaperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika paraga *protagonis* saha paraga *antagonis*. Paraga *protagonis* ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* ing antawisipun inggih menika: Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta), Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma), Dewi Kilisuci (Sang Wiku Dewi Kilisuci), Prabu Lembuamiluhur, Patih Kudanawarsa (Patih Nagari Jenggala), Patih Jaksanegara (Patih Nagari Singasari), Patih Jayakacemba (Patih Nagari Ngurawan), Patih Jayasembadra/ Patih Jayabadra (Patih Nagari Kedhiri), nata Kedhiri, nata Ngurawan, nata Singasari, prameswarinipun nata Jenggala (Garwanipun Prabu Lembuamiluhur), garwanipun nata Kedhiri, garwanipun nata Ngurawan, garwanipun nata Singasari, para panakawan sarta para nyai ingkang adatipun sami ndherek nglela-ela sang jabang bayi Panji Laleyan, tiyang sanegari Jenggala, emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilam sacelakipun tilamsarinipun Sang Ratna Sekartaji, Ki Prasanta (Demang Palang), Jawata (ingkang maringi piwarah marang Demang Pulung nalika sampun dipuntundhung saking nagari Bali), Dulit, Dudul, Mantri Kudaantipeya, utusanipunwadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri), Resi Purwajati, Cantrik Manguyu Jejanggan, Hyang Narada, Prabu

Suryalelana, Hyang Pancaresi, Raden Wangsengsari (Raden Sinompradapa), Raden Wirun, Raden Kartala, Raden Andaga, Parekanipun Dewi Purnamasidhi, Pacalang, wadya bala Bali sarta para raja tetelukan ing Bali, prameswarinipun Prabu Suryalelana, Dewi Tejaningrat, Dewi Kencanawungu, Dewi Kumarawati, Ki sebul, Ki Palet, Panji Susastra, Prabu Danurwenda, Prabu Sidapaksa, wadya bala nagari Jenggala, wadya bala nagari Kedhiri, wadya bala nagari Ngurawan, saha wadya bala nagari Singasari. Wondene paraga *antagonis*-ipun ing antawisipun inggih menika: Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), Dewi Ragilkuning (Dewi Onengan), Ki Jarudeh (Demang Pulung), Jawata (ingkang maringi piwarah marang Demang Pulung nalika sampun dipuntundhung saking Nagari Bali), utusanipun wadya bala Bugis (Wadya Bala Parangkencana), raja sewu nagari, Prabu Basunanda, Patih Basukethi, Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi), Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari), Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya), Raden Jajaran (Raden Kudanawratsangka), Prabu Gajaksa, Para Putri Sabrang ing Parangkencana, Kraeng Mabengkok, Kraeng Mabeluk, Dhaeng Malebah, Dhaeng Galebah, Kraeng Galengsong, Prabu Antasura, Prabu Banaputra, Prabu Astradarma, Prabu Hudaka, Prabu Kunteya, Prabu Brajadenta, Prabu Suwarta, Prabu Kaptamandhili, saha wadya bala negari Parangkencana.

- b) Miturut peranipun, paraga ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilammenika* dipunperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika paraga *central* utawi paraga utama saha paraga *periferal* utawi paraga tamabhan.

Ingkang kalebet paraga utama ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika ing antawisipun inggih menika paraga Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta) saha Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), saha paraga utama tambahan Dewi Nawangwulan. Wondene paraga ingkang sanesipun menika kalebet paraga tambahan.

- c) Miturut watakipun, paraga ing salebetipun cariyos rakyat cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika saged dipunperang dados kalih. Ing antawisipun inggih menika paraga prasaja utawi *simple character* saha paraga *bulat* utawi *complex character*. Watakipun sedaya paraga menika kalebet paraga prasaja utawi *simple character* kejawi Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta), Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma), saha Ki Jarudeh (Demang Pulung). Wondene wonten saperangan paraga ingkang boten saged dipunsebataken kalebet jenis menapa amargi boten saged dipunmangertosi cetha menapa watakipun. Paraga menika namung dipunsebataken mekaten kemawon ing salebetipun cariyos tanpa wonten andharan ingkang nedahaken watakipun.
- d) Miturut *kriteria* paraga menika *berkembang* menapa boten, paraga ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kaperang dados paraga *statis* saha paraga *berkembang*. Ingkang kalebet paraga paraga *berkembang* ing antawisipun inggih menika Dewi Candrakirana (Raden Klana

Madubrangta/ Prabu Madubrangta), Dewi Ragilkuning (Raden Klana Madukusuma/ Patih Jayengtilam), Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun), saha Raden Gunungsari (Raden Malayakusuma). Paraga ingkang sanesipun menika kalebet paraga *statis*. Wondene wonten saperangan paraga ingkang boten saged dipunsebataken kalebet jenis menapa amargi boten saged dipunmangertosi cetha menapa watakipun. Paraga menika namung dipunsebataken mekaten kemawon ing salebetipun cariyos tanpa wonten andharan ingkang nedahaken watakipun.

- e) Miturut *kemungkinan pencerminan* paragaing salebetipun cariyos kaliyan manungsa ing gesang ingkang sejatosipun, paraga kaperang dados paraga *tipikal* saha paraga *netral*. Wonten ing salebetipun cariyos rakyat kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* menika boten kapanggihaken paraga *tipikal*, sedaya paraga ingkang wonten ing salebetipun cariyos menika minangka paraga *netral*.
4. *Penokohan* para paraga ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* ing antawisipun kados ing ngandhap menika.
 - 1) Dewi Candrakirana (Raden Klana Madubrangta/ Prabu Madubrangta) menika kagambaraken kagungan watak ing antawisipun inggih menika nengenaken katresnanipun, *inisiatif*, waspada, kendel, *egois*, boten kersa kawon, *emosional*, *religius*, nengenaken kemenangan, *empatik*.
 - 2) Dewi Ragilkuning (Raden Madukusuma/ Patih Jayengtilam) menika kagambaraken kagungan watak cepet tanggap, nengenaken katresnanipun,

rasional, cubriya, lantip, nekat, kendel, teteg tekatipun, tabah, saha boten kersa kawon.

- 3) Raden Panji Inukertapati (Raden Panji Asmarabangun) menika kagambaraken kagungan watak gampil lilih penggalhipun, jembar pangaksaminipun, *religius*, *emosional*, kejem, *egois*, angkuh, tegelan, saha nengenaken kemenangan.
- 4) Raden Gunungsari menika kagambaraken kagungan watak *egois*, *emosional*, ajrih nglairaken katresnanipun, remen mbebeda, nengenaken katresnanipun, saha waspada.
- 5) Dewi Kilisuci menika kagambaraken kagungan watak wicaksana, sadhar marang kuwajibanipun, *empatik*, andhap asor, saha *religius*.
- 6) Prabu Lembuamiluhur menika kagambaraken kagungan watak loma, *korektif* marang piyambakipun, tresna marang wayah, boten sabaran, sopan santun, *inisiatif*, saha lantip.
- 7) Nata Kedhiri menika kagambaraken kagungan watak patuh saha sopan santun.
- 8) Nata Ngurawan menika kagambaraken kagungan watak patuh saha sopan santun.
- 9) Nata Singasari menika kagambaraken kagungan watak patuh saha sopan santun.
- 10) Patih Kudanawarsa menika kagambaraken kagungan watak ing antawisipun inggih menika sabar, *emosional*, sahawicaksana.
- 11) Patih Jaksanegara menika kagambaraken kagungan watak *kritis*.

- 12) Prameswarinipun nata Jenggala (garwanipun Prabu Lembuamiluhur) menika kagambaraken kagungan watak *emosional*.
- 13) Garwanipun nata Kedhiri menika kagambaraken kagungan watak *emosional* saha *empatik*.
- 14) Garwanipun nata Ngurawan menika kagambaraken kagungan watak *emosional* saha *empatik*.
- 15) Garwanipun nata Singasari menika kagambaraken kagungan watak *emosional* saha *empatik*.
- 16) Para panakawan sarta para nyai ingkang adatipun sami ndherek nglela-ela sang jabang bayi Panji Laleyan menika kagambaraken kagungan watak *empatik*.
- 17) Tiyang sanegari Jenggala menika kagambaraken kagungan watak *empatik*.
- 18) Emban cethi parekaningkang saben dintenipun tilam sacelakipun tilam sarinipun sang Retna Sekartaji menika kagambaraken kagungan watak *kritis*.
- 19) Ki Jarudeh (Demang Pulung) menika kagambaraken kagungan watak *religius*, khianat, gampil *putus asa*, saha licik. Salajengipun watak-watak menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.
- 20) Ki Prasanta (Demang Palang) menika kagambaraken kagungan watak *religius* nanging *egois*.
- 21) Jawata (ingkang maringi piwarah marang Demang Pulung nalika sampun dipuntundhung saking nagari Bali) menika kagambaraken kagungan watak *profokatif*.
- 22) Dulit menika kagambaraken kagungan watak setya setya saha pinter geguyon.

- 23) Dudul menika kagambaraken kagungan watak setya saha pinter geguyon.
- 24) Mantri Kudaantipeya menika kagambaraken kagungan watak *kritis*.
- 25) Utusanipun wadya bala Bugis (wadya bala Parangkencana) menika kagambaraken kagungan watak setya tuhu nanging nepsunan.
- 26) Utusanipun wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri) menika kagambaraken kagungan watak kejem.
- 27) Resi Purwajatimenika kagambaraken kagungan watak ngormati tamu, andhap asor, *religius* saha wicaksana.
- 28) Cantrik Manguyu Jejanggan menika kagambaraken kagungan watak patuh.
- 29) Hyang Narada menika kagambaraken kagungan watak patuh.
- 30) Raja Sewu nagari menika kagambaraken kagungan watak *egois*, kejem sarta *emosional*.
- 31) Prabu Suryalelana menika kagambaraken kagungan watak *religius* saha boten kersa nampi ingkang sanes hakipun.
- 32) Hyang Pancaresi menika kagambaraken kagungan watak ngertos maturnuwun.
- 33) Raden Wangsengsari menika kagambaraken kagungan watak *emosional*.
- 34) Raden Wirun menika kagambaraken kagungan watak waspada, *religius*, tanggel jawab, saha sopan santun.
- 35) Raden Kartala menika kagambaraken kagungan watak tanggel jawab.
- 36) Raden Andaga menika kagambaraken kagungan watak tanggel jawab.

- 37) Prabu Basunanda menika kagambaraken kagungan watak tresna marang putra, patuh marang tata krama, adigung (ngunggulaken kaluhuranipun), *antisipatif*, gumunan, kirang waspada, sarta kersa ngakeni klentunipun.
- 38) Patih Basukethi menika kagambaraken kagungan watak ngajeni rajanipun.
- 39) Dewi Nawangwulan (Dewi Nawangsasi) menika kagambaraken kagungan watak ingkang *emosional*, nengenaken katresnanipun, patuh, pangerten, saha kendel.
- 40) Dewi Purnamasidhi (Dewi Nawangsari) menika kagambaraken kagungan watak *emosional*.
- 41) Raden Gagatan (Raden Panji Kudanawarsaya) menika kagambaraken kagungan watak patuh.
- 42) Raden Jajaran(Raden Panji Kudanawratsangka) menika kagambaraken kagungan watak patuh.
- 43) Parekanipun Dewi Purnamasidhi menika kagambaraken kagungan watak patuh.
- 44) Pacalang menika kagambaraken kagungan watak *inisiatif*.
- 45) Wadya bala Bali sarta para Raja tetelukan ing Bali menika kagambaraken kagungan watak ngurmati mungsuh.
- 46) Prabu Gajaksa menika kagambaraken kagungan watak *emosional*.
- 47) Dewi Tejaningrat menika kagambaraken kagungan watak *emosional*.
- 48) Dewi Kencanawungu menika kagambaraken kagungan watak *empatik*, *inisiatif* saha lantip.

- 49) Para putri sabrang ing Parangkencana menika kagambaraken kagungan watak kendel saha *profokatif*.
- 50) Dewi Kumarawati saha para putri saking Bali menika kagambaraken kagungan watak kendel saha *profokatif*.
5. Latar ingkang dipunginakaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika kaperang dados latar papan, latar sosial saha latar wekdal. Latar papan ingkang wonten ing salebetipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika nagari Jenggala, Padhepokan Pucangan ing Gunung Selamangleng, Nagari Purwakencana (Parangkencana), tanah Jawi, saha Padhepokanipun Resi Purwajati. Latar sosialipun ing antawisipun inggih menika latar sosial minangka wayahipun raja, raja, prameswari, wiku putri, putraning raja, resi, prajurit, patih, emban/parekan cantrik, abdi saha mantri. Latar wekdal ingkang kapanggihaken ing antawisipun inggih menika wayah dalu, wayah enjing, saha wayah sonten.
6. *Sudut pandang* ingkang dipunginakaken dening pengarang ing salebetipun nyariyosaken cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika inggih menika *sudut pandangdiaan-mahatahu*.
7. Lelewaning basa bandhingan ingkang kapanggihaken ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* menika ing antawisipun inggih menika lelewaning basa *simile, metafora, personifikasi, pleonasme, perifrasis*, saha *prolepsis*.
8. Cariyos menika dipunsukani irah-irahan *Panji Jayeng Tilam* amargi tegesipun “jaya ing tilam”, “begja ing pasarean”, perkawis ingkang jumbuh kaliyan isinipun cariyos *Panji Jayeng Tilam* menika. Cariyos *Panji Jayeng Tilam*

anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika nyariyosaken Raden Panji Inukertapati utawi Raden panji Asmarabangun ingkang gadhah garwa kathah sanget, ingkang minangka garwa padmi menika putranipun nata Jenggala wondene sanesipun menika minangka selir. Gegayutan kaliyan tema cariyos, kabegjananipun menika katambahan malih nalika Raden Panji Inukertapati dipundhustha amargi wonten putri saking nagari Parangkencana ingkang tresna marang piyambakipun lajeng kepengin dipunpendhet mianangka garwanipun. Wasana Sang Panji dhaup kaliyan putrinipun nata nagari Parangkencana menika, nagari ageng saha wiyar jajahanipun. Putri ingkang nyuwun dipunpendhet garwa menika kiyambak warnanipun ayu linangkung.

9. Antawisipun unsur setunggal kaliyan unsur ingkang sanesipun ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika boten saged dipunpisahaken. Satunggaliipun unsur *intrinsik* dipunpangaribawani saha mangaribawani unsur *intrinsik* ingkang sanesipun. Sedaya menika sesambetan mujudaken satunggalipun karya sastra kanthi irah-irahan *Panji Jayeng Tilam*.

B. Pamrayogi

Panaliten cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika taksih winates namung naliti unsur-unsur intrinsik saha gegayutan antawisipun unsur-unsur *intrinsik* menika. Pamrayogi kangge panaliten salajengipun tumrap cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah supados naliti babagan sanesipun ingkang langkung jangkep malih. Cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah menika

taksih wonten maneka warni kemungkinan perkawis ingkang saged dipuntaliti. Panaliti salajengipun saged nindakaken panaliten kanthi *aspek* sanesipun kangge dipuntaliti, unsur-unsur *ekstrinsik* cariyos menika menapa ugi naliti tetandhingan antawisipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilamanggitanipun Ignatia Sri Sumirah* kaliyan cariyos Panji Jayeng Tilam anggitanipun pengarang ingkang sanesipun.

C. Implikasi

Panaliten menika kaajab saged murakabi tumrapipun para maos sarana kangge mangertosi bab sastra. Kejawi menika, panaliten menika saged dipunginakaken minangka salah satunggalipun referensi kangge mahasiswa ingkang badhe ngawontenaken panaliten ingkang sami utawi badhe nindakaken panaliten ingkang salajengipun, naliti satunggalipun cariyos rakyat kanthi ngginakaken *pendekatanstrukturalis* menapa ugi *pendekatan* sanesipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika. Panaliten menika ugi saged paring pangretosan dhumateng para maos ngengingi unsur-unsur *intrinsik* saha gegayutan antawisipun unsur-unsur *intrinsik* saking cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilamanggitanipun Ignatia Sri Sumirah* menika.

KAPUSTAKAN

- Departemen Pendidikan Nasional. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Pusat Bahasa Edisi Keempat*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Minderop, Albertin. 2005. *Metode Karakterisasi Telaah Fiksi*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjahmada University Press.
- Padmopuspito, Asia. 1980. *Analisis Struktural Novel-Novel Jawa*. Yogyakarta: Fakultas Keguruan Sastra Seni Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan Yogyakarta.
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J. B. Wolters Uitgevers Maatschappij N. V.
- Pradopo, Rachmat Djaka. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Pradopo, Rachmat Djaka. 2011. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Priyatni, Endah Tri. 2010. *Membaca Sastra Dengan Ancangan Literasi Kritis*. Jakarta: Bumi Aksara
- Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.15*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.16*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.18*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.19*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.20*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.21*. Yogyakarta: Djaka Lodang.

- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.22*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.23*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.24*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.25*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.26*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.27*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.28*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.29*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Sumirah, Ignatia Tri. 2009. *Crita Rakyat Panji Jayeng Tilam No.30*. Yogyakarta: Djaka Lodang.
- Widayat, Afendy. 2005. *Pengantar Pengkajian Sastra*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Tarigan, Henry Guntur. *Pengajaran Gaya Bahasa*. Bandung: Angkasa.

**Tabel 7. Lampiran *Penokohan* ingkang wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah
Tabel Salajengipun**

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
1	Dewi Kilisuci	Wicaksana	<i>Senajan putri nanging jumeneng Wiku peparab sang Dewi Kilisuci, utawa kasebut sang Wiku Putri. Anggone mertapa ana kono banget anggentur, mula nganti kaparingan kawicaksanan kang linuwih dening Bathara.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 15 kaca 2</i>	Dewi Kilisuci menika anggenipun mertapa anggentur sanget ngantos kaparingan kawicaksanan ingkang linangkung.
2	Prabu Lembuamiluhur	Loma	<i>Mesthi wae miyose wayah iya putrane Raden Panji Inukertapati iki gawe suka renane sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari. Mula saking suka renane penggalih banjur nganakake pahargyan gedhen-gedhenan. Ing alun-alun dianakake kaya pasar malem, dianani tontonan warna-warna. Ana tontonan wayanguwong, ana kethoprak lan liya-liyane, kabeh iku kanggo gawe senenge para kawula ing negara Jenggala. Para kawula dikaperangake padha kasukan nganti nutug manut kasenengane dhewe-dhewe. Kang seneng nonton wayang utawa kethoprak padha dibebasake ora dikenani mbayar utawa ngetokake dhuwit.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 15 kaca 2</i>	Miyosipun wayah putranipun Panji Inukertapati menika damel suka renanipun sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari. Saingga dipunwontenaken pahargyan ageng-agengan. Ing alun-alun dipunwontenaken kados pasar malem, dipunwontenaken tontonan warni-warni. Wonten tontonan wayangwong, kethoprak, saha sanes-sanesipun. Sedaya menika kangge damel sukaning para kawula ing nagari Jenggala. Para kawulan dipunkeparengaken sami kasukan ngantos nutug miturut karemenanipun piyambak-piyambak. Sedaya menika tanpa mbayar awit sampun dados kersanipun sang Prabu Lembuamiluhur
3	Prabu Lembuamiluhur	Korektif marang piyambakipun	<i>Sang Prabu Lembuamiluhur banjur nimbali rekyana Patih Kudanawarsa. Bareng wis sowan ana ngarsane, sang Prabu ngandika, “Kakang</i>	<i>Djaka Lodang, No. 15</i>	Sang Prabu menika nimbali Patih Kudanawarsa . Sareng sampun sowan ingarsanipun, sang Prabu

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>Patih, miyose wayahku iki harak wis ana selapan dina malah kepara luwih. Nanging Kakangmbok Wiku kok durung ana rawuh iki ana apa? Wis daktaliti rasane kaya aku ora darbe kaluputan marang Kakangbok Dewi nanging kok nganti dina iki Kakangbok ing Pucangan kok durung kersa rawuh, iki kang dadekake kurang kepenake penggalihku, kakang Patih.”</i>	kaca 2	ngendika bilih sanajan sampun selapan dinten malah kepara langkung. Nanging Dewi Kilisuci dereng rawuh. Prabu Lembuamiluhur menika sampun naliti nanging kadosipun piyambakipun menika boten gadhah klentu ingkang ndadosaken sang Dewi menika dereng kersa rawuh. Perkawis menika ingkang ndadosaken kirang sekecanipun penggalhipun sang Prabu.
4	Prabu Lembuamiluhur	Tresna marang wayah	<i>“Nanging iki wis luwih saka selapan dina laire si jabang bayi putrane kaki Panji, nanging Kakangmbok kok durung rawuh menyang negara. Mula sira dakutus menyang Padhepokan Pucangan iya gunung Selamangleng, sowan Kakangmbok Dewi, aturana rawuh menyang negara Jenggala perlu paring berkah wayahku iya si jabang bayi iya si Panji Laleyan.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 15 kaca 2	Sang Prabu Lembuamiluhur dhawuh marang Patih Kudanawarsa supados sowan ingarsanipun Dewi Kilisuci, ngaturaken supados enggal rawuh ing nagari Jenggala saperlu suka berkah marang wayahipun, Panji Laleyan.
5	Patih Kudanawarsa	Sabar	<i>Satekane ing padhepokan Pucangan ki Patih ora bisa terus sowan sang Wiku putri Dewi Kilisuci, sebab nalika iki sang wiku lagi mangsah semedi. Bareng wis katon sang Wiku putri wis lenggah ing pacrabakan, ki Patih enggal maju sowan.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 15 kaca 49	Sasampunipun dugi ing Pucangan ki Patih boten saged langsung sowan marang Wiku Dewi Kilisuci amargi nalika semanten sang Wiku nembe semedi. Sareng sang Wiku sampun katingal lenggah ing pacrabakan, ki Patih enggal sowan ingarsanipun Sang

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					Wiku.
6	Dewi Kilisuci	Sadhar marang kuwajibanipun	<i>“Ooo yatalah Patih. Sajatine upama ora ditimbali aku iya mesthi sowan, jer aku iki sanajan ana ing gunung nanging iya isih kawisesa ing ratu, dadi aku iki iya duwe kewajiban kudu sowan ing ngarsane Yayi Prabu. Nanging anggonku durung sowan iku jalaran ana dina wengi kepungkur aku antuk pasupenan kang gawe kuwatiring penggalihku, Patih.”</i>	Djaka Lodang, No. 15 kaca 49	Dewi Kilisuci ngandharaken bilih sanajan piyambakipun menika wonten ing wukir, nanging sejatosipun piyambakipun menika taksih kawisesa ing ratu, piyambakipun sadhar bilih gadhah kewajiban sowan ingarsanipun Prabu. Anggenipun dereng sowan menika amargi kiyambakipun angsal pasupenan ingkang damel kuwatos penggalhipun.
7	Prabu Basunanda	Tresna marang putra	<i>Sawise iku Sang Prabu ngandika, “Kakang Patih Banakesthi. Wis sawetara dina aku ginubel ing putraku Putri Nini Nawangwulan kang mothah nyuwun kadhaupake kalayan satriya Jawa kang kekasih Raden Panji. Mula saka karsaku pamothahe nini Nawangwulan iki iya bakal dakleksanani, awit wis dadi lumrahe yen anak polah bapa iya kudu pradhah.”</i>	Djaka Lodang, No. 16 kaca 2	Sang Prabu Basunanda ngaturaken marang Patih Banakesthi bilih piyambakipun menika sampun sawetawis dinten ginubel panyuwunanipun putranipun putri Dewi Nawangwulan ingkang nyuwun kadhaupaken kaliyan satriya Jawa ingkang kekasih Raden Panji. Saking kersanipun Sang Prabu, piyambakipun badhe ngleksanani panyuwunanipun sang Dewi Nawangwulan. awit sampun dados limrahipun menawi anak polah bapa kapradah.
8	Prabu Basunanda	Tresna marang putra	<i>“Bener aturmu Patih, mula saka kersaku aku nedya tindak menyang negara Jenggala saperlu aku arep nyolong satriya kang dadi</i>	Djaka Lodang, No. 16	Sang Prabu Basunanda Badhe nedya tindak nagari Jenggala saperlu andhustha satriya ingkang

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>impene nini Nawangwulan.....”</i>	kaca 2	dados pasupenanipun Dewi Nawangwulan.
9	Patih Basukethi	Ngajeni rajanipun	<i>“Pangandikanipun Gusti Prabu menika leres, nanging saking pamanggih kula kados kirang prayogi menawi paduka Gusti sinuhun nindaki andhustha satriya ing tanah Jawi, jer para wadya ing Parangkencana menika boten kekirangan ingkang saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing tanah Jawi menika sampun temtu saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing tanah Jawi menika sampun temtu saged kaleksanan. Sampun namung satriya satunggal, lha mbok inggih sedasa satriya temtu saged kelampahan. Mila saking pamanggih kula boten perlu Paduka Gusti sinuhun nindaki andhustha, cekap paring dhawuh kemawon dhateng wadya bala, Gusti.”</i>	Djaka Lodang, No. 16 kaca 2	Sang Patih Basukethi ngandharaken bilih miturut pamanggihipun kirang prayogi menawi Prabu Basunanda tindak andhustha satriya ing Jenggala, jer para wadyanipun ing Parangkencana menika boten kirang ingkang sekti. Saingga menawi namung andhustha satriya ing Jawa menika temtu temtu saged kaleksanan. Mila saking pamanggihipun Patih Basukethi, boten perlu Prabu Basunanda nindaki andhustha, cekap paring dhawuh marang wadya bala.
10	Prabu Basunanda	Patuh tata krama	<i>“Ora ngono karepku kakang Patih, iki urusan keraton. Satriya iku putrane ratu agung, dadi upama dicolong kang nyolong iku iya kudu ratu, iki netepi tata kramaning keraton, kakang patih. Mula kudu aku kang tumindak.”</i>	Djaka Lodang, No. 16 kaca 2	Nalika dipunpambengi dening Patih Basukethi supados boten nindakaki andhustha satriya Jenggala, sang Prabu boten sarujuk. Miturut pamanggihipun sang Prabu, perkawis menika minangka perkawis kraton. Satriya ingkang badhe dipundhustha menika putranipun nata, saingga kedahipun ingkang andhustha ugi ratu, menika netepi

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					tata kramanipun kraton. Saingga sang Prabu badhe nindaki kiyambak andhustha satriya Jawa menika.
11	Patih Basukethi	Ngajeni marang ratunipun	<i>Krungu pangandikane sang prabu kaya ngono ki Patih Banakesthi ngrumangsani yen anggone matur mau luput, mula banjur mung meneng wae, mung ngrungokake apa kang dadi pangandikane sang Prabu Basunanda.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 16 kaca 2</i>	Mireng pangandikanipun Sang Prabu ngengingi tata kramaning kraton gegayutan kaliyan anggenipun badhe andhustha satriya Jawa, Ki Patih Banakesthi lajeng ngrumaosi bilih piyambakipun menika klentu, mila lajeng mendel kemawon, namung mirengaken pangandikanipun Prabu Basunanda.
12	Prabu Basunanda	Adigung (ngunggulaken kaluhuranipun)	<i>Sawise sawetara Prabu Basunanda banjur ngandika maneh,” Kakang Patih, sanajan Satriya Jenggala iku dicolong maling, nanging dudu maling sembarangan, sanajan jenenge maling nanging harak ratu gung binathara, dadi ora banget diremehake, Kakang Patih.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 16 kaca 2</i>	Sasampunipun sawetawis wekdal, Prabu Basunanda lajeng matur marang Ki Patih, ngaturaken bilih sanajan satriya Jenggala menika dipundhustha dening maling, nanging malingipun menika sanes maling sembarangan, malingipun menika ratu agung binatara, dados boten banget anggenipun dipunremehaken....
13	Prabu Basunanda	Antisipatif	<i>Sawise sawetara Prabu Basunanda banjur ngandika maneh,” Aku nedya tedhak marang negara Jenggala, aku mundhut wadyaku saka Bugis mung enem wae cacache. Dene wadya Bugis liyane padha pacaka baris</i>	<i>Djaka Lodang, No. 16 kaca 2</i>	Sasampunipun ngandharaken bilih sanajan ingkang andhustha satriya Jenggala menika sanes maling sembarangan, bilih ingkang andhustha menika ratu agung

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>ana sakubenge negara Jenggala kanggo anjaga mbokmenawa ana karepotane olehku dadi maling lan gawe nepsune wadya Jenggala, barise bocah Bugis iku mesthi bisa ngrampung gawe. Sakubenge negara Jenggala jaganen, yen ana pawongan kang liwat mlebu metu negara kudu dibalekake ora kena liwat tapel watese negara Jenggala, yen ana kang ambanda kalani iya dirampung wae.”</i>		binatara saingga boten banget anggenipun dipunremehaken, sang Prabu Basunanda lajeng ngandharaken anggenipun badhe andhustha. Sang Prabu namung badhe mundhut wadya bala Bugis cacahipun enem kemawon. Wondene wadya Bugis ingkang sanesipun kadhawuhan njagi ing sakubengipun nagari Jenggala, mbokmenawi wonten karepotan anggenipun sang Prabu andhustha lajeng ndadosaken nepsunipun wadya Jenggala. barisan wadya Bugis menika temtu saged ngrampung perkawis. Sakubengipun nagari Jenggala kadhawuhan dipunjaga, menawi wonten tiyang ingkang badhe mlebet medal nagari kedah dipunkunduraken boten angsal liwat tapel watesipun nagari Jenggala, menawi wonten ingkang ambanda kalani inggih dipunrampung kemawon.
14	Prabu Basunanda	Gumunan	<i>Sang Prabu banget ngungun lan gumun mirsani asrining kedhaton, mangka iku lagi kasatriyan, mendah iba yen punjering kedhaton kang mesthio dadi dununge Prabu Lembuamiluhur mesthi luwih asri tinimbang ing</i>	Lodang, No. 16 kaca 52	Sang Prabu menika gumun pirsas asrinipun kasatriyan kadhaton Jenggala. kamangka menika taksih kasatriyanipun, mendah punjeripun kedhaton ingkang

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>kasatriyan.</i>		mesthi dados papan dunungipun Prabu Lembuamiluhur, mesthi langkung asri tinimbang kasatriyanipun.
15	Prabu Basunanda	Gumunan	<i>Sang Prabu gumun dene papan panggonane para satriya becike kaya kahyangane para Jawata.</i>	Lodang, No. 16 kaca 67	Sang prabu Basunanda gumun miyarsa papan panggenanipun para satriya ing kedhaton Jenggala menika becikipun kados kahyangan.
16	Prabu Basunanda	Gumunan	<i>Sang Prabu Basunanda gumun ngungun dene ing pasareyane iku kang katon mung Raden Panji lan ingkang garwa Retna Condokirana kang anyandhing jabang bayi.</i>	Lodang, No. 16 kaca 67	Sasampunipun manggihaken papan pasareyanipun sang Panji, sang prabu Basunanda gumun miyarsa dene ing pasareyan menika namung katingal Raden Panji kalayan garwanipun sang Retna Condokirana ingkang anyandhing putranipun.
17	Prabu Basunanda	Kirang waspada	<i>Tanpa sraba-sraba sang Prabu Basunanda enggal nyaketi raden Panji kang lagi sare kepati, niyate sang prabu banjur enggal arsa den bopong kabopong mesat ing gegana, nanging saiba kagete sang Prabu Basunanda durung nganti bisa nyandhak sarirane raden Panji sang Prabu wis dhawah kantaka.</i>	Lodang, No. 16 kaca 67	Tanpa gineman sang Prabu enggal nyakethi raden Panji ingkang sare kepati, niyatipun badhe langsung dipunbopong lajeng mesat ing gegana. Nanging saiba kagetipun nalika sang Prabu dhawah kantaka saderengipun saged nyandhak sariranipun Raden Panji.
18	Dewi Candrakirana	Emosional (nengenaken katresnanipun)	<i>Sang kusumaning ayu Dewi Candrakirana kaget dene byar wungu ingkang garwa raden Panji kok ora ana, sang Dewi anduga ingkang raka sang Panji mesthi murca saka praja. Sekala penggalihe sang Dewi bingung nyipta murcane</i>	Lodang, No. 16 kaca 67	Dewi Candrakirana kagayat nalika wungu boten manggihaken Raden Panji, lajeng anduga bilih sang Panji menika murca saking praja amargi nawung duka. Saking

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>sang Panji jalaran nawung duka. Saking judheging penggalih sang Dewi Sekartaji sigra narik patreme kersane arsa suduk sarira, jalaran rumangsa datan bisa tinilar ingkang raka.</i>		judhekipun penggalih, Dewi Sekartaji narik patremipun badhe suduk sarira, rumaos boten saged menawi dipuntilar dening Raden Panji.
19	Dewi Ragilkuning	<i>Cepet tanggap</i>	<i>Esuk iku wungu saka anggone sare kaget priksa ingkang raka iya sang Dewi Sekartaji wis ngasta patrem arsa kasudukake ana jajane, sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebut patreme sarwi matur, ”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 18 kaca 2</i>	Enjing, nalika wungu saking anggenipun sare, Dewi Ragilkuning kagyat miyarsa Dewi Sekartaji sampun mbeta patrem badhe kasudukaken ing jajanipun. Sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebat patremipun menika,...
20	Dewi Ragilkuning	Nengenaken katresnanipun, rasional	<i>Esuk iku wungu saka anggone sare kaget priksa ingkang raka iya sang Dewi Sekartaji wis ngasta patrem arsa kasudukake ana jajane, sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebut patreme sarwi matur, “Adhuh Kakang mbok kok kados mekaten? Kula aturi sabar ing penggalih Kakangmbok. Menawi Kakangmbok nedya seda ngayut jiwa, ingkang rayi boten badhe kantun, kedah andherek sedanipun Kakangmbok, nanging kula aturi enget ingkang putra inggih kepenakan kula pun jabang bayi ingkang taksih abrit kados mekaten, menawi ketilar Kakangmbok lajeng sinten ingkang badhe momong, meawi amular badhe anesep lajeng kados pundi? Mila Kakangmbok kula aturi sabar ing penggalih. Kados menapa badhe polahipun pulunan kula pun Panji Laleyan menawi katilar ingkang rama ibunipun</i>	<i>Djaka Lodang, No. 18 kaca 2</i>	Enjing, nalika wungu saking anggenipun sare, Dewi Ragilkuning kagyat miyarsa Dewi Sekartaji sampun mbeta patrem badhe kasudukaken ing jajanipun. Sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebat patremipun menika. lajeng nyuwun pirsia menapa sebabipun Dewi Sekartaji badhe tumindak ingkang kados mekaten. Lajeng Dewi Ragilkuning matur bilih piyambakipun menika badhe ndherek nganyut jiwa, kedah ndherek ingkang raka menika. nanging Dewi Ragilkuning ugi ngaturi Dewi Sekartaji supados enget marang putranipun ingkang taksih bayi. Sinten ingkang badhe

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>ingkang sami boten wonten ingajengipun. Kados pundi menawi pulunan kula Panji Laleyan pitaken ibu sarta ramanipun, Kakangmbok? Mila mangga samenika sami sareh rumiyin, Kakangmbok sampun kasesa anganyut jiwa.””</i>		momong, kados pundi menawi badhe anesep? kados pundi menawi Panji Laleyan pitaken rama ibunipun nanging boten wonten ing sangajengipun? Saingga Dewi Sekartaji kasuwun supados sabar.
21	Para panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela sang jabang bayi	Emosional	<i>Ilange Raden Panji Inukertapati gawe gegere wong sakedhaton. Para panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela sang jabang bayi padha gugup sarwi nangis sesenggukan.</i>	Djaka Lodang, No. 18 kaca 2	Icalipun Raden Panji damel regengipun tiyang sakedhaton Jenggala. Para panakawan saha para nyai ingkang biasanipun sami ndherek nglela-ela sang jabang bayi sami gugup sarwi nangis sesenggukan.
22	Para ari nata (Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari)	Patuh	<i>Para ari papat kang padha jumeneng ratu dhewe-dhewe nalika iku isih padha ana Jenggala, mula bareng katimbangan manjing kedhaton iya enggal padha sowan menyang kedhaton.</i>	Djaka Lodang, No. 18 kaca 2	Para ari nata sekawan nagari ingkang jumeneng kiyambak-kiyambak nalika semanten taksih wonten ing Jenggala, mila lajeng dipuntimbali dening Prabu Basunanda supados enggal sowan ing kedhaton. mila enggal sami sowan ing kedhaton.
23	Prameswari saha para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari	Emosional	<i>Sang prameswari dalasan para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari sapraptane ing jro kedhaton samya muwun kelara-lara, geneya sang Dewi Candrakirana kok nganti arsa suduk sarira jalaran katilar ingkang garwa.</i>	Djaka Lodang, No. 18 kaca 2	Sang prameswari dalasan para garwanipun ratu Kedhiri, Ngurawan saha Singosari sapraptanipun ing lebet kedhaton lajeng sami muwun kesakit-sakit, kenging menapa sang Dewi Candrakirana kok ngantos badhe suduk sarira amargi katilar dening

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					garwanipun
24	Prameswari saha para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari	Emosional, empatik	Garwane ratu papat bebarengan padha marepegi sang Dewi Sekartaji sarwa muwun.	Djaka Lodang, No. 18 kaca 2	Garwanipun ratu sekawan nagari lajeng sami marepegi Dewi Sekartaji sarwi muwun.
25	Prabu Lembuamiluhur dalah para ari nata (Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari)	Sopan santun	<i>Kabeh wadya wis siyaga anggone arep budhal nggoleki. Nanging durung nganti padha budhal kasar rawuhe sang Wiku Putri iya Dewi Kilisuci. Rawuhe sang Wiku putri gawe laganing penggalih sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, kabeh padha caos sembah lan pakurmatan marang sang Wiku putri.</i>	Djaka Lodang, No. 18 kaca 2	Sedaya wadya sampun siyaga anggenipun badhe bidhal ngupadosi Raden Panji, nanging kasar rawhipun sang Wiku Dewi Kilisuci. Rawhipun sang Dewi menika damel leganing penggalhipun sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para ari nata, sedaya tansah sami caos sembah saha pakurmatan dhumateng sang Wiku Putri.
26	Dewi Kilisuci	Empatik	Midhanget ature sang Prabu Lembuamiluhur iku sang Wiku putri uga ngraos keranta-ranta penggalih.	Djaka Lodang, No. 18 kaca 2	Midhanget aturipun Prabu Lembuamiluhur bilih Raden Panji Inukertapati menika ical saking praja Jenggala ndadosaken penggalhipun sang Wiku Putri ugi keranta-ranta.
27	Dewi Kilisuci	Andhap asor	<i>Angandika sang Wiku putri, “Adhuh yayi aji, sepinten daya kula sipating wanita, temtu boten saged nyameni yayi Prabu. Nanging kula sagedipun inggih namung wewarah ingkang kula mangertosi, jer sedaya menika sampun wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi.</i>	Djaka Lodang, No. 18 kaca 51	Nalika dipunsuwuni wewangen ngengingi icalipun sang Panji, Dewi Kilisuci menika ngandika bilih piyambakipun menika minangka wanita, sepinten dayanipun temtu boten saged nyameni Prabu Lembuamiluhur.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					Nanging piyambakipun menika sagedipun inggih namung suka wewarah menapa ingkang piyambakipun mangertosi, amargi sedaya menika wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi.
28	Dewi Kilisuci	Religius	<i>Angandika sang Wiku putri, “Adhuh yayi aji, sepinten daya kula sipating wanita, temtu boten saged nyameni yayi Prabu. Nanging kula sagedipun inggih namung wewarah ingkang kula mangertosi, jer sedaya menika sampun wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi.</i>	Djaka Lodang, No. 18 kaca 51	Nalika dipunsuwuni wewangen ngengingi icalipun sang Panji, Dewi Kilisuci menika ngandika bilih piyambakipun menika minangka wanita, sepinten dayanipun temtu boten saged nyameni Prabu Lembuamiluhur. Nanging piyambakipun menika sagedipun inggih namung suka wewarah menapa ingkang piyambakipun mangertosi, amargi sedaya menika wonten ing gaibipun Bathara ingkang Murbeng Dumadi.
29	Nata Jenggala, Nata Singasari, Nata Ngurawan, saha Nata Kedhiri	Sopan santun	<i>Para rayi papat pisan samya ngaturake panuwun dene sang Wiku wis kersa rawuh ing negara Jenggala.</i>	Djaka Lodang, No. 18 kaca 51	Para rayi sekawan nagari sami ngaturaken panuwun amargi sang Wiku sampun kersa rawuh ing nagari Jenggala.
30	Tiyang sanagari Jenggala	Empatik	<i>Kacarita nalika iku wong sanegara Jenggala padha ngrasakake susah jalaran ilange Raden Panji Asmarabangun. Kejaba iku kabeh padha melu mikir kepriye supaya Sang Dewi Sekartaji</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 2	Kacariyosaken bilih nalika semanten tiyang sanagari Jenggala sami ngraosaken sisah amargi icalipun Raden Panji

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>enggala bisa lipur penggalihe, bisaa katon rena penggalihe.</i>		Asmarabangun. Kajawi menika, sedaya sami ndherek menggalih kados pundi supados Sang Dewi Sekartaji enggal saged kalipur penggalhipun, saged katingal rena penggalhipun.
31	Dewi Candrakirana	Nengenaken katresnanipun	<i>Nanging pancen angel kanggone Dewi Candrakirana, wong kelangan garwa kang ditresnani mesthi wae arep mbuwang kasusahane iku angel banget. Apa maneh kelangan garwa, selagine kelangan barang wae yen barang mau disenengi banget iya mesthi susah banget.</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 2	Sanajan sampun dipunlelipur nanging Dewi taksih angel anggenipun ngicali sungkawanipun amargi kecalan garwa. Kecalan barang kemawon sisah sanget menapa malih kecalan garwa.
32	Dewi Candrakirana	Nengenaken katresnanipun	<i>Wis ora kurang kang padha paring panglipur marang sang Dewi Sekartaji. Ingkang rama sang nata Jenggala lan para ari nata miwah para prameswari iya wis padha paring panglipur, dalasan para emban cethi parekan iya padha caos panglipur kanthi cara warna-warna, nanging sang Dewi tetep ora bisa kalipur penggalihe.</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 2	Sampun boten kirang ingkang sami panglipur marang Dewi Sekartaji. Ingkang rama sang nata Jenggala saha para ari nata miwah para prameswari inggih sampun sami paring panglipur, dalasan para emban cethi parekan inggih sami caos panglipur kanthi cara warni-warni, nanging sang Dewi tetep boten saged kalipur penggalhipun.
33	Dewi Candrakirana	Inisiatif	<i>Sanajan ing lahir katone wis ilang sungkawane, kersa gegujengan kalayan ingkang rayi Dewi Onengan nanging iku mung laire, sajroning penggalihe isih tetep sungkawa sarta tetep ing penggalihe nedya ngupadi ingkang raka sang Panji samangsa ana wektu</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 2	Sanajan ing lahir katingal sampun ical sungkawanipun , kersa gegujengan kaliyan Dewi Onengan nanging menika namung ing lahiripun. Ing salebeting batos sang Dewi taksih tetep sungkawa

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>kang becik sarta ora kapriksan ing akeh.</i>		sarta ing penggalhipun tetep taksih badhe ngupadosi ingkang raka sang Panji, samangsa wekdal ingkang becik sarta boten kapriksan tiyang kathah.
34	Dewi Kilisuci	Religius	<i>Malah nalika arsa kondur wis paring piweling marang ingkang rayi nata, mbesuk lamun pulunanira sang Panji wis bisa ketemu utawa kondur, sang nata supaya enggal utusan atur uninga marang sang Wiku kang ana ing Guwa Selamangleng, sebab sakundure saka negara Jenggala iku sang Wiku putri nedya mertapa menyang guwa Selamangleng nenedha sihing Bathara kanggo negara Jenggala lan kanggo putra wayah kabeh supaya padha kaparingan widada.</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 2	Nalika badhe kondur, sang Wiku Dewi Kilisuci pesen marang ingkang rayi nata, mbenjang menawi pulunanipun sang Panji sampun saged kepanggih utawi kondur, sang nata supados enggal atur uninga marang sang Wiku ingkang wonten ing Guwa Selamangleng. Sebab, sakunduripun saking nagari Jenggala menika sang Wiku putri badhe mertapa ing Guwa Selamangleng nenedha sihipun Bathara kangge nagari Jenggala saha kangge putra wayah sedaya supados kaparingan kaslametan.
35	Dewi Candrakirana	Inisiatif	<i>Pepuntoning penggalih sang Dewi nedya jengkar saka praja ngulari ingkang raka sang Panji Asmarabangun. Tekad nedya jengkar iki wis mateng temenan mung kari ngenteni wektu kang becik supaya jengkare saka praja aja kongsi kawangsuran dene rama ibu miwah kadang kadeyan sarta para parekan cethi dalasan para panakawan.</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 2	Pepuntonipun penggalih sang Dewi badhe jengkar saking praja madosi ingkang raka Raden Panji Asmarabangun. Tekad anggenipun badhe jengkar menika sampun mateng saestu. Namung kantun negga wekdal ingkang becik supados anggenipun jengkar saking praja menika konangan

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					rama ibu miwah kadang kadeyan sarta para emban cethi dalasan para panakawan.
36	Dewi Ragilkuning	Cubriya	<i>“Lha rak inggih mekaten Kakangmbok, dados manah kula menika radi ayem. Nanging sampun sawetawis dinten menika kula tansah ngimpi, ing rikanipun kados Kakangmbok menika lolos saking praja ngupadosi kakang Panji. Nanging menika namung ngimpi. Kula suwun Kakangmbok sampun ngantos lolos saking negari, inggih Kakangmbok!” ature Dewi Ragilkuning.</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 2	Sampun sawetawis wekdal Dewi Ragilkuning menika nyupena bilih ingkang raka menika nyupena bilih Dewi Sekartaji menika lolos saking praja ngupadosi Raden Panji. nanging menika namung pasupenan. Dewi Ragilkuning lajeng nyuwun supados Dewi Sekartaji sampun ngantos lolos saking nagari.
37	Dewi Candrakirana	Waspada	<i>Iya ing kaanan kaya mengkene iki kang diarep-arep dening sang Dewi Sekartaji. Bareng wis tita ora ana sabawaning janma sang Dewi kanthi alon-alon mijil saka tilamsari nulya anggeblas murca sawise bisa ambuka kori banjur embuh menyang ngendi parane ora ana janma kang weruh.</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 51	Sareng sampun kaliwat boten wonten sabawanipun tiyang, sang Dewi kanthi alon-alon mijil saking tilamsarinipun. Lajeng anggeblas murca sasampunipun saged mbikak lawang, duka dhateng pundi paranipun boten wonten tiyang ingkang miyarsa.
38	Dewi Ragilkuning	Lantip	<i>Wasanane bareng mriksani kori ing butulan pawon pojok lor wetan sang Dewi priksa yen kori kono katon menga malimping sethithik, Dewi Ragilkuning mbatin mesthi Kakangmbok mijile saka kasatriyan liwat kori iki.</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 51	Wasana sareng miyarsa lawang ing butulan pawon pojok ler wetan sang Dewi miyarsa menawi lawangipun menika katingal malimping sekedhik, Dewi Ragilkuning mbatin mesthi Dewi Sekartaji mijilipun saking kasatriyan liwat kori menika.
39	Dewi	Nekad	<i>Tanpa dipenggalih kanthi panjang Dewi</i>	Djaka	Tanpa dipunpenggalih kanthi

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
	Ragilkuning		<i>Ragilkuning kang pancen ora bisa pisah kalayan ingkang raka banjur mijil saka kasatriyan kanthi tekad nedya sumusul lolose sang Dewi Candrakirana, banjur anggeblas nalasak wengi, ora ana pawongan kang nyumurupi tindake sang Dewi.</i>	<i>Lodang, No. 19 kaca 51</i>	panjang, Dewi Ragilkuning ingkang panben boten saged pisah kalayan ingkang raka lajeng mijil saking kasatriyan. Tekadipun badhe sumusul lolosipun Dewi Candrakirana. Lajeng anggeblas nalasak dalu tanpa wonten tiyang ingkang nyumerepi tindakipun sang Dewi.
40	Emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilam sacelakipun tilam sarinipun sang Retna Sekartaji	Kritis	<i>Esuk iku emban cethi parekan kang saben dinane turu ana sacedhake tilam sarine sang Retna Sekartaji padha kaget dene isih isuk kaya ngono kok korining tilam wus menga ngeblak, mangka adat sabene wayah iku sang Dewi Sekartaji durung wungu. Parekan kang pancen kacaket enggal ngungak sajroning tilamsari. Mendah iba kagete parekan iku sumurup sajroning tilamsari suwung, dalasan sang putri Ragilkuning kok iya ora katon, sakala parekan nyipta lamun sang putri sakeloron samya lolos sakan kasatriyan kadhipaten. Geger aloke kang para emban cethi parekan dene gustine wis padha ora katon, banjur enggal atur uninga menyang kedhaton munjuk ingarsane sang Prabu Lembuamiluhur.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 19 kaca 51</i>	Enjingipun emban cethi parekan ingkang saben dintenipun tilam wonten ing sacelakipun tilam sarinipun sang Retna Sekartaji sami kagayat dene taksik enjing nanging lawangipun tilam sampun ngeblak, mangka adat sabene pin wayah enjing kados mekaten menika sang Dewi Sekartaji dereng wungu. Parekan ingkang pancen kacaket enggal ningali ing salebetipun tilam sari. Mendah iba kejutipun parekan menika sumerep ing salebetipun tilamsari suwung, Dewi Ragilkuning ugi boten katingal. Sakala para parekan sami nyipta bilih putri kekalih menika sami lolos saking kasatriyan kadhipaten. Geger alokipun para parekan dene gustinipun sampun sami boten

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					katingal, lajeng enggal atur uninga ing kedhaton munjuk ingarsanipun Prabu Lembuamiluhur.
41	Prameswari garwanipun Prabu Lembuamiluhur	Emosional	<i>Sang Prameswari muwun kelara-lara sarwi tebah jaja saking banget sungkawane dene ingkang putra loro yaiku Dewi Sekartaji lan Dewi Ragilkuning kok padha murca lolos saka praja tanpa pepoyan....</i>	Djaka Lodang, No. 19 kaca 51	Sang prameswari muwun kesakit-sakit sarwi tebah jaja saking sanget anggenipun sungkawa. Dene ingkang putra kekalih inggih menika Dewi sekartaji saha Dewi Ragilkuning kok sami lolos saking praja tanpa pepoyan.
42	Dewi Candrakirana saha Dewi Ragilkuning	Kendel	<i>Sang Prameswari muwun kelara-lara sarwi tebah jaja saking banget sungkawane dene ingkang putra loro yaiku Dewi Sekartaji lan Dewi Ragilkuning kok padha murca lolos saka praja tanpa pepoyan....</i>	Djaka Lodang, No. 20 kaca 2	Sang prameswari muwun kesakit-sakit sarwi tebah jaja saking sanget anggenipun sungkawa. Dene ingkang putra kekalih inggih menika Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning kok sami lolos saking praja tanpa pepoyan.
43	Rayi nata Kedhiri, Ngurawan, lan Singasari	Patuh	<i>Sang Prabu banjur nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, lan Singasari supaya padha enggal manjing kedhaton. Ora suwe para rayi nata iya enggal padha sowan sakaliyan kalayan para garwane.</i>	Djaka Lodang, No. 20 kaca 2	Sareng mangertos bilih Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning sami lolos saking praja, Sang Prabu lajeng nimbali para rayi nata Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari supados enggal sami rawuh ing kedhaton. Boten dangu para rayi nata inggih enggal sami sowan sakaliyan para garwanipun.
44	Prabu Lembuamiluhur	Lantip, inisiatif	<i>“Iya, kabeh aturira iku wis padha bener. Mung saka karsaku wadya bala patang negara iku anggone nglari kaki Panji lan nini sekarone</i>	Djaka Lodang, No. 20	Saking kersanipun sang Prabu Lembuamiluhur, wadya bala sekawan nagari menika

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>aja padha ngumpul, luwih becik padha mencar aja padha anggerombol. Yen kang siji wis antuk sisik melik, banjur aweh kabar marang wadya liyane,” pangandikane nata Jenggala.</i>	kaca 2	anggenipun madosi Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning menika langkung prayogi menawi mencar, ampun sami nggrombol. Menawi ingkang setunggal sampun angsal petunjuk, olajeng suka kabar marang wadya ingkang sanesipun.
45	Prabu Lembuamiluhur	Inisiatif saha lantip	<i>Bareng sagung wadya bala wis padha budhal, sang nata Jenggala ngendika maneh,”Saka panemuku kaya durung cukup lamun mung para wadya bala kang padha nglari ilange kaki Panji lan murcane nini Candrakirana lan nini Ragilkuning, mula becike para putra satriya iku iya padha kadhawuhan melu anggoleki kang ilang lan kang lolos.”</i>	Djaka Lodang, No. 20 kaca 2	Sareng sagung wadya bala sampun sami bidhal, sang nata Jenggala ngendika malih. Sang Prabu dhawuh supados para putra satriya ugi sami ndherek madosi Raden Panji, Dewi Candrakirana saha Dewi Ragilkuning amargi dipunraos dereng cekap menawi ingkang madosi menika namung para wadya bala.
46	Raden Gunungsari	Egois	<i>Raden Gunungsari kang banget sungkawane dene ditinggal sang Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning kang banget ditresnani. Nalika nampa pawarta bab ilange sang Panji penggalihhe ora pati sungkawa, dikabari yen kang raka Dewi Sekartaji lolos iya isih kepenak-kepenak wae, nanging bareng midhanget yen sang Dewi Ragilkuning iya lolos penggalihhe dadi bingung, pepuntone banjur nedya ngupadi lolose sang Kusuma Onengan.</i>	Djaka Lodang, No. 20 kaca 47	Raden Gunungsari ingkang sungkawa sanget dene dipuntilar dening Dewi Onengan, inggih Dewi Ragilkuning ingkang dipuntresnani sanget. Nalika nampi pawarta ngengingi icalipun sang Panji, penggalhipun boten patos sungkawa. Dipunkabari bilih ingkang raka Dewi Sekartaji lolos ugi taksih sekeca-sekeca kemawon. Nanging sareng midhanget bilih Dewi

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					Ragilkuning menika inggih lolos, penggalhipun Raden Gunungsari dados bingung, pepuntonipun lajeng badhe madosi lolosipun Dewi Ragilkuning (sang Kusuma Onengan)
47	Raden Gunungsari	<i>Egois</i>	<i>Bareng para wadya ing barisane kang padha ngulari sang Panji padha kalimpe Raden Gunungsari banjur nilapake misah saka para wadya bala Kedhiri tekade nedya ngupadi woding penggalih iya sang Dewi Ragilkuning</i>	<i>Djaka Lodang, No. 20 kaca 47</i>	Sareng para wadya bala ing barisanipun ingkang madosi sang Panji sami kalimpe, Raden Gunungsari lajeng nilapaken misah saking para wadya bala Kedhiri. Tekadipun badhe madosi tiyang ingkang dipuntresnani, inggih menika sang Dewi Ragilkuning.
48	Raden Gunungsari	<i>Emosional</i>	<i>Raden Gunungsari pancen lagi gandrung marang ingkang raka putri Jenggala Dewi Ragilkuning, mula anggone tindak sok sempoyongan jalaran penggalih rongeh.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 20 kaca 51</i>	Raden Gunungsari pancen nembe gandrung marang Dewi Ragilkuning, mila anggenipun tindak sok sempoyongan amargi penggalhipun rongeh.
49	Resi Purwajati	Ngurmati tamu	<i>Nalika iku sang tapa wis dhawuh marang para cantrik manguyu jejanggan supaya padha reresik sarta nata kabeh supaya katon resik gumrining lan katon asri, sebab ora suwe maneh bakal ana tamu putraning narendra agung.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 21 kaca 2</i>	Nalika semanten, saderengipun Raden Gunungsari rawuh ing padhepokanipun Resi Purwajati, sang Resi sampun mangertos bilih badhe karawuhan tamu putranipun narendra agung. Saingga sang Resi sampun dhawuh marang para cantrik supados cantrik manguyu jejanggan sami reresik sarta nata sedayanipun supados katingal

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					resik gumrining saha asri.
50	Cantrik manguyu jejanggan	Patuh	<i>Para cantrik manguyu jejanggan nampa dhawuhe sang Tapa iya padha enggal nindakake kang dadi kuwajibane, mula ora aneh yen sedhela padhepokan wis katon resik lan asri.</i>	Djaka Lodang, No. 21 kaca 2	Nampi dhawuh saking Resi Purwajati, cantrik Manguyu Jejanggan enggal nindakaken menapa ingkang dados kewajibanipun, mila boten aneh menawi sedhela kemawon padhepokanipun Resi Purwajati sampun katingal resik saha asri.
51	Resi Purwajati	Ngurmati tamu	<i>Sang tapa banjur tindak medhak saka pucuking gunung mapagake tamune kang bakal teka. Bareng Raden Gunungsari lan pandhereke wis tekan ngarep padhepokan nanging isih ana sikiling gunung, sang tapa enggal ngacarani.</i>	Djaka Lodang, No. 21 kaca 2	Sang tapa lajeng tindak medhak saking pucukipun wukir, mapagaken Raden Gunungsari saha pandherekipun. Nalika sampun dumugi ing sangajengipun padhepokan nanging taksih wonten ing sikilipun wukir, sang tapa enggal ngacarani.
52	Resi Purwajati	Andhap asor, religius	<i>Raden Gunungsari ngandika, "Adhuh sang Yogi, senjata boten andangu paduka sang Wiku sampun uninga sadayanipun jer paduka sang Yogi temtu sampun mengku kawaskithan ingkang linangkung."</i> <i>"Inggih leres pangandikanipun, nanging kula senjata kaparingan kawaskithan boten wantun angrumiyini nana kersaning Hyang Widhi Wisesa, tuhu ajrih lamun kenging sesikuning Bathara. Pramila mugi angger kersa ngandika sawajaripun kemawon. Kula nedya nilingaken karna, Angger."</i>	Djaka Lodang, No. 21 kaca 2	Sanajan kaparingan kawaskitan, nanging sang Resi boten wantun ngrumiyini kersanipun Hayng Widhi Wisesa, ajrih menawi kenging dukanipun Bathara. Saingga sang Resi menika tetep nyuwun pirsamarang Raden Panji ngengingi sinten, saking pundi, saha badhe dhateng pundi piyambakipun menika.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
53	Resi Purwajati	Wicaksana	<i>Miyarsa pangandikane Raden Gunungsari, sang Yogi gumuyu banjur ngandika, "O, mekaten angger Wukirsari, dados angger mendra saking negari menika ingkang baku nglari calon ingkang garwa Dewi Ragilkuning. Dados saupami boten kautus ingkang uwa sang nata Jenggala angger Gunungsari harak inggih temtu mendra nglari putri ingkang dados woding penggalih. Mila saking pemanggihipun pun bapa angger wonten riki rumiyin, sebab boten sande sang Dewi temtudumugi riki. Angger saged pepanggihan nanging dereng kadi kepanggih garwa, jer mila dereng dados garwa. Anggenipun dados garwa benjing wonten ing negari Jenggala dipunpangestoni dening para nata miwah prameswari. Mila angger kedah ingkang sabar rumiyin."</i>	<i>Djaka Lodang, No. 21 kaca 2</i>	Sasampunipun midhangetaken andharan saking Raden Gunungsari bilih piyambakipun menika nembe ngupadosi Dewi Onengan, putra nata Jenggala, Resi Purwajati gemujeng sarwi suka wewarah. Sang Resi menika sampun mangertos bilih Raden Gunungsari menika ingkang baken madosi calon garwanipun. Saking pamrayoginipun sang Resi, Raden Gunungsari menika kasuwun nengga ing padhepokanipun Resi Purwajati sebab samangke Dewi Ragilkuning mesthi dumugi ing padhepokan menika. sang Resi ugi ngandharaken bilih Raden Gunungsari kaliyan Dewi Onengan menika dereng saged kapanggih garwa. Anggenipun dados garwa ngenjang ing nagari Jenggala, dipunpangestoni dening para nata miwah prameswari. Raden Gunungsari kaaturan sabar rumiyin.
54	Dulit saha Dudul	Setya	<i>Raden Gunungsari anggatekake apa kang dadi pangandikane sang Resi iya sang Wiku kang wus gentur tapane, banjur nengga ana padhepokan sang Resi Purwajati kongsi sawetara wektu.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 21 kaca 2</i>	Abdinipun Raden Gunungsari ingkang asmanipun Dulit kalayan Dudul menika ugi ndherek nengga ing padhepokanipun Resi

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>Abdine loro iya padha ndherek nunggu ana kono.</i>		Purwajati sareng ndaranipun nengga Dewi Ragilukuning ing padhepokanipun sang Resi menika.
55	Mantri Kudaantipeya	Kritis	<i>Mantri iku jenenge Kudaantipeya. Mantri iki mentas wae anggane nglanglang alas niti priksa kaanane alas, dumadakan saka kadohan katon ana barisane wadya bala, mula banjur lumayu bali nedya atur uninga marang para patih papat kang nalika iku isih padha rembugan. Patih Kudanawarsa andhisiki pitakon, "Mantri, sajake mentas mlayu-mlayu iku ana apa? Apa ana macan kang ngamuk utawa gajah meta?"</i> <i>"O boten ndara Patih, menawi namung gajah meta utawi sima kula boten ajrih. Nanging kula sumerep saking brang kilen kados wonten barisanipun wadya bala nuju mriki. Wadya bala menika kathah sanget kados tanpa wicalan, nanging tiyangipun menika cetha sanes tiyang tanah Jawi, kados tiyang saking tanah sabrang, katingal bilih badhe magut yuda. Ingkang menika kula namung sumangga para Patih."</i>	Djaka Lodang, No. 21 kaca 49	Ing tlatah wana Jenggala menika wonten mantri ingkang asmanipun Mantri Kudaantipeya. Tugasipun menika niti priksa kahananipun wana ing tlatah Jenggala. nalika mentas naliti priksa kahananipun wana, dumadakan sang Mantri miyarsa saking tebihan menika katingal wonten barisan wadya bala, mila lajeng mlajar atur uninga dhumateng patih sekawan nagari ingkang nalika semanten taksih sami rembagan. Mantri Kudaantipeya menika ngandharaken bilih piyambakipun sumerep saking brang kilen kados wonten barisan wadya bala ingkang nutu ing papanipun ki Patih. Wadya bala menika kathah sanget kados tanpa wicalan. Nanging tiyangipun menika cetha bilih sanes tiyang Jawi, kados tiyang saking tanah sabrang. Katingalipun para wadya ingkang dipunsumerepi menika badhe magut yuda.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
56	Utusanipun wadya bala Bugis (wadya bala Parangkencana)	Setya saha patuh	<i>“Lho, kowe wong Jawa kok prentah aku dikongkon bali iku kliru, kowe ora wenang prentah aku, mula aku sakanca ora bakal bali yen durung ana dhawuhe ratu gustiku. Malah kowe sakancamu padha nyisiha aja ngalangi olehku arep menyang negara Jenggala.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 21 kaca 51</i>	Nalika kaaturan wangsul dening wadya Jenggala, utusanipun wadya Bugis ngandharaken bilih piyambakipun saha para kancanipun boten badhe wangsul menawi dereng wonten dhawuh saking ratu gustinipun. Malah utusanipun wadya Jenggala menika ingkang kaaturan nisih, ampun ngalang-ngalangi anggenipun badhe tindak menyang nagari Jenggala.
57	Utusanipun wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Singasari saha Kedhiri)	Kejem	<i>“Kowe wong Bugis ora gelem lunga saka tlatah tanah Jawa, kelakon dak etheti dadi daging.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 21 kaca 51</i>	Midhanget bilih wadya Bugis menika boten kersa kondur ing nagarinipun, utusanipun wadya sekawan nagari ngaturaken bilih tiyang Bugis menika menawi boten kersa kesah saking tanah Jawa, kelakon badhe dipunetheti dados daging.
58	Patih Kudanawarsa	<i>Emosional</i>	<i>Mulat wadya patang negara katon kaseser yudane, sang Patih Kudanawarsa banget dukane, banjur nedya maju ngawaki magut yuda, nanging den pambengi dening Patih Singasari.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 21 kaca 51</i>	Patih Kudanawarsa duka sanget miyarsa wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) katingal kaseser, lajeng nedya badhe ngawaki magut yuda, nanging dipunpambengi dening Patih Singasari.
59	Patih Jaksanegara	<i>Kritis</i>	<i>Mulat wadya patang negara katon kaseser yudane, sang Patih Kudanawarsa banget</i>	<i>Djaka Lodang,</i>	Patih Kudanawarsa duka sanget miyarsa wadya bala sekawan

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>dukane, banjur nedya maju ngawaki magut yuda, nanging den pambengi dening Patih Singasari, sinikep sariranira Ki Patih Kudanawarsa dening Patih Singasari kalayan matur,”Adhuh ki raka kadiparan, lamun amung magut jurit. Kula sedaya menika harak saweg sami nindakake dhawuh ngupadi Gusti Raden Panji, mangke menawi ki raka ketungkul magut yuda, lajeng kados pundi anggenipun ngulati icalipun gusti Raden Panji? Mangke menawi kadangu dening ingkang sinuhun, kados pundi anggen kula caos wangsulan? Harak namung bingung anggenipun badhe munju, ta Ki Raka?”</i>	No. 21 kaca 51	nagari (Jenggala, Nguram=wan, Kedhiri, saha Singasari) katingal kaseser, lajeng nedya badhe ngawaki magut yuda, nanging dipunpambengi dening Patih Singasari. Patih Singasari Patih Kudanawarsa duka sanget miyarsa wadya bala sekawan nagari (Jenggala, Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari) katingal kaseser, lajeng nedya badhe ngawaki magut yuda, nanging dipunpambengi dening Patih Singasari. Patih Singasari menika ngaturaken kados pundi menawi Patih Kudanawarsa kalah anggenipun magut yuda, lajeng kados pundi anggenipun ngulati Raden Panji. Patih Jaksanegara ngaturaken raos bingungipun menawi samangke dipundangu Prabu Lembuamiluhur. Ingkang baken Patih Jaksanegara menika tansah mambengi Patih Kudanawarsa supados boten sios magut yuda.ngaturaken kados pundi menawi Patih Kudanawarsa kalah anggenipun magut yuda, lajeng kados pundi anggenipun ngulati Raden Panji. Patih

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					Jaksanegara ngaturaken raos bingungipun menawi samangke dipundangu Prabu Lembuamiluhur. Ingkang baken Patih Jaksanegara menika tansah mambengi Patih Kudanawarsa supados boten sios magut yuda.
60	Patih Kudanawarsa	Wicaksana	<i>Dielingake mengkono sanalika Patih Kudanawarsa eling banjur dhawuh supaya perange padha ngunduri, tinimbang ketungkul perang luwih becik nyimpang dalan, banjur padha liwat dalan liya aja nganti ketemu meneh kalayan mungsuh.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 21 kaca 51</i>	Sasampunipun midhangetaken aturipun Patih Jaksanegara, Patih Kudanawarsa dhawuh supados wadya balanipun mundur tinimbang kalah perang. Lajeng dhawuh supados nyimpang mergi, liwat mergi sanes sampun ngantos kepanggih kaliyan mungsuh.
61	Dewi Nawangwulan	Nengenaken katresnanipun	<i>Ingkang rayi Dewi Nawangwulan yaiku Dewi Purnamasidhi uninga ingkang raka banget anggone menggalih marang pasupenane sarirane kongsi dadi kuru. Nalika iku sang Dewi Purnamasidhi uga ana ngarsane caos panglipur marang ingkang raka supaya bisa nglalekake marang pasupenane, nanging senajan den lipura sang Dewi Nawangwulan meksa ora bisa kalipur tansah kami katon satriya Jenggala kang peparab Panji Inukertapati</i>	<i>Djaka Lodang, No. 22 kaca 2</i>	Dewi Nawangwulan menggalihaken pasupenaipun ngengingi Raden Panji kanthi sanget ngantos sariranipun dados kuru. Sanajan sampun dipunlelipur dening Dewi Purnamasidhi nanging Dewi Nawangwulan menika meksa tetep boten saged kalipur. Piyambakipun tansah kamikaton satriya Jenggala ingkang peparab Panji Inukertapati.
62	Dewi Nawangwulan saha Dewi	Patuh	<i>Samana Dewi Nawangwulan kalayan ingkang rayi Dewi Purnamasidhi lagi padha ambal pangandikan banjur katungka tekane emban</i>	<i>Djaka Lodang, No. 22</i>	Sasampunipun wonten emban parekan ingkang ngaturaken Dewi Nawangwulan saha Dewi

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
	Purnamasidhi		<i>parekan kang matur lamun Dewi Nawangwulan katimbangan manjing dhatulaya sowan marak ingkang Rama. Sang Dewi Nawangwulan lan ingkang rayi Dewi Purnamasidhi iya banjur enggal padha sowan seba ingarsane Rama miwah Ibu.</i>	kaca 23	Purnamasidhi supados sowan ingarsanipun rama miwah ibu, putri kekalih menika enggal sami sowan.
63	Prabu Basunanda	<i>Emosional</i>	<i>Sang Prabu angles penggalihe mriksani ingkang putra putri Dewi Nawangwulan kang sarirane angganggang aking kegawa saka anggone menggalih pasupenane. Sang Dewi Nawangwulan sigra rinangkul dening sang nata.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 22 kaca 23</i>	Sang Prabu Basunanda angles penggalihipun nalika miyarsa sariranipun Dewi Nawangwulan dados kuru amargi anggenipun menggalihaken pasupenanipun. Sang Dewi Nawangwulan enggal dipunrangkul dening Prabu Basunanda....
64	Dewi Nawangwulan	<i>Emosional, nengenaken katresnanipun</i>	<i>Sang Dewi Nawangwulan matur wotsari, “.....Dene menawi Sang Putri Kedhiri meksa anampik dhateng pasuwitan kawula, boten kersa nampi kawula dados parekan utawi emban, inggih kawula nedya anganyut jiwa, tanpa guna gesang kawula wonten ing donya.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 22 kaca 51</i>	Dewi Nawangwulan ngaturaken dhumateng Raden Panji bilih menawi Sang Putri Kedhiri boten kersa nampi pasuwitanipun, boten kersa nampi Dewi Nawangwulan dados parekan utawi emban, Dewi Nawangwulan badhe nganyut jiwa, rumaos boten wonten malih ginanipun anggenipun gesang ing donya.
65	Raden Panji Inukertapati	<i>Gampil lilih penggalihipun</i>	<i>Miyarsa ature Sang Dewi Nawangwulan kaya mengkono sang Panji angles penggalihe, ngrasa banget welas marang sang Dewi Nawangwulan, marma astane sang Dewi sigra cinandhak kinen lenggah, sang Panji ngandika alon, “Adhuh Putri kang tuhu ayu linuwih.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 22 kaca 51</i>	Raden Panji Inukertapati angles penggalihipun midhanget aturipun Dewi Nawangwulan ingkang katingal tresna sanget marang piyambakipun. Sang Panji rumaos welas marang sang Dewi

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>Lamun kaya mengkono becik samengko rama ibunira dalah sakadang kadeyanira padha timbalana mreng supaya ngadhep ingarsaku, aku kepingin uninga sapa sejatine sudarma miwah renanira. Dene mbesuk lamun sanyata sudarmanira masrahake sira marengake, sira ora mung dakanggep kadi pawongan utawa parekan, nanging sira dadi garwa minangka sisihane putri Kedhiri. Wis mara enggal timbalana wong atuwana miwah para kadangira tekaa mreng kabeh.”</i>		Nawangwulan lajeng dhawuh supados sang Dewi nimbali rama, ibu, miwah kadang kadeyanipun supados ngadhep ingarsanipun Raden Panji. Menawi ngenjang ramanipun Dewi Nawangwulan menika pancen masrahaken saha marengaken, Dewi Nawangwulan menika badhe kapenhet garwa dening sang Panji.
66	Prabu Basunanda	Kersa ngakeni klentunipun	<i>Nanging sang prabu malah anjelih sarwi matur,” Adhuh gusti titisaning Sang Hyang Wisnu, sayekti kula sanget ajrih nampi sembah paduka,njer paduka menika sang Bathara ingkang pantes sinembah. Mandar kula nyuwun sagunging pangaksami paduka dene kula kamipurun amboyong paduka sarana andhustha paduka kula bekta dhateng praja Parangkencana mriki tanpa nyuwun palilah paduka.....”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 23 kaca 2</i>	Sang Prabu Basunanda nyuwun pangapunten marang Raden Panji amargi piyambakipun menika sampun mboyong Raden Panji kanthi dipundhustha tanpa nyuwun palilahipun Raden Panji.
67	Raden Panji Inukertapati	Pemaaf, religius	<i>Raden Panji mangsuli aris,” Inggih Rama Prabu, sedaya menika sejatosipun mila sampun dados kersaning Jawata. Kula saged dumugi ing negara Parangkencana menika inggih saking kersaning Jawata linangkung. Kepanggih kula kalayan ingkang putri yayi Nawangwulan menika temtu kersaning Bathara, mila kula boten saged nampik pa srananipun Rama Prabu yayi Nawangwulan</i>	<i>Djaka Lodang, No. 23 kaca 2</i>	Midhanget atur pangaksama saking Prabu Basunanda, sang Panji mangsuli bilih sedaya ingkang kadadosan menika sampun dados kersanipun Jawata. Raden Panji saged dumugi ing Parangkencana menika temtu sampun dados kersanipun Jawata. Anggenipun kepanggih kaliyan

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>dhateng kula, temtu inggih kula tampi kanthi asta kekalih.....”</i>		Dewi Nawangwulan menika temtunipun inggih sampun dados kersanipun Bathara, pramila Raden Panji kersa nampi Dewi Nawangwulan....
68	Raden Jajaran saha Raden Gagatan	Patuh	<i>..... Putra sakarone banjur kadhawuhan caos pangabekti ingarsane raden Panji Asmarabangun. Raden Warsaya lan Raden Wratsangka enggal padha caos bekti marang ingkang raka Raden Panji.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 23 kaca 45	Sasampunipun angsal santunan asma Panji saking Raden Panji Inukertapati, Prabu Basunanda dhawuh supados Raden Jajaran saha Raden Gagatan caos sembah pangabekti ingarsanipun Raden Panji. Raden Warsaya utawi Raden Gagatan saha Raden Wratsangka utawi Raden Jajaran enggal sami caos sembah pangabekti.
69	Dewi Ragilkuning	Nengenaken katresnanipun, kendel	<i>.... Dewi Ragilkuning banget tresnane marang ingkang raka Dewi Condrokirana, marma ora bisa pisah. Marma bareng ing praja ingkang raka ora ana, sang Dewi Onengan wis nyipta lamun ingkang Dewi Sekartaji mesthi lolos angulari sang Panji, pepuntoning driya Dewi Onengan nulya sumusul ingkang raka, lolos nedya angulari ing ngendi dununge ingkang raka Dewi Sekartaji. Bawaning wanita nanging putrining nata Jenggala kang tuhu wanter penggalihe, sanajan sangsara dikaya ngapa sang Dewi tetep nerusake anggone tindak embuh menyang ngendi paran kang sinedya, kadi amung anut jangkahing suku. Sanajan</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 23 kaca 45	Dewi Ragilkuning menika tresna sanget marang Dewi Candrakirana, saingga boten saged pisah. Saingga sareng ing praja ingkang raka menika boten kapanggihaken, sang Dewi Onengan sampun nyipta bilih Dewi Sekartaji mesthi lolos badhe madosi Raden Panji. Pepuntonipun manah Dewi Onengan sumusul lolos, badhe madosi wonten ing pundi dunungipun Dewi Sekartaji. Sanajan sangsara kados menapa

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>nelasak wanawasa mudhun jurang munggah gunung sang Dewi tetep anggone tindak....</i>		sang Dewi tetep anggenipun nerasaken lampah tanpa mangertos paran ingkang sinedya. Sanajan nalasak wanawasa, medhak jurang minggah wukir.
70	Dewi Ragilkuning	Lantip	<i>.... Dewi Ragilkuning banget tresnane marang ingkang raka Dewi Condrokirana, marma ora bisa pisah. Marma bareng ing praja ingkang raka ora ana, sang Dewi Onengan wis nyipta lamun ingkang Dewi Sekartaji mesthi lolos angulari sang Panji, pepuntoning driya Dewi Onengan nulya sumusul ingkang raka, lolos nedya angulari ing ngendi dununge ingkang raka Dewi Sekartaji. Bawaning wanita nanging putrining nata Jenggala kang tuhu wanter penggalihe, senajan sangsara dikaya ngapa sang Dewi tetep nerusake anggone tindak embuh menyang ngendi paran kang sinedya, kadi amung anut jangkahing suku. Senajan nelasak wanawasa mudhun jurang munggah gunung sang Dewi tetep anggone tindak....</i>	<i>Djaka Lodang, No. 23 kaca 45</i>	Dewi Ragilkuning menika tresna sanget marang Dewi Candrakirana, saingga boten saged pisah. Saingga sareng ing praja ingkang raka menika boten kapanggihaken, sang Dewi Onengan sampun nyipta bilih Dewi Sekartaji mesthi lolos badhe madosi Raden Panji. Pepuntonipun manah Dewi Onengan sumusul lolos, badhe madosi wonten ing pundi dunungipun Dewi Sekartaji. Sanajan sangsara kados menapa sang Dewi tetep anggenipun nerasaken lampah tanpa mangertos paran ingkang sinedya. Sanajan nalasak wanawasa, medhak jurang minggah wukir.
71	Resi Purwajati	Wicaksana	<i>.... Kang dadi eraming penggalih iku mung sang Resi iku tuhu pandhita kang wicaksana, tansah bisa priksa apa kang arep kelakon, iki katitik saben arep ana tamu sang Resi mesthi dhawuh reresik Padhepokan.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 23 kaca 51</i>	Raden Gunungsari eram penggalhipun. Resi Purwajati menika pandhita ingkang wicaksana, tansah saged mangertos menapa ingkang badhe kadadosan. Bab menika saged

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					dipunmangertosi amargi saben badhe wonten tamu, Resi mesthi dhawuh reresik padhepokan. Rumiya nalika panjenenganipun badhe rawuh, sang Resi ugi kadhawuhan supados reresik.
72	Raden Gunungsari	Ajrih nglairaken katresnanipun	<i>Raden Gunungsari pancen wis suwe anggone kasmaran marang ingkang raka putri Jenggala nanging durung wani nglairake isining penggalih.</i> Mula bareng ana padhepokan raden Gunungsari banjur injen-injen ngintep tamune iya ingkang raka Dewi Onengan.	<i>Djaka Lodang, No. 23 kaca 51</i>	Raden Gunungsari pancen sampun dangu anggenipun kasmaran marang Dewi Ragilkuning nanging dereng wantun nglairaken isinipun penggalih. Mila nalika sang Dewi rawuh ing padhepokanipun Resi Purwajati, Raden Gunungsari namung injen-injen ngintep sang Dewi.
73	Dewi Ragilkuning	Kendel	<i>Dewi Onengan matur sarwi rawat waspa, ature, "Adhuh pakulun sang Maha Resi, waleh menapa kula menika putrining nata Jenggalamanik Sang Prabu Lembuamiluhur. Dene ingkang sudi amastani kula pun Onengan inggih Ragilkuning. Milanipun kula mendra saking praja amung kadereng sisahing manah jalaran kecalan kadang wredha. Satunggal jalaran kecalan kakangmas Panji Asmarabangun, kaping kalih kecalan kakangmbok Sekartaji. Kadang kula kecalih menika sanget kula tresnane, kula boten saged pisah kalayan kakangmas Panji sarta kakangmbok Sekartaji. Mila kula rencangi</i>	<i>Djaka Lodang, No. 23 kaca 51</i>	Dewi Onengan ngaturaken dhumteng Resi Purwajati bilih piyambakipun menika putrining nata Jenggalamanik sang Prabu Lembuamiluhur. Ngandharaken bilih asmanipun menika Onengan utawi Ragilkuning. Anggenipun mendra saking praja badhe madosi kadang ingkang dipuntresnani sanget, inggih menika Raden Panji Asmarabangun saha Dewi Sekartaji. Mila anggenipun madosi raka kecalhipun menika

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>minggah redi tumurun ing jurang mideringrat angelangut njajah negara manjing wanawasa namung kadereng angulati kakangmas Panji sarta kakangmbok Candrakirana.”</i>		kanthi dipunrewangi minggah redi tumurun ing jurang mideringrat angelangut njajah negara manjing wanawasa.
74	Cantrik Ragagati (Raden Gunungsari)	Remen mbebeda	<i>Cantrik ragagati kang sejatine Raden Gunungsari kang banget kasmaran marang sang Dewi sajrone tindak sok jowal-jawil, gawe kagete sang Dewi Onengan,</i>	<i>Djaka Lodang, No. 24 kaca 2</i>	Ing salebetipun nerasaken lampah Cantrik Ragagati ingkang sejatosipun Raden Gunungsari ingkang kasmaran sanget marang Dewi Ragilkuning menika sok jowal-jawil, damel kejutipun sang Dewi Onengan....
75	Wadya bala Bugis	Nepsunan	<i>Dhasar prajurit kang wis suwe padha ora ketemu brayat, krungu wong omong ana putri ayu, banjur pating bedhigas rebut dhucung padha arep nyikep putri ayu kang dikandhakake.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 24 kaca 46</i>	Nalika wonten salah satunggalipun wadya Bugis ingkang ngaturaken bilih piyambakipun sumerep wonten putri ayu ing samadyanipun wana wasa, para wadya Bugis menika sami rebat dhucung badhe nyikep putri ayu menika.
76	Cantrik Ragagati (Raden Gunungsari)	<i>Egois</i> , remen mbebeda	<i>“Ah, kula boten badhe lumawan tiyang Bugis menika Gusti Ayu, kejawi menika Gusti ayu kersa ngakeni kula ethok-ethokipun dados garwa paduka, lan menawi nimbali kula boten kaki tuwa, nanging Kangmas, nekaten Gusti Ayu.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 24 kaca 51</i>	Cantrik Ragagati boten kersa lumawan tiyang Bugis kados panyuwunanipun Dewi Ragilkuning menawi Dewi Ragilkuning boten kersa ethok-ethok dados garwanipun, anggenipun nimbali sanes kaki tuwa nanging kangmas.
77	Cantrik Ragagati (Raden Gunungsari)	<i>Egois</i> , remen mbebeda	<i>Cantrik Ragagati matur karo nesu, “Menawi boten kersa inggih sampun, kula badhe mlajar ingkang tebih. Nanging menawi sang Dewi</i>	<i>Djaka Lodang, No. 24</i>	Nalika sang Dewi Sekartaji mboten nanggepi sarat ingkang dipunaturaken dening Cantrik

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>kersa mituruti panyuwun kula, tiyang Bugis menika badhe kula amuk ngantos sami keplajar ajrih menawi ngantos pejah kula amuk sepinten bangganipun Bugis.</i>	kaca 51	Ragagati, Cantrik Ragagati matur malih bilih menawi Dewi Ragilkuning boten kersa nindakaken panyuwunipun, Cantrik Ragagati badhe mlajar ingkang tebih. Nanging menawi sang Dewi kersa mituruti panyuwunipun, tiyang Bugis menika badhe dipunamuk ngantos keplajar ajrih.
78	Raden Gunungsari	Nengenaken katresnanipun	<i>Pepuntoning sedya Raden Gunungsari nedya ngulati mendrane sang Dewi Ragilkuning kang banget den tresnani. Marma banjur ngandika marang Dulit lan Dudul yen nedya ngulari ingkang Mbokayu Dewi Ragilkuning, lan ora nedya kondur yen durung bisa ketemu kalayan putri kang banget tinresnanan.</i>	Djaka Lodang, No. 25 kaca 2	Mangertos bilih Dewi Ragilkuning menika mendra nalika dipuntilar lumawan wadya Bugis, Raden Gunungsari lajeng badhe madosi. Raden Gunungsari matur kalayan Dulit saha Dudul bilih piyambakipun menika dereng badhe wangsul menawi dereng saged kepanggih kaliyan Dewi Ragilkuning.
79	Dewi Candrakirana	Nengenaken katresnanipun	<i>Dewi Condrokirana putri Kedhiri kang lolos saka praja nedya angulari ingkang raka raden Panji Inukertapati. Tindake sang Dewi Sekartaji banget anggone kelara-lara. Wiwit mijil saka praja datan wruh ngendi dununge ingkang raka Raden Panji. Marma anggone ngulati kaya tindak tanpa tujuan mung anut jangkahe sikil. Semana tindake wis ngambah wanawasa. Sang Dewi Sekartaji tindake mideringrat angelangut, lelana njajah negari,</i>	Djaka Lodang, No. 25 kaca 39	Tindakipun Dewi Sekartaji anggenipun madosi Raden Panji Inukertapati tansah kesakit-sakit sanget. Wiwit mijil saking praja dereng pirs wonten ing pundi dunungipun Raden Panji. saingga anggenipun madosi menika kados boten wonten tujuanipun, namung manut jangkahipun suku. Tindakipun

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>mubeng tepining samodra, sumengka agraning wukir, anelasak wanawasa, tumurun ing jurang terbis. Sarirane kongsi rusak angganggang aking, rekma gimbal datan ana kang nyureni, nyampinge suwek rontal-rantil. Tindake kanthi rekasa sarta angemban ingkang putra kang maksih bayi. Pranyana banget anggone nandhang sangsara kelara-lara. Sambate datan liya amung marang ingkang raka Raden Panji.</i>		sang Dewi Sekartaji mideringrat angelangut, lelana njajah negari, mubeng tepining samodra, minggah pucuking wukir, anelasak wanawasa, tumurun ing jurang terbis. Sarirane ngantos risak angganggang aking, rekmanipun gimbal boten wonten ingkang nyureni, nyampingipun suwek rontal-rantil. Tindakipun kanthi rekaos sarta angemban ingkang putra ingkang taksih bayi. Pranyana sanget anggenipun nandhang sangsara kelara-lara. Sambatipun boten sanes namung marang ingkang raka Raden Panji.
80	Dewi Candrakirana	Egois	<i>Inkang putra mung tansah muwun jalaran krasa adhem datan ana kang kinarya ngemuli. Saking banget sayah sarta kekurangan dhahare sang Dewi Sekartaji banget kaluwen, wasana dhawah gumlinting ing lemah kantaka. Inkang putra saya sero anggone muwun, nanging ora ana pawongan kang meruhi, dadi iya ora ana pawongan kang tetulung marang Sang Dewi.</i>	Djaka Lodang, No. 25 kaca 39	Putranipun Dewi Candrakirana menika tansah muwun amargi kraos asrep boten wonten kemulipun. Saking sayahipun saha kirang anggenipun dhahar, sang Dewi Sekartaji keluwen sanget lajeng dhawah kantaka gumlinting ing siti. Inkang putra sansaya sora anggenipun muwun, nanging boten wonten tiyang ingkang nyumerepi saingga boten wonten ingkang nulungi.
81	Dewi Ragilkuning	Teteg tekadipun	<i>.... tindake Dewi Ragilkuning sawise isa ambodhohi punakawan loro sarana kadhawuhan</i>	Djaka Lodang,	Dewi Ragilkuning Dewi Ragilkuning sasampunipun saged

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>golek banyu kanggo wijik sang cantrik mengko yen wis ungguling yuda, sang Dewi enggal nglimpekake punakawan loro mendra nedya nggoleki ingkang raka Dewi Sekartaji.</i>	No. 25 kaca 39	mbodhoni punakawanipun Raden Gunungsari lajeng nerasaken tindakipun madosi Dewi Sekartaji. Saderengipun, Dewi Ragilkuning mbodhoni punakawan kalih sarana kadhawuhan pados toya kangge wijik sang cantrik menawi sampun menang anggenipun lumawan wadya Bugis.
82	Dewi Ragilkuning	Kendel, tabah, nengenaken katresnanipun	<i>Tindhake nlasak-nlasak alas benbondhotan, nlasak gegrumbulan mudhun jurang mungah gunung ana sajroning alas gung liwang-liwung tan ana sabawaning manungsa, kang ana mung bangsane sato alas kang galak doyan mangsa manungsa, nanging sang Dewi penggalihhe wis rila legawa kamangsa ing sato kewan alas tinimbang pisah kalayan ingkang raka Dewi Condrokirana.</i>	Djaka Lodang, No. 25 kaca 39	Tindakipun Dewi Ragilkuning anggenipun madosi Dewi Candrakirana utawi Dewi Sekartaji menika kanthi nlasak-nlasak wana benbondhotan, nlasak gegrumbulan medhak jurang minggah wukir ingkang wonten ing wanawasa, ingkang boten wonten sabawaning tiyang. Ingkang wonten ing wana wasa menika namung bangsanipun sato galak ingkang purun mangsa manungsa, nanging sang Dewi penggalhipun sampun rila legawa kamangsa sato kewan ing wana tinimbang pisah kalayan Dewi Condrokirana.
83	Dewi Ragilkuning	Kendel	<i>Sajrone tindak iku dumadakan sang Dewi miyarsa swaraning bayi nangis. Sang Dewi gumun ing sajroning alas gedhe kok ana swara</i>	Djaka Lodang, No. 25	Ing salebetipun tindak madosi Dewi Sekartaji, dumadakan Dewi Ragilkuning mireng suwanten

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>bayi nangis iku anake sapa? Apa iku anake Wewe Gombel? Apa anak Gendruwo? Mengkono penggalihe Dewi Onengan. Nanging swaraning tangis iku kok persis kaya suwarane pulunanku Panji Laleyan, nanging mokal yen angger Panji Laleyan tekan ing alas kene. Ah, luwih becik dak tilikane sapa bayi kang ana satengahing alas iki.</i> <i>Sang Dewi Ragilkuning nulya tindak nuju marang swaraning tangis bayi....</i>	kaca 39	bayi muwun. Sang Dewi gumun dene ing salebetipun wanawasa menika kok wonten suwantenipun bayi muwun menika putranipun sinten? Menapa anak Wewe Gombel? Menapa anak Gendruwo? Kados mekaten penggalihipun Dewi Onengan (Dewi Ragilkuning). Nanging suwantenipun menika persis kados suwantenipun Panji Laleyan, nanging miturut pamanggihipun sang Dewi kiyambak kadosipun mokal menawi Panji Laleyan dumugi ing wana menika. Wasana Dewi Ragilkuning nedya ningali sinten bayi ingkang wonten ing samadyanipun wana menika. Dewi Ragilkuning lajeng tindak nuju ing pundi suwantenipun tangis bayi menika.
84	Dewi Ragilkuning	Emosional	<i>Saya kaget penggalihe bareng uninga yen ingarsane katon ingkang raka Sekartaji kantaka gumlethak tanpa sambat kaya wus dadi layon, sang Dewi Onengan anjerit sarwi nubruk ingkang raka sarta alok, “Adhuh Kakangmbok, kados pundi dene ngantos kedadosan mekaten?”</i>	Djaka Lodang, No. 25 kaca 39	Sasampunipun manggihaken saha mbopong bayi ingkang nyatanipun menika Panji Laleyan, sang Dewi sansaya kagyat penggalihipun sareng miyarsa Dewi Sekartaji kantaka gumlethak tanpa sambat kados sampun dados layon. Sang Dewi Onengan njerit

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					sarwi nubruk ingkang raka, alok “ <i>Adhuh Kakangmbok, kados pundi dene ngantos kedadosan mekaten?</i> ”
85	Hyang Narada	Patuh	“.... <i>Dene ulun tumedak ing madyapada kautus Hyang Utipati kadhawuhan andangu apa darunane dene kita padha ana madyaning alas gung, sarta darunane dene kita padha anis saka sajroning praja, Nini wayah ulun sakarone?</i> ”	<i>Djaka Lodang,</i> No. 25 kaca 51	Hyang Narada ngandharaken bilih piyambakipun menika dipunutus dening Hyang Utipati supados ndangu sebabipun wonten ing wanawasa sarta sebabipun lolos saking praja marang Dewi Ragilkuning saha Dewi Sekartaji
86	Raja sewu negara	Egois, kejem	<i>Para raja iku pamintanira banget ameksa</i> supaya tinampa dadi mantune sang raja Bali, nanging sarehning kang nglamar iku akeh banget mesthi wae gawe bingung penggalihe sang Raja ing Bali, wasanane para raja iku nedya ngrabasa negara Bali arsa den dadekake karang abang.	<i>Djaka Lodang,</i> No. 26 kaca 2	Para raja sewu nagari meksa sanget supados dipuntampi minangka mantunipun raja Bali. Nanging amargi ingkang nglamar menika kathah sanget mesthinipun damel bingung penggalihipun sang Raja Bali. Wasananipun para raja ing Bali menika badhe ngrisak nagari Bali, badhe dipundadosaken karang abrit.
87	Prabu Suryalelana	Religius	<i>Wong iku nuli sajarwa lamun sajatine dheweke iku nata Bali, sarta ngandharake anggone namur kula dadi wong kurang waras iku saka wangsiting Jawata</i> kinen ngupaya satriya bagus loro kang lagi padha lelana, iku kang bisa den suwuni pitulungan.	<i>Djaka Lodang,</i> No. 26 kaca 2	Tiyang ingkang sejatosipun Prabu Suryalelana menika lajeng ngandharaken bilih piyambakipun menika sejatosipun nata Bali ingkang nyamar dados tiyang ingkang kirang waras. Menika sedaya katindakaken jumbuh kaliyan menapa ingkang

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					dipunwangsitaken dening Jawata, kangge ngupaya manggihaken satriya bagus ingkang nembe lelana. Amargi menika ingkang saged dipunsuwuni pitulungan....
88	Raja sewu nagari	Emosional	<i>Kocapa para ratu sewu negara bareng miyarsa lamun sang Prabu Suryalelana ratu Bali wis antuk sraya sakala padha muntab dukanira nulya nabuh tengara perang nedya anggempur negara Bali.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 26 kaca 39	Sareng mangertos bilih Prabu Suryalelana sampun angsal pitulungan, muntab dukanira para ratu sewu nagari lajeng nabuh tengaraning perang badhe nggempur nagari Bali.
89	Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma	Boten kersa kawon	<i>Satriya sekarone bareng priksa wadya Bali kasoran banget ing dukane, sigra maju sarwi menthang gendhewa nulya senjata jemparing peparing Hyang Narada den gunakake, sakala ing payudan udan jemparing Sarutama lan Ardha Dhedhali.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 26 kaca 39	Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma duka sanget nalika miyarsa bilih wadya Bali tansah kasoran. Kekalihipun sigra majeng sarwi menthang gandhewa lajeng senjata jemparing saking Hyang Narada. Senjata menika dipunginakaken ing payudan, sakala ing payudan jawah jemparing Sarutama saha Ardhadhedhali.
90	Prabu Suryalelana	Boten kersa nampi ingkang sanes hakipun	<i>Sang Prabu Suryalelana banget sukaning driya dene para raja wis padha nungkul, malah nuli padha caos palaralara putri miwah peni peni raja peni marang ngarsane sang Prabu Suryalelana. Nanging sang Prabu Suryalelana ora kersa nampa caosan iku sebab ora rumangsa bisa nelukake raja, mula sakabehe caosan kacaosake marang Raden satriya</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 26 kaca 51	Sang Prabu Suryalelana bingah sanget amargi para raja sewu nagari sampun sami nungkul, malah sami caos selir miwah raja brana ing ngarsanipun Prabu Suryalelana. Nanging Sang Prabu Suryalelana boten kersa nampi amargi boten rumaos saged

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>sekarone.</i>		nelukaken raja. Mila, sedayanipun menika kacaosaken marang Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma
91	Ki Jarudeh saha Ki Prasanta	Religius	<i>Ki Jarudeh lan ki Prasanta banget anggone kelara-lara ana madyaning wanawasa. Tansah samya sesambat nyuwun pitulunganing Jawata agung.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 26 kaca 51</i>	Ki Jarudeh lan ki Prasanta enggal ngleksanani dhawuh sasampunipun angsal dhawuh saking Prabu Lembuamiluhur supados ngulari Raden Panji Inukertapati, Dewi Sekartaji, saha Dewi Ragilkuning. Nanging lampahipun Ki Jarudeh saha Ki Prasanta ing samadyanipun wanawasa menika tansah kesakit-sakit saestu. Ndadosaken kekalihipun menika sesambat nyuwun pitulunganipun Jawata.
92	Dewi Candrakirana	Egois	<i>“Demang Pulung, duk mau sira matur putri Kedhiri iku tinilar ing garwa, banjur kepriye kaanane?” “Adhuh Gusti Sang Prabu, sareng tinilar ing sang Panji sang putri Kedhiri menika lajeng lolos nedya ngulati ingkang garwa, kanthi ngasta putranipun. Senajan taksih bayi yuswa kalih wulan inggih tetep dipun asta jengkar saking praja angulati ingkang garwa inggih sang Panji.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 2</i>	Demang Pulung dipundangu dening Prabu Lembuamiluhur ngengingi kahananipun putri Kedhiri sasampunipun dipuntilar dening Raden Panji. lajeng Demang Pulung ngaturaken bilih sasampunipun dipuntilar sang Panji, sang putri Kedhiri menika lajeng lolos saking praja badhe madosi ingkang garwa. Anggenipun madosi rakanipun menika kanti ngasta putranipun ingkang taksih bayi yuswa kalih

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					wulan.
93	Hyang Pancaresi	Ngertos maturnuwun	<i>Dumadakan Sang Prabu kaget ingarsane ana manuk garudha kang gedhene ora lumrah. Sakehing buron alas iku kabeh padha ngratu marang sang garudha. Sang Prabu banget kaget sigra angasta gendhewa sarta jemparing sakala sirna sang garudha. Sasirnaning garudha nulya ana Jawata mangejawantah kekasih Hyang Pancarei. Garudha iku sajatine Hyang Pancaresi kang kasiku ing Bathara malih dadya manuk garudha, bareng den jemparing sanalika pulih bali dadi Bathara Pancaresi. Sang Panji bareng uninga ana Jawata sigra manembah caos bekti, sang Bathara ngandika, “Banget panarima ulun dene kita kang bisa maluyakake ulun bali dadi Jawata maneh. Ulun paring wewarah marang kita lamun kita arsa ngupadi kadangira iya kaki Panji samengko isih ana ing tanah sabrang ing negara Parangkencana, kadhaupake kalayan putrinira kang tuwa kekasih Dewi Nawangwulan. Samengko putrinira Prabu Basunanda isih siji maneh kang luwih ayu warnane.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 2</i>	Sakunduripun saking pasowanan kaliyan Demang Palang saha Demang Pulung, dumadakan sang Prabu kagyataken wontenipun peksi garuda ingkang agengipun boten limrah. Sedyanipun buron ing wana sami ngratu marang sang Garudha. Sang Prabu Madubrangta kagyat sanget lajeng enggal ngasta gandhewa sarta panah sakala sirna sang garudha. Sasirnanipun gharudha menika wonten Jawata mangejawantah kekasih Hyang Pancaresi. Garudha menika sejatosipun Hyang Pancaresi ingkang kasiku dening Bathara dados peksi garudha, sareng dipunpanah sanalika wangsul malih dados Bathara Pancaresi. Mangertos bilih wonten Jawata, Sang Panji enggal manembah caos sembah pangabektos. Sang Bathara ngaturaken panuwunipun amargi kiyambakipun sampun dipunkunduraken dados Jawata malih. Wewarah ingkang kaparingaken menika ngengingi papan dunungipun sang Panji.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					sang Panji samenika taksih wonten ing nagari sabrang, ing nagari Parangkencana, kadhaupaken kaliyan putranipun raja Parangkencana ingkang asmanipun Dewi Nawangwulan. samangke putrinipun sang Prabu Basunanda menika taksih satunggal malih inhkang langkung ayu wernipun.
94	Raden Wangsengsari	<i>Emosional</i>	<i>Satekane dalem puri Raden Wangsengsari dupi mulat ingkang raka Raden Panji nulya gupuh malajengi nulya nungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kelara-lara.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 2</i>	Sasampunipun dugi ing dalem kedhaton, Raden Wangsengsari kepanggih kaliyan Raden Panji. Raden Wangsengsari malajengi lajeng nyungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kesakit-sakit.
95	Raden Panji Inukertapati	<i>Emosional</i>	<i>Satekane dalem puri Raden Wangsengsari dupi mulat ingkang raka Raden Panji nulya gupuh malajengi nulya nungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kelara-lara. Raden Panji Inukertapati dupi mulat ingkang rayi sigra rinangkul sarwi rawat waspa....</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 49</i>	Sasampunipun dugi ing salem kedhaton, Raden Wangsengsari kepanggih kaliyan Raden Panji. Raden Wangsengsari malajengi lajeng nyungkemi sarwi nyembah sarwi muwun kesakit-sakit. Raden Panji sareng muwun ingkang rayi enggal dipunrangkul sarwi rawat waspa.
96	Dewi Purnamasidhi	<i>Emosional</i>	<i>Kacarita sang Dewi Purnamasidhi kang lelangen ana tamansari kedhaton. Sang Dewi wis nate den paringi uninga dening ingkang rama lamun ingkang rayi Raden Inukertapati baguse ngluwihi ingkang raka. Nalika semana</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 49</i>	Kacariyosaken sang Dewi Purnamasidhi lelangen ing tamansari kedhaton. sang Dewi menika sampun nate dipunparingi pirsu dening ramanipun bilih

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>sanajan namung diparingi uninga dening ingkang rama nanging penggalihhe Dewi Purnamasidhi wis ketarik marang satriya Jenggala kang kekasih Raden Wangsengsari iya Sinompradapa. Siyang pantara dalu kang ana sajroning penggalih mung Raden Wangsengsari Sinompradapa. Bener-bener sang Dewi Purnamasidhi banget kasmaran marang Raden Sinompradapa.</i>		rayinipun Raden Panji menika langkung bagus tinimbang rakanipun. Nalika semanten sanajan namung dipunparingi pirsa dening ramanipun nanging penggalhipun Dewi Purnamasidhi sampun ketarik marang Raden Wangsengsari menika. Siyang Pantara dalu ingkang wonten ing salebetipun penggalih namung Raden Wangsengsari Sinompradapa. Sang Dewi Purnamasidhi saestu anggenipun kasmaran marang Raden Sinompradapa.
97	Raden Wangsengsari Sinompradapa	Sae penggalhipun, boten gumedhe utawi gumunggun	<i>Dewi Purnamasidhi ngandika maneh, “Biyung, apa sakirane sira bisa sapatemon kalayan satriya Wangsengsari, Biyung?” “Inggih saged Gusti, satriya Jenggala menika mila sae penggalhipun, boten gumedhe utawi gumunggun, Gusti Dewi.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 51</i>	Dewi Purnamasidhi nyuwun pirsa pamanggihipun menapa piyambakipun saged kepanggih kaliyan Raden Wangsengsari. Lajeng parekanipun mangsuli bilih piyambakipun menika saged kepanggih kaliyan Raden Gunungsari. Parekanipun Dewi Purnamasidhi ngaturaken bilih satriya Jenggala menika gadhah penggalih ingkang sae, boten gumedhe utawi gumunggun.
98	Parekanipun Dewi Purnamasidhi	Patuh	<i>“Biyung, sira sun utus maneh menyang Sitihinggil, matura marang Raden Wangsengsari menawa kersa diaturi rawuh ana tamansari kene</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27</i>	Nalika dipunutus dening sang Dewi Purnamasidhi supados matur marang Raden

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>ing wanci wengi iki, biyung.” Parekan kang den utus iya enggal mangkat. Satekane Sitihinggil enggal matur marang Raden Panji Sinompradapa manut dhawuhe sang Dewi.</i>	kaca 51	Wangsengsari menawi kersa dipunaturi rawuh wonten ing tamansari ing wanci dalu, parekanipun menika enggal tindak. Satekanipun ing Sitinggil enggal ngaturaken marang Raden Panji Sinompradapa.
99	Prabu Madubrangta	Emosional	<i>Bareng wis sowan Sang Prabu ngandika esmu sereng, “Demang Pulung, gene sira esuk kalayan sore datan seba ingarsaningsun, apa sira nedya mirong kampuh jingga ambalik tingal? Apa isih kurang peparingingsun marang sira, dene samengko kok banjur arep ambalik tingal? Apa kaya mengkono pamalesira marang insun?” Demang Pulung munjuk lamun datan nedya sumingkir saka ngersane Sang Prabu kang wis paring kamulyan, marma tekade nedya ngabdi kongsi tumekaning delahan. Miyarsa ature Demang Pulung Sang Prabu gumujeng sajroning penggalih, nanging anggone ngandika kaya yen duka yayah sinipi, ngandikane esmu sereng, “Bedhes ala saiki wis wasis micara pinter ngecuwis tariwis. Aku ora butuh wong sing ngecuwis kaya kowe, mula luwih becik kowe minggata saka kene. Dina iki sira kudu wis lunga saka kene. Lamun kongsi mengko sore kuwe isih katon, sida kelakon dadi bathang kowe....” Demang Pulung isih matur ngasih-asih nyuwun</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 51</i>	Prabu Madubrangta nimbali Demang Pulung lajeng nyuwun pirsu kanthi esmu sereng. Sang Prabu nyuwun pirsu kening menapa enjing kalayan sonten piyambakipun boten sowan ingarsanipun Sang Prabu. Demang Pulung dipunkinten badhe khianat marang Prabu Madubrangta. Demang Pulung sampun matur bilih piyambakipun boten badhe sumingkir saking ngarsanipun Sang Prabu ingkang sampun paring kamulyan, badhe ngabdi ngantos dumugi delahan, nanging Sang Prabu Madubrangta tetep duka saha boten pitados. Wasana Demang Pulung dipuntundhung saking nagari Bali. sanajan Demang Pulung sampun matur ngarih-arit nyuwun pangapuntan nanging malah dipuncemethi dening sang Prabu.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>pangapura, nanging Sang Prabu mandar banjur mundhut cemethi. Demang Pulung den cemethi. Wasana Demang Pulung nulya mundur arsa lunga karo kandha, “Ayo, Palang, enggal lunga saka kene.”</i>		
100	Demang Pulung	Khianat	<i>Demang Pulung munjuk lamun datan nedya sumingkir saka ngersane Sang Prabu kang wis paring kamulyan, marma tekade nedya ngabdi kongsi tumekaning delahan.....</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 51</i>	Nalika dipuntundhung dening Prabu Madubangta, Demang Pulung ngaturaken bilih piyambakipun boten badhe sumingkir saking ngarsanipun Sang Prabu, tekadipun badhe ngabdi ngantos dumugi delahan. Kamongka sejatosipun Demang Pulung menika sejatosipun Ki Jarudheh, abdi nagari Jenggala ingkang dipunutus dening Prabu Lembuamiluhur supados madosi putranipun.
101	Demang Palang	Egois	<i>Demang Pulung nulya mundur arsa lunga karo kandha, “Ayo, Palang, enggal lunga saka kene.”</i> <i>Demang Palang mangsuli, “Iya lungaa dhewe, aku ora lunga wong aku ora luput. Sing luput kakang Pulung dhewe, mula sing ditundhung saka kene iya mung kakang Pulung.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 27 kaca 51</i>	Demang Palang boten kersa dipunajak kesah saking nagari Bali amarga rumaos piyambakipun boten klentu, ingkang klentu namung Demang Pulung.
102	Demang Pulung	Gampil putus asa	<i>Demang Pulung nulya mijil saka kedhaton Bali. Lakune samana wis wiwit ngambah wana wasa, atine banget isin dene pasuwitane ana Bali kongsi ditundhung dening sang Prabu. Lakune ana alas malih kaya sengaja nyedhaki macan, karepe kareben dimangsa macan galak utawa</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 2</i>	Sasampunipun dipuntundhung, Demang Pulung lajeng mijil saking nagari Bali. lampahipun ngambah wanawasa. Penggalhipun lingsem dene pasuwitanipun ngantos

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>sato liyane, sebab rumangsa wis ora betah urip ana alam donya.</i>		dipuntundhung dening Prabu Madubrangta. lampahipun ing wana malih kados nyelaki macan, kajengipun kamangsa macan galak utawi sato ingkang sanesipun amargi piyambakipun menika rumaos sampun boten betah gesang ing alam donya.
103	Jawata	<i>Profokatif</i>	<i>Dumadakan Demang Pulung krungu ana swara kang ngandheg lakune. Demang Pulung krungu swarane nanging ora weruh uwonge. Kang ora katon nuli nyuwara maneh, “Lamun kita arsa nemu raharja, menyang negara Sabrang. Negara sabrang saiki wis nata baris wadya bala arsa mbedhah negara Bali. Kita ngumpula kalayan wadya bala Sabrang, Samengko yen nggecak negara Bali kita bisa males lara wirang kita. Kita digitik cemethi kaping telu, mengko kita bisa males nggitik nganggo cemethi kaping sanga. Wis wekas ulun, kita enggal manunggala kalayan wadya bala Sabrang banjur nggecak negara Bali. Wis kaki Pulung ulun bali.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 2</i>	Nalika wonten ing wanawasa dumadakan Demang Pulung mireng wonten suwanten ingkang ngadheng lampahipun. Lajeng suwanten menika paring wewarah menawi piyambakipun badhe manggih raharja, kaaturan menyang nagari sebrang. Nagari sabrang samenika sampun nata baris wadya bala badhe mbedhah nagari Bali. piyambakipun kaaturan kumpul dados setunggal kaliyan wadya bala sabrang menika. Samangke menawi merangi nagari Bali, Demang Pulung saged males lingsemipun.
104	Pacalang (tiyang ingkang njagi pabean)	<i>Inisiatif</i>	<i>Bareng tekan pinggiring samodra enggal nemoni kang anjaga pabean minta kapal kanggo nyabrang. Kang jaga pabean enggal sowan ingarsane sang Prabu. Keneneran nalika iku lagi ana pasewakan, sri nata dalah raden Sinompradapa uga ana. Pacalang matur yen</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 2</i>	Sareng mangertos bilih wonten barisanipun prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang badhe nyuwun kapal nyabrang, pacalang enggal atur uninga dhumateng Prabu

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>ana barisane prajurit saka Jenggala, Kedhiri, Ngurawan lan Singasari. Baris gedhe iku dipandhegani raja putra Ngurawan lan rajaputra Singasari.</i>		Basunanda saha Raden Panji Inukertapati. Bilih wonten barisan prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang dipunpandegani dening raja Putra Ngurawan saha Singasari.
105	Raden Kudanawarsaya saha Raden Kudanawratsangka (Raden Gagatan saha Raden Jajaran)	Patuh	<i>.... dene sang Prabu Basunanda nulya dhawuh marang putra sekarone Raden Kudawarsaya kalayan Raden Kudawratsangka supaya methuk, raden loro iya enggal mangkat nitih turangga.</i>	Djaka Lodang, No. 28 kaca 2	Raden Kudanawarsaya saha Raden Kudanawratsangka enggal ngleksanani menapa ingkang dipundhawuhaken dening Prabu Basunandha inggih menika supados mapag barisanipun prajurit saking Jenggala, Kedhiri, Ngurawan saha Singasari ingkang dipunpandegani dening raja Putra Ngurawan saha Singasari.
106	Demang Pulung	Licik	<i>Kabeh pengalamane Demang Pulung wis diaturake ingarsane sang Prabu. Malah rada keladuk anggone matur yaiku ngaturake yen Dewi Sekartaji uga wis kagarwa dening nata Bali. Midhanget ature Demang Pulung yen Dewi Sekartaji kagarwa dening nata Bali sajroning penggalih sang Prabu banget dukane nanging sinamur ing samudana, malah nulya dhawuh siyaga ing yuda nedya ngrabasa negara Bali.</i>	Djaka Lodang, No. 28 kaca 2	Demang Pulung nyariyosaken sedaya pengalamaniipun dhumateng Raden Panji Inukertapati. Malah radi keladuk ngaturaken bilih Dewi Sekartaji ugi sampun kagarwa dening nata Bali. Menika ndadosaken sang Panji duka lajeng dhawuh supados sami siyaga ing yuda badhe ngrabasa nagari Bali.
107	Dulit saha Dudul	Pinter geguyon	<i>Abdi loro iku kang bisa atur panglipuring penggalih sarana tansah padha geguyon sarta omong kang lucu-lucu, nganti sok gawe gumujenge Raden Gunungsari kang sajatine</i>	Djaka Lodang, No. 28 kaca 48	Dulit kaliyan Dudul tansah atur panglipur penggalih marang Raden Gunungsari sarana tansah sami gegujengan sarta pacelathon

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>penggalihe lagi banget sungkawa jalaran katilar Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning. Penggalihe kena den arani ajur mumur.....</i>		ingkang lucu-lucu, ngantos sok damel gemujengipun Raden Gunungsari ingkang sejatosipun nandhang sungkawa amargi katilar dening Dewi Onengan (Dewi Ragilkuning).
108	Raden Wirun	Waspada, religius	<i>Kawuwusa Sang Hyang Narada kang tumedhak ambopong anak nedhaki satriya ketelune. Raden Wirun kang waspada lamun ana Jawata tumedhak enggal caos pangabekti.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 48</i>	Raden Wirun waspada nalika wonten Jawata (Hyang Narada) tumedhak enggal caos pangabekti.
109	Raden Wirun, Raden Kartala saha Raden Andaga	Tanggél jawab	<i>Ora suwe banjur padha sumurup ana barisan wadya bala kang arep nunjang sato telu kang njaga bayi, wasana sato telu iku samya ngamuk.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 51</i>	Raden Wirun, Raden Kartala saha Raden Andaga sampun malih warna dados sato kewan wana kanthi perintah saking Jawata. Sato kewan menika kadhawuhan njagi Panji Laleyan. lajeng nalika miyarsa wonten wadya bala ingkang badhe nabrak, sato kewan tiga menika sami ngamuk.
110	Raden Wirun	Sopan santun	<i>Raden Wirun kalayan para arinira sigra nungkeni padanira sang Panji sarwi ngaturake bayi iya Raden Laleyan.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 51</i>	Sasampunipun kenging panahipun Raden Panji, sedaya sato kewan menika malih dados satriya malih. Raden Wirun saha para arinira enggal nyungkemi padanipun Raden Panji Inukertapati sarwi ngaturaken Raden Laleyan.
111	Raden Panji Inukertapati	Emosional	<i>Bayi enggal kapundhut dening sang Panji ingarasan sarwi muwun keranta-rata dene ingkang putra isih timur wis kudu nandhang sangsara ana alas. Sawise iku sang Panji nulya</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 51</i>	Panji Laleyan ingkang dipunpasrahaken dening Raden Wirun enggal kapundhut dening Raden Panji ingarsanipun sarwi

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>nampani layang kang manut ature jarene saka ingkang garwa Dewi Sekartaji kang dhek mau wis diaturake lamun ingkang garwa wis surud ing kasidan jati. Isine layang nyebutake lamun sang Dewi banget nandhang sangsara ngulati sang Panji, dalasan ingkang rama sarta ingkang ibu kabeh samya nandhang sungkawa malah wong sanegara iya padha susah atine.</i> <i>Rampung nupiksa layang sang Panji dadi nandhang sungkawa kaworan brangta enget marang garwa sang Dewi Sekartaji, saking banget ing nandhang sungkawa kongsi supe dhahar kalayan nendra.</i> <i>Priksa lamun ingkang garwa nandhang sangsara kang kaya ngono sang Panji banget sungkawane. Penggalihe mung tansah eling marang ingkang garwa Dewi Sekartaji wasanane kadya lagi nandhang brangta kasmaran marang garwa, kongsi suwe sang Panji anggone nandhang wuyung wayang wuyungan mung tansah enget marang garwa putri Kedhiri kang pranyata banget tinresnan.</i>		muwun keranta-ranta dene putranipun taksih enem sampun kedah nandang sangsara ing alas. Sasampunipun menika sang Panji nampi serat ingkang miturut aturipun saking Dewi Sekartaji ingkang kalawau sampun dipunaturaken bilih sampun seda. Isinipun layang nyebataken bilih sang Dewi menika sangsara sanget ing salebetipun madosi sang Panji, dalasan rama sarta ibu sadaya sami nandhang sungkawa malah tiyang sanagari ugi sami sisah manahipun. Rampung nupiksa layang menika, sang Panji dados nandhang sungkawa sarta brangta enget marang garwanipun, Dewi Sekartaji. Sang panji ngantos supe dahar nendra amargi saking anggenipun sungkawa. Miyarsa bilih garwanipun nandang sangsara ingkang kados mekaten, sang Panji dados ngraos sungkawa. Penggalhipun namung tansah enget marang Dewi Sekartaji ingkang pranyata banget tinresnan.
112	Dewi	Pangerten	<i>Mung kadhang-kadhang den lelipur dening</i>	<i>Djaka</i>	Dewi Nawangwulan tansah caos

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
	Nawangwulan		<i>garwa putri Parangkencana Dewi Nawangwulan. Panglipure Dewi Nawangwulan bisa gawe sudaning sang Panji anggone gerah uyang.</i>	<i>Lodang, No. 28 kaca 51</i>	panglipur marang Raden Panji ingkang nandang uyang.
113	Prabu Madubrangta (Dewi Candrakirana)	Religius	<i>Sang Madubrangta nalika iku iya nandhang wuyung enget marang ingkang raka sang Panji Inukertapati, marma tansah semadi nenuwun sihing Hyang Manon.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 28 kaca 51</i>	Prabu Madubrangta ingkang nalika semanten nandang wuyung amargi enget marang Raden Panji Inukertapati lajeng semedi. Anggenipun semedi menika nenuwun sihipun Hyang Manon.
114	Prabu Madubrangta (Dewi Candrakirana)	Religius	<i>Bareng kabeh wis seba, sang Prabu ngandika, “Yayi, ingsun lamun pawarta lamun mentas ana Jawata kang paring wewarah marang ingsun lamun datan suwe maneh bakal katekan mungsuh, wetara setengah candra maneh mesthi teka, marma enggal undangan sagung wadya bala siyaga ing yuda mapag mungsuh, yayi.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 29 kaca 2</i>	Sasampunipun angsal wewarah saking Jawata bilih boten dangu malih bakal katekan mungsuh, Sang Prabu dhawuh supados sagung wadya bala sami siyaga mapag mungsuh.
115	Patih Jayengtilam	Ngece	<i>Ki Patih matur sandika sarwi mesem lan munjuk mungsuh kok den ela-ela kaya carane tamu agung. Mungsuh becike disiya-siya banjur dikroyok senjata kareben mati, lha iki mungsuh kok malah diistimewakake, mengko tamune tuman teka kene.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 29 kaca 2</i>	Sasampunipun midhangetaken dhawhipun Prabu Madubrangta supados nyawisaken papan ingkang sae kangge mungsuh, Ki Patih Jayengtilam matur sarwi mesem, munjuk mungsuh kok dipunela-ela kados tamu agung, kedahipun dipunsia-sia lajeng dipunkroyok senjata supados pejah. Menawi mungsuh malah dipunsinewaka, samangke tamunipun malah tuman rawuh

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					ing nagari menika.
116	Prabu Madubrangta	Religius	<i>Midhanget grenenge ki Patih sang Prabu ngandika, “Kabeh iki mau mung saka dhawuhe Jawata, marma yayi patih mung kudu nurut wae.”</i>	Djaka Lodang, No. 29 kaca 2	Midhanget grenenganipun Ki Patih, Prabu Madubrangta ngandika bilih sedaya menika saking dhawuhipun Jawata saingga Ki Patih menika kedah manut.
117	Wadya bala Bali sarta para Raja tetelukan ing Bali	Ngurmati mungsuh	<i>Tekane duta iya den kurmati dening para wadya Bali. Duta lenggahe jajaran karo ratu tetelukan.</i>	Djaka Lodang, No. 29 kaca 2	Rawuhipun duta saking nagari Parangkencana dipunkurmati dening wadya Bali. Dutaning nagari Parangkencana menika anggenipun lenggah jajaran kaliyan ratu tetelukan.
118	Raden Panji Inukertapati	Kejem, egois	<i>Layange wis ditampa lan banjur diwaca dening sang nata Bali. Surasane mung sang nata Bali kudu enggal nyaosake Dewi Sekartaji ingarsane sang Panji, lamun datan enggal den pasrahake negara Bali nedya den dadekake karang abang.</i>	Djaka Lodang, No. 29 kaca 2	Isinipun layang saking Raden Panji inggih menika supados nata Bali enggal masrahaken Dewi Sekartaji, meawi boten enggal dipunpasrahaken, nagari Bali badhe kadadosaken karang abrit.
119	Patih Jayengtilam	Boten sopan santun, ngece	<i>Duta loro satekane pakuwon nulya sowan sang Prabu ngaturake sasolahe dinuta. Layang wangsulan den waca, isine layang banget anggone ngala-ala marang sang Panji, den wastani ratu kepaten garwa kok banjur arep ngrebut garwane sang nata Bali. Akeh-akeh Patih Jayengtilam anggone ngala-ala sang Panji.</i>	Djaka Lodang, No. 29 kaca 48	Duta kalih enggal ngaturaken layang wangsulan saking nagari Bali dhumateng sang Prabu (Raden Panji Inukertapati). Layang menika isinipun ngala-ala sanget marang sang Panji. sang Panji dipunwastani ratu kepaten garwa lajeng badhe ngrebat garwanipun nata Bali. kathah sanget anggenipun Patih Jayengtilam ngala-ala sang Panji.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
120	Raden Panji Inukertapati	<i>Emosional</i>	<i>Mula bareng uninga isine layang sang Panji sakala duka yayah sinipi netra andik angetirah kumedut padoning lathi, nulya dhawuh supaya enggal padha siyaga ing yuda sikep sagegamane.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 29 kaca 48</i>	Sareng mangertos isinipun layang wangsulan saking Bali, sang Panji duka lajeng dhawuh supados enggal sami siyaga ing yuda sikep sagegamanipun.
121	Prabu Madubrangta	Tegelan, nengenaken kemenangan	<i>Kocap sang nata Bali iya wis tedhak saka pakuwon ginarebeg para garwa. Karsanira sang Prabu para garwa iku mengko iya samya medali yuda tandhing kalayan para prajurit putri.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 29 kaca 48</i>	Sareng wadya Prangkencana sampun nabuh tengaraning perang, sang nata Bali inggih sampun tedhak saking pakuwon kadherekaken para garwanipun. Kersanipun sang Prabu, para garwa menika samangke inggih sami medali yuda tandhing kalayan para prajurit putri.
122	Patih Jayengtilam	<i>Inisiatif</i>	<i>Sang nata Bali miyos ing pabaratan ginarebeg sagung para nata miwah wadyabala kang samya seba ing kering miwah ing kanan, dene sang Patih seba ana ngarsane sang nata. Patih matur, “Gusti, kula badhe ngedali yuda. Saking pemanggih kawula menawi saged peperang menika sampun ngaben yuda para prajurit, langkung sae ngaben para nata miwah para satriya samya tetandhingan. menawi perangipun para wadya menika boten katingal pundi ingkang sura sekti, jer perange para wadya menika tansah perang wor suh. Nanging menawi perangipun para nata utawi para satriya menika temtu badhe ketingal sinten ingkang ketingal langkung sekti utawi digdaya.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 29 kaca 51</i>	Patih Jayengtilam seba ingarsanipun Prabu Madubrangta lajeng ngaturaken bilih piyambakipun menika badhe ngedali yuda. Miturut pamanggihipun sang Patih, perang menika sampun ngaben yudanipun para prajurit, prayoginipun ngaben para nata miwah satriya. Menawi perangipun wadya menika boten katingal pundi ingkang sura sekti, jer perangipun wadya menika namung perang wor suh. Nanging menawi antawisipun para nata utawi para satriya menika

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					temtunipun saged katingal pundi ingkang langkung sekti.
123	Patih Jayengtilam	Angkuh, profokatif	<i>Sang Prabu sarujuk ature patih Jayengtilam. Ki Patih Jayengtilam enggal nyengklak turangga sikep gegamaning yuda anyander nuju ing pakuwoning mungsuh. Satekane ing barisane mungsuh Ki Patih Jayengtilam nyuwara, suwarane renyah kaduk ladak, “Heh para nata patih miwah wadya bala ing tanah Sabrang, mangertiya ingsun iki pepatih ing negara Bali, ingsun dinuta ing sang nata Bali supaya mengko peperangan iki ora datan angadu wadya bala, nanging perang tandhing padha dene nata utawa padha dene sasatriya, perang tandhing siji padha siji, datan perang keroyokan kaya perange wadya bala. Ayo saiki sapa kang wani maju dhisik, yen perlu saiki Panji Asmarabangun supaya maju tandhing lawan ingsun patih Bali Arya Jayeng Tilam, tandjing siji lawan siji.”</i>	<i>Djaka Lodang, No. 29 kaca 51</i>	Sasampunipun pamrayoginipun dipuntampi dening Sang Prabu, Patih Jayengtilam enggal numpak nyengklak turangga sikep gegaman yuda nuju ing pakuwonipun mungsuh. Sasampunipun dugi ing barisanipun mungsuh Ki Patih Jayengtilam kaduk ladak. Ngandharaken bilih panjenenganipun menika minangka patih ing Bali ingkang dipunutus dening nata Bali. Samangke papranganipun menika boten ngaben wadya bala, nanging perang tandhing antawisipun sasamin ing nata utawi sasamin ing satriya, perang tandhing setunggal lawan setunggal, sanes perang karoyokan kados perangipun wadya bala. Lajeng Patih Jayengtilam menika malah nantangi marang Raden Panji Asmarabangun supados majeng tandhing lawan Ki Patih Jayengtilam, tandhing setunggal lawan setunggal.
124	Raden Panji	Angkuh	<i>Sang Panji Inukertapati banget dukane, nulya</i>	<i>Djaka</i>	Midhanget panantangipun Patih

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
	Inukertapati		<i>mangsuli pangandika, “Heh, patih Bali, matura marang ratunira, ingsun datan sudi tandhing kalayan patih. Patih iku mungsuhe iya patih, dipati iya mungsuh dipati, dene ingsun iya kudu mungsuh kalayan ratunira endi wujudu ratu Bali, ayo tandhing kalayan ingkang padha dene narendra.”</i>	Lodang, No. 29 kaca 51	Jayengtilam, Sang Panji Inukertapati banget dukanipun. Lajeng ngandika bilih piyambakipun menika boten sudi tandhing kaliyan patih. Patih menika mungsuhipun inggih patih, dipati mungsuhipun ugi dipati, wondene Sang Panji menika mungsuhipun inggih kaliyan ratunipun.
125	Prabu Gajaksa	Emosional	<i>Perange Prabu Danurwenda mungsuh Prabu Astradarma rame padha dene sura sekti nanging wekasane Prabu Astradarma kasoran. Inkang rayi prabu Astradarma yaiku sang Prabu Gajaksa banget duka sigra embat wayang.</i>	Djaka Lodang, No. 29 kaca 51	Nalika Prabu Astradarma kasoran saking Prabu Danurwenda, Sang Prabu Gajaksa duka sanget lajeng enggal ndherek magut yuda.
126	Dewi Tejaningrat	Emosional	<i>Sang Dewi Tejaningrat banget sungkawaning wardaya jalaran ingkang rama kapupu ing yuda, marma sang Dewi tansah muwun angetuni dene ingkang rama kok kongsi seda ing ranaggana.</i>	Djaka Lodang, No. 30 kaca 2	Sang Dewi Tejaningrat sungkawa sanget ing salebetipun manah margi ingkang rama seda ing salebetipun paprangan.
127	Prabu Madubrangta	Empatik	<i>Sang Dewi Tejaningrat banget sungkawaning wardaya jalaran ingkang rama kapupu ing yuda, marma sang Dewi tansah muwun angetuni dene ingkang rama kok kongsi seda ing ranaggana. Nulya samya den lelipur dening sang Prabu.</i> <i>Sang Dewi Tejaningrat tansah den lelipur dening sang nata, den arih-arih amrih ilang sungkawaning penggalih, marma tansah den tenggani dening sang Prabu amrih enggal</i>	Djaka Lodang, No. 30 kaca 2	Sang Prabu Madubrangta tansah nglelipur saha ngarih-arih amrih ical sungkawaning penggalih Dewi Tejaningrat amargi ramanipun seda ing paprangan. Sang Prabu Madubrangta tansah nenggani supados enggal lipuring penggalhipun supe marang ramanipun ingkang seda ing paprangan.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
			<i>lipuring penggalih supe marang ingkang rama kang kapupu ing yuda.</i>		
128	Dewi Kencanawungu	<i>Empatik</i>	<i>Sang Dewi Kencanawungu ngandika dhawuh anggone nabuh gendhing datan seru-seru. Alon wae waton laras kepenak den piyarsa, lamun panabuhe gangsa kaseron sang Dewi kuwatir yen gawe kejote sang Prabu kang lagya angengimur sang Dewi Tejaningrat.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 2</i>	Mireng ungelipun gendhing ingkang angrerangin Sang Dewi Kencanawungu dhawuh supados anggenipun sami nabuh gendhing sampun sora-sora. Alon kemawon, laras sekeca katingalipun. Menawi anggenipun nabuh gangsa kaseron sang Dewi kuwatos ngejotaken sang Prabu ingkang nembe nglelipur Dewi Tejaningrat.
129	Raden Panji Inukertapati	Tegelan	<i>Sang Prabu ngandika dina mbesuk kang magut yuda aja para nata miwah patih utawa wadya bala, kanggo dina sesuk iku becike kang magut ganti prajurit wanita, jer ing Parangkencana akeh prajurit wanita kang sura sakti. Lamun raja tetelukan datan darbe prajurit wanita, marma kang magut yuda ngemungna prajurit wanita saka Parangkencana. Dina sesuk para prajurit priya cukup mung padha nonton perange para wanita anggone adu kasantikan kasudibyan</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 2</i>	Sasampunipun mentas kasoran yuda, Sang Prabu ngandika bilih dinten salajengipun ingkang magut yuda sanes nata miwah patih utawi wadya bala nanging prajurit wanita. Bab menika amargi ing Parangkencana menika kathah prajurit wanita ingkang sura sekti. Amargi raja tetelukan boten kagungan prajurit wanita saingga ingkang magut yuda namung prajurit wanita saking Parangkencana. Dinten ngenjang menika para prajurit priya cekap namung nonton perangipun wanita anggenipun adu kasekten kasudibyan.

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
130	Dewi Nawangwulan	Kendel	<i>Dina esuke Sang Dewi Nawangwulan wis siyaga ngirit para putri prajurit samya alaku dharat. Datan dangu wis tempuk kalayan para putri ing Bali, dadi perang rerempon.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 2</i>	Enjang salajengipun, Sang Dewi Nawangwulan sampun siyaga ndherekaken para putri prajurit tindak ing dharat. Boten dangu sasampunipun sampun tempuk kalayan para putri ing Bali, dados perang rerempon(remuk-remukan).
131	Para putri sabrang ing Parangkencana	<i>Profokatif</i>	<i>Para putri sabrang ing Parangkencana samya sesumbar minta tandhing adu tiyasa, sadaya wus samya siyaga ngasta jemparing, gendhewa wus den asta, jemparing wus pinasang, mung kantun anglepasaken jemparing katujokake marang mungsuh.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 2</i>	Para putri sabrang ing Parangkencana sami sesumbar nyuwun tandhing adu kasekten, sedaya sampun sami siyaga ngasta jemparing, gendhewa sampun dipunasta, panah sampun dipunpasang, namung kentun nglepasaken kanthi dipuntujokaken mungsuh.
132	Dewi Kencanawungu	<i>Inisiatif, lantip</i>	<i>Sang Dewi Kencanawungu matur lamun mbesuk nedya ngedali yuda, awit lamun datan mengkono mesthi kedangon sebab garwane sang Panji iku akeh banget. Lamun sang Dewi Kencanawungu ngedali yuda temtu sang Panji nulya dhawuh marang Dewi Nawangwulan, nulya bisa tandhing yuda mungsuh Sang Dewi Kencanawungu. Kanthi mengkono peperangan enggal ana kang kasoran.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 2</i>	Sang Dewi Kencanawungu matur dhumateng Prabu Madubrangta bilih ngenjang badhe ngedali yuda, amargi menawi boten mekaten mesthi kedangon amargi garwanipun sang Panji menika kathah sanget. Menawi Dewi Kencanawungu ngedali yuda temtunipun sang Panji enggal dhawuh marang Dewi Nawangwulan, saingga saged tandhing mungsuh sang Dewi Kencanawungu. Kanthi mekaten

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					papranan enggal wonten ingkang kasoran.
133	Dewi Kumarawati	<i>Profokatif</i>	<i>Dewi Kumarawati garwa padmine sang Patih sarta para putri sadaya wus sami angasta jemparing, para garwa sami kinen sesumba-nyumbari para putri ing Parangkencana supaya enggal metoni yuda.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 30 kaca 2	Dewi Kumarawati minangka garwa padminipun sang Patih sarta para putri sedaya sampun sami ngasta jemparing, para garwa sami sesumbar nyumbari para putri ing Parangkencana supados enggal ngedali yuda
134	Raden Panji Inukertapati	Nengenaken kemenangan	<i>Sang Panji banget ngungune dene perange para putri Parangkencana tansah kasoran, andadekake sungkawaning penggalih, nulya kondur ngedhaton, ing galih lingsem dene garwane kasoran yudane. Sang Panji putek penggalihne dene perange tansah kasoran.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 30 kaca 51	Sang Panji gumun sanget dene putri Parangkencana tansah kasoran. Perkawis menika damel sungkawaning penggalhipun sang Panji lajeng kondur ngedhaton. Ing penggalhipun sang Panji menika rumaos lingsem amargi garwanipun kasoran yuda. Sang Panji putek penggalhipun dene perangipun tansah kasoran.
135	Raden Panji Inukertapati	<i>Reigius</i>	<i>Sang Panji putek penggalihne dene perange tansah kasoran, nulya nimbali abdi ki Bancak tinakon menawa ngerti kelemahane kelemahane nata Bali, nanging Bancak matur ora ngerti sebab wis den tundhung dening nata Bali. Mula nuli nimbali ki Dhoyok kang isih ngabdi ana Bali mesthi ngerti pangapesane wong Bali. Kang dinangu matur lamun durung wancine, sang den aturi supaya sabar. Sanalika sang Panji enget, nulya semedi nenuwun marang Jawata.</i>	<i>Djaka Lodang,</i> No. 30 kaca 51	Sang Panji putek penggalhipun dene perangipun tansah kasoran. Lajeng nimbali ki Bancak, nyuwun pirs bab pengapesanipun nata Bali, nanging ki Bancak menika boten mangertos amargi kiyambakipun menika sampun dipuntundhung dening Prabu Madubrangta. Mila nimbali ki Dhoyok ingkang taksih ngabdi ing Bali, nanging miturut

Tabel Salajengipun

No	Paraga	Watak	Indikator	Kaca	Katrangan
					pamanggihipun ki Dhoyok menika dereng wancinipun sang Prabu mangertos. Sanalika sang Panji enget, lajeng semedi nenuwun marang Jawata.
136	Patih Jayengtilam	<i>Profokatif</i>	<i>Ki Patih Jayengtilam ngedali yuda sigra sesumbar nantang wong Parangkencana den ajak perang tandhing siji padha siji.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 51</i>	Sareng mangertos bilih wadya saking Parangkencana sampun nabuh tengaraning perang, Ki Patih Jayengtilam ugi enggal dhawuh supados ngimbangi tengaraning perang. Lajeng piyambakipun menika enggal ngedali yuda sarwi sesumbar nantang tiyang Parangkencana, dipunajak perang tandhing setunggal baka setunggal.
137	Raden Gunungsari	Waspada	<i>Raden Gunungsari miyarsa penantange mungsuh sigra maju ngedali yuda tandhing mungsuh Patih Jayengtilam. Raden Gunungsari banget waspada mulat sesolahe Patih Jayengtilam tan ana bedane kalayan Dewi Ragilkuning.</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 51</i>	Raden Gunungsari miyarsa panantangipun mungsuh lajeng enggal majeng ngedali yuda. Raden Gunungsari . Raden Gunungsali ngawasaken solahipun Patih Jayengtilam kanthi waspada. Solahipun menika boten wonten bedanipun kaliyan Dewi Ragilkuning.
138	Raden Panji Inukertapati	<i>Egois, tegelan</i>	<i>Prabu Madubrangta nyuduki sang Panji nanging tinangkis sarana putra bayi, ...</i>	<i>Djaka Lodang, No. 30 kaca 51</i>	Raden Panji Inukertapati ngginakaken putranipun ingkang taksih bayi kangge nangkis nalika dipunsuduki dening Prabu Madubrangta. ...

Tabel 8. Lampiran Data Latar ingkang Wonten ing salebetipun cariyos rakyat *Panji Jayeng Tilam* anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
1	Latar sosial	Wiku	Senajan putri nanging jumeneng Wiku peparab sang Dewi Kilisuci , utawa kasebut sang Wiku Putri . Anggone mertapa ana kono banget anggentur, mula nganti kaparingan kawicaksanan kang linuwih dening Bathara.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 2
2	Latar sosial	Wayahipun raja	Ing nalika iku negara Jenggala lagi nganakake pahargyan amiwaha miyose jabang bayi putra Raden Panji Asmarabangun karo sang Dewi Candrakirana kang mentas mbabarake putra miyos kakung kaparingan tetenger Raden Panji Laleyan. Mesthi wae miyose wayah iya putrane Raden Panji Inukertapati iki gawe suka renane sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 2
3	Latar papan	Nagari Jenggala	PanjiAsmarabangun karo sang Dewi Candrakirana kang mentas mbabarake putra miyos kakung kaparingan tetenger Raden Panji Laleyan. Mesthi wae miyose wayah iya putrane Raden Panji Inukertapati iki gawe suka renane sang Prabu Lembuamiluhur kalayan sang Prameswari. Mula saking suka renane penggalih banjur nganakake pahargyan gedhen-gedhenan. Ing alun-alun dianakake kaya pasar malem, dianani tontonan warna-warna. Ana tontonan wayanguwong, ana kethoprak lan liya-liyane, kabeh iku kanggo gawe senenge para kawula ing negara Jenggala .	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 2
4	Latar papan	Padhepokan Pucangan Gunung Selamangleng ing	Ki Patih Kudanawarsa banjur siyaga arep budhal menyang Padhepokan Pucangan sowan sang Wiku putri Dewi Kilisuci. Bareng kabeh wis miranti samapta, ki Patih Kudanawarsa banjur budhal nuju menyang gunung utawa Guwa Selamangleng kang dadi pertapane sang Wiku Putri Dewi Kilisuci, kadherekake para wadya bala.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 49

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
			Lakune sanajan dirikataken nanging iya ora bisa enggal tekan panggonan kang dituju sebab pancen dudu panggonan kang cedhak, nanging kalebu adoh. Senajana adoh ora wurung iya tekan panggonan kang dituju yaiku ing gunung Pucangan papan Padhepokan sang Wiku putri Dewi Kilisuci .	
5	Latar wekdal	Wayah dalu	“Ooo yatalah Patih. Sajatine upama ora ditimbali aku iya mesthi sowan, jer aku iki senajan ana ing gunung nanging iya isih kawisesa ing ratu, dadi aku iki iya duwe kewajiban kudu sowan ing ngarsane Yayi Prabu. Nanging anggonku durung sowan iku jalaran ana dina wengi kepungkur aku antuk pasupenan kang gawe kuwatiring penggalihku, Patih.”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 49
6	Latar papan	Nagari Purwakencana (Parangkencana)	... Nalika iku ing negara sabrang ana negara gedhe kang kasebut negara Purwakencana. Negara Purwakencana iku negara gedhe jembar jajahane. Kang jumeneng ratu ing negara Purwakencana jejuluk Prabu Basunanda, sarirane gedhe dhuwur kaya raseksa. ... Laya marga anggone sekti mandraguna tur sugih aji-aji iku mula ora ana negara liya kang wani ngaru biru negara Purwakencana, malah para ratu ing sakiwa tengene negara kono padha sumungkem marang ratu ing Purwakencana iya Prabu Basunanda.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 51
7	Latar sosial	Raja	Nalika iku ing negara sabrang ana negara gedhe kang kasebut negara purwakencana. Negara Purwakencana iku negara gedhe jembar jajahane. Kang jumeneng ratu ing negara Purwakencana jejuluk Prabu Basunanda , sarirane gedhe dhuwur kaya raseksa.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 51
8	Latar sosial	Patih	Patihe nagara Purwakencana peparab Basukethi , kadigdayane mung kacek saulap kalayan sang Prabu Basunanda. Dhek biyen patih iki iya jumeneng ratu ana ing negara liya, nanging dikalahake dening Prabu	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 51

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
			Basunanda banjur nungkul. Saiki minangka pepatih ana negara Purwakencana kang uga kasebut negara Parangkencana.	
9	Latar papan	Tanah Jawi	“Pangandikanipun Gusti Prabu menika leres, nanging saking pemanggih kula kados kirang prayogi menawi paduka Gusti sinuhun nindaki andhustha satriya ing tanah Jawi , jer para wadya ing Parangkencana menika boten kekirangan ingkang saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing tanah Jawi menika sampun temtu saged manjing ajur ajer, dados menawi namung badhe andhustha satriya ing tanah Jawi menika sampun temtu saged kaleksanan.”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 16 kaca 2
10	Latar papan	Nagari Parangkencana	 Nanging bawaning sang Prabu Basunanda iku ratu sekti sugih kaprawiran, sugih kasekten lan sugih aji jaya kawijayan mula banjur mateg aji sakala kaprawirane pulih. Sarirane raden panji enggal cinandhak binopong kagawa mijil saka kedhaton sigra andedel ngambah ing gegana nedya kondur menyang negaranira ing Parangkencana kanthi banget sukaning wardaya	<i>Djaka Lodang</i> , No. 16 kaca 2
11	Latar papan	Padhepokan Pucangan ing Gunung Selamangleng	Lepas tindakira sang Prabu Basunanda ora kacarita anggonira kekiter, ganti kacarita kang ana ing Padhepokan Pucangan sang Wiku putri Dewi Kilisuci mudhar anggone semadi banjur ngandika marang Ki Patih Kudanawarsa kang andherekake tindake sang Wiku Putri,	<i>Djaka Lodang</i> , No. 16 kaca 67
12	Latar wekdal	Wayah enjing	Kacarita sang Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning. Esuk iku wungu saka anggone sare kaget priksa ingkang raka iya sang Dewi Sekartaji wis ngasta patrem arsa kasudukake ana jajane, Sang Dewi Ragilkuning enggal ngrebut patreme sarwi matur, lamun samengko wis luwar saka penggalihe kang jibeg buneg jalaran apa kang ndadekake buneging penggalih wis kelakon..	<i>Djaka Lodang</i> , No. 18 kaca 2
13	Latar sosial	Emban/ parekan	Ilange Raden Panji Inukertapati gawe gegere wong sakedhaton. Para	<i>Djaka</i>

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
			panakawan sarta para nyai kang adate padha ndherek nglela-ela sang jabang bayi padha gugup sarwi nangis sesenggukan.	<i>Lodang</i> , No. 18 kaca 2
14	Latar sosial	Prameswari, parekan	 Sang prameswari Jenggala nulya andangu ana apa dene ingkang putra Sekartaji kongsi arsa nganyut tuwuh. Para parekan padha ora bisa matur apa-apa sebab pancen padha ora ngerti apa kang dadi sebabe. Mung Sang Putri Dewi Onengan kang banjur matur marang ingkang Ibu.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 18 kaca 2
15	Latar sosial	Prameswari, garwanipun ratu	 Sang prameswari dalasan para garwane ratu Kedhiri, Ngurawan lan Singosari sapraptane ing jro kedhaton samya muwun kelara-lara, geneya sang Dewi Candrakirana kok nganti arsa suduk sarira jalaran katilar ingkang garwa. Garwane ratu papat bebarengan padha marepegi sang Dewi Sekartaji sarwa muwun.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 18 kaca 2
16	Latar sosial	Wiku	 Rawuhe sang Wiku putri gawe laganing penggalihe sang Prabu Lembuamiluhur dalasan para rayi nata, kabeh padha caos sembah lan pakurmatan marang sang Wiku putri.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 18 kaca 2
17	Latar wekdal	Wayah dalu	Tanpa dipenggalih kanthi panjang Dewi Ragilkuning kang pancen ora bisa pisah kalayan ingkang raka banjur mijil saka kasatriyan kanthi tekad nedya sumusul lolose sang Dewi Candrakirana, banjur anggeblas nalasak wengi , ora ana pawongan kang nyumurupi tindake sang Dewi.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 19 kaca 51
18	Latar wekdal	Wayah enjing	Esuk iku emban cethi parekan kang saben dinane turu ana sacedhake tilam sarine sang Retna Sekartaji padha kaget dene isih isuk kaya ngono kok korining tilam wus menga ngeblak, mangka adat sabene wayah iku sang Dewi Sekartaji durung wungu. Parekan kang pancen kacaket enggal ngungak sajroning tilamsari. Mendah iba kagete parekan iku sumurup sajroning tilamsari suwung, dalasan sang putri Ragilkuning kok iya ora katon, sakala parekan nyipta lamun sang putri sakeloron samya lolos	<i>Djaka Lodang</i> , No. 19 kaca 51

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
			sakan kasatriyan kadhipaten.	
19	Latar sosial	Emban / parekan	Esuk iku emban cethi parekan kang saben dinane turu ana sacedhake tilam sarine sang Retna Sekartaji padha kaget dene isih isuk kaya ngono kok korining tilam wus menga ngeblak, mangka adat sabene wayah iku sang Dewi Sekartaji durung wungu. Parekan kang pancen kacaket enggal ngungak sajroning tilamsari. Mendah iba kagete parekan iku sumurup sajroning tilamsari suwung, dalasan sang putri Ragilkuning kok iya ora katon, sakala parekan nyipta lamun sang putri sakeloron samya lolos sakan kasatriyan kadhipaten.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 19 kaca 51
20	Latar sosial	Cantrik	Para cantrik manguyu jejanggan nampa dhawuhe sang Tapa iya padha enggal nindakake kang dadi kuwajibane, mula ora aneh yen sedhela padhepokan wis katon resik lan asri.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 2
21	Latar sosial	Resi/ wiku	Sang tapa banjur tindak medhak saka pucuking gunung mapagake tamune kang bakal teka. Bareng Raden Gunungsari lan pandhereke wis tekan ngarep padhepokan nanging isih ana sikiling gunung, sang tapa enggal ngacarani.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 2
22	Latar sosial	Putranipun raja	“Adhuh dene karawuhan tamu agung saka negara. Mangga Raden enggal minggah ing padhepokanipun pun bapa. Saderengipun lenggah ing pacrabakan keparenga pun bapa anila krami. Raden menika satriya saking pundi ingkang pinangka, sarta pundi ingkang sinedya, sarta sinten sinambat ing wewangi Raden? Anggen kula anila krami menika jalaran Paduka Raden satriya tigas kawuryan, kados dereng nate kepanggih kalayan pun bapa,” ature sang Tapa. “Oh, mekaten sang Yogi. Inggang sudi amastani kula pun Gunungsari inggih Malayakusuma putra nata Kedhiri.... ”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 2
23	Latar papan	Padhepokanipun	Raden Gunungsari anggatekake apa kang dadi pangandikane sang Resi	<i>Djaka</i>

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
		Resi Purwajati	iya sang Wiku kang wus gentur tapane, banjur nengga ana padhepokan sang Resi Purwajati kongsi sawetara wektu.	<i>Lodang</i> , No. 21 kaca 2
24	Latar sosial	Resi/ wiku	Raden Gunungsari anggatekake apa kang dadi pangandikane sang Resi iya sang Wiku kang wus gentur tapane, banjur nengga ana padhepokan sang Resi Purwajati kongsi sawetara wektu.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 2
25	Latar sosial	Mantri ingkang ngawasi wana	Mantri iku jenenge Kudaantipeya . Mantri iki mentas wae anggone nglanglang alas niti priksa kaanane alas, dumadakan saka kadohan katon ana barisane wadya bala, mula banjur lumayu bali nedya atur uninga marang para patih papat kang nalika iku isih padha rembugan.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 49
26	Latar sosial	Prajurit	“Yen kowe takon iki prajurit Jenggala kang njaga negara kang bakal dadi mungsuhmu., sebab saiki wis konangan yen kang nyolong gustiku Raden Panji iku ratumu, mula yen kowe kena dakeman baliya wae aja baris ana negara Jenggala.”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 51
27	Latar sosial	Prajurit	 Kejaba kalah jumlahe prajurite wong Jawa kalah rosa yen tinimbang wong-wong Bugis, sarta perange prajurit Jawa uga kalah nekad tinimbang prajurit Bugis . Prajurit Jenggala, Kedhiri, Ngurawan lan Singasari wis akeh sing mati utawa nandhang tatu, banjur padha mlayu mundur.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 51
28	Latar sosial	Patih	Dielingake mengkono sanalika Patih Kudanawarsa eling banjur dhawuh supaya perange padha ngunduri, tinimbang ketungkul perang luwih becik nyimpang dalan, banjur padha liwat dalan liya aja nganti ketemu meneh kalayan mungsuh.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 51
29	Latar sosial	Raja	“Iya yen bisa yayi, nanging Rama Prabu iku harak lagi tindak menyang tanah Jawa, bab kasil apa ora iku rak durung kena dipesthekake, sebab manut kabare wong tanah Jawa iku padha digdaya sura sekti ora tedhas tapak paluning pandhe.”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 22 kaca 2

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
30	Latar papan	Nagari Jenggala, nagari Parangkencana	 Sang Dewi Nawangwulan matur wotsari, “Leres pangandika paduka Raden Panji, suwau paduka mila sare wonten ing Jenggala , nanging samenika paduka sare wonten ing negari Parangkencana.... ”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 22 kaca 2
31	Latar sosial	Putranipun raja	Dewi Onengan matur sarwi rawat waspa, ature,” Adhuh pakulun sang Maha Resi, waleh menapa kula menika putrining nata Jenggalamanik Sang Prabu Lembuamiluhur. ”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 23 kaca 51
32	Latar wekdal	Wayah sonten	“Adhuh Kakangmbok, boten wonten kang atuduh margi. Nalika sonten sami sare kula taksih sumerep Kakangmbok kalayan Kakangmas Panji taksih sami sare sakeca.”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 25 kaca 39
33	Latar sosial	Raja	Wong iku nuli sajarwa lamun sajatine dheweke iku nata Bali , sarta ngandharake anggone namur kula dadi wong kurang waras iku saka wangsiting Jawata kinen ngupaya satriya bagus loro kang lagi padha lelana, iku kang bisa den suwuni pitulungan. Wong mau nuli matur nyuwun pitulungan supaya satriya sakeloron kersa nyirnakake mungsuh saka sewu negara kang ngrusak negara Bali.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 26 kaca 2
34	Latar Papan	Nagari Bali	Raden sakeloron nyaguhi arsa paring pitulungan mbalekake mungsuh sewu negara, banjur padha bali menyang negara Bali .	
35	Latar papan	Nagari Parangkencana	Sapungkure sang Jawata sang satriya nulya budhal nedya marang negara Parangkencana kadherekake abdi panakawan loro ki Sebul lan ki Palet. Ora kacarita tindake sang bagus nitih prau, gelising kandha semana wis tekan tlatah negara Parangkencana.... Tindake Raden Wangsengsari semana wis tekan alun-alun negara Parangkencana .	<i>Djaka Lodang</i> , No. 27 kaca 2
36	Latar papan	Nagari Bali	Wis cukup caritane Raden Wangsengsari kalayan sang Putri Dewi Purnamasidhi, ganti kang kacarita kang ana negara Bali . Sang nata Bali nimbali ki Demang Pulung. Bareng wis sowan Sang Prabu ngandika esmu sereng,....	<i>Djaka Lodang</i> , No. 27 kaca 51

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
37	Latar sosial	Abdi	Abdi loro iku kang bisa atur panglipuring penggalih sarana tansah padha geguyon sarta omong kang lucu-lucu, nganti sok gawe gumujenge Raden Gunungsari kang sajatine penggalihe lagi banget sungkawa jalaran katilar Dewi Onengan iya Dewi Ragilkuning. Penggalihe kena den arani ajur mumur.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 28 kaca 48
38	Latar sosial	Raja	Sang Madubrangta nalika iku iya nandhang wuyung enget marang ingkang raka sang Panji Inukertapati, marma tansah semadi nenuwun sihing Hyang Manon. Dumadakan Hayang Narada rawuh anjog saka wiyati. Hyang Narada gemujeng sarwi ngandika, “ Wayah ulun kaki prabu, geneya kita cupeting budi, santosakna ati kita jer kita iku jemeneng ratu. Kita aja sumelang samengko pancen wus tumeka titi wancine anggon kita bisa sapatemon kalayan kang kita arep-arep. Boya suwe maneh wetara setengah candra kita bakal bisa ketemu kalayan kaki Panji Asmarabangun. Wis kariya basuki wayah ulun kaki Prabu.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 28 kaca 51
39	Latar wekdal	Wayah enjang	Dina esuke para ratu lan wadya bala nuli nembang tengaraning yuda kendhang gong beri mawurahan geter pater dhedheterawati, pepak sagung wadya bala.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 29 kaca 48
40	Latar sosial	Patih	 Satekane ing barisane mungsuh ki patih Jayengtilam nyuwara, suwarane renyah kaduk ladak, “Heh para nata patih miwah wadya bala ing tanah Sabrang, mangertiya ingsun iki pepatih ing negara Bali , ingsun dinuta ing sang nata Bali supaya mengko peperangan iki ora datan angadu wadya bala,	<i>Djaka Lodang</i> , No. 29 kaca 51
41	Latar wekdal	Wayah enjing	Dina esuke perange diterusake, nanging kabeh para satriya Jenggala padha kasoran mungsuh Patih Jayengtilam.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 29 kaca 51
42	Latar	Wayah dalu	Wengi iku wadya ing Bali padha suka pari suka jalaran mentas	<i>Djaka</i>

Tabel Salajengipun

No	Jenis Latar	Latar	Indikator	Katrangan
	wekdal		ungguling yuda. Kosok baline sang nata Parangkencana banget sungkawa dene akeh putrine kang kapupuh ing yuda.....	<i>Lodang</i> , No. 30 kaca 2
43	Latar wekdal	Wayah enjing	Dina esuke sang Dewi Nawangwulan wis siyaga ngirit para putri prajurit samya alaku dharat.	
44	Latar wekdal	Wayah enjing	Dina esuke sang Panji nedya ngedali magut yuda, wadya bala kadhawuha tata gelaring yuda sikep gegamaning perang.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 30 kaca 51
45	Latar Papan	Nagari Jenggala	, wasana Prabu Madubrangta lumajar manjing pura den bujung sang Panji, sakala babar pulih dadi Dewi Sekartaji. Sang Panji banget sukaning penggalih, nulya samya rerangkalan puluh kadya duk durung lolos saka praja Jenggalamanik nulya kondur marang Jenggala .	<i>Djaka Lodang</i> , No. 30 kaca 51

Tabel 9. Lampiran Data Lelewaning Basa ingkang Wonten ing salebetipun Cariyos Rakyat Panji Jayeng Tilam Anggitanipun Ignatia Sri Sumirah.
Tabel Salajengipun

No	Jenis lelewaning Basa	Indikator	Katrangan
1	<i>Personifikasi</i>	Ing nalika iku negara Jenggala lagi nganakake pahargyan amiwaha miyose jabang bayi putra Raden Panji Asmarabangun karo sang Dewi Candrakirana kang mentas mbabarake putra miyos kakung kaparingan tetenger Raden Panji Laleyan.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 2
2	<i>Perifrasis</i>	Kang seneng nonton wayang utawa kethoprak padha dibebasake ora dikenani mbayar utawa ngetokake dhuwit.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 2
3	<i>Pleonasme</i>	“Ana ing sajroning pasupenan aku sumurup negara Jenggala kebanjiran nganti keleben banyu, ora ana kang kentir keli iku kejaba mung putraku kaki Panji kang katut ilining banjir, ora ana kang bisa nulungi.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 15 kaca 49
4	<i>Prolepsis</i>	Nuju sawijining dina sang Prabu Basunanda tedhak miyos sineweka den adhep sagung para punggawa.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 16 kaca 2
5	<i>Simile</i>	Sang Prabu gumun dene papan panggonane para satriya becike kaya kahyangane para Jawata.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 16 kaca 67
6	<i>Pleonasme</i>	Nanging samangertos kula wau dalu boten wonten ingkang tukar paben.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 18 kaca 2

Tabel Salajengipun

No	Jenis lelewaning Basa	Indikator	Katrangan
7	<i>Perifrasis</i>	Kejawi menika para yayi aji sekawan pisan sampun ngantos sami tilar kaprayitnan , jer taksih badhe wonten bebaya ingkang andhatengi	<i>Djaka Lodang</i> , No. 18 kaca 51
8	<i>Personifikasi</i>	Kejawi menika para yayi aji sekawan pisan sampun ngantos sami tilar kaprayitnan, jer taksih badhe wonten bebaya ingkang andhatengi.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 18 kaca 51
9	<i>Metafora</i>	Apa maneh kelangan garwa, selagine kelangan barang wae yen barang mau disenengi banget iya mesthi susah banget.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 19 kaca 2
10	<i>Simile</i>	Dulit mangsuli,” Bener kandhamu Dudul, saupama bendara kusuma Ragilkuning banjur mak jedhuln ana alas kene, aku lan kowe mesthi bakal ditundhung utawa digusah kaya sona. ”	<i>Djaka Lodang</i> , No. 19 kaca 51
11	<i>Perifrasis</i>	 Pramila mugè angger kersa ngandika sawajaripun kemawon.. Kula nedya nilingaken karna , Angger.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 2
12	<i>Perifrasis</i>	Wadya bala menika kathah sanget kados tanpa wicalan, nanging tiyangipun menika cetha sanes tiyang tanah Jawi, kados tiyang saking tanah sabrang, ketinggal bilih badhe magut yuda.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 21 kaca 49

Tabel Salajengipun

No	Jenis lelewaning Basa	Indikator	Katrangan
13	<i>Pleonasme</i>	Kabeh diwedharake marang Sang Prameswari wiwit jengkar saka negara Parangkencana kongsi bali kondur , wiwitan tekan pungkasan kabeh diwedharake ora ana kang kaliwatan.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 22 kaca 2
14	<i>Pleonasme</i>	Kocap kang nandang brangta kasmaran marang Raden Panji Inukertapati, Dewi Nawangwulan,...	<i>Djaka Lodang</i> , No. 22 kaca 2
15	<i>Pleonasme</i>	Sondher sampur kang kinarya lendhang kongsi kebes kinarya angusapn waspa.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 23 kaca 51
16	<i>Simile</i>	Raden Gunungsari nulya binusanan dadi cantrik kang banget ala warnane, wetenge bekel melenth, gegere wungkuk, mripate anggerong, jenggote arang kaya rambut jagung , sikile pincang.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 24 kaca 2
17	<i>Simile</i>	Wong-wong ing negara Parangkencana padha gumun dene satriya baguse kaya Jawata , malah akeh kang ngarani yen iku jawata ngejawantah.	<i>Djaka Lodang</i> , No. 27 kaca 2
18	<i>Personifikasi</i>	Dumadakan Demang Pulung krungu ana swara kang ngandheg lakune .	<i>Djaka Lodang</i> , No. 28 kaca 2
19	<i>Simile</i>	Sang Panji anjenengi lenggah ing pepanggungan mriksani ombyaking wadya bala Jenggala, Kedhiri, Ngurawan, Singasari lan	<i>Djaka Lodang</i> , No. 29 kaca 51

Tabel Salajengipun

No	Jenis lelewaning Basa	Indikator	Katrangan
		Parangkencana kang akehe tanpa wilangan kongsi kaya samodra rob.	
20	<i>Perifrasis</i>	Ing njaba para garwa kang mentas magut yuda uga samya anglelipur penggalih malah samya kasukan suka rena dene anggone magut yuda datan kongsi kasoran, malah kepara unggul.	<i>Djaka Lodang,</i> No. 30 kaca 2
21	<i>Simile</i>	Sarampunge anggone tata gelaring perang sang Panji dhawuh nabuh tengaraning perang, kendhang beri gong sarta tambur tinitir kadya guntur.	<i>Djaka Lodang,</i> No. 30 kaca 51
22	<i>Simile</i>	Ki Patih Jayengtilam sigra dhawuh nimbangi tengaraning perang, swarane samya rame kadi anjugrugna bumi.	<i>Djaka Lodang,</i> No. 30 kaca 51

RERINGKESANING CARIYOS

Irah-irahan : *Panji Jayeng Tilam*
Penganggit : Ignatia Sri Sumirah
Penerbit : Djaka Lodang
Edisi : No. 15-30, 12 September-26 Desember 2009
Cacahipun Kaca : 43 kaca

1

Nalika semanten negari Jenggala ngawontenaken pahargyan amiwaha miyosipun putranipun Raden Panji Asmarabangun kaliyan Dewi Candrakirana ingkang kaparingan asma Panji Laleyan. Menika damel suka penggalhipun Prabu Lembuamiluhur saha Pramesmari. Nanging sanajan taksih ngawontenaken pahargyan, penggalhipun sang Prabu Lembuamiluhur ngraos boten sekeca amargi sampun langkung saking selapan dinten sang Wiku Dewi Kilisuci dereng rawuh ing negari Jenggala. Saingga Prabu Lembuamiluhur ngutus Patih Kudanawarsa supados tindak sowan marang Dewi Kilisuci ing Padhepokan Pucangan. Sang Dewi kasuwun rawuh tindak Jenggala saperlu paring berkah marang wayahipun sang prabu.

Sasampunipun Patih Kudanawarsa kepanggih kaliyan Dewi Kilisuci lajeng ngaturaken dhawuhipun Prabu Lembuamiluhur, Sang Patih dipunparingi pirsu bilih Sang Dewi angsal pasupenan bilih negari Jenggala kebanjiran lajeng pulunanipun, sang Panji kentir. Badhe dipuntulungi dening Dewi Candrakirana nanging boten saged, wasana malah wonten wanodya ing bahita ingkang ngranggeh astanipun sang Panji, lajeng sang Panji dipunbeta, arahipun ngaler

ngilen nanging boten mangertos dhateng pundi. Sang Wiku Dewi Kilisuci dereng mangertos wewangen mungguhing werdi pasupenanipun. Salajengipun Dewi Kilisuci saha Patih Kudanawarsa tindak negari Jenggala saperlu sowan ing ngarsanipun Sang Prabu Lembuamiluhur.

Kacariyosaken ing negari sebrang wonten negari ageng kawastanan nagari Purwakencanaingkang ageng jajahanipun. Ratunipun sekti mandraguna, asmanipun Prabu Basunandha. Wondene pathipun ugi boten kawot kathah kadigdayanipun, asmanipun Patih Basukesthi. Sang Prabu Basunandha peputra sekawan, ingkang pembayun asmanipun Dewi Nawangsasi (Nawangwulan), rayinipun ingkang estri inggih menika dewi Nawangsari, ingkang kaping tiga priya asmanipun Raden Gagatan, ingkang wuragil asmanipun Raden Jajaran. Putra kekalih sami sekti mandraguna kados ingkang rama.

2

Sawijining dinten Prabu Basunanda badhe ngleksanani pamothahipun Dewi Nawangwulan ingkang nyuwun kadhaupaken kaliyan Raden Panji. Nalika Prabu Basunanda ngendika bilih badhe nyolong Raden Panji menika kiyambak sanajan sampun dipunpambengi dening Patih Banakesthi. Sang Prabu namung mundhut wadyanipun ingkang saking Bugis cacahipun enem. Wondene wadya ingkang sanesipun kadhawuhan njagi ing sakubengipun negari Jenggala kangge ngawekani menawi samangke wonten ingkang ngalang-ngalangi.

Kacariyosaken tindakipun Prabu Basunanda kanthi ngambah gegana sampun dumugi wonten ing Jenggala. Sasampunipun wayah dalu, sang Prabu enggal tumedhak sarwi mateg aji kemayan ingkang damel tiyang ing pura

Jenggala sami arip lajeng sare kepati sedaya. Sasampunipun sawetawis madosi nanging dereng kepanggih, wasana Raden Panji Inukertapati kapanggihaken sare ing kasatriyanipun. Sepisanan, dereng ngantos nyandhak sariranipun sang Panji, Prabu Basunanda dawah kantaka. Nanging awit saking kasektenanipun, wasana sariranipun Raden Panji saged dipuncandhak lajeng dipunbopong kaasta mijil saking kedhaton Jenggala nedya kundur ing Parangkencana.

Gantos cariyosipun Dewi Kilisuci ing Padhepokan Pucangan ingkang sampun mudhar anggenipun semedi. Ngandharaken dhumateng Patih Kudanawarsa bilih menapa ingkang damel buneg penggalhipun menika sampun kedadosan. Tindakipun sang Wiku dumugi ing Jenggala sesarengan ing kedhaton sami gugup bingung amargi icalipun Raden Panji. Sang Dewi Sekartaji arsa suduk sarira amargi judheg penggalhipun, wungu sare kagyat boten manggihaken garwanipun. Sang Panji dipunpadosi boten kepanggih lajeng Dewi Sekartaji nyipta bilih murcanipun sang Panji menika amargi nawung duka.

3

Dewi Onengan utawi Dewi Ragilkuning, kagyat nalika enjing wungu saking sare, priksa Dewi Sekartaji sampun ngasta patrem badhe kasudukaken ing jajanipun. Patremipun menika sigra dipunrebat sarwi ngarih-arih supados Dewi Sekartaji kersa sabar, boten suduk sarira.

Icalipun sang Panji damel gegeripun tiyang sakedhaton. Kagyat penggalhipun Prabu Lembuamiluhur nalika angsal lapuran saking abdinipun. Sedaya ari nata ing Kedhiri, Ngurawan, saha Singasari katimbangan sowan ing kasatriyan kadipaten. Sang prameswari saha para garwanipun nata sekawan nagari

sasampunipun dumugi ing kedhaton lajeng sami muwun keranta-ranta, kenging menapa sang Dewi Candrakirana kok ngantos badhe suduk sarira amargi ketilar garwanipun.

Dewi Onengan lajeng matur kaliyan sang Prameswari bilih sejatosipun ugi boten mangertos sebabipun. Nanging sareng enjing Dewi Candrakirana madosi garwanipun boten kepanggih lajeng nyipta bilih sang Panji temtu murca saking praja. Menika kiranipun ingkang nyebabaken Dewi Candrakirana badhe nganyut tuwuh. Miyarsa aturipun Dewi Onengan damel penggalhipun sang Prabu saha prameswari dados karanta-ranta. Prabu Lembuamiluhur lajeng ngutus wadya bala supados madosi sang Panji. Nanging dereng ngantos kabudhalaken lajeng kasarurawuhipun Dewi Kilisuci. Midhanget aturipun sang Prabu ngengingi icalipun sang Panji ugi damel penggalhipun Dewi Kilisuci dados karanta-ranta. Lajeng nalika dipunsuwuni pitedah, Dewi Kilisuci medharaken sekedhik bilih sang Panji menika dipunbeta dening ratu sabrang ingkang sekti mandraguna. Sebabipun andhusta sang Panji amargi ginubel putrinipun ingkang kepengin kagarwa dening sang Panji Inukertapati. Salajengipun Dewi Kilisuci ngendika bilih menika sedaya sampun dados kersanipun Bathara, kiyambakipun boten wenang medharaken wonten pundi dunungipun sang Panji. Nanging para yayi ugi kasuwun boten kuwatos amargi sejatosipun sang Panji menika badhe manggih kanugrahan, angsal nagari sarwi amboyong putri. Salajengipun Dewi Kilisuci pamit kondur tindak padhepokanipun ing Pucangan.

4

Dewi Sekartaji utawi Dewi Candrakirana sanajan sampun dipunlelipur nanging taksih dereng saged ngicali raos sungkawanipun. Ing penggalhipun nedya ngupadosi sang Panji samangsa wonten wekdal ingkang becik sarta boten wonten ingkang mangertosi.

Dewi Ragilkuning ingkang kuwatos menawi Dewi Sekartaji lolos saking praja lajeng nyuwun supados ingkang raka menika sampun ngantos lolos saking praja. Sanajan ngendika bilih piyambakipun boten badhe lolos saking praja, nanging satunggalipun dalu Dewi Sekartaji kanthi alon-alon mijil saking tilam sarinipun, lolos saking praja Jenggala tanpa wonten ingkang nyumerepi.

Dewi Ragilkuning ingkang nglilir wungu boten manggihaken Dewi Sekartaji, dipunpadosi boten kepanggih, lajeng nyipta bilih Dewi Sekartaji mesthi lolos saking praja badhe ngupadosi sang Panji. Amargi rumaos boten saged pisah kaliyan ingkang raka lajeng ndherek lolos saking praja badhe sumusul lolosipun sang Dewi Sekartaji tanpa wonten tiyang ingkang nyumerepi.

Enjingipun para emban cethi parekan sami kagyat dene gustinipun sampun sami boten katingal, sakala parekan menika nyipta bilih putri kekalhipun sami lolos saking kasatriyan kadhipaten. Lajeng parekan atur uninga menyang kedhaton munjuk ingarsanipun Prabu Lembuamiluhur. Kagyat penggalhipun sang Prabu, langkung-langkung sang Prameswari, ndadosaken paraparekan ing kedhaton sami nangis sesenggukan pating jalerit.

5

Sang Prabu Lembuamiluhur minangka raja Jenggala tansah menggalih anggenipun badhe ngupadosi para putranipun ingkang dipundhustha menapa ugi ingkang lolos saking praja. Sang Prabu menika dipunbiyantu dening ari nata Ngurawan, Kedhiri, saha Singasari. Para wadya bala sekawan nagari dalah para patih sarta para putranipun sami kadhawuhan ngulari Raden Panji Inukertapati, Dewi Candrakirana, saha Dewi Ragilkuning. Boten katinggalan, sang Prabu ugi ngutus Ki Jarudeh saha Ki Prasanta saperlu sami ngulari ndaranipun.

Raden Gunungsari ingkang ugi kautus ngulari para putra Jenggala nilapaken misah saking wadya bala Kedhiri amargi piyambakipun badhe ngulari Dewi Ragilkuning ingkang sanget dipuntresnani. Ing salebetipun tindak, sang Panji tansah sambat kemawon amargi rumaos dipuntilar dening Dewi Ragilkuning. Ing salebetipun ngupadosi Dewi Ragilkuning menika, Raden Gunungsari kadherekaken dening abdinipun ingkang namanipun Dulit saha Dudul.

6

Raden Gunungsari dumugi wonten ing padhepokanipun Resi Purwajati. Salajengipun sasampunipun angsal wewarah saha pamrayogi saking sang Resi, Raden Gunungsari nengga sawetawis dinten ing padhepokanipun menika.

Gantos kacariyosaken patih sekawan nagari sawadya bala ingkang dereng angsal sisik melik wonten pundi dunungipun sang Panji menapa ugi Dewi Candrakirana. Lajeng angsal lapuran saking Mantri Kudaantipeya bilih wonten wadya bala sabrang ing samadyanipun wana. Sulayaning rembag, sareng

mangertos bilih wadya bala menika wadya bala Bugis ingkang nyiwer nagari Jenggala amargi ratunipun nembe andhustha raja putra Jenggala, lajeng kadadosan perang regeng antawisipun wadya bala Bugis kaliyan wadya bala sekawan nagari menika. Nanging wadya bala Jawa kaseser yudanipun. Sang Patih nagari Jenggala ingkang saderengipun badhe ngawaki magut yuda amargi mangertos bilih wadyanipun kaseser, sasampunipun dipunelingaken dening Patih Singasari lajeng dhawuh supados wadya balanipun ngunduri perang. Kadhawuhan sami liwat mergi sanes sampun ngantos kepanggih kaliyan mungsuh.

7

Dewi Nawangwulan ingkang nandhang brangta marang Raden Panji Inukertapati, wiwit sang Prabu Jengkar saking kadhaton badhe andhustha Raden Panji ing tanah Jawa penggalhipun tansah kamikaton warnanipun Raden Panji. Anggenipun menggalihaken sang Panji ngantos supe dhahar kaliyan nendra, ndadosaken sariranipun menika kuru. Sanajan dipunlelipur dening Dewi Purnamasidhi nanging sang Dewi Nawangwulan meksa boten saged kalipur.

Dewi Nawangwulan boten yakin menawi ingkang rama saged andhustha Raden Panji Inukertapati amargi miturut kabaripun tiyang Jawa menika tansah sura sekti. Nanging Dewi Purnamasidhi ngyakinaken bilih temtu ramanipun ingkang linangkung kasektenanipun saged kasil anggenipun andhustha Raden Panji.

Salajengipun Dewi Nawangwulan saha Dewi Purnamasidhi kaaturan sowan ingarsanipun rama miwah ibu. Sang Prabu Basunandha menika sampun kasil anggenipun andhustha Raden Panji Inukertapati. Sang Prabu ngandharaken

kadospundi piyambakipun anggenipun andhustha Raden Panji, lajeng ngaturi supados sang Dewi enggal nyaketi Raden Panji Inukertapati ingkang sampun wonten ing jinemrum.

Raden Panji Inukertapati ingkang kagyat nalika wungu boten manggihaken garwanipun, ugi boten mangertos piyambakipun wonten pundi. Lajeng andangu marang Dewi Nawangwulan ingkang wonten ing sacelakipun. Dewi Nawangwulan ngandharaken kanthi runtut ngengingi Raden Panji ingkang dipundhustha dening ramanipun saha ngengingi pasupenan sarta peanyuwunanipun. Dewi Nawangwulan ugi ngaturaken bilih piyambakipun menika mangertos bilih sang Panji menika sampun kagungan garwa, putri Kedhiri. Saingga sang Dewi menika gadhah niat suwita marang Putri Kedhiri. Menawi sang Putri Kedhiri anampik pasuwitanipun utawi boten kersa nampi piyambakipun minangka emban, sang Dewi Nawangwulan nedya nganyut jiwa amargi rumaos boten wonten ginanipun malih anggenipun gesang. Midhanget aturipun sang Dewi Nawangwulan, sang Panji angles penggalhipun, tuwuh welasipun marang Dewi Nawangwulan. Lajeng dhawuh supados sang Dewi nimbali rama, ibu dalah kadang kadeyanipun supados rawuh ingarsanipun sang Panji.

8

Sasampunipun ambal wacana antawisipun sang Prabu Basunanda kaliyan Raden Panji Inukertapati, wasana sang Prabu nyuwun pangapunten awit sampun andhustha Raden Panji lajeng masrahaken Dewi Nawangwulan. Sang Panji mangsuli aturipun sang Prabu kanthi aris. Nampi menapa ingkang kedadosan

menika minangka kersanipun Jawata saha nampi pasrananipun Prabu Basunanda dhumateng sang Panji.

Raden Panji kacariyosaken dereng saged wangsul ing nagari Jenggala amargi wekdal menika angin ageng, alunipunsamodra kados ombak ingkang saged ngeremaken baita. Salajengipun kanthi palilahipun Prabu Basunanda, Raden Panji nyantuni putra kekalihipun Prabu Basunandha. Ingkang sepuh, Raden Gagatan dipungantos dados Panji Kudanawarsaya. Wondene ingkang anem, Raden Jajaran dipungantos dados Panji Kudanawratsangka.

Kacaroyosaken lampahipun Dewi Ragilkuning ingkang lelana ing madyanipun wana wasa, lolos saking praja Jenggala badhe madosi Dewi Sekartaji. Sanajan sangsara kados menapa sang Dewi Ragilkuning tetep nerasaken lampah. Wasana Sang Dewi Ragilkuning dumugi ing padhepokanipun Resi Purwajati. Miyarsa bilih sang Dewi Ragilkuning wonten ing Padhepokanipun Resi Purwajati, Raden Gunungsari namung injan-injen ngintip sanajan sejatosipun sampun dangu tresna marang sang Dewi. Raden Gunungsari dereng wantun nglairaken isinipun penggalih menika. Sasampunipun nyariyosaken asal-usul saha sebabipun Dewi Ragilkuning lolos saking Praja Jenggala, Dewi Ragilkuning angsal wewarah saking sang Resi ngengingi kahananipun Dewi Sekartaji saha Raden Panji Inukertapati.

9

Dewi Ragilkuning nerasaken lampah kanthi dipunrencangi Raden Gunungsari ingkang sampun binusanan dados cantrik kanthi asma Cantrik

Ragagati. Dewi Ragilkuning boten mangertos bilih cantrik menika sejatosipun Raden Gunungsari.

Ing samadyanipun wana wasa menika sang Dewi, cantrik saha abdi kekalihipun kapiyarsa dening wadya bala Bugis. Mangertos bilih ing samadyanipun alas wonten putri ayu lajeng sami pating bedhigas rebut dhucung badhe nyikep putri ayu menika. Dewi Ragilkuning, Cantrik Ragagati saha abdi kekalihipun sami mlajar dipunoyak dening para wadya bala Bugis. Nalika sampun rumaos boten kiyat mlajar malih, Sang Dewi ngambruk ngalosot ing jurang, napasipun kados ajeng pedhot. Lajeng sang Dewi nyuwun supados Cantrik Ragagati menika menawi wantun nglawan tiyang-tiyang Bugis menika.

Cantrik Ragagati kersa nglawan para wadya Bugis menika menawi Dewi Ragilkuning kersa ethok-ethok dados garwanipun. Midhanget sarat menika sang Dewi dados bingung. Nanging tinimbang dipunbeta dening tiyang Bugis, Dewi Ragilkuning kersa ethok-ethok dados garwanipun.

Sareng sang Dewi Ragilkuning kersa ethok-ethok dados garwanipun, Cantrik Ragagatikersa nglawan wadya Bugis. Abdi kekalihipun, Dudul saha Dulit, dipunpasrahi njagi Dewi Ragilkuning sampun ngantos ical dipundhustha tiyang Bugis.

10

Raden Gunungsari lumawan para wadya Bugis saha para pemimpinipun kanthi wujud Raden Gunungsari ingkang sejatosipun. Mangertos bilih cantrik Ragagati menika sejatosipun satriya Kedhiri ingkang asmanipun Raden Gunungsari, sang Dewi Ragilkuning bingung penggalhipun. Lajeng Dewi

Ragilkuning milih oncat nglajengaken anggenipun madosi Dewi Sekartaji tinimbang dipunbeta dening Raden Gunungsari.

Raden Gunungsari penggalhipun dados bingung lajeng sambat nalika sasampunipun ungguling yuda boten manggihaken Dewi Ragilkuning menapa ugi punakawanipun. Boten dangu salajengipun, punakawanipun Raden Gunungsari mbeta toya kangge Raden Gunungsari. Lajeng ngandharaken bilih kekalhipun menika dipundhawuhi dening Dewi Ragilkuning supados pados toya kangge wijik Raden Gunungsari. Pepuntoning sedya, Raden Gunungsari badhe ngupadosi sarta dereng badhe kondur menawi dereng saged kepanggih kaliyan sang Dewi Ragilkuning.

Kacariyosaken Dewi Sekartaji ingkang tindakipun kesakit-sakit sasampunipun lolos saking praja mbeta putranipun ingkang taksih bayi. Anggenipun lolos saking praja menika badhe ngupadosi garwanipun, Raden Panji Inukertapati. Amargi saking sayahipun saha kirang anggenipun dhahar, sang Dewi Sekartaji dhawah kantaka ing lemah. Ingkang putra sansaya sora anggenipun muwun.

Tindakipun Dewi Ragilkuning ing salebetipun madosi Dewi Sekartaji menika nlasak-nlasak alas, medhak jurang, minggah gunung ingkang boten wonten sabawaning manungsa. Ingkang wonten namung sato alas ingkang galak purun mangsa manungsa. Nanging penggalhipun Dewi Ragilkuning menika sampun lila legawa kamangsa sato alas tinimbang pisah saking Dewi Sekartaji.

Dumadakan Dewi Ragilkuning mireng suwanten bayi. Nalika dipuncaketi, kagyat miyarsa ingkang muwun menika pulunanipun, sigra dipunbopong saha

dipunelus-elus. Sansaya kagyat nalika uninga ingarsanipun menika Dewi Candrakirana gumlethak tanpa sambat. Dewi Onengan njerit sarwi nubruk ingkang raka. Dipunhoyog-hoyog supados enggal eling saking anggenipun kantaka. Boten dangu salajengipun Dewi Candrakirana eling saking anggenipun kantaka. Lajeng kekalihipun menika samya imbal wacana sarwi tetangisan.

Nalika sang Dewi Ragilkuning saha Dewi Candrakirana nembe imbalwacana, karawuhan Hyang Narada. Kanthi perintah saking Hyang Girinata, Dewi Sekartaji saha Dewi Ragilkuning badhe dipunpuja dados wujud priya. Wondene putranipun badhe dipunbeta dening Hyang Narada.

11

Dewi Sekartaji ingkang sampun gantos wujud priya kanthi wewangi Raden Madubrangta saha Dewi Ragilkuning kanthi wewangi Raden Madukusuma, kadhawuhan suka pitulungan marang raja Bali ingkang nandhang sungkawa amargi nagarinipun badhe dipungempur dening para raja sewu nagari. Raden kekalihipun menika nyaguhi dhawuh menika, lajeng tindak miturut dhawuhipun Hyang Narada.

Ing satengahing margi kepanggih kaliyan raja Bali ingkang namur dados tiyang ingkang kirang waras. Tumindak menika miturut wangsitipun Jawata kinen ngupadosi satriya bagus ingkang nembe lelana, satriya menika ingkang saged dipunsuwuni pitulungan. Wasana Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma saguh maringi pitulungan.

Sareng mangertos bilih sang Prabu Suryalelana sampun angsal pitulungan, raja sewu nagari lajeng muntab dukanira. Lajeng kadadosan perang regeng.

Wadya bala Bali ingkang sepisanan kasoran nanging wasananipun saged menang sasampunipun sang Raden Madubrangta saha Raden Madukusuma ngginakaken senjata saking Hyang Narada. Sakala perang regeng menika saged dipunmenangaken dening wadya bala Bali. Salajengipun ing nagari Bali dipunwontenaken pahargyan amiwaha sepisan dhaupipun Raden Klana Madubrangta kaliyan raja putri Bali, kaping kalih mahargya anggenipun mentas unggul ing yuda, kaping tiga mahargya jumenengipun nata Raden Madubrangta ing Bali.

Sinigeg ingkang mentas mahargya ing Bali gantos kacariyosaken Ki Jarudeh saha Ki Prasanta nedya ngupadosi Raden Panji Inukertapati. Kekalihipun menika tansah kasakit-sakit sanget ing salebetipun wanawasa, lajeng sesambat nyuwun pitulunganipun Jawata Agung. Ki Jarudeh saha Ki Prasanta angsal wewarah saking Jawata menika supados kekalihipun mlampah mangetan ngantos dumugi nagari Bali, kadhawuhan suwita dhumateng Prabu Madubrangta.

Sasampunipun dumugi ing Bali, Ki Jarudeh saha Ki Prasanta lajeng sowan dhumateng Prabu Madubrangta. Pasuwitanipun tiyang kekalih menika dipuntampi, asmanipun dipungantos Ki Palang saha Ki Pulung.

12

Nuju sasampunipun ambal wacana kaliyan Demang Palang saha Demang Pulung ngengingi Raden Panji saha Dewi Sekartaji, Sang Prabu Madubrangta kondur ngedhaton. Penggalhipun dados langkung sungkawa sasampunipun midhangetaken aturipun Ki Palang saha Ki Pulung amargi ngantos dinten menika dereng angsal pawarta ngengingi dunungipun Sang Panji. Dumadakan Sang Prabu

kagyataken wontenipun peksi garudha ingkang ageng sanget. Sasampunipun dipunpanah, peksi menika mangejawantah dados Hyang Pancaresi. Sareng maturuwun, Hyang Pancaresi paring wewarah ngengingi dunungipun Raden Panji.

Raden Wangsengsari kadherekaken abdi kalih, Ki Sebul saha Ki Palet, tindak dhateng Parangkencana saperlu madosi rakanipun, Panji Asmarabangun. Sasampunipun pepanggihan, sami mulat saha imbal wacana ngengingi kahanipun ingkang rama miwah ingkang ibu, saha garwanipun sang Panji. Sareng mangertos bilih Dewi Sekartaji saha Dewi Onengan lolos saking praja, Raden Panji lajeng nyuwun supados Prabu Basunanda dhawuh marang para prajurit Bugis supados madosi sang Dewi kekalihipun.

Kalajengaken cariyos Dewi Purnamasidhi ingkang tansah kasmaran marang Raden Wangsengsari utawi Raden Sinompradapa. Sareng damel kesepakatan, kekalihipun saged pepanggihan ing wayah dalu ing salebetipun tamansari kedhaton Parangkencana. Sesambetan antawisipun Dewi Purnamasidhi saha Raden Wangsengsari menika angsal pangestunipun Prabu Basunanda amargi Sang Prabu sampun uninga bilih menika pancen sampun dados jatukramanipun.

Gantos cariyos ing Bali, Demang Pulung dipuntimbali dening Prabu Madubrangta. Sang Prabu duka amargi enjing kalayan sonten Ki Demang Pulung boten sowan ingarsanipun Sang Prabu Madubrangta. Sanajan sampun munjuk, sampun nyuwun pangapunten nanging malah Ki Demang Pulung dipuncemethi. Ki Demang Pulung tetep dipuntundhung saking nagari Bali. Nalika ngajak Demang Palang, Demang Palang boten kersa ndherek amargi rumaos bilih piyambakipun

boten klentu, rumaos bilih ingkang klentu Demang Pulung saingga ingkang dipuntundhung inggih namung Demang Pulung.

13

Lampahipun Demang Pulung sasampunipun dipuntundhung saking nagari Bali wiwit ngambah wanawasa. Lampahipun malih kados sengaja nyelaki menawi wonten macan utawi sato ingkang galak, kajengipun dipunmangsa amargi ngraos sampun boten betah gesang ing alam donya.

Dumadakan wonten Jawata ingkang suka wewarah marang Demang Pulung supados tindak menyang sabrang. Nagari sabrang sampun nata barisan badhe mbedhah nagari Bali. Demang Pulung kadhawuhan ngumpul dados setunggal kaliyan wadya bala nagari sabrang menika. Samangke menawi nagari sabrang nggecak nagari Bali, Ki Pulung saged ndherek mbales wirangipun.

Wasana ing sabrang, Demang Pulung kepanggih kaliyan patih nagari Jenggala, patih nagari Kedhiri, patih nagari Singasari, patih nagari Ngurawan, saha Raden Banyakwulan, putra Singasari. Para patih saha wadya bala sekawan nagari menika tansah ndherek marang Demang Pulung ingkang bdhe tindak nagari sabrang. Demang Pulung badhe menyang sabrang, amargi miturut pitedahipun Jawata saged kepanggih kaliyan para bandaranipun menawi tindak menyang sabrang.

Ing nagari sabrang, nagari Parangkencana, Ki Palang saha sedaya patih sekawan nagari sawadyabalanipun sami kepanggih kaliyan Raden Panji Inukertapati. Sedaya pengalamanipun Demang Pulung sampun dipunaturaken dhumateng Raden Panji. Malah radi keladuk anggenipun matur, Demang Pulung

ngaturaken bilih Dewi Sekartaji sampun kapendhet garwa dening Rnata Bali. Perkawis menika ndadosaken dukanipun Sang Raden Panji Inukertapati ingkang salajengipun dhawuh siyaga ing yuda badhe ngrabasa nagari Bali.

Gantos kacariyosaken Raden Gunungsari ingkang penggalhipun tansah sungkawa sasampunipun dipuntilar dening Dewi Ragilkuning. Nanging tindakipun tetep dipunterasaken kanthi kadherekaken dening punakawanipun, inggih menika Dulit kalayan Dudul. Dumadakan kepireng wonten suwanten surakipun wadya bala. Sareng dipuncelaki menika suwantenipun wadya bala Kedhiri. Sasampunipun sami kabar kinabaran, Raden Gunungsari enggal nedya sowan putra Jenggala ingkang ugi sampun kapanggihaken.

Kacariyosaken Sang Hyang Narada tumedhak sarwi mbopong Panji Laleyan nedhaki Raden Wirun, Raden Kartala, saha Raden Andaga. Satriya tiga menika kadhawuhan njagi sang bayi ing salebetipun wanawasa menika supados samangke saged pepanggihan kaliyan Raden Panji Inukertapati. Supados langkung gampil anggenipun kedadosan, satriya-satriya menika dipunbinusa malih dados menjangan wulung, kidang ijem saha banteng wulung.

Boten dangu salajengipun, wonten barisan wadya bala ingkang badhe nunjang sato menika, ndadosaken pangamukipun sato ingkang njagi Panji Laleyan menika. Sareng dipunpanah dening Raden Panji, sato menika malih dados satriya malih. Raden Wirun enggal nungkemi Raden Panji Inukertapati sarwi ngaturaken Panji Laleyan saha serat ingkang manut aturipun saking Dewi Sekartaji. Raden Panji Inukertapati muwun keranta-ranta dene ingkang putra taksih timur nanging kedah sangsara ing wana. Rampung nupiksa isinipun layang, Raden Panji

nandang sangsara kaworan brangta enget marang ingkang garwa, ngantos supe dhahar kalayan nendra. Namung kadhang Sang Panji menika dipunlelipur dening Dewi Nawangwulan.

Gantos ingkang kacariyosaken ing Bali, Prabu Madubrangta ugi nandang wuyung enget marang Raden Panji. Lajeng tansah nenuwun dhumateng Hyang Manon. Dumadakan Hyang Naradha rawuh lajeng suka piwarah bilih watara setengah candra badhe kapanggih kaliyan Raden Panji Inukertapati.

14

Prabu Madubrangta ngawontenaken pasowanan, ngandharaken bilih piyambakipun angsal wewarah saking Jawata bilih watara setengah candra malih badhe katekan mungsuh. Lajeng sang Prabu dhawuh supados sagung wadya bala sami siyaga ing yuda mapag mungsuh.

Sanajan dhawuhipun dipunece dening Patih Jayeng Tilam, nanging Sang Prabu Madubrangta tetep dhawuh supados damel pakuwon ingkang asri, ingkang sae kanthi tarub agung. Ancasipun supados mungsuh lena lajeng gampil dipunkalahaken.

Sasampunipun dipuntengga nanging dereng wonten tandha-tandha perang badhe dipunwiwiti, Raden Panji lajeng andheseg nawala marang sang Raja Bali. Isinipun tetanya menapa siyos perang menapa ngajak bedamen supados tentrem.

Layang saking Raden Panji menika dipunwangsuli kanthi layang ingkang isinipun tansah ngala-ala sanget marang Raden Panji Inukertapati. Sareng mangertos isinipun layang, sang Panji lajeng dhawuh supados sedaya wadya bala

sami siyaga ing yuda. Enjang salajengipun para ratu saha wadya bala sami nembang tengaraning perang.

Patih Jayeng Tilam matur dhumateng Prabu Madubrangta bilih langkung prayogi menawi samangke ingkang perang menika sampun ngaben wadya bala nanging ngaben para nata miwah para satriya supados saged langkung katingal sinten ingkang langkung sekti utawi digdaya.

Sang Prabu Madubrangta sarujuk marang pamanggihipun Patih Jayengtilam. Sang Patih lajeng ngaturaken marang mungsuh bilih samangke boten badhe ngaben wadya bala nanging perang tandhing antawisipun nata menapa ugi satriya. Sang Patih malah ugi nantangi Raden Panji supados tandhing lumawan piyambakipun. Perkawis menika damel dukanipun Raden Panji. Raden Panji rumaos boten sudi tandhing lumawan patih.

Nata Ternate, Prabu Banuputra, majeng ngedali yuda lumawan Patih Jayengtilam. Nanging dereng ngantos tandhing saestu, Prabu Banuputra den kecohi dening Patih Jayeng Tilam. Putra kalih saking Prabu Banuputra ugi saged dipunkecohi dening Patih Jayeng Tilam nalika kekalhipun nulungi ingkang rama. Salajengipun Prabu Antisura saking Trengganu ugi kasoran dening Patih Jayengtilam. Paprangan menika sinigeg jalaran kasaput ing wanci dalu. Perang dinten salajengipun, nata saking Parangkencana tetep kasoran yuda dening nata saking Bali.

Para ratu saha para putri garwanipun Raden Panji Inukertapati ugi sami majeng perang lumawan mungsuh ratu saha putri garwanipun Raden

Madukusuma. Nanging ratu saha putri saking Parangkencana tansah kasoran ing yuda.

Dalunipun, Dewi Tejaningrat muwun amargi ramanipun, Prabu Sidapaksa, tansah kasoran ing yuda. Sang putri lajeng dipunlelipur dening Sang Panji supados enggal lipur penggalhipun, supe marang ramanipun ingkang kapupu ing yuda.

Ganti kacariyosaken Raden Panji sineba sagung wadya bala ingkang taksih gesang miwah para nata saha patih, menggalihaken anggenipun kasoran ing yuda. Lajeng Sang Prabu ngendika bilih ngenjang ingkang magut yuda becikipun para prajurit wanita saha garwanipun, amargi ing Parangkencana menika kathah prajurit wanita ingkang sura sekti. Wondene prajurit priya cekap nonton anggenipun para prajurit wanita adu kasantikan kasudibyan.

Sang Panji enggal ngirim nawala dhumateng nata Bali, isinipun panantang bilih ngenjang badhe ngedalaken prajurit wanita. Sang Prabu Madubrangta sagah, panyuwunanipun nata Parangkencana badhe dipunlayani.

Dinten enjing salajengipun kadadosan perang regeng, sansaya dangu dados perang ruket jemparing ngantos boten katingal pundi mungsuh pundi kanca. Sareng kasaput dalu lajeng sami kendel. Dewi Kencanawungu matur dhumateng Prabu Madubrangta bilih ngenjang piyambakipun badhe ngedali yuda supados Dewi Nawangwulan enggal ngedali yuda, saingga paprangan menika enggal wonten ingkang kasoran. Sang Prabu nyarujuki panyuwunanipun sang Dewi.

Dinten salajengipun perang kalajengaken. Para garwanipun ratu sarta patih ing Bali sami sesumbar nyumbari para putri ing Parangkencana supados enggal

ngedali yuda. Wasana sasampunipun nyuwun palilah saking sang Prabu, Dewi Nawangwulan ngedali yuda mungsuh Dewi Kencanawungu, wondene Dewi Purnamasidhi mungsuh kalayan Dewi Kumarawati. Sasnsaya dangu sansaya katingal bilih putri Bali langkung unggul, jemparing ingkang saking Parangkencana kathah ingkang putung kacundhuk jemparing putri Bali.

Sang Panji ngungun sanget amargi garwanipun tansah kasoran. Ndadosaken sungkawa saha lingsem penggalhipun sang Panji. Salajengipun nyuwun pirsa kelemahanipun nata Bali marang Ki Bancak ingkang nate suwita ing Bali, nanging piyambakipun boten mangertos amargi sampun dipuntundhung dening nata Bali. Lajeng nyuwun pirsa pengapesanipun tiyang Bali marang ki Dhoyok ingkang taksih suwita ing Bali, nanging piyambakipun matur bilih dereng wekdalipun, sang Prabu kasuwun sabar. Sanalika Sang Panji enget, lajeng semedi nenuwun marang jawata.

Dinten enjingipun Raden Panji Inukertapati nedya ngedali yuda, para wadya bala kadhawuhan tata gelaring yuda sikep gegamanipun perang. Salajengipun dhawuh supados nabuh tengaraning perang.

Patih Jayengtilam enggal dhawuh ngimbangi tengaraning perang lajeng sesumbar nyumbari nantang tiyang Parangkencana dipunajak perang tandhing setunggal baka setunggal. Wasana Raden Gunungsari perang tandhing lumawan Patih Jayengtilam. Mulat sesolahipun Patih Jayengtilam ingkang boten wonten bedanipun kaliyan Dewi Ragilkuning, Patih Jayengtilam sigra dipunruket. Patih Jayengtilam kamigilen lajeng mlajar mlebet pura, cinandhak dening Raden Gunungsari sakala kondur wujudipun dados Dewi Ragilkuning.

Kalajengaken Prabu Madubrangta ingkang ngedali yuda perang tandhing lumawan Raden Panji Inukertapati. Raden Madubrangta nyuduki Raden Panji nanging tinangkis sarana putra bayi. Wasana Prabu Madubrangta lumajar manjing pura dipunbujung dening Raden Panji, sakala wujudipun Prabu Madubrangta kondur dados Dewi Sekartaji. Sang Panji bingah penggalhipun lajeng sami rerangkalan.

Sedaya nata sekawan nagari sami suka parisuka dene icalipun Raden Panji sampun kepanggih basuki tanpa kirang menapa-menapa, lajeng sami bujana andrawina kasukan ngantos nutug, damel bingahing para wadya bala sekawan nagari.